kori kang sun tengga iki
pradikanen kang sayektos."

19. "Catur artinya empat, masuklah nenyusu pada anak."
Selanjutnya perjalanan sang Muda
sampai pintu ke lima ia melihat
Sang Dyah Niken Retno
menggoda sang Anom.

19. "Catur papat lumebu anusu ing sunu."
Lajeng lampahnya Sang Branti
prapta kori panca ndulu
Niken Retno sang Dyah Wati
anggodha nggubel sang Anom.

20. Jangan pergi jika tidak tahu angka tahun
pintu yang saya tunggu ini
memuat samudera agung
"Dinda, panca artinya lima."
Sang Dyah akan merangkul sang Anom.

20. Sampun mentar den tan wruh ing candranipun
kori kang sun tunggu iki
ya amot segara agung
"Panca lima iku Yayi."
Sang Dyah yun ngrangkul sang Anom.

21. "Jangan merangkul, tinggallah manisku
mudahlah kelak."
Rahadyan terus berjalan
telah sampai di pintu
setelah membujuk sang Putri.

21. "Aja ngrangkul lan kantuna mirah ingsun
besok gampang ing wuri."
Rahadyan wus lumestantun
ing wiwara sampun prapti
sari sebda wati alon.

22. Sampailah pintu ke tujuh
terlihat Dewi Setyawati
Radyan tidak masuk
supaya menebak angka tahun di pintu
Rahadyan berkata pelan,

22. Prapta kori wijil ingkang kaping pitu
anon Dewi Setyawati
Radyan tan suka lumebu
kinon nyandra ingkang kori
Rahadyan ngendika alon,

23. "Sapta artinya tujuh, dua raja perang asmara."
Sang Dyah menyembah dan meng-iring
ratu dan perjalannya sampai
pintu kedelapan yang jaga
bernama

23. "Sapta pitu ratu dwi branta yudeku."
Sang Dyah wotsekar umiring
ratu lampahira rawuh
astha kori kang njagani
kang jejuluk

24. Radyan dicegah masuk

tebaklah pintu itu
Raden berkata, "Delapan
mata kumbang ke Jawa Dinda."
Sang Raden segera masuk.

24. Anggondeli Radyan tan aweh lumebu
pradikanen ingkang kori
ngling Raden, "Astha pandulu
bermana ngajawa Yayi."
Dyah lajeng lumebeng in jro.

25. Sampai pintu ke sembilan yang ditunggu sang Dyah
bernama Anggawati
menghentikan jalannya Radyan
supaya menebak pintu.
Banjaransinom berkata,

25. Prapta kori leng sanga sang Dyah kang tunggu
mawa nama Anggawati
anggondheli lampahipun
pinrih anyandra kang kori.
Ngandika Banjaransinom,

26. "Nawa artinya sembilan, terbuka saja pintu itu."
Dalam hati Anggawati berpikir
Apakah dia raja
yang diharapkan oleh Raja Putri
Ia mengikuti perjalanan Sang Anom.

26. "Nawa sanga menga bae kori iku."
Tanpa ngucap Anggawati
baya iki nyata ratu
kang denayun ri Sang Aji
Tut wuri marang Sang Anom

27. Sampai pintu ke sepuluh ia melihat
semuanya kelihatan
seperti surga agung
gapuranya besar seperti emas
diumpamakan emas yang melebihi lainnya

27. Prapta kori sadasa awas andulu

kedah ton saniskareng
lir pendah suwarga agung
gapura geng kadi rukmi
cinandra rukma di kinaot

28. Berkolam biru penuh bunga
halaman berbatu bata
airnya terlilit raja naga
Dyan berhenti di tengah pintu
dengan baik mengamati istana.

28. Jinembangan gedhah sarwi sinantun
plataran binata rawi
nagendra tambanging ranu
Dyan kendel madyaning kori
leng-leng mulat kanthi prabon.

IV. KINANTHI

IV. KINANTHI

1. Patih sang Prabu
yang menunggu di pintu keluar

1. Pepatihira Sang Prabu
kang tengga neng kori wijil

ketika Dyah mengetahui
segera masuk dan memberi tahu
kepada Raja Putri,
"Gusti, hamba memberi tahu

Dyah ingrum sareng umiyat
aglis lumebet tur uning
marang Sang Prabu Wanodya,
"Gusti, amba tur udani

2. ada satria cakap
ingin menghadap sang Prabu.
Seluruh makna dalam pintu
sudah teruraikan.
Gusti, tak ada yang terlewatkan

kelihatannya satria ini misterius."

2. *wonton satriya bagus*
arsa umarak sang Aji.
Sagung candrane wiwara
pan sampun dipunjarwani.
Gusti, sampun tan wonten kang gothang
satriya anyalawadi."

3. Sang Prabu sangat tertarik
hatinya merasa khawatir
dan merasa kalau kalah
ilmunya sudah terkalahkan.
Beliau ingat permintaannya dulu
maka dengan manisnya ia bersabda,

3. *Sang Prabu kalangkung ngungun*
maras tyasira kumitir
rumaos yen kamiwasan
bantahira wus kajodhi.
Enget jangkane duk kuna
angandika kaduk manis,

4. "Suruhlah masuk!"
Patih wanita bersembah
lalu keluar
menemui Dyan Banjaransari.
"Paduka Raden diharap masuk
oleh Mahadewi."

4. *"Mara turuna malebu!"*
Sang Dyah Patih awotsari
lengser medal sampun prapta
panggih Dyan Banjaransari.
"Paduka Raden katuran
marang ing Mahadewi."

5. Rahadyan diiringkan masuk
tertarik pada lirikan
hatinya hancur
Prabu Dewi curiga
dengan sopan dan berani
bersuara merdu sambil melirik

5. *Rahadyan kerit lumebu*
kapilut ing panon liring
dadya pyuh ing nalanya
sujana Prabu Dewi
mangsiding guna wikrama
merdu wrin anawung liring.

6. Hatinya senang
Sang Dewi duduk menundukkan muka.
Banjaransari melihat
keadaan sang Dewi
seperti emas pujaan

6. *Liring cipta awor sarju*
lenggah tumungku sang Dewi.

Banjaransari lumiyat
suratira sang lir Dewi
lir pendah pepujan retna

bidadari pun pantas mengabdi.

7. Bukan saya yang menguasai istana
Radyan sang Banjarsari
Sang Dyah melirik Radyan yang baru datang
hatinya terpanah asmara
wajahnya bersinar
kusuma yang baru datang.

8. Pantas kalau menjadi raja
karena berdarah satria
yang suka bertapa
dan keturunan bangsawan tinggi
inilah yang pantas
memiliki negara Galuh.

9. Kelihatan dadanya bersinar
sang Prabu Dewi tidak khilaf
jika itu kehendak Dewata
Sang Dyah bersembah pada tamunya
Raden yang baik,
"Siapakah nama Tuan

10. Dari mana asalnya
dan mau ke mana?"
Raden Banjaransekar
dengan manis berkata,
"Saya raja Koripan
berkelana bumi karena

11. merasa malu di negeri
yang terserang oleh wabah penyakit.
Rakyat saya banyak yang mati
negara rusak dan sepi.
Saya dituduh raja panas
raja muda yang belum kawin.

widadari pantes anyethi.

7. *Tan ingwang mengku kedhaton*
Radyan sang Banjaransari
Sang Dyah angliring kang prapta

kasmaran nukmeng ing galih
mancur tejane ngabara
kusuma kang lagya prapti.

8. *Pantes jumenenga ratu*
pan trahing andana warih
ratu wijiling ngatapa
rembesing madu linuwih
baya ta iki pranyata
kang nduweni Galuh nagri.

9. *Kawawang kang jaja mancur*
tan kilap Sang Prabu Dewi
yen pangajabing tawang
Sang Dyah anembah atiti

Raden teja sulaksana,
"Sinten sinambating krami

10. *Ing pundi pinangkanipun*
ing ngarsa pinaran kapti?"
Rahadyan Banjaransekar
ngandika rum sedhep manis,
"Manira raja Koripan
pramila anglaya bumi

11. *wirang duk neng prajanipun*
keneng srengkara gegering.

Wong ingsun akeh pralaya
dadya rusak praja sepi.
Ingaran sun ratu panas
ratu mudha durung krami.

12. Oleh karena itu, saya berkelana
untuk berusaha menyembuhkan negara
sampai ke puncak gunung.
Saya sangat berbahagia sampai
di Galuh dan berjumpa dengan kau
yang akan dapat menyembuhkan-nya.

12. Prakaraningsun anglangut
ngupayeng usadeng nagri

angambah graning ancala.
Tekanireng wahyu dadi
ing Galuh manira panggya

kusuma kang ngusadani.

13. Prabu Rara berdiam diri
sambil bersedekap mendengarkan
dan menata perasaan dan hatinya
dengan manis ia menjawab,
"Di mana negara Koripan itu

13. Prabu Rara tanpa muwus
atali asta tumiling
anaker rasa ing manah
amatur sedhep manis,
"Koripan punika pundi

14. Yaitu bumi kosong
sebutan yang paling mudah
yaitu tempat perjumpaan
putra dan putri
jika malam terlarang
pikirkanlah baik-baik.

14. Iya iku bumi suwung
gampang iku ingarani
ing pundi nggene kapanggya
temune putra lan putri
kalamun dalu larangan
grahi tanen kang sayekti.

15. Ada gelap tapi bukan malam
ada terang tapi bukan siang?"
Banjaransekar berkata,
"Laut tanpa tepi
di situlah tempat pertemuan
laut madu Yayi."

15. Ana peteng dudu dalu
ana padhang dudu rawi?"
Ngandika Banjaransekar,
"Jro segara tanpa tepi
iku anggone kapanggya
pan segara madu Yayi."

16. Sang Dyah terbukti kata-katanya
sekejab berdiam diri
lalu sang Retna ke barat
dan Dyan Banjaransari ke timur
mereka berjumpa lagi. Sang Retna ke utara
dan Banjaransari ke timur lagi.

16. Sang Dyah kacihna ing wuwus
tripandurat tan kenangling
lajeng ngilen sang Retna
ngetan Dyan Banjaransari
kapethuk. Ngalor Sang Retna

ngetan malih Banjaransari.

17. Tak berapa lama mereka sudah berjumpa lagi

17. Tan antara wus kapethuk

Mengungsi ke tengah berjumpa pula
Sang Prabu Rara sudah tobat
merasa mati dalam hidup
akhirnya hatinya memutuskan
untuk berserah diri.

Ngungsi manengah kapanggih

Sang Prabu Rara wus kepyan
ngesthi pejah jroning urip
titining tyas ing cipta
tiningalan wus asepi.

18. Rahadyan Banjaransantun
putus asa melihat keadaan itu
ia berdiri dan mendengar suara
wanita sedang bekerja
semua pekerjaan prajurit
sangat lengkap.

18. Rahadyan Banjaransantun
puthek ing tyas aningali
jumeneng mirsakena swara
wanita pura nambut kardi
saliring karya ing wadya
langkung sangat amepeki.

19. Radyan sudah tanggap
segera ia pergi
Prabu Rara sudah bertemu
istirahat di kursi emas
dan berpakaian selaras
sang Dewi kelihatan pantas.

19. Radyan wus waskitheng semu
lumiyat gya trus lumaris
ning Prabu Rara wus panggya
pinarakan palakan rukmi
sarya abusana raras
sang Dewi Rara respati.

20. Mukanya berbedak kelihatan ayu
diiringi oleh para abdi
seperti emas pujaan.
Sand Dewi duduk menunduk
Rahadyan Banjaransekar
memperhatikan selendang sang Dewi

20. Asurya bisikan ayu
ingayap ing para cethi
lir pendah pepujan retna.
Lenggah tumungkul sang Dewi
Rahadyan Banjaransekar
maharseng sampur sang Dewi.

21. Bertemunya pandangan menggetarkan
sang Dewi bergerak mundur
akan pergi tapi dipegang
oleh Radyan Banjaransari
"Duh, Gusti tercinta
Gusti mau ke mana?

21. Resmining wadana meh pyuh

lumungsur sang Prabu Dewi
pan karsa kesah cinandhak
mring Radyan Banjaransari
"Adhuh, mirahing pun kakang
Gusti arsa dhateng pundi?

22. Perasaanku
seperti mendapatkan intan segunung

22. Ciptaning kawulaningsun
lir manggih inten sawukir

Gusti, terimalah
dan pandanglah saya
berkelana mencari mati
sehingga mati dalam huru-hara
pun saya jalani."

Gusti Dika sutakena
lumiyat surating abdi
lelana ngumbara laya
lelana ngumbara laya
ontrapati sunlakoni.

23. Iba hati sang Putri
lama berdiam diri, tetapi
dirasakan seperti bermimpi
melihat orang yang baru datang
bergetar penuh kemanisan
hati sang Dyah bergetar kha-
watir.

23. *Lengeng tyas sang Murdengrum*
dangu tan kena anging
panyanane lir supena
ningali kang lagya prapti
abanjir madu srengkara
maras sang Dyah tyas kumitir.

24. Pikirnya, kawulaku
menahan tangis
getar lelaki merusak negara.
"Duh, Gusti tercinta
jangan bersedih hati
Saya tulus setia hati pada negara
Galuh."

24. *Ciptaning kawulaningsun*
akumembeng esmu tangis
kakung guntur ri srengkara.
"Dhuh, mas mirah ingsun Gusti
sampun geng ngemu rencaka
satyaningrat Galuh nagri."

25. Sang Dyah semakin mundur
Sang Radyan makin mendekat,
"Mas Ratu, jangan sedih
sayang orang manis
manis dandanan tubuhnya
anak rambutnya menarik hati.

25. *Sang Dyah tangkis yun mundur*
Sang kakung saya ngraketi
"Mas Ratu aja karuna
eman sotyane alindhih
manis rakiting salira
sinome angaras ati.

26. Meskipun saya mencari
di seribu negara takkan bakal
mendapatkan bandingannya
yang menyerupai Gusti tercinta
tidak malu saya akan mengabdi
mengabdi karena gila asmara.

26. *Sanadyan ngupaya ingsun*
rat sewu tan angsal tandhing

kang memba kusumaningrat
nora wirang sun ngengeri
subrantine sun ngengeri.

27. Untuk memperpanjang hidup
menyembuhkan luka negara
hanya Dindalah
saya bersedia berkorban sampai
mati untuk ini

27. *Sayogya anambung tuwuh*
njampeni koraking nagri
amung Andika kusuma
wus pantes suntuku pati

Apakah Gusti tidak kasihan
kepada diriku."

punapa Gusti tan welas
mring kulane kawlasasih."

28. Sang Kusuma masih teguh
belum mau meluluskan
sang Radyan susah hatinya
lalu minta diri, katanya,
"Aduh, Dinda tinggallah
berbahagia di negara Galuh.

28. Sang Kusuma maksih puguh
dereng karsa angecani
sang kakung rimeng ing manah
dadya angandika amit
"Adhuh, Mas mira akantuna
mukti sari aluh nagri.

29. Saya minta diri akan mengembara
sokur kalau masih dapat hidup."
Terketuklah hati sang Dyah
lalu melirik dan tersenyum
Sang Rahadyan tanggap
arti senyum dan lirikan itu.

29. Kawula pamit anglangut
pira baya nemu urip."
Sang Dyah tyasnya lir sinendhal
wusana ngecani liring.
Sang Kakung nulya atampa
sasmita saliring Dewi.

30. Sang Ayu segera dipondong
masuk ke kamar tidur
Sang Dyah menangis dan tidak dapat bergerak lagi
sang Raden makin mempererat
berkali-kali diciuminya
seperti kumbang mengisap madu.

30. Nulya ingemban sang Ayu
binekta mring jinem wangi
Sang Dyah anangis atangkis tan polah
sang Kakung saya ngraketi
kunuswa ingaras-aras
lir bermara ngisep sari.

31. Sang Dyah merintih manis
untuk kebahagiaan berduaan
bertemunya rindu asmara
jiwanya berpadu
dalam pertemuan lelaki dan wanita
jadilah perkawinan batin.

31. Ngrarengih swaranya arum
mamrih lunturing kang resmi
campuhing asmara tantra
sukma sami sukma panggih
temune putri lan putra

dadya sampun kawin batin.

32. Tubuhnya kelihatan
dalam pertemuan cinta asmara
setelah selesai mereka duduk
sang Putri dipangku
tersorot pelita seperti bulan
sesudahnya mereka bersuci diri.

32. Ragane lajeng kadulu
campure asmara resmi
wusira asami lenggah
pinangku sang Putri
kasorot pandam lir wulan
wusira sami sesuci.

33. Sang Dyah bersembah kepada sang Raden
ia menyerahkan negara Galuh
dan seluruh putri,
sang Putri berharap
agar semua disenang-senangkan.
Sang Banjaransari puas

33. Sang Dyah matur marang kakung

masrahken Sagaluh nagri
lan sakathahe wanodya,
panuwun sang lir suji
cinangkramanana sadaya.
Trustha sang Banjaransari

34. menjadi raja di Galuh
tetapi prajuritnya wanita semua
negaranya belum terlihat
masih dalam kegaiban
Raja Banjaransekar
memerintah dengan berbahagia.

34. jumeneng ratu ing Galuh
nanging bala sami putri
negari dereng katingal
maksih nyeluman awerit
Narendra Banjaransekar
mukti sari nyakrawati.

35. Ia sangat senang hati
istrinya sangat berbakti.
Raja Banjaransekar
hatinya masih belum puas
karena belum mempunyai prajurit
laki-laki dan mantri muda.

35. Klangenan kang para arum
kang garwa kalangkung bekti.
Narendra Banjaransekar
nging maksih puthek ing galih
dene dereng gadhah bala
priya nayaka nom mantri.

V. SINOM

V. SINOM

1. Bergantilah yang diceritakan
yang dulu bertapa di gua
Ki Pitnitua sudah lama
menunggu di tempat tidur emas
bersama istrinya
semua kehendaknya tercapai
dikabulkan oleh Dewa.
Tetapi ia mendengar suara,
"Ki Setomi, saya beritahu

1. Gantya ingkang kawarnaa
kang tapa ing guwa nguni
Ki Pinitua wus lama
atengga ing kanthil rukmi
kalawan ingkang rabi
tinekan sasedyanipun
tinurutan ing Dewa.
Amung swara kaparsi,
"Ki Setomi ingsun wewarahing sira

2. cepatlah ke arah barat
di sana ada raja besar
yang berada di ringin kembar
tunggulah di sana
jangan khawatir hatimu

2. age sira mangulona
kono ana ratu luwih
kang ana ing wringin kembar
jujugen tunggunen yekti
aja uwas kang ati

tak lama kau bakal bertemu
cepat berangkatlah!"
Ki Setomi terkejut lalu bangun
segera berangkat ke barat bersama istrinya.

tan lawas sira katemu
age sira mentara!"
Ki Setomi kagyat tangi
nulya mentar mangilen lan rabinira

3. Melewati hutan dan jurang
mengarungi lereng bukit
menggak duri
naik gunung angker
akhirnya sampailah
di beringin kembar lalu duduk
istrinya bertanya,
"Aduh, bagaimana Kiai
katanya ke istana ternyata di dalam hutan

3. *Ngambah wana manjing jurang*
anasak perenging wukir
ri bandhil sisir tinrajang
sumengkang arga awerit
glising crita prapti
ing wringin kembar alungguh
rabenira angucap,
"Dhuh, Kyai kadi pundi
ujar teka menyang praja aneng wana

4. duduk di bawah beringin kembar
lebih baik kita pulang Kiai
daripada tersesat jalan kita."
Kiai Setomi menjawab,
"Diamlah orang bodoh."
Heh suara yang terdengar
suara jin dan perayangan
gaduh tidak terlihat.

4. *alungguh ing wringin kembar*
luhung Kyai dawek mulih
bok kesasar lampah kita."
Kyai Setomi angling,
"Menenga jabaritin."
Heh swara kapiarsa
swaraning jin lawan perayangan
kumerap datan katingal.

5. Sebenarnya ini adalah alun-laun
geledhegan negara Galuh
hiruk pikuk sedang pasaran
Ki Setomi menoleh kanan kiri
Ki Setomi ngeri
mendengar suara tanpa ujud

"Bagaimana Kiai
tempat pengorbanan ini
lebih baik kita pulang ke Sukapura."

5. *Alun-alun sejatine*
geledhegan Galuh nagri
gumerah nuju pasaran
lingak-linguk Ki Setomi
Ki Setomi agiris
myarsa swara tan kadulu

"Kyai paran ing karsa
nggon pengalapan pan puniki
dawek wangsul mantuk dhateng Sukapura."

6. Ki Setomi menjawab sambil marah,

6. *Ki Setomi sendhu lingnya,*

"Orang bodoh
diamlah!"
Diceritakanlah keadaan dalam keraton
ketika mantri Galuh melihat
ada orang duduk
di bawah pohon beringin kembar
ketika hari Kamis
segera menyuruh abdi untuk menanyainya.

"Ambodhokaken wong iki
teka sira menenga!"
Kawarnaa jroning puri

mantri Galuh pan uning
yen wonten jalma alungguh
neng ngandhap wringin kembar
anuju pasowan Kemis
gya pinirsa ing gandhek wanodya kembar

7. "Apakah kehendak Kiai
berjemur di bawah beringin kembar?"
Ki Setomi terkejut
mendengar suara tanpa ujud
berkali-kali ditanyai
Ki Setomi berpaling ke kanan ke kiri
"Apa yang Anda ucapkan
berbicara tidak menampakkan diri."
"Ketahuilah, saya adalah abdi raja

7. *"Kyai paran karepira*
apepe ing wringin kalih?"

Ki Setomi jelalatan
nyarsa swara tak kaeksi
tinakon wali-wali
Ki Setomi lingak-linguk

"Ngucap punapa Dika
amicara tan kaeksi?"

wruhanira manira gandhek sang Nata

8. disuruh menanyai Anda
apa yang Anda inginkan?"
Ki Setomi menjawab,
"Hutan mana ini?"
Jawabnya, "Negara Galuh
tetapi belum ada yang tahu."
"Tolong sampaikan
kepada Sang Raja."
"Marilah saya hadapkan."

8. *Kinen mirsa jengandika*
paran ingkang diko esthi?"
Ki Setomi saurira,
"Punika wana ing pundi?"
Nauri, Galuh nagri
nanging durung ana kang wruh."
"Nedha dika aturna
manira dhateng sang Aji."
Lah ta dhawek kula tuntun bebondhotan."

9. Jalannya tertatih-tatih
Ki Setomi dan Ni Setomi
menagak duri lebat
jalannya sempoyongan

9. *Catho-catho lampahira*
Ki Setomi Ni Setomi
ri bandhil sisir tinrajang
angrunjang sangkoyongan cinangking

Abdi wanita tertawa
"Bagaimana Bibi Paman
jalannya perlahan-lahan?
Terhuyung-huyung jalannya sampai pergelaran.

Gandhek wanodya gumuyu
"Kapriye Bibi Paman
dene alun-alun sasik?"
Gruyah-gruyuh lampahe prapta paglaran.

10. Para dipati tercengang
diarah ke tempat tunggu
lalu disampaikan kepada raja
Setomi dipanggil
mereka berdua menghadap.
Sang Prabu bertanya,
"Apakah yang kamu inginkan
dari mana asalmu
dan siapa namamu?"

10. Acingak para dipatya
ingirit mring Sripanganti
wus katur mring Sri Narendra
Setomi dipuntimbali
prapta ngarsa sarimbit.
Ngandika Jeng Sang Prabu,
Apa kang sira sedya
pinangkanira ing ngendi
lan maninge Paman sapa aranira?"

11. Ki Setomi tersipu
"Mohon maaf sang Raja
hamba tidak mengerti."
"Kau tidak melihat saya?
Jika bermaksud dalam hati
masa tidak melihat
ujudnya seperti permata?
Setomi beserta istrinya
sudah mengetahui kehendak raja

11. Ki Setomi calingukan
"Kawula nuwun sang Aji
kawula datan uninga."
"Sira tan wruh marang mami?
yen umangsut kang ati
mangsa tan noraa weruh
sotya lir sinipatan?
Setomi lan ingkang rabi
wus uninga surate Sri Naranata

12. Seperti Parta parasnya
bercahaya tajam
menggetarkan hati
Duh Gustiku
yang menghilang dari negeri
apanya yang bukan
Setomi bersembah,
"Karena *delap*)* saya Gusti
mempunyai raja berjemur di hadapan raja.

12. Lir Parta langkung bagusnya
gumilang cahya nelahi
angemper-emperi manah
ya Gusti kula mi
kang murca saking nagri
ya apane ingkang dudu
Setomi matur nembah,
"Sangking delap amba Gusti
darbe ratu apepe ing ngarsa nata.

13. Istananya di Sukapura
delap)* namanya."
Setomi Si Tua
ingin raja berkata

13. Wismanya di Sukapura
delap ingkang kawestani."
pun Setomi Pinituwa
sumedya ngandika narpati

sabda Sang Raja,
"Saya sangat berterima kasih
saya menjadi raja
di Galuh belum mempunyai
prajurit pria karena semua wanita.

angandika Sang Aji
"Ya luwih tarimaningsun
ingsun jumeneng nata
ing Galuh durung ndarbeni
bala priya balengsung padha wanodya.

14. Sekarang kau ingin mengabdi
kepadaku, saya terima
ikutkan seluruh anak cucumu
panggillah semua
hatimu tak usah ragu
saya jadikan penggawaku
menjaga negara Galuh
membersihkan tempat minum
isilah itu semua Bapak.

14. Ing mengko sira ngawula
marang ngong sun tampani
kerigna kabeh putonira
padha timbalana ugi
ja sumelang ing ati
sun karya punggawaningsun
jaga ing Galuh praja
samya reresik kawresni
iku kabeh Bapa padha isenana

15. Kau saya hadiahi pula
kain panjang untuk suami istri
yang dapat kau jadikan tanda
untuk anak cucumu."
Ki Setomi berterima kasih
ia segera berangkat pulang.
Sesampainya di Sukapura
bertemu dengan anak cucu
mereka terkejut karena disangka
sudah mati

15. Lan maneh sira sun ganjar
busana wastra sarimbit
malah dadya kang pratandha
ing anak putumu yekti."
Tur nuwun Ki Setomi
wit mentar lampahe mantuk.
Prapta ing Sukapura
anak putu wus kapanggih
samya kaget den nyana sampun palastra

16. karena telah lama pergi.
Kedatangan Nyai Setomi
para tetangganya sudah berdatangan
ramai karena sudah bertemu
sungkem sambil menangis
semua anak cucunya
melontarkan pertanyaan
Kemudian dijelaskanlah
bahwa kedatangan Setomi diutus
raja.

16. sangking dene lamenira.
Praptane Nyai Setomi
madhep patira wus prapta

amyung citrane wus panggih
bekti sarwi anangis
sakehe kang anak putu
samya apitakonan.
Pan sampun dipunjarwani
yen lampahe Setomi dinuteng nata.

17. Raja Galuh memanggil

17. Ing Galuh animbali

seluruh anak cucu Setomi.
Anak cucu menjawab,
"Di sana tidak ada raja
jangan-jangan disesatkan hantu
ingatlah Kiai."
Kiai Setomi menggertak,
"Saya berkata sungguh-sungguh
tidak tersesat hantu tetapi saya
diutus

anak putonira sami.
Ature nak putonira,
"Dene boten wonten aji
baya kalap Kiyai
emuta Andia nyebut."
Kyai Setomi nggertak,
"Sun tutur-tutur sayekti
nora kalap sabere sun dinuta

18. raja di kerajaan Galuh
supaya mengajak
anak cucuku semua
yang akan dibangsawankan.
Saat ini negara Galuh
belum ada prajurit pria
semua masih wanita
itulah sebabnya kamu semua
raja menginginkan prajurit pria."

18. narendra ing Galuh pura
kinon nimbali angerik
anak putoningsun sadaya
bali kinarya bopati.
Ing mengko Galuh nagri
durung ana bala kakung
maksih bala wanodya
mulane sira timbali
Sri Narendra apencut balapriya."

19. Semua berdiam diri
hatinya berpikir-pikir
akhirnya setuju semua
lalu mereka berdandan semua
setelah menghormat
Setomi beserta anak cucu
berangkat dari Sukapura.
Tersebutlah mereka sudah tiba
di negara Galuh dan Setomi
menghadap raja.

19. Manguning driya sadaya
pirembug-rembug ing ati
dadya anurut sadaya
prasamya adandan sami
wusnya mangusti gusti
Setomi saanak putu
mentar sing Sokapura.
Kawarneng marga wus prapti
nagri Galuh Setomi caos sang
Nata.

20. Anak cucu menunggu semua
Setomi bersembah kepada raja,
"Hamba telah diutus
memanggil anak cucu hamba
sekarang telah menunggu di luar
terserah kehendak Sang Prabu."
Raja merasa puas dan berkata,
"Panggillah segera!"
Yang dipanggil pun segera meng-
hadap.

20. Nak putu ngantun sadaya
Setomi matur sang Aji,
"Sampun kawula dinuta
nimbali nak putu mami
saestu wonten ing jawi
sumangga karsa sang Prabu."
Trustheng ngandika Nata,
"Bapa timbalana nuli!"
glis ngandikan prapta agelar ngarsa
Nata.

21. Raja bersuka hati lalu berkata,
"Kiai Setomi
berapa jumlah yang kau bawa?"
Ki Setomi bersembah,
"Sang Aji
sejumlah tiga ratus orang
mereka anak cucu semua."
Sang Aji berterima kasih dan berkata,
"Ki Tua, cukup baik kerjamu.

21. Suka Sang Nata ngandika,
"Kiyai Bapa Setomi
sapira keriganira?"
Ki Setomi awotsari,
"Abdi dalem sang Aji
dhawah tiyang tigang atus
anak putu sadaya."
Ngandika trima sang Aji,
"Bapa Tuwa luwih gedhe karyanira.

22. Saya akan membalasmu
nanti akan saya dekati
seluruh anak cucumu
akan saya jadikan penggawa, mantri
lurah, camat, kepala polisi
arya dipati, dan hulubalang.
Kau saya angkat
menjadi patih bergelar adipati
menjalankan perintah di negara Galuh."

22. Apan ingsun walesena
mengko ingsun ingraketi
sagung nak putonira
sun karya bopati mantri

demang rangga ngabei
arya dipati tumenggung.
Sira sun karya dhuta
dadi patih ran dipati
angrelema kabeh ing Galuh negara."

23. Setomi bersembah,
"Terserah pada Sri Naranata
kami tidak sungkan."
Semua sudah ditugasi
berjaga
bekerja untuk sang Prabu.
Sudah berprajurit pria
hati raja lebih puas
dan negara Galuh makin terkenal.

23. Setomi matur anembah,
sakarsa Sri Narapati
kang abdi datan lenggana."
Wusira pinatah sami
sapantesira jagi
makarya dhateng sang Prabu.
Sampun abala priya
langkung trustha sri Bopati
kasub ing rat nagara Galuh katingal.

24. Waktu itu sudah diketahui manusia
negara Galuh makin membesar
orang-orang desa banyak berdatangan
bermukim di situ
mereka terus-menerus datang

24. Samana wus kamanungsan

langkung geng Galuh nagri
wong desa kathah kang prapta

dhedhukuh awisma sami
siyang dalu amintir

tak ada putus-putusnya
negara jadi ramai dan tenteram
Patih Setomi sudah berbahagia.
Setelah lama sang Prabu Galuh bermimpi

datan wonten pegatipun
tataning praja harja
Patih Setomi wus mukti.
Wusnya lami sang Prabu Galuh supena

25. mempunyai sepasang meriam kembar
raja sangat tertarik
setelah bangun tidur
memanggil Patih Setomi.
Setelah menghadap raja berkata,
"Semalam saya bermimpi
memiliki meriam kembar sepasang
saya sangat senang melihatnya
carilah sampai kedapatan."

25. gadhah mriyem sakembaran

langkung remening sang Aji
sawungonira anendra
nimbali Patih Setomi.
Prapta ngandikan aji,
"Ingsun supena ing dalu
duwe mriyem kembaran
luwih seneng ngong ningali
golekana Bapa den ketemu sira."

26. Patih Setomi bersembah,
"Ke mana saya harus mencari
tempatnya tidak menentu
mimpi itu adalah gaib."
Sang Raja menjawab,
"Jika tidak dapat ditemukan
negara pasti akan rusak."
Ki Patih terkejut hatinya
mendengar sabda Sang Raja.

26. Patih Setomi wotsekar,
"Paran nggenira ngulati
nggenipun boten kantenan
supena punika gaib."
Ngandika Sri Bopati,
"Yen noraa akatemu
yekti rusaking praja."
Kagyat tyasira Ki Patih
amiyarsa ing sabda Sri Naranata.

27. Ia berkata dalam hati,
"Beratnya mempunyai raja
permintaannya sangat sulit
disuruh mencari
yang diimpikan sang Raja."
Sri Parih bingung hatinya
akhirnya menyanggupinya
pamit sang Raja untuk pulang.
Sesampai di rumah ia bercerita kepada istrinya

27. Angunandika ing manah,
"Bote wong duwe narpati
dene angel kang pundhutan
ngandikane anggoleki
supenane Sri Aji."
Sri Patih emeng ing kalbu
dadya matur sandika
mamit ing nata wus mulih.
praptèng wisma atutur mring rabenira

28. tentang keinginan sang Prabu
untuk mencari sesuatu dalam impian

28. pepundhutane sang Nata
impen kinen anggoleki

menginginkan meriam kembar
di mana dapat ditemukan?
Kiranya disuruh mati
diri saya ini.
Nyai tinggallah kau
saya akan mencari
nantikan sampai empat puluh hari.

mundhut mriyem sakembaran
ing pundi nggene kepanggih?
baya ta kinen mati
ingkang kaya awak ingsun.
Nyai sira karia
manira lunga ngulati
antaranen tekan patang puluh dina.

29. Jika saya tidak kembali
terserahlah kau Nyai."
Ki Setomi segera berangkat
tanpa membawa teman.
Sampailah ia di Sukapura
memberi tahu anak cucunya,
"Saya diutus sang Raja
mencari sepasang meriam
seperti yang pernah diimpikan oleh raja Galuh.

29. Yen ingsun nora na prapta
sakarepira ta Nyai."
Ki Setomi nulya mangkat
lampahira tanpa kanthi.
Ing Sukapura prapti
warah mring nak putonipun,
"Sun ingutus sang Nata
ngupaya mriyem kekalih
supenane ing Galuh Sri Naranata.

30. "Saya akan ke pertapaan
tidak usah kau tangisi
kalau sudah empat puluh hari
terserah jika akan menjenguk
tanpa bermaksud memaksa."
Setomi cepat jalannya
ke tempat pertapaan leluhurnya
kemudian Setomi tiduran.
Diceritakan anak istrinya yang di istana

30. "Arep mring depok manira
aja na sira tangisi
yen wus patang puluh dina
sakarepira niliki
sinunggata tanapti."
Lampahe Setomi laju
mring depok luhurira
Setomi mujung aguling.
Kawarna anak rabine kang aneng praja

31. di rumah tidak dapat tidur
hatinya selalu khawatir
lalu menyusul suaminya
Sesampainya di Sukapura
terus menyusul ke pertapaan
segera ikut tiduran.
Setelah genap empat puluh hari
dulu yang dipesan
anak cucunya menyusul dan sudah tiba di pertapaan.

31. neng wisma tan angsal nendra
langkung sumelang ing galih
lajeng nusul mring kakungnya.
Ing Sukapura wus prapti
nusul mring depok nuli
enggal ta tumut amujung.
Jangkep patang puluh dina
kawarnaa kang wineling
nak putunya nusul mring depok wus prapta.

32. Ki Patih kemudian dibangunkan
dipanggil berkali-kali tak menjawab
Ki Setomi tidak bergerak
demikian pula istrinya.
Tak enak hati
seluruh anak cucunya
selimutnya dibuka
mereka terkejut karena kosong
dan melihat Ki Setomi dan istrinya

32. Ki Patih nulya ginugah
wali-wali tan nauri

Ki Setomi datan obah
sarta kalawan kang rabi.
Tan eca ing tyasneki
sagung ingkang anak putu
kemulira binuka
kagyat ajrit sareng nis
dene lumyat Ki Setomi lan kang garwa

33. tidak lagi berujud manusia
telah berubah
menjadi sepasang meriam kembar.
Mereka menyesal hatinya
segera lari pulang
menceritakan kepada sanak saudaranya
dan memukul kentongan bertalu-talu
dari segala penjuru telah datang
mereka menanyakan ada kejadian apa.

33. datan arupa manungsa
nglegarang salah kedaden
warna mriyem sakembaran.
Gegetun ngungun ing galih
nulya lumayu mulih
tutur mring wong sanakipun

glis atitir agembrangan

atutur madhep pat prapti
samya tandang ataken titir punapa.

34. Setelah diberitahu
bahwa Ki Setomi berubah ujud
menjadi sepasang meriam kembar
yang mendengar berita menjadi heran
mereka bersama-sama menyaksikannya
dan sangat menyesal.
Anak cucunya
lari menuju istana
memberi tahu ke negara Galuh.

34. Apan sampun winarwanan
Ki Setomi malih warni
dadya mriyem sakembaran
gawok ingkang sinung warti

prasamya aningali

gegetun ingungun-ngungun.
Ya anak putonira
lumajeng dhateng nagri
tur uninga marang ing Galuh nagara.

35. Sudah disampaikan kepada raja
bahwa Ki Patih beserta istrinya
menjadi sepasang meriam kembar.
Sang Raja terkejut dan menyesal

35. Wus katur sang Naranata
yen Ki Patih lan kang rabi
dadya mriyem sakembaran.
Kagyat gegetun sang Aji

sebentar berdiam diri
berkata dalam hati,
"Saya tidak mengira
jika kau akan berubah ujud
karena kesetiaanmu menjalankan perintahku.

sapandurat tan angling
ingunandika ing kalbu,
"Tan nyana sira Bapa
patih asalah kedaden
srenging cipta saking temen-temenira.

36. Mungkin memang sudah kehendak dewa
tidak ada yang dapat merintangi."
Segera memerintahkan prajurit
untuk membawa ke istana.
Anak cucunya semua
berangkat sambil meneteskan air mata.
Setelah tiba di Sukapura
riuh tangis mereka
dan mulai mengangkat meriam kembar.

36. Baya wus karsane dewa
sapa bisa amalangi."
Anulya prentah mring wadya
kinen ngusung marang nagri.
Anak putone sami
lumampah sarwi rawat luh.

ing Sokapura prapti
umyung tangisira sami
wus ingangkat mariyem geng sakembaran.

37. Diangkat oleh empat orang
tak terangkat lalu ditambah
enam ratus orang tak terangkat
ditambah seribu lagi
masih belum terangkat
dua ribu tak terangkat
sepuluh ribu pun tak terangkat.
Sepekan tampak dalam impian
diangkat sepuluh ribu pun tak akan terangkat.

37. Ngangkat jalma catur kopi
datan kangkat denwewahi
jalma nem atus tan kangkat
winewahan sewu malih
meksa datan kuwawi
kalih ewu tan kajunjung
saleksa nora kangkat.
Sapeken amarimpeni
jinunjunga saleksa mangsa kang-kat.

38. Kecuali sang Raja
Galuh yang mengerjakan
tak usah orang lain mengangkat.
Kemudian berita itu disampaikan
ke istana Galuh.
Sang Prabu berangkat
setibanya di pertapaan
pilu hatinya karena rasa cintanya.

38. Kajawine Sri Narendra
ing Galuh karsa nindaki
tan susah ngangkat wong kabeh.
Anuli atur udani
marang Galuh nagri.
Anulya tindak sang Prabu
prapta depok Sang Nata
angres ing tyas ketang tresnaku dhandhangan.

VI. DHANDHANGGULA

1. Sang Prabu membatin
setelah hatinya tenang lalu berkata,
"Duh, Setomi patihku
apakah kau tidak kasihan padaku
jika kau tidak dapat pulang
ke istana Galuh
negara akan menjadi kosong.
Marilah saya bawa
ikutlah kalau namamu Ki Tomi."
Meriam menjawab, "Baiklah."

2. Diangkat oleh sepuluh orang
dan ditarik oleh lima belas orang
raja segera pulang.
Setibanya di negara Galuh
ditempatkan di dalam istana.
Raja sangat senang hatinya
orang-orang banyak yang menonton
meriamnya berwarna bagus
pantas menjadi pusaka raja Jawa
raja yang penuh kewibawaan.

3. Sri Raja menamai
Jaka Pekik meriam lelaki
Nyai Setomi yang perempuan keduanya
diwarnai merah coklat
sehingga kelihatan jelek.
Sang Prabu berputra
dua orang pria semua
keduanya cakap yang lahir dari parameswari
raja sangat mengasihinya.

4. Yang tua diberi nama
Dyan Wanenggada, sudah dewasa
bernama sang Prabu Anom

VI. DHANDHANGGULA

1. Yun adriya sang Sri Narapati
rem-rem manah nulya ngandika,

"Dhuh, Setomi patih ingong
pa tan welas maring ingsun
yen sira tan bisa mulih
marang Galuh nagara
temah praja suwung.
Bapa payo ingsun gawa
anuruta yen jarwaa Ki Tomi."
Matur inggih sandika.

2. Pan ingangkat tyang dasa katarik
mriyem sami gangsal welas sewang
anulya kondur Sang Rajeng.
rawuh nagari Galuh
pinatah neng sajroning puri.
Sang Nata langkung rena
keh jalma kadulu

warnane mariyem endah
pantes dadi pusakane ratu Jawi
nata sutijeng kara.

3. Sri Narendra sampun memarabi
Jaka Pekik mriyem ingkang priya
Nyai Setomi wadone
kekalihira sampun
ingulesan sangkelat abrit
ya ta sampun ala.
peputra sang Prabu
kekalih pra samya priya
bagus-bagus patut saking prameswari
nata langkung sihira.

4. Ingkang sepuh pinaring wewangi
Dyan Wanenggada sampun diwasa
anama sang Prabu Anom.

diharapkan menjadi raja
menggantikan di negara Galuh.
Putra yang muda
diberi nama
Rahadyan Aryakusuma.
Kedua putra itu selalu diajari ayahnya
mengenai kesaktian.

ginadhang madeg ratu
anggentosi Galuh negari.
Putra ingkang taruna
peparing jejuluk
Rahadyan Aryakusuma.
Putra kalih tansah winulang ramaji
pratingkah kasudibyan.

5. Sudah lama bertahta
Banjaransekar di Galuh
sangat berwibawa.
Ia kawin dengan ratu bidadari
waktu itu Dyah prameswari
menghadap raja
Sang Dyah bersembah
kepada suaminya,
"Tinggallah Gusti, saya minta pamit
pulang ke Suralaya.

5. *Wus alami jumeneng Sang Aji*
neng Galuh Prabu Banjaransekar
tutug ing kawibawane.
Krama apsari ratu
duk samana Dyah prameswari
marak mring Sri Narendra
Dyah ratu umatur
ing raka Sri Naranata,
"Lah kantuna kawula anuwun pamit
mantuk mring Suralaya.

6. Di dunia sudah lama
bisa dimarahi Hyang Girinata

sudah tiba saatnya
di Suralaya kosong
jika saya terlalu lama di sini
tentu tidak dikehendaki
Hyang Pramesthi Guru."
Raja sangat terkejut, katanya,
"Dinda, jangan pergi

Saya tak bisa kau tinggal.

6. *Wonten marcapada sampun lami*
bok dinukan mring Hyang Girinata
sampun dumugi mangsane
ing Suralaya suwung
yen kawula wet aneng ngriki
yekti dede kang karsa
Ywang Pramesthi Guru."
Kagyat Sang Nata ngandika,
"Nimas, aja paran polah ingsun Yayi
tan bisa sira tinggal.

7. Dahulu papa pun sudah kaujalani
setelah bertemu malah ditinggal
lebih baik saya mati."
Dyah prameswari bersembah,
"Sudah tiba janji
karena saya ini
sejak di taman

7. *Andrapapa dhingin sunlakoni*
mangka panggih malah aras tinilar
angur palastra ingong."
Dyah prameswari matur,
"Wus dhumateng janji tan keni
wit ning kula punika
awet tamaningrum

menyanggupi kehendak dewa
tetapi, saya titip dua anak
pada sang Raja."

sinagah karsaning dewa
naming kula atitip putra kekalih
ing Kanjeng Sri Narendra."

8. Sang Prabu Dewi segera pergi
dipegang tetapi tidak kena
tinggallah sang Raja sendiri
seluruh bidadari pergi.
Sang Raja bersedih hati
seperti pingsan sesaat
hatinya kosong.
Waktu itu ia merasa rindu
untuk penghibur ia memanggil kedua orang putranya.
Raja pun berkata,

8. Nulya mesat ri sang Prabu Dewi
pan cinandhak-candhak datan kena
kentun anggana sang Rajeng
sagung apsari dahut.
Sri Narendra angles ing galih
lir murcita sakala
ing cipta asuwung.
Semana anandhang branta
wus lipur nimbali kang putra kalih.
Prapta nata ngandika,

9. "Duh, kedua putraku

sekarang ibumu sudah hilang
kembali sebagai bidadari
dan kau menjadi yatim."
Ketika dua orang putranya mendengarnya
menangislah keduanya
menyembah sambil meneteskan air mata.
Raja berkata lagi,
"Nanda, berserahlah kepada Dewa
rukunlah bersaudara.

9. "Dhuh, putraningsun karo sun timbali
ibonira mengko wus murcita
mulihing widadarine
kari lola nak ingsun."
Putra kalih sareng miyarsi

karuna atimbangan
nembah arawat luh.

Ngandika malih sang Nata,
"Kulup-kulup narimaa ing Dewa di denatur akekadang.

10. Hati saya tidak tahan
ingin menyusul ibumu
ingatlah Nanda permintaanku
kelak sepeninggal saya
yang tua mengganti sebagai raja
memerintah negara Galuh
sedangkan anakku yang muda
kelak mengganti kakakmu
jangan sampai timbul sengketa
hatinya harus terbudaya.

10. Dene ingsun nora betah ati
yun sumusul marang ibunira
poma kulup ywa karsa ingong
besuk sapungkur ingsun
ingkang tuwa gumantya aji
ngrenggani Galuh praja
kang anom nakingsun
gumantya akakangira
poma-poma aja na sulayeng ati
ati mring kabudayan.

11. Siapa yang memulai ingkar
pasti tidak akan selamat
lebih baik Nanda selalu rukun."
Kedua orang putranya bersembah
sambil berlinang air mata,
"Bagaimana Ayahanda,
kami berdua tidak mau ditinggal
lebih baik ikut pergi."
"Nanda, dewa tak berkenan
jangan melanggar.

11. Sapa ingkang wiwit laku ningsir
yekti nora nemu raharja
abecik atuta bae."
Putra kalih wotsantun
saha waspanira dres mijil,
"Kados pundi Jeng Rama
kula tan saged kantun
luhung binektaa mingkrat."
"Kulup, iku karsane dewa dan keni
aja murang tata.

12. Kamu berdua saya beri
dua orang inang pengasuh
Emban Praguna yang muda
Penanggungan yang tua
pantas kalau mengasuh raja."
Dua orang pengasuh sudah diberi tahu
dan ditinggali pesan oleh sang Prabu.

12. Sira karo kai sun paringi
emban loro kang momong ing sira
Emban Praguna kang anom
Penanggungan kang sepuh
pantes lamun momonga aji."
Mban kalih wus ngandikan

winangsit sang Prabu.

Kemudian raja gaib
menyusul ke Suralaya dan bertemu
dengan istrinya

Sang Nata anulya murca
nusul marang ing Suralaya ya wus panggih
kalawan garwanira

13. lengkaplah jumlah para dewa.
Adapun yang tertinggal di istana
dua orang anak itu sedih hati
ditinggal ayah ibu.
Diceritakan keadaan negara
sang Raden
telah diangkat sebagai raja
bertahta di istana Galuh
adiknya mengganti sang kakak

bernama Sang Prabu Anom.

13. dadya jangkep ing dewa linuwih.
Kawarnaa kang kantun neng pura
atmaja kalih wirage
tinilar rama ibu.
Tan ucapen rasaning nagri
rahadyan nuneng gada
wus ingangkat ratu
jumeneng ing Galuh pura
ingkang rayi gumantya raka wewangi
Prabu Anom wastanya.

14. Pada waktu itu di Jawa tidak ada raja
kecuali Galuh

14. Samana Jawa tana aji

amung Galuh kang madeg narendra

sehingga menimbulkan kecemburuan	*dadya binutarepaken*
untuk merebut tahta.	*arsa ngendhih kedhatun.*
Para prajurit sudah diberi tahu	*Wadya prabu wus denundangi*
untuk siap sedia	*sanega ing ngayuda*
menghadapi pertempuran	*mangrempah ing pupuh*
raja memimpinnya sendiri.	*nata nindaki priyangga.*
Adiknya telah pergi pada malam hari	*Ingkang rayi wus uning angles ing wengi*
diiringkan oleh Praguna	*ingiring tan Praguna*
15. tanpa diketahui oleh prajuritnya	*15. wadyanipun tanna kang uning*
harta benda tidak dibawa.	*brana kencana aneng dalem aglar.*
Diceritakan raja Galuh	*Winarna Galuh sang Rajeng*
sudah berangkat	*sampun miyos sang Prabu*
dengan prajurit lengkap perang	*saha dawya rakit kang wresni*
mengepung rumah adiknya	*ngepang dalem arinta*
namun sudah kosong	*wus kapanggih suwung*
tetapi harta benda masih tertata rapi	*nanging brana maksih aglar*
prajuritnya semua tidak berubah	*saha wadya sedaya nora gumingsir*
hanya Praguna yang tidak ada.	*nging Praguna tan ana.*
16. Raja menyesal hatinya	*16. Suka semu gegetun sang Aji*
"Kusangka adikku akan menyambut	*"Areningsun tak sengguh amapag*
dengan pertempuran	*ing aprang kawekasane*
ternyata dia pergi semalam,"	*dadya angres merdalu,"*
katanya kepada abdi perempuan.	*wuwusira marang ing dasih.*
Semua prajurit ditanya	*Mriksa wadya sajuga*
ternyata tak ada yang tahu	*tan ana kang weruh*
kemudian mengumpulkan harta benda	*anulya anawan brana*
semuanya dibawa ke istana	*sakathahe binekta marang jro puri*
raja pun kembali.	*kondur Sri Nata.*

17. Ceritanya yang pergi
Raden Aryakusuma dan inang pengasuh
Praguna menyimpang jalannya
melewati lereng-lereng gunung
turun jurang naik bukit
tanpa makan dan minum
menerobos hutan lebat
hewan-hewan berlarian
menerobos gelagah penuh bahaya
mencium bau satria.

17. Kawarnaa kang angles ing latri
Raden Aryakusuma lan emban

Praguna murang margane
munggah neng ngereng gunung
manjing jurang sumengkeng ardi
tanpa dhahar lan nendra
nasak wana gung
sato wana kaberasak
pabrupela nerajang glagah werit
mambet ganda satriya.

18. Perjalanannya ke arah barat daya melewati pegunungan dan hutan.
Sang Anom berkata,
"Hutan mana itu?"
Emban Praguna menjawab,
"Masih daerah rakanda
sang Prabu di Galuh."
Perjalanannya terus ke barat
seperti Parta turun dari gunung

raja yang penuh wibawa.

18. Ngidul ngilen lampahe sang Branti
ngambah drigamaning malahawan
angandika sang Anom,
"Ngalas ngendi iku?"
Mban Praguna umatur, "Inggih
taksih bawah rakamta
ing Galuh sang Prabu."
Lajeng mangilen lampahnya
kadi Parta tumurun saking ing ardi
la ta sutijeng kara.

19. Sampai di hutan Sang Anom berkata lagi,
"Hutan mana ini?"
Dengan tenang Praguna menjawab,
"Masih daerah Galuh
yang diperintah oleh rakanda Sri Raja."
Mereka terus berjalan
Rahadyan melihat
padang luas
terdapat pohon sawo berjajar dua
kemudian didatanginya.

19. Ngambah wana angandika aris,

"Alas ngendi ta iki Bapa?"
Mban Praguna matur alon,
"Teka sih bawahing Galuh
kreh rakamta Sri Narapati."

Terlalu lampahira
Rahadyan andulu
ara-ara padhang jembar
ana wite sawo jajar pan kekalih

anulya pinaranan.

20. Sesampai di sana lalu duduk di bawah dua pohon sawo
Raden sangat tertarik melihatnya.

20. Prapteng lenggah neng sawo kekalih
Raden langkung kacaryan lumiyat

"Apa nama kayu ini
pucuknya seperti gunung
kembar keduanya?"
"Ini pohon sawo
namanya, Gusti."
Rahadyan berkata pelan,
"Kalau begitu itu saya beri nama
padang Pejajaran.

"Iki kayu apa rane
larase kaya gunung
sakembaran ing tengah kalih?"
"Inggih sawo punika
Gusti namanipun."
Rahadyan alon ngandika,
"Yen mangkono Bapa iku sun arani
ara-ara Pejajaran

21. Marilah kita tempati
karena sudah jauh dari negara."
Praguna menyetujui
lalu membuat rumah
dan menanam pohon-pohonan.
Lama-kelamaan
banyak yang datang
mereka bermukim di Pejajaran
berkebun dan bersawah

pedagang pun banyak berdatangan.

21. Payo Bapa padha dendhukuhi
suprane wus adoh nagara."
Praguna inggih ature
akarya wisma sampun
ananem kang pala kitri.
Ya ta ing lama-lama
kathah kang tut pungkur
jalma wisma Pejajaran
samya olah tegal lan gegamyang sabin
janma dagang keh prapta.

22. Murah sandang pangan

mas intan ditukar beras
banyak pedagang yang tidak pulang
lalu menetap di situ.
Makin banyak pendatang
jumlahnya sudah delapan ribu
sehingga kelihatan seperti negara.
Negara kelihatan aman dan makmur
Sang Raden menjadi raja dan memerintah
negara Pejajaran

22. Langkung mirah tedha rena sami
raja brana ingurupken beras
kathah dagang datan muleh

lajeng wisma dhedhukuh.
Saya kathah jalma kang prapti
wus cacah astha sasra
lir praja dinulu.
kelangkung gemah raharja

kusuma wus angadeg lajeng ngrengani
negari Pejajaran

23. Istananya sudah dirancang

sitihinggil dan alun-alun
sekalian istananya
Patihnya Praguna

23. Wus kinentha-kanthaning kang puri
sitiluhur alun-alun aglar
saniskareng kedhaton
Praguna patihipun

dan para penggawa sudah siap
istananya indah
semua tersedia dan teratur.
Kanan kiri tunduk semua
tumenggung yang jauh pun tunduk pula
menghadap ke Pejajaran.

wus sumekta punggawa mantri
keprabonira asri
sumekta sadarum.
Suyud kanan keringira
myang tumenggung kang adoh tumiyung sami
seba mring Pejajaran

24. Yang mencela Galuh
sudah tunduk ke Pejajaran.
Pada waktu itu sang Raja
naik tahta
dilambangi dengan *Bima malethik sinakareng narendra* (1665)
Kanjeng sang Prabu
waktu itu masih jejaka
kemudian kawin dengan putri cantik dari Sunda
Ki Patih yang diutusnya.

24. Kang mancah ing Galuh nagari
wus sumuyut marang Pejajaran
samana Kanjeng sang Rajeng
nggenya jumeneng ratu
sinengkalan Bima malethik
sinakareng narendra.
Kanjeng sang Aprabu
samana maksih jejaka
nulya krama putra ing Sundha yu luwih
Ki Patih kang dinuta.

25. Sang putri telah dijemput
empat prajurit

yang bersenjata.
Sang Putri telah sampai di Pajajaran
sang Aji sangat senang menerimanya
lalu bercengkerama
karena sangat tertariknya.
Diceritakanlah raja Galuh
telah mendengar jika adiknya menjadi raja
bertahta di Pajajaran.

25. Wus binektan sang dewining putri
mbekta wadya cacah kawan nembang
sumekta sagegamane
Prapta Pajajaran sampun

katur langkung suka sang Aji

pan sampung cinangkrama
kalintang kalulut.
Winarna Galuh narendra
wus miyarsa yen kang yayi madeg aji
jumeneng Pajajaran.

26. Raja keluar
memanggil Patih Penanggungan
lalu raja bersabda,
"Patih, saya mendengar
adinda telah menjadi raja
di Pajajaran.
Semua pengikutku

26. Nulya miyos sineba sang Aji
animbali Patih Penanggungan
ngandika Kanjeng sang Rajeng,
"Patih, ingsun ngrungu
yayimas wus madeg aji
ana ing Pajajaran.
Kaben wadyaningsun

yang jauh dari istana dirampok
jangan-jangan membahayakan
negara kita.

kang adoh praja binahak
bokmenawa menek ta anderawasi
marang ing prajaningwang.

27. Kalau begitu akan saya perangi
saya sendiri yang akan memimpin prajurit
maka panggillah
seluruh prajuritku
bersiap dengan senjata."
Patih bersembah, "Baiklah."
Sang Prabu keluar
lalu masuk ke istana.
Paginya raja telah berpakaian perang
dan siap maju perang.

27. Yen mangkono arep sunlurugi
ingsun dhewe kang nindaki yuda
sira undangana kabeh
sakehe wadyaningsun
den samekta gamaning jurit."
Patih matur, "Sandika."
Luwaran sang Prabu
manjing dhateng dhatulaya.
Enjingira ngrasuk kepraboning jurit
datan ora mundura.

VII. DURMA

VII. DURMA

1. Prajurit telah siap di alun-alun
penuh melingkar
sampai ke Pangurakan
sepanjang jalan ke utara
hiruk pikuk suara barisan
tanda berangkat
gendang, gong, dan seruling.

1. Sawiyose wadya ngalun-alun aglar
anglebi pacak suji
ndungkap Pangurakan
mangaler turut marga
gumuruh swaraning baris
tengara mangkat
kendhang, gong lawan suling.

2. Barisan prajurit seperti

seperti barisan semut di batu
lintah berbadan seribu
tandanya bermacam-macam
ringkik kuda
memilukan hati.

2. Bala kuswa lir watu tumrun king arga
anglir sela blekithi
werdu angga sasra
tengranya warna-warna
pangriking kuda
mangres karengeng nglangit.

3. Perjalanan raja telah jauh.
Diceritakanlah sang Raja
di Pajajaran
duduk berhadapan dengan prajuritnya

3. Sampun tebih tindaknya Sri Nata
Kawarnaa sang Aji
nata Pajajaran
moyose siniweng bala

memanggil Patih Praguna
Raja berkata,
"Patih, saya ini

nimbali Praguna Patih
Nata ngandika,
"Sun iki Bapa Patih

4. tidak memiliki meriam.

Patih, kau saya tunjuk
ke Galuh untuk mencuri
sebuah meriam
yang bernama Ki Setomi
dan itu harus berhasil
karena akan kupergunakan penguat prajurit."

4. *nora duwe terkat tan mriyem sajuga.*
Sira Patih sun tuding
mring Galuh andustha.
kang mariyem sajuga
kang arannya Ki Setomi
poma tan kena
sun karya tameng jurit."

5. Patih menyanggupi dan segera berangkat
dengan membawa prajurit seratus
yang semuanya pilihan.
Tak berapa lama sampailah mereka
malam harinya sudah masuk di Galuh
ke istana raja
yang kelihatan sepi.

5. *Tur sandika Ki Patih anulya mentar*
mbekta rowang sabiting
dadya wong pilihan.
Tan kawarna wus prapta

Galuh dalu wus umanjing

pura narendra
sampun kapanggih sepi.

6. Patih segera mendekati
meriam Nyai Setomi
lalu diangkat
lima puluh orang tak kuat
mereka ingat lalu bersembah,
"Saya hanya
diutus Gusti, Nyai

6. *Dustha patih lajeng merpeki nggenira*
mriyem Nyai Setomi
anulya ingangkat
jalma seket tan kangkat
wus emut nulya ngabekti
"Dermi kawula
Nyai ingutus Gusti

7. oleh raja Pajajaran

yaitu putra raja
Sri Banjaransekar."
Meriam segera diangkat
lima puluh orang telah berhasil mengangkat
lalu dibawa keluar.

7. *Sri Narendra kang sinembah Pajajaran*
inggih putra narpati
Sri Banjaransekar."
Mriyem nulya ingangkat
jalma seket wus kuwawi

binekta medal.

Ki Patih berpikir sebentar

8. lalu berkata kepada temannya,
"Saya tak menduga
istana kelihatan sepi.
Di mana sang Raja?
Hatiku terasa tak enak."
Kemudian mendengar berita
bahwa raja
berangkat memerangi adiknya.

9. Patih cepat-cepat pulang
membawa Nyi Setomi.
Sesampai di Pajajaran
diserahkan kepada raja.
Raja merasa puas sekali
mendapatkan senjata.
Ki Patih bersembah lagi,

10. "Hamba beritahukan

negeri Galuh sepi
kakanda raja
bersama prajuritnya
sedang bergerak akan menyerang Gusti
dan sekarang dalam perjalanan.
Raja berkata,

11. "Kalau begitu hadapilah
seluruh persenjataan
prajurit Sunda
gerakkan semua!"
Patih menyanggupi
lalu memerintahkan prajurit
"Semua saya perintahkan."

12. Prajurit berangkat dipimpin Ki Patih
semua membawa senjata.
Cerita perjalanan

Ki Patih nukmeng galih

8. nulya muwus ing rowang, "Ingsun tan duga
kedhaton dening sepi.
Neng ngendi sang Nata?
Tan enak tyas manira."
Anulya miarsa werti
yen Sri Narendra
anglurugi kang rayi.

9. Antukira Ki Patih agegancangan
mbekta Nyi Setomi
Prapta Pajajaran
katur Sri Naranata.
Langkung trustha Sri Bupati
angsal pusaka
Ki Patih matur malih,

10. "Amba atur uninga mring Sri Narendra
nagri Galuh pan sepi
rakamta narendra
kebud sang wadya bala
nglurugi Paduka Gusti

sampun neng marga.
Angandika Sang Aji,

11. "Yen mengkono Bapa Patih papagena
sagegamaning jurit
wadyengsun ing Dundha
kabeh sira keriga!"
Tur sandika Kyai Patih
parentah wadya
"Padha sun gusthi-gusthi."

12. Wadya mangkat Ki Patih nindhihi bala
dedameling jurit.
Kawarnaa lampahnya

Prabu Galuh dan prajuritnya
beristirahat di jalan
dihadap oleh prajuritnya.
Tiba-tiba datang utusan dari Galuh

Prabu Galuh sawadya
rerep masanggrahan aji
siniweng bala.
Wonten duta king nagri Galuh

13. memberi tahu bahwa meriam Setomi hilang
pada waktu malam hari
para penjaga
tidak ada yang tahu.
Raja terkejut dan marah
"Bagaimana Patih
penunggunya tak bekerja?"

13. tur uninga yen mriyem Setomi musna
tatkalaning latri
wadya ingkang jaga
datan wonten uninga,
Kagyat bermantya sang Aji
"Karane Bapa
kang tunggu tanpa kardi?"

14. Raja memerintah Patih, "Berangkatkan
senjata di muka
saua sudah menduga
pastilah
Setomi berada pada dinda."
Tanda pemberangkatan telah bertalu
dan prajurit sudah berhadap-hadapan.

14. Angandika mring Patih, "Payo budhalna
gegaman kang pangarsi
ingsun wus aduga
mangsa iya noraa
Setomi ana si adi."
Tangara mangkat

wus ayun-ayunan jurit

18. Sang Dyah menjawab sambil menangis,	*18. Sang Dyah matur alon esmu tangis,*
"Ayah, saya takkan kawin	*"Rama kula datan arsa krama*
jika tidak bertemu dengan yang saya mimpikan	*yen tak panggih supenanane*
tadi malam	*duk kalawau dalu*
bertemu dengan satria bagus	*akepanggih satriya sigit*
bernama Sakendher	*Sakendher wastanira*
dan pembantunya	*juga rencangipun*
bernama Sakeber.	*pun Sakeber wastanira.*
Sakendher dan saya telah berjanji	*Pun Sakendher lan kula sampun ajanji*
tidak akan kawin dengan orang lain.	*boten akrama liyan.*
19. Saya tanyai asal-usulnya	*19. Asal-usulipun suntakoni*
mengaku keturunan dari gunung	*pangakene turunan king arga*

yang sedang berkelana."
Sang Prabu berkata,
"Jika kamu tidak mau kawin
lebih baik kamu pergi.
Saya tidak mau
mengakui kau sebagai anakku
tidak pantas impian dicari-cari.
Sang Dyah berlinang air mata

saweg merlana samangko."
Ngandika Sang Aprabu,
"Lamun sira tan akrami
angur sira lungaa.
Datan arsa ingsun
angaku atmaja sira
nora patut impen teka denulati.
Sang Dyah mijil kang waspa

XIII. MIJIL

1. ia menunduk dan menangis
lalu pergi sambil tersedu-sedu
sambil memegang kainnya
Ibunya bersembah,
"Bagaimana Sang Raja
memarahi putra

2. tanpa kira-kira.
Duh putraku
pergi ke manakah kau?
Siapa lagi yang dapat saya lihat?"
Akhirnya ibunya meninggal
dan Sang Prabu segera menolong-nya.

3. Supaya mendapatkan rahmat dari Tuhan
dan keselamatan
lalu mereka naik ke tempat pemujaan
dan berdupa.
Adapun Sang Putri
yang sedang diusir

4. Sang Dyah berjalan sendirian
keluar dari istana
lebih dekat sinar dalam barisan
tak ada orang yang tahu
kepergian Sang Dewi

XIII. MIJIL

1. Dyah tumungkul sarwi esmu tangis
kesah prodong-prodong
sarwi mong ing samekane
Ingkang ibu wotsari angerintih
"Tan kaya Sang Aji
andukani sunu

2. nora tepa-tepa Sri Bupati.
Adhuh putraningong
lunga marang ing ngendi parane?
Sapa baya kang ingsun tingali?"
Pun biyung ngemasi
Sang Prabu gya mulung.

3. Supayantuk rahmating Ywang luwih
nemu krahayon
minggah sanggar langgatan kalihe

kutug kukus sundhul ing wiyati.
Kawarna Sang Putri
kang lagya tinundhung

4. Lampahira Sang Dyah tanpa kanthi
medal king kedhaton
langkung celak praba ing barise
datan ana jalma kang udani
tindake Sang Dewi

mereka meneteskan air mata.

dha tansah rawat luh.

5. Dihentikanlah perjalanan Sang Putri
berganti pada cerita lain.
Perjalanan Baron Sakendher
dilindungi oleh garuda emas
dan kuda sembrani
wajahnya bersinar-sinar.

5. *Enengena lampahe Sang Putri*
gantia winiraos.
Sira Baron Sakendher lampahe
pinayungan ing garudha rukmi
lan kuda sembrani
cahyane umacur.

6. Sayup-sayup terdengar suara
tangis dari kejauhan
ia berkata kepada panakawan,
"Hai Sekeber, kau dengar suara tangis?"
Sekeber menjawab, "Ya
seperti tangis wanita."

6. *Lamat-lamat miyarsa swaraning*
tangis tekeng ing doh
angandika mring punakawane,
"Heh Sekeber sira ngrungu tangis?"

Aturira, "Inggih
lir tangis dyah ayu."

7. Sang Sakendher segera melihat
wanita muda cantik
mereka bertemu di jalan.
Sang Sakendher terpikat hatinya
kepada sang Putri
hatinya bergetar.

7. *Sang Sakendher nulya aningali*
wanodya yu nom
aneng marga kapethuk lampahe.
Sang Sakendher kasmaran ing galih
marang sang lir Suji
tyasira pyuh rempu.

8. Sang Dyah berhenti menangis
terpancing (tertariklah) sang Anom
melihat wajah Sakendher
tidak berbeda dengan yang dimimpikan
kata hatinya, "Apakah ini
yang saya mimpikan?"

8. *Sang Dyah kendel denira anangis*
rawyan sang lir Sinom

aningali Sakendher citrane
datan siwah lan supeneng latri

nukma, "Baya iki
pangimpeningsun?"

9. Mereka telah duduk berhadap-hadapan
senang yang memandangnya.
Keduanya saling melirik
Sang Sakendher selalu menahan hati
lalu berkata,
"Baru pertama kali

9. *Wus apanggih yun-ayunan linggih*

bingar ingkang manon.
Samya liring-liniring kalihe
Sang Sakendher tansah nahan galih
ngandika rum manis,
"Tigas kawuryeng rum

10. saya melihat

Sang Putri.
Dari mana asalnya dan mau ke mana?"
Sang Putri menjawab, "Saya putra raja Sepanyol
pergi karena diusir.

11. Sebab saya disuruh untuk kawin
saya belum mau.
Seribu raja jumlahnya
melamar, saya tak mau
sehingga ayahnda raja
marah sekali."

12."Mengapa tidak ingin kawin?
Padahal para raja
kaya harta lagi pula tampan."
Sang Putri menjawab, "Saya tak ingin
harta dan ketampanan
tetapi hanya impian saya.

13. Tadi malam saya bermimpin bertemu
dengan lelaki muda tampan
mengaku keturunan dari gunung
bernama Sang Sakendher
abdinya, Sekeber
keduanya tak pernah berpisah."

14. Sang Dyah bersembah,
"Duh Pangeranku
saya cari bertemu di sini
sayangnya banyak berpenyakit.
Padahal yang terlihat dalam mimpi
Sakendher tidak cacat.

15. Sakendher menjawab dengan manis,

10. dene nembe kawula ningali

marang sang lir Sinom.
Sangking pundi pinangka sedyane?"
Sang Putri matur, "Kawula
Sapanyol sang Aji
kesah ngong tinundhung

11. Sababira tinantun akrami
dereng karsa ingong.
Ratu sewu kathahe
samya nglamar kawula tan arsi
Kanjeng Rama Aji
dukane kelangkung."

12. "Sebab apa datan arsa krami
Dene para katong
sugih dunya agung ing singgihe."
Sang Putri matur, "Kawula tan amrih
dunya lawan singgih
ming supenaningsun.

13. Kala dalu mung supena panggih

priya bagus anom
ngaken saking turunan argane
Sang Sakendher ingkang wewangi
Sekeber kang abdi
sajuga asusut."

14. Sang Dyah matur sarwi mangenjali,
"Dhuh Pangeran ingong
sun ulati kapanggih ing kene
mung cacate asugih sesakit.
Katon jroning ngimpi
Sakendher awutuh."

15. Sabdanira Sakendher rum manis,

"Jika betul-betul mencintai saya	*"Yen tuhu tresneng ngong*
tak usah ragu	*datan samar Sang Retna tingale*
Saya mohon kepada Tuhan	*Sun sesuwun ing Hyang kang Linuwih*
agar hilang penyakit ini."	*ilanga kang sakit."*
Kemudian ia bersamadi.	*Anulya manekung.*
16. Perkenan Tuhan penyakitnya telah hilang	*16. Wus katarima ical kang sesakit*
wajahnya bersinar	*punika macorong*
seperti bulan purnama	*nuju kadya tanggal pernamane*
Sang Rara lalu bersembah,	*Sang Rara nulya anyungkemi,*
"Tak ragu saya mengabdi	*"Tan uwas mangabdi*
kepada Paduka."	*anyethi Pukulun."*
17. Sang Sakendher berkata,	*17. Lon ngandika Sang Sakendher ririh,*
"Marilah bersama-sama	*"Suwawi acaos*
saya bawa menghadap ayahmu!"	*kula bekta asowan ramajeng!"*
"Tetapi di luar istana	*"Nging sajawinipun nagari*
dikepung	*sami denbarisi*
oleh para raja	*sakeh para ratu*
18. dari seribu negara yang melamar saya."	*18. sewu nagri ingkang nglamar mami."*
Sang Anom menjawab,	*Ngandika Sang Anom,*
"Tidak sulit caranya	*"Nora kewruan ingsun dedalane*
asalkan kau mencintai saya."	*sok si dhasar tresna lawan mami."*
Segera mereka berangkat	*Gya samya lumaris*
Sang Retna di muka	*Sang Retna neng ngayun*
19. Sakeber berjalan di belakang.	*19. pun Sakeber lumampah nang wuri*
Perjalanan Sang Anom	*Lampahe Sang Anom*
dilindungi oleh garuda emas	*pinayungan garudha rukmine*
dan kuda sembrani.	*lawan kuda kang nukma sembrani.*
Cerita pun berganti	*Gantya kang winarni*
seribu raja	*para nata sewu*
20. yang mengepung negara Sepanyol	*20. ingkang ngepang Sapanyol nagari*
barisannya berlapis empat	*majupat baris wong*
merampok di daerah pinggiran	*angerayah ing tepis wiringe*
yang melawan dibunuh	*kang kacandhak bangga denpateni*

sehingga para istri menjadi takut
dan banyak rumah dibakar.

estri samya tintrim
keh wisma tinunu.

21. Pembesar raja seribu negara
raja Ngabesah
kekuatan wadyanya
prajuritnya campuran
orang Buda dan Srenggi
Cina, Bugis, dan Satun.

21. *Pengagenge raja sewu nagri*
Ngabesah sang Katong
kyating Sarasurangga wadyane
abacingah bala warni
wong Buda lan Srenggi
Cina, Bugis, Satun.

22. Pakaiannya berwarna-warni
indah gemerlapan
kelihatan seperti pesta
semua berlapis emas
empat puluh raja
mengepung dengan barisan besar.

22. *Abra sinang busana mawarni*
gumebyar ari abyor
tinon kadya bujana sarine
nuhan lumrah kinemasan sami
catur dasa aji
ngideri baris gung.

23. Mereka terkejut melihat orang
berjalan bersinar-sinar
berjumlah tiga orang
Yang seorang wanita cantik
seperti Dewi Ratih
laki-lakinya tampan.

23. *Kagyat miyat yen wonten sujalmi*
lumampah mancorong
runtung tetiga lampahe
Kang sajuga wanodya yu luwih
pindha Dewi Ratih
kang jalu abagus.

24. Yang berjalan di belakang
wajahnya jelek.
Empat orang raja mendekatinya
mengepung kanan kiri
dan muka belakang
dengan bersenjata lengkap.

24. *Ingkang juga lumampah ing wuri*
warnanira asor.
Catur raja marepeki age
ngepung saking kanan lawan kering
ngarsa miwah wuri
dedamel supenuh.

25. Sang Sakendher dicegat
lalu ditanya,
"Hai orang yang lewat, dari mana asalnya,
siapa namamu dan mau ke mana
membawa wanita
yang cantik sekali?

25. *Sang Sakendher kandher madyeng jurit*
anulya tinakon,
"Heh wong liwat ngendi pinangkane,
sapa ranmu lan sinedyeng mring ndi
anggawa pawestri
den aluwih ayu?

26. Apakah kau tak mendengar
negara Sepanyol
sekarang sedang dikepung
tetapi kau berani ke sini?"
Ketika Sakendher mendengar
dengan khawatir menjawab,

27. "Saya bernama Sakendher
ingin menghadap raja.
Yang saya iringkan ini putranya
raja Sepanyol yang sedang
diusir karena kemarahan raja.
Sekarang ia akan pulang."

26. Apa sira nora kulak warti
negara Sapanyol
yen ing mengko binarisan kabeh
teka sira awani lumaris?"
Sakendher duk miarsi
kapita sru muwus,

27. 'Iya ingsun Sakendher wewangi
yun seba ing katong.
Kang sun iring iki ya putrane
Sri Narendra Sapanyol kang lagi
tinundhung duka uni.
mengko arsa kondur."

XIV. PANGKUR

1. Raja-raja itu marah
lalu berkata,
"Yang saya cari sejak dahulu
kaulah yang pantas
Saya sangat beruntung
putri yang saya cari
sekarang berjumpa di sini.

2. Ternyata kau yang membawa
seperti laki-laki jagoan
boleh tak boleh saya minta
tinggalkanlah secepatnya
agar kau selamat
lepaskan pakaianmu.
Sakendher marah lalu berkata,

3. "Saya bukan orang rusak
sekuatmu saya takkan takut

tak akan lari."
Empat orang raja marah
"Kau bersombong diri

tidak dapat saya sayang.

XIV. PANGKUR

1. Ing wiri nata bremantya
duk miyarsa sru denira angling,
"Dene ta katuju ngenu
sira kapasang yogya
Lah teka begjo kemayangan ingsun
sang Putri kang sun upaya
mengko katemu neng ngriki.

2. Teka sira kang anggawa
dene luwih denira sira ngelanangi
aweh tan aweh sunjaluk
tinggalen den akebat
lumayua rebuten kauripanmu
sarta tinggala dandanan
Sakendher bremantya angling,

3. "Ingsun dudu jalma runcah
sagedingmu ingsun tan sedya wedi
tan sedya tinggal palayu."
Catur raja kapita
"Dene sira sumekti-sekti kumingsun
sira tan kena sun eman.

Prajurit, tubruklah segera!

Bocah tubruken den aglis!"

4. Saya akan menyerang dari muka
tangkaplah Sang Putri Raja."
Garuda emas telah mengetahui
gustinya menghadapi bahaya
segera ditiup turun dan Sang Ayu
dibawa terbang
Adapun Baron Sakendher
dikerubut oleh musuh.

4. *Suntubruke sangking ngarsa*
angingkuda marang Sang Raja Putri."
Garudha rukmi wus ndulu
gustinya manggih karya
gya niyup Sang Ayu binekta
mumbul
Baron Sakendher winarna
kinarubut ingajurit.

5. Ditusuk tombak
dari kiri kanan dan muka belakang
Sang Bagus tak sempat membalas
terkena panah tajam
Sakeber mengamuk
yang teterjang cerai-berai
dari muka sampai ke belakang.

5. *Sinosog ing ganjur rangkas*
sangking kering ngarsa kanan
myang wuri
tak kober males Sang Bagus
kasangsang sara rangas
pun Sakeber pangamuke
ingkang tinarajang piyak
ing ngarsa tangkep ing wuri

6. Sakendher menghunus pedang
melesat seperti kilat
mengenai tengkuk musuh
dua puluh orang luka parah
kepala terpancung menggelinding

yang datang bergelimpangan
bangkai tersusun tumpang tindih.

6. *Sakendher anarik kangkam*
sru ingikal kumlebat kadya thathit
amancas griwaning mungsuh
kalih dasa kaparah
tigas pancing keh sirah pating
galundhung
ingkang mara marang gempang
wewangke sungsun matindhih.

7. Sisanya yang selamat
mundur mengungsi.

Empat puluh raja berkata,
"Mengapa lari
empat puluh orang raja
kalau memang sakti benar
tentu satrianya yang akan lari.

7. *Sisaning pati lorodan*
samya ngungsi baris kang aneng
wuri
Nata catur dasa muwus,
"Pagene sru lumajar
raja catur dasa
tuhu kalamun digdaya
satriya ingkang lumaris

8. Prajuritmu tertumpas

8. *Bala manira tumpesan*

diamuk dua orang
bersenjatakan sabet dan gebug
jika pedang mendarat
orang lima puluh, enam puluh tewas
kesaktiannya hebat sekali
jika menggebug sekaligus tiga orang tewas."

dipunamuk namung tetiyang kekalih
dedamel sabet lan gebug
lamun pedhang tumiba
jalma seket sawidak pinedhang rampung
dene nata kajamak-jamak
yen nggebug jalma tri mati."

9. Raja menjadi marah
memerintahkan prajuritnya berangkat perang
tanda riuh berbunyi
senjata telah datang
di mukanya, tetapi Baron Sakendher tetap duduk tenang
dihujani panah banyak
seperti hujan gerimis.

9. Bremantya kang para raja
ngatak bala ngangkatken prajurit
tengara umyung gumuruh
dedamel samya prapta
ngarsa Baron Sakendher eca lunguh
binidrong gora warastra
asru lir pindha gerimis.

10. Sakendher memanggil yang di langit
maka datanglah segera kuda sembrani
disuruhnya memerangi lawan
senjata tak dapat mengenainya
kuda pun menyepak dan menyahut
Yang terserang cerai berai
"Ini kuda iblis."

10. Sakendher ngawe ing tawang
sigra prapta kuda rumka sembrani
kinen mangamuk ing satru
sinosogan gegaman tan tumama
tan tumama kuda nyepak ndhupak nyaut
kang katrajang gundam-gundam
"Baya iki jaran iblis."

11. Sakendher menjejak bumi
naga emas keluar dari dalam tanah
menyembur ke sana kemari
musuh yang diserang
cerai berai lari ketakutan
tak dapat mengimbangi lawan
dan barisan mundur semua.

11. Sakendher njejek pratala
naga rukma mijil sangking jro bumi
menyembur ngawut-awut
mungsuh ingkang katrajang
bubar kekes tyasira lumayu
datan mangga pulih lawan
wus mundur baris angisis.

12. Garuda emas di langit

12. Garudha rukma aneng tawang

mengetahui gustinya menang perang
segera ditiup turun
membawa Sang Putri.
Sesampai di hadapan Sang Sakendher, Sang Dyah turun
bersembah pada rakanda
sambil mengeluh merawankan hati,

wus umiyat gustine menang jurit

age aniyup tumurun
ambekta Sang Kusuma.
Prapteng ngarsa Sakendher sang Dyah tumurun
anyungkemi ingkang raka
sesambatira wlas asih,

13. "Kanda, saya tidak mengira
jika Kakanda dapat unggul

padahal musuhnya sangat kuat.
Sakendher berkata dengan manis,
"Dinda, atas doa restumu.

Marilah sekarang kita menghadap
kepada sang Raja."

13. "Kangmas, kula boten nyana
yen Paduka Kangmas menang ing jurit
dene musuh Dika agung.
Sakendher pasrangkara,
"Yayi pikantuk tulung Dika wong ayu.
Payo Yayi banjur seba
marang Jeng Sri Narapati."

14. Mereka berdua berangkat
Sang Sakendher dan sang Putri

diikuti oleh Sakeber.
Diceritakanlah Sri Raja
di Sepanyol selalu sedih rindu

seperginya sang Putri
Tak makan dan tak tidur.

14. Sarimbit sareng lumampah
Sang Sakendher lawan sang lir Retna
Sakeber tansah neng pungkur.
Winarna Sri Narendra
ing Sapanyol tansa branta kawulangun
sakesahira sang Putri
tanpa dhahar lawan guling.

15. Prameswari menangis
menangisi putranya dan mencerca raja.
Sang Raja selalu menghiburnya
"Dinda, percayalah
kepada Tuhan, besok akan datang."
Pada waktu itu mereka sedang duduk bersama.
Cerita tentang sang Putri Raja

15. Prameswari gung karuna
sambat putra tansah nutuh raka ji.

Sang Nata tan pegat ngimur
"Nimas dipunpercaya
mring Ywang Suksma besok kaya nuli rawuh."
Samana lagya pinarak.

Winarna sang Raja Putri

16. ia masuk ke halaman

16. amelebet palataran

ibunya mengetahui
jika putrinya datang
segera disongsongnya
putranya dirangkul sambil menangis
"Aduh putraku
sampai di mana kau?

ingkang ibu dera ningali
yen kang putra sang Dyah rawuh
aglis pinalajengan
ingkang putra rinangkul sarwi amuwun
"Adhuh nyawa putraningwang
teka ngendi sira gusti?

17. Ibumu sangat sedih."
Putranya telah dibawa menghadap raja
Sang Dyah menubruk kaki sang Prabu
lalu Sang Prabu merangkul putranya
"Tidak mengira jika kau pulang?"

Sang Dyah menjawab sambil berlinang air mata,
"Hamba pun demikian pula

17. Pun biyang amanggung brata."
sampun kerita prapta ngarsa Sang Aji
Sang Dyah ngraup pada Prabu

Nata ngrangkul mring putra

"Nora ngira yen sira nini ketemu?"
Sang Dyah matur rawat waspa,

"Kawula sumanten malih

18. atas restu Ayahnda
terhindar dari bahaya."
Kemudian raja bertanya,
"Siapa lelaki itu
berwajah tampan di taman?"

Sang Retna bersembah,
"Itulah Ayahnda

18. angsal pangestu sudarma
anrang baya pejah manggih basuki."
Sang Nata anulya andangu,
"Sapa wong lanang ika
aneng ngisor pethetan warnane bagus?"
Sang Retna matur anembah,
"Inggih punika rama ji

19. yang terlihat dalam mimpi saya sekarang sudah berjumpa dan saya serahkan pada Ayahnda.
Ia bernama Sakendher
sangat sakti.
Jika dia tidak ada

pastilah diri saya
akan direbut para raja itu."

19. kang katingal jro supena
wus kapanggih katura ing rama ji

pun Sakendher wastanipun
estu lamun digdaya.
Yen sampuna wonten putranta pukulun
sayekti awak kawula
rinebat para nerpati."

20. Raja berkata,

20. Sri Narendra angandika,

"Kalau begitu tanyailah segera
apakah Sakendher sanggup
mengalahkan para raja?
Kalau tidak dapat tak akan kuambil menantu
tetapi jika dapat mengalahkan
Sakendher saya ambil anak."

"Yen mangkono nini tarinen nuli Si Sakendher apa sanggup
nyirnakken para raja?
Yen tan sirna tan arep angambil mantu
yen sirna teka ing sira
Sakendher sun ambil siwi."

21. Sang Retna menyanggupi
lalu pergi menyampaikan pesan raja
"Rakanda, jika Paduka dapat
mengundurkan para raja
maka Ayahnda raja akan mengambil Paduka sebagai menantu
tetapi jika gagal
ayahnda tidak akan menerima."

21. Sang Retna tur sandika
nulya lengser ndhawuhken sabda aji
"Kangmas, yen Paduka sanggup
ngundurken para raja
inggih karsa ramanta angambil mantu
yen tan sirna king Paduka
ramanta yekti tan nampi."

22. Sakendher menjawab,
"Sekehendak raja
saya hanya akan mengerjakan
lebih bahagia raja
hancur luluh tak akan menyesal seperti air."
Sang Retna segera menyampaikan
kepada ayahnya.

22. Sakendher lon aturira,
"Sakarsanira Sri Narapati
manira darmi lumaku
langkung begja narendra
ajur luluh tan grantes upama ranu."
Sang Retna umatur enggal
ing rama Sri Narapati.

23. Semua perkataan putranya
telah dipikir raja lalu berkata,

"Saya mendukung
untuk maju perang."
Sang Dyah bersembah, "Kalau diperkenankan saya ikut
ke medan perang."
Raja berkata sambil tertawa,

23. Saaturira sadaya
wus kagalih mring nata gya nabda ris,
"Lah iya ingsun jumurung
amangsah ing ngayuda."
Sang Dyah matur, "Yen kapareng kula tumut
pakaryane ngadilaga."
Gumujeng Sri Nata angling,

24. "Di mana ada wanita
ikut berperang?
Sang Putri bersembah,
"Kami semua

24. Lah endi ana wanodya
teka melu bandawala ngajurit?
Sang lir Suji nembah matur,
"Abdi dalem sadaya

belum pernah melihat hal demikian
terjadi pada putra Paduka
maka saya mengikutinya

dereng wonten uninga ing suratipun
dhumateng putra Paduka
pramila kula tut wuri

25. Semoga dapat dipercaya
dapat membantu dalam peperangan."
Sang Raja suka hati lalu bersabda,
"Kamu saya setujui
tetapi Nini, kamu harus berani mengayomi
dan menghibur hati prajurit
maka bersiap-siaplah!

25. sageda kapracayan
sageda rerampad ing jurit."

Sang Nata suka ling arum,

"Ingsun amini sira
poma nini sira denwani kaselut

medayeng tyas ing punggawa
sami reresik

26. Saya beri pakaian
serahkan kepada Sakendher sebagai
wakil saya dalam peperangan."
Sang Dyah telah menerima
pakaian lalu berangkat

menyerahkan pakaian itu.
Ia sudah bertemu dengan Sakendher

26. Lan ingsun paring busana
paringena Sakendher kang dadi

pawakilingsun prang pupuh."
Sang Dyah sampun tampa
kang busana wus lengser saking ing ngayun
amaringaken kang busana.
Karsane Sakendher prapti.

27. Perintah raja telah disampaikan.
Sang Sakendher menerima pakaian kebesaran itu
lalu dipakainya.
Pakaian itu bagus sekali
baju coklat bersulamkan emas

disemat air emas
dan kancingnya emas intan.

27. Wus dhawuh karsa narendra.
Sang Sakendher tampi busana adi
ambeg prawira gya ngrasuk.
Ingkang busana raras
baju sangklat sinulam ing emas macur
sinuji-suji toya mas
kancing ratna inten bumi.

28. Sepatu emas
celananya tersungging panji-panji
gespernya dari emas bersinar
bersemat intan

28. Amoh sepatu rukma
celanane panji-panji sinungging
tetimang kancana murub
sinuji-suji retna

tepi berbulu-bulu
membawa pedang wasiat
dan berbaju besi lapis tiga.

atepia atrenggasa abulu-bulu
anganggar saber wasiat
kere kencana tundha tri.

29. Sang Putri juga sudah berpakaian prajurit
sehingga kelihatan cantik
serasi dengan lelakinya.
Mereka mengadakan persebaan
duduk di kursi intan kelihatan bercahaya
dihadap wadya bersusun.
Sang Retna segera mengumumkan

29. Sang Retna wus prajuritan
satatane sabarang ayu mentasi
apantes lan kakungipun.
Sareng miyos sineba
lenggah kursi retna dinulu umacur
ingayap ing wadya atap.
Sang Retna sigra ngundangi

30. bahwa Baron Sakendher dijadikan wakil raja dalam peperangan Kanjeng Sri Bupati
Seluruh prajurit sudah mendengar
lalu Baron Sakendher memerintah
mengatur barisan berderet.
Suara tambur, seruling, dan terompet bersahutan
dalam hati bertekad teguh tak akan mundur.

30. yen Baron Sakendher dadya
wakiling ing prang Kanjeng Sri Bupati
Wradin wadya miarsa wus
Baron Sakendher prentah
tata baris rumatap tengara tambur
suling salompret sauran
ing tyas tan kena ngunduri.

XV. DURMA

1. Raja seribu negara
terkejut mendengar suara
tanda perang
serta memberi tahu
bahwa Raja Sepanyol keluar
dalam peperangan
akan menghadapi lawan.

2. Raja seribu negara sudah berkumpul
berbaris memegang senjata.

XV. DURMA

1. Kawarnaa narendra sewu nagara
kagyat miarsa swaraning
tengaraning yuda
saha ngaturi priksa
Prabu Sapanyol miyosi
ing ngalaga
karsa methuk ing jurit.

2. Ratu sewu nagara wus ingundangan
gegeng baris miranti.

Tanda berangkat perang telah bertalu
suaranya seperti gunung runtuh
kereta seperti rempah-rempah
beraneka warna
penuh seperti warna cahaya.

Atengara mangkat

swara lir ruging arga
swandana lir anggi-anggi
awarna-warna
sebak ujwala.

3. Mereka telah bertemu dengan prajurit raja Sepanyol
lalu pecahlah peperangan.
Bunyi senjata bersahutan
meriam seperti geledek
seperti letusan seribu gunung
kabut menutupinya
peluru seperti hujan gerimis.

3. *Wus kapethuk lan bala Sapanyol raja*
nulya campuh ing jurit.
Sauran sanjata
mriyem kadya godhega
kadi guntur sewu wukir
limut kucika
pluru lir pendah grimis.

4. Mereka saling mendorong

ramai jalannya peperangan
semuanya ingin menang
menunjukkan keberaniannya
terasa oleh datangnya malam
kemudian beristirahat
raja seribu negara.

4. *Ruk-ingaruk gurnang katawang-kawenang*
malumpur ramyeng jurit
agiri kepala
kongas arya ludira
sapeh kasapu ing lastri
gya masanggrahan
raja sewu nagari.

5. Mereka makan bersuka-suka.
Adapun Sakendher
malam itu berpesta
bersama prajuritnya
Baron Sakendher memanggil
Sakeber segera menghadap
ke hadapan Sakendher, lalu Sakendher berkata,

5. *Andrawina umangan suka kapit.*
Sakendher kang winarni
ing dalu apesta
lan wadya balanipun
Baron Sakendher nimbali
Sakeber prapta
ngarseng Sakendher angling,

6. "Sakeber, temuilah
pemimpin prajurit
raja Ngabesah
untuk datang kemari malam ini
karena saya akan membuat perjanjian perang."
Sakeber berangkat

6. *"Lah Sakeber sun duta temua*
panggedhene jurit
raja ing Ngabesah
bengi turana
sun arsa prajanji jurit."

Sakeber mentar

dan telah berjumpa dengan raja Ngabesah.

panggih Ngabesah aji.

7. Prabu Ngabesah terkejut lalu bertanya,
"Orang manakah kau?"
"Saya utusan
Sang Sakendher.
Paduka diminta
berdamai
menghentikan peperangan."

7. *Kagyat mulat Prabu Ngabesah tanya,*
"Sira iku wong ngendi?"
"Manira caraka
Sakendher kang duta.
Paduka dipunaturi
bedami ing prang
mungguh lampahing jurit."

8. Raja Ngabesah senang lalu berkata,
"Kemarin mengajak perang
lalu sekarang mengajak
damai.
Baiklah saya turuti."
Sang Raja segera berangkat
menemui Sakendher.

8. *Raja Ngabesah miarsa gumujeng suka,*
"Dene duk wingi jurit
ing mengko angajak
rembugan janji ing prang.
Ya payo ingsun turuti."
Sang Nata kentar
lan Sakendher wus panggih.

9. Mereka sudah duduk di kursi berhadap-hadapan
Baron Sakendher berkata,
"Besok kita berperang
sesama raja
jangan menggunakan prajurit
tak ada gunanya
orang kecil ikut perang."

9. *Sampun samya lenggah kursi yun-ayunan*
Baron Sakendher angling,
"Benjang panggih ing prang
lan pra raja sadaya
aywa nganggo wadya alit
dha tanpa karya
wong cilik melu jurit."

10. Raja Ngabesah tertawa lalu berkata,
"Jangan khawatir
berperang sesama raja
tak mungkin saya mundur.
Perang dengan prajurit pun berani
Beranikah kau
berhadapan dengan saya?"

10. *Raja Ngabesah gumujeng suka manabda,*
"Lah iya aja kuwatir
aprang padha raja
mangsa sunundurana.
Prang nganggo wong cilik wani
Apa ta sira
wani mungsuh lan mami?"

11. Sakendher menjawab, "Baik besok kita berperang

11. *Sakendher ngling, "Iya becik sesuk aprang*

sesama raja
saya menyanggupinya."
Raja Ngabesah segera pergi
dan tiba
di pesanggrahan
lalu memangil para raja.

padha raja
becik kasaguhan."
Mundur nata tateyan
raja Ngabesah wus prapti
ing pasanggrahan
ngundangi para aji.

12. Pagi hari mereka siap berperang

satu lawan satu.
Sakendher sudah tiba
naik kuda emas
dilindungi garuda emas
lalu memekik,
"Kerubutlah saya!"

12. Byar rahina tata baris ing ngayuda
sumedya perang tandhing.
Sakendher wus prapta
anitih kuda rukma
pinayungan garudha rukmi
asumbar-sumbar,
"Rebuten ing ngajurit!"

13. Raja Cina tidak kehilangan keberanian perang.
Sakendher berputar sambil berkata,
"Menyerahlah kau
jangan sampai mampus!"
Sang Raja Cina sakit hatinya
"Lebih baik saya mati."
Raja Makasar menunjuk

13. Raja Cina nir suraning ngadilaga
Sakendher ngiter angling,

"Lah sira teluka
aja nganti palastra."
Sang Raja Cina aruntik
"Sun plaur pejah."
Raja Makasar nuding

14. Lalu maju perang sambil memainkan pedang
menyerang ke sana kemari.
Sakendher tidak takut
Raja Makasar ditangkap
dari atas kuda
lalu dibanting ke tanah
dan diikatnya.

14. Nulya majeng ing rana angikal pedhang
menyabet wanci-wanci.
Sakendher tan kewran
Sri Makasar cinandhak
saking luhur ing turanggi
gya binanting kisma
Sakendher gya naleni.

15. Raja Ngabesah marah ketika tahu bahwa banyak raja tewas.
Ia segera naik gajah
sambil memegang gadanya.
Mereka memiliki keberanian yang sama

15. Kurda Raja Ngabesah dupi miarsa
pra raja keh kapusthi.
glis nitih dipangga
amusthi gadanira.
Samya prawireng ngajurit

dan sudah berhadapan-hadapan
Sakendher waspada dan berhati-hati.

wus yun-ayunan
Sakendher yitneng westhi.

16. Raja Ngabesah berkata,
"Cepat, pedanglah saya!"
Sakendher menjawab,
"Pukullah saya!"
Prabu Ngabesah segera memukul
ditangkis dengan pedang
dan keluarlah percikan api.

16. Prakapita Raja Ngabesah manebda,
"Mara medhanga aglis!"
Sakendher lingira,
"Mara sira nggadaa!"
Prabu Ngabesah gya mbindhi
tinangkis pedhang
mubyur umijil api.

17. Sorak prajurit ramai sekali

berbaur suara genderang
dan terompet yang bersahutan.
Lengkingan seruling di udara
seakan-akan mengingatkan
kepada gustinya
supaya berhati-hati.

17. Surak wadya ingkang kuswa kadya gerah
mawor tambur myang beri
salompret sauran.
Suling melir ing tawang
anglir mawarah maweling
mring gustenira
kinen angati-ati.

18. Raja marah lalu memainkan keris
dan mengayun-ayunkan gada.
Sakendher menyerang
pedang beradu dengan tombak
berdentingan suaranya
lilit-melilit
saling mengalahkan.

18. Kurda raja angekah ngikal katgakang bindhi mobat-mabit.
Sakendher amranggal
pedhang caruk lan sara
mung kumenclang-kumencling
rindhik wiletan
masilih-silih ungkih.

19. Keduanya memusatkan kekuatan

ramai tangkis-menangkis
seperti Arjunawijaya
dengan raksasa
dalam perang tandingnya
seimbang keberaniannya
dalam peperangan.

19. Anggreng rasa kyating sura kalihira
rame tangkis-tinangkis
sebak Sang Arjuna
wijaya lan danawa
denira aprang tandhing
sami prawira
ulah laras ing baris.

20. Perangnya ramai sekali

karena sama perwiranya

20. Uleting prang linomba-lomba rinotan
dening ajring esthi

Kuda berkitaran
seperti menapak di langit
Raja Ngabesi berjumpa
terbacok pedang
namun tak melukainya.

kuda makiteran
lir ngambah awang-awang
kasliring Raja Ngabesi
pinedhang kena
nanging datan nedhasi.

21. Sang Raja Ngabesah remuk bagian dalam lalu jatuh
berguling di tanah
tak dapat melawan
"Lebih baik bunuhlah saya
daripada hidup menanggung malu.."
Sakendher berkata,
"Tak akan saya bunuh.

21. Remuk ing jro Sang Raja Ngabesah dhawah
gumuling aneng siti
datan pulih lawan
"Angling ngur patenana
wirang temen ing ngaurip."
Sakendher nabda,
"Tan sedya sunpateni.

22. Hai Sekeber, ikatlah raja itu."
Raja itu diikat
dan tangannya dirantai.
Raja seribu negara
menyerah semua
prajurit lawan telah tewas
mereka berucap manis.

22. Heh Sakeber, iku raja talenana."
Nulya dipun tangsuli
asta pinusara.
Raja sewu nagara
sami teluk denaweri
wadya suh sirna
pangucape tur manis.

XVI. DHANDHANGGULA

XVI. DHANDHANGGULA

1. Adapun yang menang perang
Sang Sakendher sangat payah
masih berada di atas kudanya
wajahnya masih kemerah-merahan
dan menenangkan kudanya.
Ia turun dari kuda
bertemu dengan Sang Ayu
istrinya bergembira sekali.
Tersebutlah raja Sepanyol
mengetahui bahwa putranya menang perang

1. Ya ta ingkang menang ing ngajurit
Sang Sakendher sanget kesayahan
manggung munggeng turanggane
semu amangur-mangur
lan ngrerepken ingkang turanggi.
Tedhak sangking turangga
panggih lan Sang Ayu
kang garwa kalangkung rena.
Kawarnaa Sapanyol Sri Narapati
myarsa putra sureng prang

2. secepatnya beliau keluar

2. age-age miyos sri bupati

merangkul putranya
dan menanyakan keselamatannya.
Putri raja bersembah,
"Atas doa restu Ayah
putranda selalu selamat
dapat memenangkan peperangan.
Raja dari seribu negara
sudah takluk."
Sakendher dipanggil.

prapta ngrangkul ingkang putra
dinangu karaharjane.
Raja putri umatur
"Angsal berkah dalem nerpati
putranta karaharjan
ngentasi prang pupuh.
Kang ratu sewu nagara
wus kajodhi sadaya tur pati urip."
Sakendher tinimbalan.

3. Setelah menghadap segera dirangkul oleh raja
"Putraku yang tampan dan pemberani
Bagaimana jadinya kalau tak ada kamu?
Kau saya ambil menantu
karena kau telah berhasil."
Sakendher bersembah,
"Bahagialah sang Prabu
namun hamba hanya sekedar melaksanakan.
Sekarang hamba ingin menyerahkan raja tawanan
terserah kepada raja."

3. *Praptang ngarsa rinangkul sang pekik*
"Dhuh putrengsun bagus sudireng prang
Aja na sira kapriye?

Estu sun pundhut mantu
lamun sira lamun ngentasi."
Sakendher matur nembah,
"Begja dalem Prabu
kawula darmi lumampah.

Mangke amba nyaosken bestan narpati
sumangga ing narendra."

4. "Tanyailah para raja itu
jangan dibunuh jika ingin hidup
mereka mengajukan semua
Kata para ratu,
"Kalau diperkenankan mohon hidup."
Mereka segera dilepaskan
dan sang Prabu berkata,
"Sakendher, segenap para raja itu
kembalikan ke negaranya
tetapi harus tetap berbakti.

4. *"Lah tarinen ingkang para aji*
lamun nedya gesang uripana
praristan ngajengken kabeh
turira kang pra ratu
"Nuwun gesang bilih maringi."

Gya sami linuwaran
ngandika sang Prabu,
"Sakendher kehe pra raja
ulihen tetepa prajane lami
nanging padha bektia.

5. Kepadaku setiap tahun
harus menyerahkan upeti."
Para raja menyanggupinya.

5. *Marang ingsun saben-saben warsi*
angaturana ulubektinira."
Pra raja sandika ture.

"Putraku, kau saya angkat
menjadi Prabu Anom Prathistha
memerintah raja taklukan
dari seribu negara."
Para raja telah menyanggupi

lalu raja-raja itu dibebaskan.

"Putraningsun sanjunjung linggih
Prabu Anom Prathistha
prentah para ratu
telukan sewu nagara."
Sami matur sandika anuwun ing sih
Nulya nata luwaran.

6. Dihentikanlah negara Sepanyol
diceritakanlah raja di Leburgangsa
Sinipraba nama sang Raja.
Ia raja wanita raksasa
putra Aji Mituna
bersaudara tiga
putri semua dan cantik
Sarpakanaka yang sulung
mendapat negara Tregutrena

6. *Enengena Sapanyol negari*
kawarnaa sri ing Leburgangsa
Sinipraba tengran sang Rajeng.
Ditya wanodya ratu
putranira Mituna Aji
gadhah sadherek tiga
samya putri ayu
Sarpakanaka swantara
Tregutrena tedhunan ingkang nagari Tetresina sajuga.

7. Negaranya di Nusa Tembini
putra Sang Resi Mintuna
semuanya berprajurit raksasa.
Empat raksasa itu
memiliki kesaktian semua
memiliki azimat kehidupan.
Prabu Sinipraba
sama dengan Sarpakanaka
penggilingan emas dan

gelatik emas ditunggu oleh raksasa.

7. *Nagrinira ing Nungsa Tembini*
putranira Sang Resi Mituna
sami danawa balane.
Prabu raseksa catur
samya guna serana seti
agadhah panguripan
Snipraba Prabu
tunggil lan Sarpakanaka
warna rukma panggilingan gelathik
rukma rinekseng ditya.

8. Thathaguthana dan Thathasini
sama kehidupannya
pisang emas berpupus cindai hijau
raksasa penunggunya
bergiliran siang malam
empat raja raksasa
sedang berkumpul
Patih Jathasura menghadap
Raja Sinipraba berkata,
"Bagaimana usahamu

8. *Thathaguthana lawan Thathasini*
samya nunggil panguripanira
pisang rukma pupus cindhe
wilis ditya kang tunggu
agiliran ing siyang latri
ratu ditya sakawan
gupita akumul
Patih Jathasura ngarsa
Ratu Sinipraba angandika aris,
"Kapriye dayanira

9. tentang Kanjeng Rama dahulu
yang dibunuh oleh Sakendher.
Dia itu anak angkat
saya ingin membalasnya."
Para raja menjawab,
"Sakendher itu sakti
pemberani dalam perang.
Ayah menyerang dahulu
meskipun demikian kalah juga.
Apalagi kami."

9. Prakarane Kanjeng Rama dhingin
si Sakendher ingkang amerjaya.
Iku anak apepupon
sun arsa males ukum."
Aturira kang para aji,
"Pun Sakendher digdaya
prawira prang pupuh.
Sasak dhingin kanjeng rama
suprandene kajodhi.
Kula malih sageda."

10. Sinipraba berkata kepada adiknya,
"Saya akan menghancurkannya.
Saya sangat tidak rela
dan akan membalas
sedapat-dapatnya
tetapi berhati-hatilah kamu
kehidupan agung
semua harus kamu jaga
besok pasti Sakendher dapat datang
meminta penggilingan.

10. Sinipraba ngandika mring ari,
"Ngong sasake sunlembut kewala.
Dahat nora trima ingong
arsa amales ukum
sakoleh-koleh
nanging sira denyitna
panguripan agung
kabeh padha denreksa
besok pesthi si Sakendher bisa prapti
anjaluk panggilingan.

11. Sayalah nanti yang akan bertanya Dinda."
"Patih, beritahukanlah
jika Sakendher datang ke sini
bunuhlah segera.
Seluruh prajurit perempuan
yang ditugasi mengerubutinya.
Sakendher harus dibunuh."
Semua menyanggupi.
Sinipraba berubah wujud
menjadi wanita cantik berbusana indah.

11. Yekti ingsun ingkang takon Yayi."
"Poma Bapa Patih undangana
Sakendher yen prapta kene
patenana den gupuh.
Sagung bala wadya raseksi
Iku kang angrubuta.
Sakendher dilampus."
Turira sami sandika.
Sinipraba anulya amalih warni
ayu busana endah

12. "Tinggallah Dinda, Sakendher saya godanya."
Sinipraba segera berangkat.
Tak ada cerita perjalanannya
ia sudah tiba di Sepanyol.

12. "Wus karia sun godhane yayi."
Sigra mangkat ri Sang Sinipraba.
Tan kawarna ing lampahe
ing Sapanyol wus rawuh.

Di sana banyak orang yang melihatnya
menjadi tertarik
dan jadi bahan pembicaraan
Pada waktu itu kebetulan
sedang mengadakan pertemuan
penuh dengan para prajuritnya.

Prapta nagri keh jalma uning

tembak samya kasmaran
dadya pajang kidung.
Samana sri naranata
angleresi sewaka pinrak sadasih
pepak ing bala kuswa.

13. Sang Sakendher duduk di muka

dihadap oleh para raja seribu negara.
Sakeber telah diangkat
menjadi pemimpin
para pedagang pergi
Tiba-tiba di luar kacau
orang-orang kelihatan gaduh
lalu raja mengutus untuk memeriksanya
Orang-orang mengatakan bahwa mereka melihat
wanita cantik rupawan.

13. Sang Sakendher tansah munggeng ngarsi
pepak raja sewu nagara.

Sakeber ngangkat lenggahe
dadya kapalanipun
ing wong dagang layar pra sami.
Kasaru geger jaba
wong katingal umyung
sang nata anulya duta

Apa priksa sauring wong neningali

wonten wanodya endah.

14. Berita telah sampai kepada raja
kemudian wanita itu dipanggil
sudah memasang asmara
diantar oleh utusan raja.
Sesampai di hadapan raja
beliau tertarik pada wanita itu
hati raja tidak tenang
duduknya goyah
Kemudian raja meninggalkan pertemuan dan sang Retna diminta mengiringinya
masuk ke kamar tidur.

14. Sampun katur ing sri narapati
wanodya yu tandya tinimbalan
wus masang cumbagane
kerit dutaning prabu.
Prapteng ngarsa sri narapati
kasmaran dyah kang prapta
gonjing tyas sang prabu
anggoyangi lenggahira
nulya jengkar sang Retna kinen umiring

ing dalu ginupit.

15. Sang Dyah akan dicengkeramai
namun sang Dyah meliuk ke belakang
menghindari sang Sinom.
Raja makin bersemangat

15. Sang Dyah arsa dipuncangkramani
gya sinambut sang Dyah ngayang-ayang
ngewani tingal sang Sinom.
Sang Nata saya sengkut

rayuannya menghibur
"Gusti pujaanku
hanya kaulah
yang dapat menyembuhkan sakit asmara
karena kau wanita yang elok
di bumi bahagia ini.

pangungrume angarih-arih
"Gusti pepujan ingwang
mung dika wong ayu
kang wignya ngruwat tyas branta

baya sira mustikeng retnaning bumi
tur bumi ingkang mulya.

16. Kau berkumandang di bumi
jadilah Anda
yang terbaik di jagat.
Kasihanilah diriku
hanya kaulah yang dapat mengobati
melepas rindu asmara.
Aduh pujaanku
perhatikanlah diriku
Hanya kaulah yang mampu mengobati
dan menyembuhkan sakit asmara.

16. Baya sira kumaraning bumi
dadya andika bendara
pandoming jagad acelom.
Wlasana raganingsun
namung sira ingkang ngluwari

medhar asmara branta.
Dhuh retnaning ayu
Gusti dika tingalana
Laraningsun mung sira kang ngusadani
paguteng ing asmara.

17. Kaulah tumpuan kasih sayang
hitam putra surga
hanya kepadamulah aku mengabdi
Makin gencar rayuannya
seperti mengharapkan hujan
sang Raja menyerahkan raga
meminta kasih sayang.
Usiklah diriku
tentu akan membahagiakan hati
Intan pujaanku

17. Asmaraning kang pinujeng ing sih
ireng kang kumaraning swarga
mung sira nggeningsun ngenger.

Saya dres ing pangungrum
lir cintaka aminta riris
Sri Nata norken raga
aminta sih lulut
sruwenen gusti pun kakang
iba-iba bungahing rasaning ati
Inten nggoningsun muja

18. pastilah kau pemberian Yang Mahakuasa
yang menjelma di negara Sepanyol
yang saya minta
merekahnya kuncup bunga
menghisap sari berbau wangi
harum baunya surga
kejatuhan madu

18. yekti sira paringing Ywang Luwih

ingkang nukma ing Sapanyol praja
kang sun pinta nah ing angger
mekare sekar kudhup
ngisep sari gandane wangi
arum gandane swarga
kagunturan madu

menyerahlah Dinda!"
Sang Dyah menangis terisak-isak
sambil menghapus linangan air
mata.

19. Dengan manis ia berkata,
"Sang Raja, hamba ini
orang jelek tanpa rupa
tak berani berhadapan dengan raja
tak terpikir menjadi istri.
Kalau sang raja
hanya menjadikan hamba pelampiasan
hamba tak ada artinya
malahan menjadikan kecewa hati

orang kotor dan menderita.

20. Raja berkata,
"Pujaanku, janganlah khawatir
pasti kau betul-betul kujadikan istri
bertempat tinggal di istana
tak akan kujadikan pembantu."
Sang Dyah berdiam diri di atas
kelihatan dibuat-buat
sang Raja terpanah asmara
bedahlah kerajaan Nusa Tembini

mereka bersebadan.

21. Tak diceritakan ulah asmaranya
Sang Dyah telah diperistri
seperti emas intan tampaknya
yang selalu disayang raja.
Para istri raja
seribu kurang satu
Setiap malam
hilang satu persatu
dimakan Sang Dyah Prabasini

manira alabuh jangkar!"
Sang Dyah Ayu mingsek-mingsek
awor tangis
waspa dres ingusapan.

19. Dadya matur sedhep arum manis,
"Nggih kawula punika Sri Nata
tyang awon tanpa warnine
jrih lumawan ing prabu
tan praos kula pawestri
Menawi Sri Narendra
karya tambak butuh

kawula aji punapa
mindhak-mindhak dados cumengahing galih
lethek deksiya papa.

20. Wijiling sabda anrang gendhis,
"Inteningwang aja siwa sumlang
sunkarya sira garwa yektine

ngrenggani kadhatun
nora pisan sunkarya cethi."
Sang Dyah mangenjali agra
tur katingal semu
Sang Nata anrek asmara
sampun bedhah kedhaton Nungsa Tembini
campuh asmaragama.

21. Tan ingucapsolahireng resmi
Sang Dyah Ayu wus kinarya garwa
lir pindha retna di katon
nata langkung sihipun.
Dene garwa sri narapati
sakethi kirang sajuga
Saben-saben dalu
icale sajuga-juga
inguntalan marang Sang Dyah Prabasini

tanpa diketahui oleh raja.

sang nata tan uninga.

22. Kepergiannya
sudah cukup lama
Sang Dyah sedih sekali
lalu tiduran
di pangkuan Sri Narapati
dalam keadaan terbebani kesedihan.
Sang Prabu berkata,
"mengapakah Dinda
sangat sedih, mintalah

harta benda sepuasmu

22. Kentarira kalanireng wengi
sampunira ingalama-lama
Sang Dyah langkung ruditane
sesarean Sang Ayu
neng pangkone Sri Narapati
tansah manggung karuna.

Ngandika Sang Prabu,
"Yapa gene masku dewa
gung karuna luhung memundhuta gusti
raja brana sakirna

23. Pasti akan saya penuhi.
Duh Dinda, berhentilah menangis!"
Sang Dyah terisak-isak sambil berkata,
"Tadi malam saya
bermimpi (kelihatan dalam mimpi)
memiliki pohon pisang emas
ujung daunnya cindai
berlatar hijau menarik
daunnya sutera gajah emas dan hidup
hamba mohon Paduka carikan.

23. Pesthi ingsung angganani.
Adhuh gustiningsun wus kendela!"
Sang Dyah mingsek-mingsek ture,

"Kawula wau dalu
katingalan sajroning guling
agadhah wit pisang emas
cindhe pupusipun
natar bar wilis araras
godhong sutra dipangga retna tur urip
sun suwun padosana.

24. Bila tidak berhasil mendapatkan lebih baik hamba mati saja!"
Raja menjawab,
"Bagaimana kalau saya buatkan saja?"
Sang Ayu menjawab, "Tak mau
karena itu sudah impian semalam
lebih baik mati
Sang Prabu sedih
lalu Sakendher dipanggil
Prabu Anom Sakendher menghadap
Raja berkata,

24. Leheng pejah yen datan kepanggih."
Sri Narendra alon angandika,
"Bok ingsun karyakken bae."

Sang Ayu matur, "Tan ayun
sampun dados supeneng latri
paminta bek prajaya
Wagugen Sang Prabu
Sakendher nulya ngandikan
Prabu Anom Sakendher prapta ing ngarsi
Sang Nata angandika,

25. Ketika sang Sakendher mendengar menyesal dalam hati.
Katanya, "Tunjukkanlah segera tempat pisang emas!"
Sang Mituna menjawab,
"Di Nusa Tembini tempatnya sulit jalannya
tak dapat dianggap enteng."
Prabu Anom tak berkurang kemauannya
lalu pamit pergi.

25. Sang Sakendher sareng miarsi
agegetun ngungun jroning manah.
Ngling, "Sun tuduhena age
gedhang rukma nggonipun!"
Sang Mituna matur aris,
Nungsa Tembini nggennya
angel marganipun
datan kenging sinuwawa."
Prabu Anom tan suda raosing galih
pamit umesat kentar.

26. Naik kuda sembrani beremas
dilindungi oleh garuda emas
Sakeber ikut di belakangnya.
Tak lama kemudian tibalah
di negara Nusa Tembini
lalu dipasangnya azimat penidur.
Tengah malam
orang seluruh kota tidur
suasana sepi sekali
Sakendher masuk ke dalam istana.

26. Nitih kuda sembrani rinukmi
pinayungan garudha kencana
Sakeber tumut abonceng.
Tan antara prapta wus
anjog nagri Nungsa Tembini
masang sesirepira.
Wanci tengah dalu
wong sakutha samya nendra
datan ana swaraning walang alisik
Sakendher angadatyan.

27. Sakendher menuju tempat pisang emas
yang berujung cindai
Ia sangat tertarik memandanginya
Tersebutlah tiga orang putri
Sarpanaka dan Thathasini
serta yang ketiga Thathaguna
yang sedang tidur pulas
tidak tahu kalau kemasukan pencuri.
Mereka tidur di bawah pisang emas
Sakendher segera mengamati dan mendekatinya.

27. Njujug nggene ingkang pisang rukmi
kang apupus cindhe dhasar amulya
Sakendher kacaryan anon.
Winarna putri telu
Sarpanaka lan Thathasini
tiga Thathaguna
anendra asenggur
tan wruh yen kalebon dustha.

Dera sare neng ngandhaping pisang rukmi
Sakendher gya umiyat.

28. Tiga raksasa yang tidur
dipindahkan tempatnya.

28. Lamun ditya telu aguling
jinunjung denlih enggenira.

Ketika mereka masih enak tidurnya
pisang telah dipindah ditarik keras

dan dipotong
lalu dibawa ke angkasa
Sakendher merasa menang
bersumbar di angkasa
"Hai segenap raksasa di Nusa Tembini
janganlah kau merasa kehilangan.

29. Pisang berujung cindai saya ambil.
Saya Prabu Anom Raja Sepanyol
bernama Baron Sakendher."
Ketika bangun ketiga raksasa terkejut
melihat pisang yang dijaganya lenyap
lalu berteriak kemasukan pencuri.
Obor penerang kelihatan di mana-mana
untuk mencari pencuri
namun tak didapatinya.

Terdengarlah suara di angkasa.

30. "Hai, siapa namamu pencuri?
Kau berlagak pemberani
seperti lelaki sendiri."
Sakendher menjawab keras,
"Saya Sakendher dari Sepanyol
diutus ayah
dan ibu
mengambil pisang emas."
Ketiga putri itu berkata, "Hai pencuri, turunlah
ayo kita mengadu kekuatan!"

31. Sakendher menjawabnya,
"Saya tidak disuruh perang

Taksih sami eca sare

pisang pinuter sampun

anarik kras dahut tinarik
binekteng jumantara.
Sakendher pinunjul
sesumbar neng awang-awang,
"Heh sakehe pra buta Nungsa Tembini
aja sira kelangan.

29. Gedhang pupus cindhe ingsun ambil.
Prabu Anom ing Sapanyol Raja
peparab Baron Sakendher."
Kagyat diyu tri wungu

mulat reksanira tan keksi

alok kalebon dhustha.
Obor ting palancur

angulati duratmuka
tan kapanggih sarpa na asru mangerik.
Myarseng swara ngawiyat.

30. "Heh ta sapa araning maling?
Dene teka ambeg sakti sura
baya ta wong lanang dhewe."
Sakendher asru muwus,
"Sun Sakendher Sapanyol nagari
dinuta kanjeng rama
sarta kanjeng ibu
amundhut pisang kancana."
Putri tiga angling, "Heh mudhuna maling
payo taker ludira!"

31. Si Sakendher anauri aris,
"Ingsun ora kinen magut ing prang

tetapi hanya mengambil pisang saja."
Selesailah sudah
Sang Sakendher pulang
dan sudah tiba di negara Sepanyol
Ia menghadap ayahnya
menyerahkan pisang emas
berujung daun cindai hijau kepada raja.
Raja memberi pujian kepada putranya.

amundhut pisang mas bae."

Tata tita bar sampun
Sang Sakendher mundur wus prapti
ing Sapanyol nagara.
Cundhuk rama prabu
wus katur kang pisang rukma
pupus cindhe wilis sri bupati.

Sru pangaleming putra.

XVII. SINOM

1. Raja bergembira sekali
kemudian pisang emas
diberikan kepada istrinya.
Sang parameswari telah menerimanya
dalam hatinya merasa heran
lalu berkata dalam hati,
"Pemberani benar
Sakendher berhasil mengambil.
Bagaimana penjagaan Sarpakanaka?

2. Tak mengindahkan pesan saya
penjagaannya kebobolan.
Ketika Sakendher datang
mengapa tidak dibunuh?
Tak mengindahkan pesan saya."
Sang parameswari berteriak
dan sambatnya mengibakan
sambil mendekap bantal.
Raja terkejut lalu mendekati parameswarinya,

3. "Mengapa Dinda
permintaannya sudah datang
malahan menangis.

XVII. SINOM

1. Sri Nata kalangkung suka
anulya kang pisang rukmi
pinaringken ingkang garwa.
Sang prameswari wus tampi

emeng ing tyas tan kawijil
angunandika ing kalbu,
"Ya ta lamun prawira
Sakendher dibya angambil.
pada dene kang ngreksa Sarpakanaka?

2. Anglirwakken wekasingsun
pangreksane ngantya keni.
Sakendher kalane prapta
teko nora denpateni?
nglirwakken wekas mami."
Sang prameswari sru muwus
sambate klara-lara
anungkemi ing geguling.
Sri Narendra kagyat merpeki kang garwa,

3. "Nimas, sira pa genea
pepundhutane wus prapti
teka amanca udrasa.

Apakah yang menyusahkan?"
Sang Dyah prameswari bersembah
"Sang Raja, yang saya minta
penggilingan emas
dengan gelatik emas.
Kalau tidak dapat tercapai lebih baik saya mati."

Apa kang dadya wiyadi?"
Matur Sang Dyah prameswari
"Sang Nata kang kula suwun
panggilingan kancana
kalawan galathik rukmi.
Lamun boten kalampahan kula pejah."

4. Raja keluar
memanggil Sakendher
begitu menghadap raja berkata,
"Adapun kau kupanggil
akan ada tugas untukmu.
Hanya kaulah putraku
janganlah takut menghadapi kesulitan.
Carilah gelatik emas
dan penggilingan emas!

4. *Nulya miyos sri narendra*
nimbali Sakendher prapti
ngandika lir gula drawa,
"Karanira sira suntimbali
bakal ana kang sun tari.
Amung sira putraningsun
aja wedi kangelan.

Goleka galathik rukmi
lan maninge goleka panggilingan rukma!

5. Itu semua permintaan ibumu.
Kalau tak berhasil lebih baik dia mau mati saja."
Sakendher menyanggupi
lalu pamit berangkat
naik kuda sembrani
dilindungi oleh garuda emas.
Ia menuju ke istana di gunung
bertemu dengan Mituna.
Setelah duduk sesaat Sang Resi Mituna berkata,

5. *Pundhutane ibonira.*
Yen tan oleh suka mati."

Sakendher matur sandika
mit kentas sampun mijil
nitih kuda sembrani
pinayungan grudha murup.
Anjujug ngarga pura
mring Mituna wus kapanggih.
tata lenggah Sang Resi Mituna nabda,

6. "Aduh Gustiku
diutus apa lagi?"
Prabu Anom menjawab,
"Saya diutus
mengambil gelatik emas
di mana tempatnya?
Dan penggilingan emas."
Sang Mintuna menjawab pelan,

6. *Adhuh jiwa gustiningwang*
baya ta ingutus malih?"
Prabu Anom angandika,
"Iya Bapa sun tinuding
ngambil galathik rukmi
baya ing ngendi nggonipun?
lan panggilingan rukma."
Sang Mituna matur aris,

"Ananda, tempatnya sangat gaib.

"Langkung werit Angger ing pang-
genanira

7. tidak dapat dikasar.
Penggilingan emas
dijaga oleh banyak raksasa
beribu sampai jutaan
Adapun gelatik emas
sedikit yang menjaganya."
Baron Sakendher berkata,
"Keinginan saya untuk berperang
karena memang sudah saya tunggu-
tunggu."

7. boten kening dipunagal.
Ingkang panggilingan rukmi
kang ngreksa danawa kathah
ewon maleksan makethin.
Dene galathik rukmi
akedhik ingkang atunggu."
Baron Sakendher nabda,
"Karepngong amagut jurit
krana apadene wus sun antya-
antya."

8. Sang Mituna berkata, "Besok
jika mendapatkan gelatik emas
janganlah boleh kalau diminta
oleh ibu suri.
Sebenarnya
kehidupan Dyah Ayu
jika saya katakan
pasti ramai orang seluruh negara
karena Dyah Ayu dimakan putri
raksasa."

8. Sang Mintuna nabda, "Benjang
yen angsal galathik rukmi
sampean sampuna suka
yen pinundhut ibu suri.
Punika kang sajati
panguripaning Dyah Ayu
lamun paduka turna
pasthi umes wong sanagari
gih minangsa dening sang putri
danawa."

9. Sakendher menjawab, "Terima
kasih
tinggallah Bapak di gunung
doakan dari sana."
Sakendher sudah berangkat
naik kuda sembrani emas
dilindungi oleh garuda emas.
Tak diceritakan keadaan di per-
jalanan
tibalah ia di Nusa Tembini.
Tersebutlah yang menjaga peng-
gilingan emas

9. Sakendher nauri, Trima

wis Bapa karia wukir
jangkungen saka ing arga."
Sakendher wus kentar nitih
kuda sembrani rukma
pinayungan garudha macur.
Tan kawarna ing marga

prapta ing Nungsa Tembini.
Kawarnaa kang ngreksa gilingan
rukma

10. Bertemu sang Jathasura

10. Panggihan sang Jathasura

dengan teman-temannya
mengurung penggilingan emas itu.
Suaranya menggeram dan awas memperhatikan bahaya
menepati pesan gustinya.
Raksasa besar bertebaran
merahasiakan kebolehannya
tapi kuat penjagaan mereka.
Diceritakanlah Sakendher yang baru datang

sakancanira raseksi
ngepung panggilingan rukma
Ting glereng prayitneng westhi

sanget welinging gusti.
Ditya geng pating janggunuk
ya guna ginupita
ebat pangreksane sami.
Kawarnaa Sakendher kang lagya prapta

11. menghadap patih.
Jathasura memperhatikan dan bertanya,
"Dari mana kau
memberanikan diri
masuk dengan naik kuda?"
Baron Sakendher menjawab,
"Kau bertanya tentang diriku?
Sakendher dari negara Sepanyol
diutus mengambil penggilingan emas

11. anjog neng ngarsane patya.
Jathasura aningali

"Wong ngendi sira kang prapta
dene sira wani-wani
malbu nunggang turanggi?"
Baron Sakendher amuwus,
"Sira takon maring wang?
Sakendher Sapanyol nagri
ya ingutus mundut panggilingan rukma

12. atas permintaan ibuku."
Jathasura menjawab,
"Gampang sekali
untuk mengambil penggilingan emas."
Para raksasa mendapat kerdipan
Sakendher segera dikeroyok
dari segala arah oleh para raksasa.

Sakendher selalu waspada
menarik pedang lalu dimainkan.

12. Jeng Ibu ingkang bebana."
Jathasura anauri,
"Dene teka gumampang
njumput penggilingan rukmi."

Pra ditya denkejepi
Sakendher sigra tinubruk
ing ditya kering kanan.

Sakendher prayitneng westhi
wus anarik angikal kang punangkan.

13. Kudanya menendang lawan
sehingga banyak raksasa yang jatuh
Yang mencoba maju pasti jatuh
dan banyak raksasa yang dipedang

13. Kuda anyepak anujah
akathah diyu gumlinting

Mara-mara kaperanggal
keh raseksa denpedhangi

tetapi mereka tidak dapat mati.
Luka satu tumbuh seribu
sampai sepuluh juta.
Sakendher merasa terdesak
kudanya dicambuk lalu melarikan diri

nanging tan kena mati.
tatu juga dadya sewu
timbul yutan awendran.
Kewran Sakendher ing jurit
kudanira kinetab sigra ngumbara

14. dengan dilindungi oleh garuda emas.
Mundurnya sudah sampai di gunung
bertemu dengan Sang Mituna.
Sakendher berkata, "Tak seimbang
bagaimana baiknya?
Saya tak dapat bertahan perang
berperang melawan raksasa
mati satu jadi dua
mati tiga jadi sepuluh juta."

14. pinayungan grudha rukma.
Mundur wus prapta ing wukir
panggih lawan Sang Mituna.
Sakendher nabda, "Tan aris
paran baya kang pamrih?"
Sun tan kang kuwawa ing pupuh
aprang lawan raksesa
mati siji dadi kalih
mati telu dadine yutan awendran."

15. Sang Mituna bersembah,
"Penggilingan emas yang menyebabkannya.
Kalau itu masih ada
atak akan ada yang bakal mati
tetapi jika itu dapat terambil
pastilah raksasa bakal mati tanpa luka."
Prabu Anom berkata,
"Bagaimana caranya?"
"Jika pendapat saya dapat diterima

15. Sang Mituna awotsekar,
"Gilingan mas ingkang mawi.
Lamun ta maksih punika
datan wonten saged mati
lamun punika kenging
buta pejah tanpa tatu."
Prabu Anom ngandika,
"Priye dayanira ugi?"
"Yen marengi Angger ature pun bapa

16. Semua tengkorak
yang berada dalam gedung besi
tetesilah dengan "air kehidupan"
agar semua dapat hidup lagi
yang dapat dipergunakan sebagai prajurit
untuk melawan raksasa."
Sakendher tidak suka hati

16. Sagunge cumplung sadaya
kang wonten ing gedhong wesi
tetesana toya gesang
dimene prang samya urip
kinarya bala Gusti
ingaben kalawan diyu."
Sakendher tan lenggana

semua tengkorak ditetesi
telah hidup kembali dan dijadikan prajurit.

sakeh cumplung dentetesi
wus agesang wus samya kinarya bala.

17. Kira-kira sejumlah empat ribu
telah berdandan prajurit
dan siap dengan perlengkapan perang
Mereka meninggalkan arga puri
tak lama kemudian tiba di Nusa Tembini.
Diceritakanlah para raksasa
bergembira berhadapan dengan manusia
melonjak-lonjak merasa bahagia
hatinya sudah merasa akan dapat tawanan.

17. Awetawis catur sasra
wus samya denbusasani
dedamelireng ngayuda

budhal sangking ngarga puri
prapta Nungsa Tembini

Winarna kang para diyu
bungah mengsah manungsa

gibrah-gibrah mangsa berik
rasaning tyas dadi antuk bebandhangan.

18. Raksasa sudah menerjang
tak takut pada senjata.
Yang tertangkap segera dimakan
prajurit manusia banyak berkurang
dan raksasa makin banyak yang datang
menubruk lawannya
Penunggu penggilingan
tinggal satu benteng
kelihatan payah karena memangsa manusia.

18. Buta sampun tinarajang
tan wigih ing tumbak bedhil.
Kang kacandhak inguntalan
kehe longe manungsa prapti

ditya kagiri-giri
keh dhateng laju anubruk.
Kang tengga panggilingan
kancanya kantun sabiting
samya sayah katungkul amangsa janma.

19. Baron Sakendher mengetahui
jika penjaga hanya sedikit
maka penggilingan emas
akan direbut dengan kekerasan.
Kemudian ia mendekat dan mengambilnya
tarik-menarik dengan raksasa.
Raksasa seratus dipedangnya
sekali tebas tewas semua
dan penggilingan dibawa terbang.

19. Baron Sakendher umiyat
yen ditya kang ngreksa kedhik
kang panggilingan kancana
akarsa rinebat wani.
Nulya merpeki ngambil

rerejengan lawan diyu.
Ditya satus pinedhang
sapisan sareng ngemasi
panggilingan binekta ngumbareng tawang.

20. Para raksasa yang maju perang
menjadi tewas
tanpa lawan dada terluka
karena "air kehidupan" sudah terambil
bangkainya bersusun-susun
terserak di pegunungan.
Sakendher bersenang hati
lalu turun akan mengambil
gelatik emas yang dijaga oleh tiga wanita.

20. Sakeh ditya kang ngaperang
anulya samya ngemasi
tanpa lawan tatu jaja
panguripane wus keni

wangke susun matindhih
kaplasah ing gegunung.
Sakendher suka ing tyas
anulya aniyup ngambil
glathik rukma kang tengga wanita tiga.

21. Sakendher segera merebutnya
sehingga gelatik emas dikuasainya.
Kemudian Prabu Anom Sakendher
pulang ke negara Sepanyol
menghadap rajanya.
Sakendher bersembah,
"Hamba telah berhasil menjalankan perintah
mengambil penggilingan emas
dan gelatik emas, saya serahkan kepada sang Raja.

21. Sakendher ngerbat tan wingwang
gelathik rukma wus kenging

Prabu Nom Sakendher nulya
kondur mring Sapanyol nagri
cundhuk mring narapati.
Sakendher alon umatur,
"Sampun amba dinuta

ngambil panggilingan rukmi
lan gelathik rukma katura sang Nata.

22. Akan tetapi, gelatik ini
saya juga senangi sendiri
sehingga saya minta."
Sri Narapati menjawab,
"Di mana kau dapat?
Sungguh hebat kau putraku."
Sakendher menjawab,
"Dari Nusa Tembini."
Penggilingan emas diterima raja.

22. Nanging gelathik punika
kula remeni pribadi
kawula suwun piyambak."
Ngandika Sri Narapati,
"Olehira ing ngendi?
Guna temen putraningsun."
Sakendher aturira,
"Sangking ing Nungsa Tembini."
Panggilingan rukma ingasta sang Nata.

23. Raja mendekati istrinya.
"Inilah penggilingan emas
yang kau minta.
Sakendher telah berhasil
tetapi gelatik emas

23. Mrepeki sang prameswara.
"Iki panggilingan rukmi
pepundhutanira dewa.
Sakendher antuk kardi
nanging galathik rukmi

diminta oleh putramu
karena
gelatik masih disenanginya."
Sang Dyah khawatir lalu bersembah kepada raja,

jinaluk marang putramu
krana mangkono Nimas
glathik lagi densenengi."
Sang Dyah geter umatur mring sri narendra,

24. "Aduh, Paduka Raja
segeralah Paduka minta
gelatik emas itu
kalau tak boleh saya pasti mati."
Sang Raja menegur,
"Gampanglah nanti
jika telah habis senangnya
tanpa diminta
pasti diserahkan sendiri kepadamu."

24. "Dhuh lae Sri Naranata
Sampeyan pundhut tumuli
ingkang galathik kancana
yen tan asung kula mati."
Pasrangkara Sang Aji,
"Gusti-Gusti gampang besuk
yen wus mari remennya
tan susah pinundhut Yayi
angaturken priyangga marang ing sira."

25. Sang Dyah menjerit,
"Jika Paduka Raja cinta
padaku sebagai istri
maka paksalah Sakendher!"
Raja menjawab,
"Sabarlah intanku
jika sudah tenggang waktu
akan saya ambil dengan paksa
lalu saya serahkan kepadamu."

25. Sang Dyah anjerit karuna,
"Yen tresna Sri Narapati
adarbe garwa kawula
Sakendher paksanen aglis!"
Angandika sang Aji,
"Sabarena inteningsun
yen wus antara mangsa
aweh tan aweh sunambil
nuli ingsun paringaken marang sira."

26. Sang Dyah berkata memaksa,
"Paduka, saya mati saja."
Kemudian Sang Dyah menderita sakit
makin lama makin sedih
berkali-kali pingsan
sehingga menyusahkan Sang Prabu.
Adapun Sakendher
di halaman menerbangkan gelatik
mempergunakan tali emas.

26. Sang Dyah umatur ameksa,
"Sang Nata kawula mati."
Sang Dyah lajeng nandhang gerah

sangsaya sanget rudatin
kantaka wali-wali
wagugen wau Sang Prabu.
Sakendher kang winarna
neng latar ngundha galathik
kenur rukma tinampok glathik ngumbara.

27. Sampai di atas ditarik kembali
terengah-engah kemudian ber-
tengger
Sang Prameswari pingsan
terdengarlah gemuruh tangis
raja menangis pula.
"Aduh istriku tercinta
ingatlah
Gelatik saya ambilnya segera.
Sang Dyah masih dalam keadaan
pingsan.

27. Prapta ing wiyata sinendhal
megap-megap mencok mrangkring

Sang prameswari kantaka
gumuruh swaraning tangis
muwun sri narapati.
"Adhuh Gusti garwaningsun
intan sira emuta
glathik sun pundhute nuli
Sang Dyah Ayu taksih sanget
kantaka.

28. Tersebutlah Sakendher
gelatik selalu dibuat hidup
Parameswari telah sadar
lalu Raja bertanya,
"Apa yang tampak olehmu?"
Istrinya menjawab,
"Hanya putra Paduka
Baron Sakendher yang tampak
membawa pisau kecil diiringkan
anak-anak banyak

28. Sakendher ingkang winarna
galathik ingurip-urip.
Gya enget sang prameswara
ngandika Sri Narapati,
"Apa kang katon Gusti?"
Kang garwa alon umatur,
"Namung putra sampean
Baron Sakendher kaeksi
mbekta seking deniring lare ka-
thah

29. mendatangi saya.
Kalau tak ada gelatik
pastilah saya tewas
maka segeralah Paduka minta
gelatik emas itu."
Raja tergesa-gesa
memanggil putranya.
Baron Sakendher sudah meng-
hadap
lalu Raja berkata,

29. murugi dhateng kula.
Sampuna wonten galathik
kula saestu palastra
nunten pundhutena Sang Aji
ingkang galathik rukmi."
Sang Nata anulya gupuh
nimbali ingkang putra.
Baron Sakendher wus prapti

angandika Kanjeng Sri Narendra,

30. "Gelatik emas saya minta
perhatikan Nanda!"
Sakendher bersembah,
"Mohon maaf Sang Aji
lebih baik hamba mati."
Sang Prabu tertegun
Sakendher segera keluar

30. Sun pundhut galathik rukma
sira gatosna Kaki!"
Sakendher nuwun turira,
"Anuwun duka Sang Aji
leheng amba ngemasi."
Ngaleger Kanjeng Sang Prabu
Sakendher nulya medal

sesampai di rumah terus memainkan gelatik
dilepaskan terbang lalu ditarik cepat sehingga pingsan.

prapteng wisma ngundha glathik

wus tinampok mabur sinendhal kantaka.

31. Kemudian parameswari jatuh
ramailah tangis dalam istana
ketika gelatik sadar lagi
Sang Dyah juga sadar kembali.
Setiap hari
begitu tingkahnya
Raja marah
mengutus abdi perempuan
"Mintalah segera burung gelatik emas itu.

31. Prameswari nulya niba
gumerah tangis jro puri
galathik dengegesang
Sang Dyah wungu enget malih.
Ing saben-saben ari
mangkana ing tingkahipun
Sang Nata prakapita
adhuta marang ing cethi
"Lah den enggal pundhuten galathik rukma.

32. Jika Sakendher tidak boleh
suruhlah pergi meninggalkan negri ini!"
Duta telah tiba
kebetulan Sakendher sedang duduk
lalu abdi perempuan berkata,
"Saya diutus oleh raja
meminta gelatik emas
jika Paduka tak menyerahkan
maka Paduka diperintahkan pergi meninggalkan negeri ini."

32. Yen Sakendher nora suka
tundhungen lunga king nagri!"

Duta kentar prapteng ngarsa
Sakendher lagi alinggih

duta estri ngling aris,
"Kawula dinuteng Prabu
mundhut galathik rukma
lamun Paduka ngekahi
Jengandika kinen kesah saking praja."

33. Sakendher marah, katanya,
"Gelatik saya pertahankan
jika disuruh pergi
akan saya jalani."
Kemudian Sakendher menulis surat
agar disampaikan kepada raja
duta pun segera masuk ke istana.
Sakendher sudah naik kuda
bersama istri membawa gelatik emas.

33. Sakendher rengu turira,
"Galathik kula kekahi
kinen kesah saking praja
inggih sandika nglampahi."
Anulya karya tulis
kinen ngaturken sang prabu
duta wus malebeng pura.
Sakendher wus nitih wajik
lan kang garwa galathik rukma binekta.

34. Dilindungi oleh garuda emas

34. Pinayungan grudha rukma

naik ke antariksa
Di sana ia berkuda
sambil melambungkan gelatik.
Adapun duta perempuan
tibalah di dalam istana
"Saya telah menjalankan tugas
meminta gelatik emas
putranda tak menyerahkan dan
telah diperintahkan pergi.

mumbul marang ngawiyati
Ategar aneng gegana
sarwi angundha galathik.
Kuneng duta pawestri
prapta sajroning kadhatun
"Sampun amba dinuta
amundhut galathik rukmi
datan suka putranta tinundhung
kesah.

35. Akan tetapi hamba diberi
surat untuk Sang Aji."
Raja telah menerimanya
surat dibacanya
"Hamba membeti tahu
Paduka kemasukan pencuri
istri Paduka
sebenarnya bukan manusia
tetapi raksasa dari negara Nusa
tara.

35. Nanging kawula binektan
surat katur ing Sang Aji."
Sang Nata sampun atampa
pustaka sampun kaliling
"Amba atur uning Aji
Paduka klebetan pandung
garwa Paduka Nata
sayektose dede jalmi
nggih raseksa nagranipun Nung-
sa Tara.

36. Adapun tandanya dia itu raksasa
wanita
istri Paduka seratus ribu
setiap malam dimangsanya
satu persatu."
Raja tertegun
menyimak isi surat
lalu berkata dalam hati,
"Betulkah sura ini?"
hatinya merenggang dari istri.

36. Pratandhane diyu kenya

garwa Paduka sakethi
saben dalu inguntalan
icaling sangking satunggil."
Anjenger sri bupati
myarsa suraseng surat
ngunandika ing driya,
"Baya bener surat iki?"
dadya tebih galihe marang kang
garwa.

37. Adapun Prabu Anom
yang berkuda di antariksa
dan melambungkan gelatik emas
disentakkan kembali sehingga
pingsan
lalu dihidupkan lagi.
Sang parameswari bangun
mengeluh kepada suaminya

37. Prabu Anom kang winarna
kang tegar aneng ing wiyati
lan ngundha galathik rukma
sinendhal kantaka malih

nulya ingurip-urip.
Tandya prameswari wungu
sambat marang kang raka

tetapi tidak dipedulikan
"Apakah sebabnya sri narendra

38. tidak peduli kepadaku?
Apakah bosan beristri hamba?
Jika Paduka tak berkenan
saya mohon pamit
pergi dari sini."
Raja menjawab sambil marah,
"Sekehendakmu
saya tak akan menahanmu."
Sang Dyah mundur sambil menggeram dan lari

nanging nora denperduli
"Prakapita genea sri narendra

38. nora marduli maring wang?
Apa bosen darbe rabi?
Yen Paduka tan kaduga
Sang nata kawula pamit
kesah sangking ing ngriki."
Sri Narendra saur sendhu,
"Apa sakarepira
ingsun ora anggondheli."
Sang Dyah mundur angerik sarwi lumajar.

XVIII. DURMA

1. Raksasa marah dan menampakkan kehulubalangannya
taringnya keluar
kelihatan aslinya
hilanglah sifat manusianya
kembali pada dewi raksasa
Sang Sinipraba
marah sekali.

2. Ia bersumbar, "Hai raja

marilah kita berperang.
Kalau memang kau sakti
keluarlah
pasti saya lumatkan."
Raja bergetar hatinya
lalu menyiapkan barisan.

3. Gegap gempita suara prajurit masuk istana
membawa panah, lembing
busur dan senjata lempar
Sinipraba dikepung
menerjang sambil mendesak

XVIII. DURMA

1. Diyu kurda sung sudira rupa

siyungira mangisis
awarna sawantah
nir sipating manungsa
sayekti raseksi dewi
Sang Sinipraba
kurda yayah sinipi.

2. Sumbar-sumbar, "Lah ta mara sri narendra
payo tandhinga jurit
Yen nyata sudibya
mara sira metua
sun untal malang sun gigit."
Geter sang nata
nulya amepak baris.

3. Anggurnita wadya bala malbeng pura
sikep warastra lembing
busur lan brongkolang.
Sinipraba kinepang
nerajang sara merapit

mengamuk raksasa itu diramaikan oleh suara api.	*ngamuk raseksa* *binendrong swara geni.*
4. Ramailah yang sedang berperang mengenai dada tetapi tak melukai malahan seperti dihias raksasa mengamuk terus keberaniannya hebat sekali yang terserang hancur lebur.	*4. Limut muk swa kang lagi andon yuda* *neng jaja tan nedhasi* *malah lir rinengga* *liwung pamuk raseksa* *sudira angowak-awik* *ingkang katrajang* *suh datan mangga pulih.*
5. Berantakan terhantam senjata tertiup ke kanan ke kiri seperti api tertiup angin yang berbaris menjadi terkejut raja menjadi sangat ngeri dan hatinya ketakutan. Ketika Sakendher mengetahuinya	*5. Mawut bubar katrajang kopek sasaran* *mobat-mabit sakilir* *minangka bedhama* *kang baris gundam-gundam* *sang nata miris kapati* *kekes ing manah.* *Sakendher duk miarsi*
6. dari antariksa, ia berkata kepada istrinya, Tinggallah kau naik garuda karena saya akan menolong ayahanda. Jika kalah perang gelatik emas bantinglah biar mati.	*6. sangking wiyati ngandika marang kang garwa* *"Kantuna sira Gusti* *nitiha garudha* *ngong tetulung jeng rama.* *Yen kuwalahen ing ngajurit* *galathik rukma* *lah bantingen den mati.*
7. Karena itu "penghidupan" Sinipraba." Sang Dyah menyanggupi lalu Sakendher melayang turun dari antariksa berkendaraan kuda sembrani. Mereka telah berhadap-hadapan Sinipraba melirik	*7. Sabab iku panguripan Sinipraba."* *Sang Dyah sandika nuli* *Sakendher manglayang* *niyup sangking gegana* *swandana kuda sembrani.* *Ayun-ayunan* *Sinipraba anglirik.*

8. Inilah Sakendher yang saya cari

"Mari kita berperang."
Sakendher menjawab,
"Mari raksasa pencuri
semaumu saya tandingi!"
Raksasa mulai menyerang
Sakendher turun dari

8. Lah ta iki Sakendher kang ingsun sedya
"Payo tandhing ngajurit."
Sakendher manebda,
"Payo dhustha raseksa
sapolahmu sunkembari!"
Diyu narajang
Sakendher tedhak sangking

9. kudanya siap berperang

dengan Prabasini.
Kuda menyepak
menerjang tak dirasa
ramai perangnya ganti-berganti mendesak
kekalahan perang
jika lawan terdesak kalah.

9. ing turangga kuda methukken ing yuda
prang lawan Prabasini.
Turangga anepak
nujah datan rinasa
akeket prangnya kalindhih

kasoring prang
lawan-lawan kalindhih.

10. Sang Sakendher sangat marah

menghunus pedang
kemudian Siniprabа
diembat bahunya
sehingga jatuh ke tanah.
Ia kepayahan
menangis sambil mengeluh,

10. Sang Sakendher lumiyat langkung bermantya
kangkamira tinarik
Siniprabа nulya
sinabet baonira
ngayat ambruk aneng siti.
Akesayahan
sambat ngruhara nangis,

11. "Aduh Sakendher, lebih baik bunuh sajalah saya."
Ia diembat lagi
lalu bangkit kembali
Siniprabа berkata
menubruk dipedang lagi
selalu demikian
perang tak berakhir.

11. "Dhuh Sakendher angur ingsun patenana."
Nulya sinabet malih
jenggirat waluya
Siniprabа ngandika
anubruk pinedhang malih
saben mangkono
datan was kang jurit.

12. Sakendher kepayahan

istrinya melihat
dari angkasa

12. Kesayahan Sakendher denira aprang.
Kang garwa aningali
sangking jumantara

bahwa perang suaminya
berkali-kali memedang
tak dapat mengalahkan lawan
maka gelatik pun dibantingnya
sampai mati.

yen yudane kang raka
kawalen-walen medhangi
tanpa wasana
galathik binanting mati.

13. Sinipraba jatuh ke tanah lalu mati
tanpa luka.
Sorak sorai
prajurit Sepanyol seperti guntur
Sakendher menjejak tanah
berjumpa dengan istrinya
lalu berangkat ke Nusa Tembini

13. Sinipraba anibeng kisma palastra
tanpa tatu gumlinting.
Sorak kang samara
Sapanyol kadya gerah
Sakendher dedeg pratiwi
panggih kang garwa
gya mring Nungsa Tembini

14. untuk merebut harta benda di
Nungsa Tara
Adapun raksasa wanita
Sarpakanaka dengan
adiknya Gathaguthana
dan Thathasini
sudah mengetahui
jika Sinipraba tewas

14. arsa njarah dunya marang Nungsa
Tara.
Kuneng ta raseksi estri
Sarpakanaka lawan
ari Gathaguthana
katiga sang Thathasini
sampun miarsa
yen Sinipraba lalis

15. di Sepanyol, lalu mereka keda-
tangan tamu
turun dari angkasa.
Sarpakanaka bertanya,
"Tuan dari mana
dan siapa namanya?"
Sakendher menjawab,
"Saya inilah yang membunuh

15. ing Sapanyol kasaru ing prapta-
nira
anjog sangking wiyati
Sarpakanaka nabda,
"Ing pundi kang pinangka
lan ingkang wewangi?"
Sakendher nabda,
"Ya ingsun kang mateni

16. kakakmu yang bernama Sinipraba
serta pendeta Mituna.
Sayalah yang membunuh
jika kamu tidak terima
tandingilah saya
Sakendher nama saya."
Sang Dyah bersembah,

16. kakangira kang aran Sinipraba
miwah Mituna yogi.
Ingsun kang marjaya
yen sira nora trima
ayonana sunkembari
Sakendher ingwang."
Sang Dyah matur aris,

17. "Saya takkan sekali-kali
ingin berperang
karena saya tak mungkin kuat melawan
sedangkan ayahnda Mituna
yang sakti saja kalah."
Sakendher berkata,
"Maksud kedatangan saya

17. "Sampun buka kawula tan padya-padya
ngudi tuwuhing jurit
kula malih jagia

cacak rama Mituna
dibya nung boten kuwawi."
Sakendher nabda,
"Karana ingsun prapti

18. akan merebut harta di Nusa Tara."
Wanita bertiga berserah
"Jangankan harta benda
diri saya pun
hidup mati ingin mengabdi.
Janganlah tergesa-gesa
bermalamlah semalam.

18. arsa njarah barana ing Nungsa Tara.
Tur sumangga dyah katri
"Sampun menggah brana
sanadyan wak kawula
pejah gesang sedya nyethi.
Sampun kasesa
anyarea salatri.

19. Terserahlah Paduka apa-apa yang diinginkan."
Sakendher menurutinya
Ketika tiba waktunya
Sakendher tidak tidur
duduk bersama ketiga raksasa
dan istrinya
Sakendher pun selalu berada di dekatnya.

19. Ing sakarsa Paduka kang pinun-dhuta.
Sakendher anuruti
Wus dadya wancinya
Sakendher datan nendra
pinarak lan diyu katri
saha kang garwa
Sakendher tan atebih.

20. Tiga raksasa itu bersembah, "Jika berkenan
marilah perang catur Gusti."
dapat lama duduk
tak jelas tipu muslihatnya
jika payah lalu tidur
Sakendher terkena
pengaruh kesaktian.

20. Diyu tiga matur, "Yen marengi karsa
swawi prang catur Gusti."
lelungsen lenggahan
tan weleh semonira
yen sayah sami aguling
Sakendher kena
pangawibawa yekti.

21. Katanya, "Baiklah
tetapi saya belum tahu perang catur?"

21. Angandika, "Iya sun turuti sira prang catur sun ngurung wrin?"

Sang Dyah menjawab,
"Artinya dadu..
Mari saya layani
dengan taruhan negara."
"Mana, saya ingin tahu."

Sang Dyah aturira,
"Inggih dhadhu artinya.
Suwawi kula ladosi
toh jiwa praja."
"Endi, sun arsa uning."

22. Diceritakanlah permainan dadu tersebut
Sakendher terkena
ulah tipuan
Prabu Anom tertarik
lalu keluar mulai perang
tutup emas
bertatahkan manikam.

22. Wus tinutur solahe dhadhu pra wignya
Sakendher sampun keni
tingkahing paekan
Prabu Anom kacaryan
winedalan rame jurit
tuwung kancana
tinaretes retna di.

23. Dadu kuning zamrut tabung merah
pelita lilin
Sakendher tertarik
kemudian segera bermain dadu
Sakendher yang mengawali
raksasa bertiga memasang
taruhannya negara.

23. Dhadhu retna jumanten bumbunge mirah
damar lilin merapit
Sakendher kacaryan
anulya dhadhu lekas
Sakendher ingkang miwiti
diyu tri pasang
etohipun nagari.

24. Tiga buah dadu sudah terpasang
Sarpakanaka berkata pelan.
"Aduh Gusti Paduka
kalah harus menyerahkan negara."
Sakendher menyerahkan negara tetapi
seisinya
Sakendher yang memiliki.

24. Dhadhu tiga anglepasi pasangira
Sarpakanaka turnya ris,
"Dhuh Gusti Paduka
kawon asok nagara."
Sakendher srah praja nanging
sakisenira
Sakendher kang darbeni.

25. "Mari Dinda buanglah saya yang pasang."
Sang Dyah segera membuang
dadu kuning muncul
Sang raksasa yang dapat
"Gusti kena dua kali
ambillah harta bendaku
seisi istana.

25. mara yayi buwanga ingsun kang pasang."
Sang Dyah abuwang anglis
dhadhu retna muncar
sang diyu ingkang angsal
"Gusti kenging kaping kalih
meten dunyawang
saisine jro puri.

26. "Saya pasang lagi Dinda, buanglah."
Sang Dyah menyanggupi
tabung lalu dikocok
kelihatan jatuh troi
"Aduh Gusti kena lagi."
"Saya menyerahkan kuda
dan garuda emas."

26. "Sun apasang maneh Yayi, sira buwang."
Sang Dyah umatur inggih
bumbung jwa kinocak
dhawah troi katingal
"Adhuh Gusti kenging malih."
"Sun asok jaran
lawan garudha rukmi."

27. "Mari Dinda saya membuang Dinda memasang."
"Apa taruhannya Gusti?"
"Ya yang kalah
badanmu dan saya."
Sakendher segera mengocok
jatuh hilang
"Dhuh Gusti kalah lagi."

27. "Mara yayi sun kang buwang sira pasang."
Tohe punapa gusti
"Iya toh seredan
badanira lan ingwang."
Sakendher angocak aglis
tumiba ilang
"Dhuh Gusti kawon malih."

28. "Ambillah tubuhku dan istriku

Mari Dadu lagi
saya yang memasang
kau yang membuang
taruhannya Dinda, mati hidup."
Jawab Sang Dyah,
"Keterlaluan Gusti."

28. "Lah apeken sarirengsun lan garwaningwang
lan payo dhadhu maning
ingsun kang apasang
sira kang buwanga
tohe yayi pati urip."
Sang Dyah turira
"Akesangetan Gusti."

29. Sang Sakendher berkata marah

"Saya prajurit tangguh
tak akan ingkar
silakan membuang!"
Dyah membuang dadu
terus-menerus mujur
"Duh Gusti kalah lagi.

29. Sang Sakendher ngandika sendhu tyasira
aku prajurit luwih
mengko arep cidra
lah ta mara buwanga
Dyah mbucal dhadhu wadhahi
untung terusan
"Dhuh Gusti kawon malih.

30. Bagaimana tidak dijalankan?

Paduka kalah janji
Prabu Anom berkata,
"Sekehendakmu."

30. Paran karsa den boten kalampahan
Paduka kawon janji
Prabu Nom ngandika,
"Apa sakarsanira."

Segera Sakendher ditelan
dan istrinya
Sakeber pun tak ketinggalan.

Sakendher inguntal aglis
lan garwanira
Sakeber datan keri.

XIX. ASMARADANA

1. Tergiur wanita raksasa itu
adapun di Gunung Karbin yang diceritakan
seorang saudagar besar
putranya dua belas
pekerjaannya berdagang
betapa sangat kayanya
hartanya tidak terhitung.

2. Bahagianya seperti menjadi raja

Baron Sukmul yang diceritakan
sangatlah sedih hatinya
yang terpikir di hati
pesan adiknya
Sakendher pada waktu pergi
meninggalkan pesan sebagai pertanda.

3. Cincin bermanikkan permata
dan pohon mangga pantas
menjadi tanda keduanya
Jika cincin permatanya redup
tandanya Sakendher sakit
jikalau hilang permatanya
Sakendher sampai ajal.

4. Kalau daun mangga layu tandanya sakit
jika berjatuhan sampai ajal
keduanya tewas semua
jika permata hilang daunnya berjatuhan.
Sang Sukmul yang mengatakan

XIX. ASMARANDANA

1. Kasmaran putri raseksi
kuneng Giri Karbin kocap

juragan besar tengrane
atmajanira kalihwlas
karyanira mardagang
sebak sami sugihipun
donyane tanpa wilangan.

2. Muktine lir madeg aji

Baron Sukmul ginupita
saklangkung rudating tyase
ingkang kacipta ing driya
pawelinge renira
Sukendher duk kesahipun
tilar weling panengeran.

3. Asotya pan warni singsim
lan uwit pelem sajuga
dadya panengran kalihe
Yen singsim surem kang sotya
yekti Sakendher lara
lamun ical sotyanipun
Sakendher nemu pralaya.

4. Yen ron pelem alum sakit

yen gogrok manggih palastra
sami nemahi kalihe
sotya ical rone gogrok.

Sang Sukmul kang guwara

dalam hatinya sangat sedih
tidak makan dan tidak tidur.

ing manah maras kalangkung
tanpa bukti tanpa nendra.

5. Barulah didekati ketika bertapa
Sukmul oleh ibunya
ibunya bertanya,
"Kenapa kamu anakku
bersedih hati?"
Anaknya menjawab pelan,
"Ibu saya teringat

5. *Lagya pinarak ing nepi*
Sukmul lawan ibunira
kang ibu alon ataken
"Pagene sira ta nyawa
asusah atenira?"
Kang putra alon umatur
"Ibu kawula kengetan

6. pesannya Sakendher dahulu
pada waktu pergi memberi tanda
pohon mangga dan cincin
kalau suram permatanya tandanya sakit
kalau hilang mati
jika daunnya itu layu
pertanda menderita sakit.

6. *welinge Sakendher nguni*
duk kesah suka panengran
wit pelem lan simsime
yen surem sotyane lara

lamun ical palastra
yen godhonge iku alum
pan ika manggih kalaran.

7. Kalau daunnya berjatuhan artinya mati
sekarang sudah terjadi
permata lenyap daunnya rontok
Adinda sepertinya meninggal
Ibu saya mohon
mati atau hidup saya ingin melihatnya."
Ibunya susah bicara.

7. *Yen godhong gagang ngemasi*

ing mangke wus kalampahan
sotya ical daon gogrog
pun Yayi kadi pralaya
Ibu amit kawula
pejah gesang ayun weruh."

Kang ibu sereting sabda.

8. "Anakku berhati-hatilah
janganlah kamu seperti anak kecil."
Suhul dipanggilnya segera
sampai di penghadapan Sukmul berkata,
"Ayo Suhul aku ajak
pergi mencari adikmu
Sakendher.

8. *"Kulup den angati-ati*
aja sira kadya bocah

Suhul tinimbalan age
prapteng ngarsa Sukmul nabda

"Payo Suhul sungawa
lunga ngulati reningsun
Sakendher ngandikanira.

9. Aku kira dia menemui ajal."

9. *Ngong duga nemahi pati*

Suhul menyanggupkan diri
Sukmul sudah menyandang pedangnya
yang dibawanya dari dalam kandungan
ketika kelahirannya
disandang pantas sebagai pemain pedang
segera bertanya penuh keberanian.

Suhul sandika turira
Sukmul wus ngarsuk pedhange
berkatan sing guwa garba
nalika lahirira
cinothe nganggar amungguh
nulya taken ngemu branta.

10. Yang dituju istana di hutan
tidak diceritakan di perjalanan
sudah datang bertemu Sang Raja
dengan sang Maha Mintuna
Sukmul mengheningkan cipta
"Nah ini bukankah sang pertapa
Sang Mintuna yang dahulu.

10. Kang sinedya ngarsa puri
datan kawarna ing marga
wus prapta panggih Sang Katong
lawan sang Maha Mintuna
Sukmul manukmeng driya
de iku dede sang wiku
lan sang Mintuna ingkang kuna.

11. Adikku tiada tampak
benarkah ia sudah mati?"
Sang Pendeta berkata halus,
"Aduh cucuku yang terkasih
aku sudah mengerti
yang menjadi awal mulanya
benar dugaanmu.

11. Lan yayi tan ana keksi
saestu lamun palastra?"
Sang Pandhita rup delinge
"Adhuh putoningsun nyawa
pun bapa wus uninga
kang dadya darunanipun
aleresan nyananira.

12. Adikmu Sakendher dahulu
yang mengangkat diriku
disuruh menggantikannya."
Baron Sukmul berkata
"Apakah sebabnya?"
"Ya cucu mulanya
Sakendher akan dimakan

12. Renira Sakendher nguni
ingkang ngadegken kawula
manira kinen gumantos."
Baron Sukmul angandika,
"Apa ta karanira?"
"Inggih Angger purwanipun
Sakendher arsa tinedha

13. oleh Sang Mintuna
singkatnya adikmu yang memedang
Mintuna tembus dadanya
tewas dan saya mengganti
bernama Mintuna

13. Marang sang Mintuna yogi
gancange arinta medhang
Mintuna pecah jajane
palastra kula gumantya
madeg nama Mintuna

adikmu yang memberi gelar."
Baron Sukmul berkata,

rayinta kang paring juluk."
Baron Sukmul angandika,

14. "Adikku di mana sekarang
tidak kelihatan?"
Sang pertapa berkata pelan,
"Adikmu berkelana
diambil menantu oleh raja
di negara Sepanyol dan disuruh
ke negara Nusa Tara.

14. "Reningsung mangke neng pundi
dene tan wonten katingal?"
Sang Pandhita matur alon,
"Arenira alelana
ingambil mantu nata
ing Sapanyol gya tinuduh
mring nagari Nungsa Tara.

15. Sekarang ia mati
ditipu secara halus lalu dimakan
oleh anak sang Mintuna
maksudnya ingin balas dendam
Ketiganya wanita raksasa
melakukan dengan tipu muslihat
karena tak mampu dengan kekerasan."

15. Ing mangke sampun ngemasi
jinabung alus inguntal
mring Mintuna atmajane
estu males lara wirang
tiga diyu wanodya
karane alampah lembut
arsa ngagal tan kawawa."

16. Sukmul berkata sambil menahan tangis
"Bagaimana cara dia membujuknya?"
Sang Pendeta berkata, "Mulanya
adikmu diajak bermain
dadu dengan nyawa dan negara sebagai taruhannya.
Setelah itu segera taruhan nyawa
adikmu kalah lalu ditelan.

16. Sukmul ngandika esmu tangis

"Paran genira anglembat?"

Sang Wiku matur, "Purwane
rinta ingajak kasukan
dhadhu toh jiwa praja

Anunten totohan umur
rayinta kawon denuntal.

17. Istri dan kuda sembrani
garuda milik Skendher
ditelan mati semua.
Jika Paduka ingin membalas
datangilah tempat perjudian itu!"
Sukmul berkata, "Bagaimana aku
memakai cara untuk mengalahkannya?"

17. Garwa lan kuda sembrani
garudha Sakeber samya
inguntalan mati kabeh.
Yen Paduka arsa bela
angluruga patopan!"

Sukmul ling, "Paran goningsun
pratikele ngalahena?"

18. Pendeta berkata, "Nanti usahakan

18. Wiku ngling, "Akalen benjing

jika bertemu ajaklah judi
mintalah agar diganti dadunya
kalau pergi mengambil dadu
tempatilah kursinya
karena di situlah tempatnya
besi brani sebagai tuah.

yen panggih arsa kasukan
mundhuta salin dhadhune
yen lunga mundhut patopan
kursine enggonana
sabab ing ngriku gonipun
wesi brani karya jimat.

19. Adapun main dadunya berhati-hati
permulaannya tak boleh kalah
jika sudah berhasil jebakannya
sudah tentu Sang Putri kalah
kalau sudah sampai taruhan nyawa
segera bunuhlah cepat
perutnya belahlah.

19. Lawan dhadhonira mati
mulane tan kena kalah
yen wus keneng paekane
kang mesthi Sang Putri kalah
yen wis tekeng toh pejah
nuli pejahana gupuh
wetengane denbedhela.

20. Tentulah akan ditemukan
jenazah adikmu
tentu saja masih utuh
Cucu aku beri "air
penghidupan", tetesilah
tentu adikmu hidup
beserta istri, kuda dan garuda.

20. Amasthi lamun kepanggih
kumarpane arenira
yekti maksih wutuh bae.
Angger sun bektani toya
gesang anetesena
pasthi rayi dika idup
sagarwa kuda garudha.

21. Dan Sekendher akan hidup."
Air segera diterimanya
Sukmul mohon pamit segera berangkat
turun dari gunung.
Ganti yang diceritakan
tempat perjudian yang diceritakan
di negara Nusa Tara

21. Delasan Sakendher urip."
toya nulya tinampenan
Sukmul pamit mangkat age

tumurun sangking ngandaka.
Gantya ingkang winarna
patopan ageng winuwus
nagari ing Nungsa Tara

22. banyak yang mendatangi
banyak orang taruhan negara
akan tetapi selalu kalah
Baron Sukmul segera datang
di Nusa Tembini bertemu
dengan ketiga putri raksasa
hatinya terkejut melihatnya.

22. akathah ingkang nglurugi
pra samya etoh nagara
nanging meksa kalah bae
Baron Sukmul sigra prapta
Nungsa Tembini panggya
lan putri diyu tetelu
kagyat lumiyating driya.

23. Wajahnya kelihatan tampan

23. Warnane anom asigit

ketiga putri itu terpesona
Sarpakanaka berkata pelan,
"Kelihatannya yang ini belum pernah datang
siapa yang dicari?"
Sukmul berkata halus,
"Baron Sukmul namaku,

putri tetiga kasmaran
Sarpakanaka lon ture,
"Tigas kawuryan kang prapta

sinten ingkang sinambat?"
Sukmul angandika arum
Baron Sukmul araningwang.

24. datang dari negara Ngabesi
ingin bermain judi
Nah sekarang mana dadunya
aku ingin melihatnya."
Sarpakanaka lalu melirik
pergi dan mengambil dadu
beserta wadahnya.

24. *teka nagara Ngabesi*
aras nglurugi patopan
Lan mara endi dhadhune
ingsun arsa uninga."
Sarpakanaka ngujiwat
kesah sarwi mundhut dhadhu
sarta lawan tuwungira.

25. Sudah dikeluarkan di meja emas
di penghadapan Sukmul senang
segera dipegang dadunya
Sukmul segera berkata pelan,
"Aku minta dadu yang lain."
Sarpakanaka segera mengambil
dan meninggalkan kursinya.

25. *"Wus wineton meja rukmi*
neng ngarsa Sukmul kacaryan
nulya cinepeng dhadhune
Sukmul nabda kilang drawa
"Sunjaluk dhadhu liyan."
Sarpakanaka gya mundhut
kesah sangking kursenira.

26. Dengan cepat diduduki
oleh Sukmul Sang putri sudah datang kembali
Sarpakanaka gusar hatinya,
"Aduh janganlah Paduka duduk

di kursi saya
karena bukan tempatnya
itu tempat saya."

26. *Anulya dipun lenggahi*
mring Sukmul sang Dyah wus prapta
Sarpakanaka runtik ture,
"Dhuh sampun Andika lengka lenggah
wonten ing kursi kula
sabab dede papanipun
punika panggenaning dyah."

27. Sukmul berkata pelan,
"Aduh Adinda apa bedanya
orang duduk di sembarang tempat
Adinda mari mulai."
Sang Putri gusar hatinya

27. *Sukmul angandika aris,*
"Dhuh Yayi mangsa bedaa
wong lungguh saknggon-gone

lan ta Yayi payo lekas."
Sang dyah runtiking nala

berganti tempat dan duduk menunduk
Sukmul berkata, "Siapa yang melempar?"

salin gon lenggah jethuthut
Sukmul ngling, "Sapa kang buwang?"

28. Sang Putri menjawab dengan agak khawatir
"Baik saya yang melempar
Paduka taruh segera!"
Sukmul berkata, "Ya dua jenis taruhan
taruhannya hidup dan matiku."
Sang Raksasa putri melempar dadu
jatuh Sukmul segera melempar.

28. Sang Dyah matur esmu wingit,
"Inggih kawula kang buang
Andika pasanga age!"
Sukmul ling, "Iya rong pasang
toh pati urip ingwang."
Sang Dyah diyu mbuwang dhadhu
dhawah Sri Sukmul gya mbuwang.

29. Mata dadu jatuh bersinar
"Aduh Adinda kamu yang kalah."
Sang Putri menyerahkan negaranya
"Mari lemparkan lagi
saya menaruhkan harta."
Segera dilempar dadu jatuh
sang putri kalah lagi.

29. Gumebyar adhawah troi
"Dhuh Yayi sira kang kena."
Sang Dyah asok negarane
"Suwawi malih bucala
kula pasang berana."
Gya binucal dhadhu dhawah
troi malih sang dyah kena.

30. Menyerahkan harta lalu sang Putri pergi
tersedu-sedu segera dipegang
oleh Sukmul tertangkap tangannya.
"Mengapa Adinda dusta?"
Sang Putri raksasa berkata,
"Aku tak mau bermain dadu
dengan Paduka."

30. Srah brana sang Dyah ngendraning
prodong-prodong gya cinandhak
mring Sukmul kena astane
"Pagene Yayi acidra?"
Sang Dyah diyu ngandika,
"Manira tan arsa dhadhu
kalawan ing Jengandika."

31. Sukmul berkata lagi,
"Mau tidak mau Dinda
mari bermain dadu lagi."
Sang Putri dipaksa tidak mau
katanya agak kasar

31. Sukmul angandika malih,
"Nimas gelem tan gelema
payo padha dhadhu maneh."
Dyah pineksa datang arsa
Wuwuse nyuda krama

"Aku tidak mau bermain dadu
cepat pergilah!"

"Aku ora arep dhadhu
den age sira lungaa!"

32. Baron Sukmul menarik dengan paksa
dicium dipegang tangannya
sang Putri sangat marahnya
yang tadinya berwujud manusia
Sang Putri segera meringkik
dengan cepat berubah menjadi raksasa
bertaring berambut jembel di belakang.

32. Baron Sukmul meksa ngungkih
denaras gendoli asta
sang Dyah saklangkung runtike
ingkang wau sifat jalma
nulya ngerik sang Retna
byat tita awarni diyu
siyung jatha gimbal wuntat.

XX. PANGKUR

XX. PANGKUR

1. Segera tangannya dilepaskan
Sarpakanaka berjingkrak meringkik
taringnya berkilat akan menggigit
Sukmul segera menarik pedangnya
cepat ditangkap sang Sukmul akan ditelan
berkacak pinggang menyandang pedang
cepat dimuntahkan lagi.

1. Asta inguncalken sigra
Sarpakanaka gibrah-gibrah angerik
siyung amingis manaut
Sukmul glis narik pedhang
gya cinandhak sang Sukmul arsa den ulu
malang kerik mawa kangkam
glis linepehaken malih.

2. Disergap betisnya yang sebelah kiri
digigit tidak mempan dan tidak mundur
dikunyah tak luka
Sarpakanaka sangat khawatir
"Balaslah dengan pedang jika mau
tak akan aku tinggal pergi."
Sukmul marah dan tidak salah.

2. Sinaut wentise kiwa
nora pasah ginigit datan gingsir
ginilut-gilut datan tatu
Sarpakanaka kapita
"Amalesa medhang yen dhasar anung
mangsa ingsun oncatana."
Sukmul bermantya tan sisip.

3. Pedangnya segera diangkat

3. Pedhangira gya ingikal

diayunkan pada pundak sang raksasa putri dan kena
terbelah lalu berkata keras
"Aduh bunuhlah aku!"
Segera dipedang lagi dan tiba-tiba bangun
sudah sehat kembali
menerjang dan menggigit lagi

sinabetken griwa sang diyu titis

sigar kaparah sru muwus
"Dhuh patenana ingwang!"
Gya pinedhang malih jenggelek gya wungu
wus waluya paripurna
narajang nyakot malih.

4. Sukmul hati-hati dalam bahaya
Sarpakanaka menangkis pedang terjatuh
mengaduh, "Tak kuat aku,"
tetapi tidak didengarnya
berguling Sarpakanaka lantas meninggal
Thathagutha mendengar
kalau kakaknya meninggal.

4. *Sukmul prayitna ing baya*
nangkis pedhang Sarpakanaka gumlinting
sambate, "Tan ana ingsun,"
nanging tan piniarsa
gelangsaran Sarpakanaka lajeng lampus.
Thathagutha miyarsa
yen kang raka angemasi.

5. Marah maju di peperangan
akan melawan Sukmul di peperangan
putri raksasa akan menggigit
ditangkis dengan pedang
ditebas pundaknya dan jatuh

keluhnya, "Bunuhlah saja!"
Sukmul segera menghampiri.

5. *Kurda mangsah ing ngayuda*
yun mapulih Sukmul ing jurit

sang diyu anyakot purun
griwa tinangkis pedhang
tigas pancing griwanira gumalundhung
sambat, "Patenana pisan!"
Sukmul anulya marani.

6. Membawa tongkat kayu
perutnya segera dipukul
menjadi terpisah kepala
dengan badannya
setelah pulih Thathagutha mengamuk
Sang Suhul jatuh menggeliat
"Aduh aku mati Ibu."

6. *Ambekta gegitik wreksa*
gembungira nula dipun gebuki
dadya kempel sirahipun
lawan gegembungira
wus waluya Thathaguthana angamuk
pun Suhul lumiyat niba
"Aduh Biyung aku mati."

7. Baron Sukmul cepat menerjang menebaskan pedang pada pundak

7. *Baron Sukmul gya narajang*
nangkis pedhang griwa diyu ka-

Sang Putri raksasa itu tertindih
terkena putri raksasa terjatuh
mengaduh tak didengarnya
sudah mendengar Thathasini

kalau kedua kakaknya sudah mati
khawatir lalu menerjang dengan berani.

titih

titis diyu kabarubuh
sambat tan piniarsa
wus miarsa Thathasini wus karungu
yen raka kalih palastra
kapita narajang wani.

8. Meringkik seraya bersumbar
"Mana wujudnya si Sukmul mari bertanding."
Baron Sukmul terus melihat
disambar lalu diterjang
hati-hati dalam bahaya menangkis dengan pedang dikejar
Thathasini cepat melompat
Sukmul telah tertangkap.

8. Ngerik sarya sumbar-sumbar
"Di rupane Sukmul ayo ajurit."

Baron Sukmul duk andulu
sinander glis ingancap
yitneng baya atangkis pedhang tumempuh
Thathasini glis lumumpat
Sukmul cinandhak wus keni.

9. Digigit akan ditelan
berkacak pinggang Sukmul dimuntahkan segera
Baron Sukmul secepatnya
memedang Thathasini
pundaknya terbelah dan raksasa putri mati
mayat Sarpakanaka
segera dibelah dengan pedang.

9. Cinokot arsa inguntal
malang kerik Sukmul linepehan glis
akebat sang Baron Sukmul
Thathasini pinedhang
griwa sigar kaparah Sang Diyu lampus
jisimira Sarpakanaka
benedhel pedhang tumuli.

10. Mayat Sakendher ditemukan
dan istrinya masih utuh belum rusak
Sukmul melihat dengan berlinang air mata
"Aduh adikku tercinta."
Ditetesi "air penghidupan" keduanya
Sakendher dan istrinya
segera hidup lagi.

10. Jisim Sakendher kapanggya
lan kang garwa maksih wetah tan gigrik
Sukmul umiyat kapiluh

"Dhuh nyawa areningwang."
tinetesan toya gesang kalihipun

Sakendher lawan kang garwa
wus waluya gesang malih.

11. Segera dipangku oleh kakaknya
Baron Sukmul hatinya senang bercampur haru
sudah diceritakan peristiwanya
awal hingga akhir
dan bertemu sang istri sudah diceritakan
Baron Sukmul berkata,
"Di mana Sakeber?"

11. Gya pinangku mring kang raka
Baron Sukmul suka ing tyas wor tangis
wus tinutur solahipun
purwa madya wasana
myang angsale kang garwa jinarwa sampun
Baron Sukmul angandika,
"Sakeber ana ing ngendi?"

12. Sakendher menjawab pelan,
"Saya datang dia ditelan Thathasini."
Cepat dibelah perutnya
Sakeber sudah ditemukan
Thathagutha segera dibelah perutnya
kuda serta garuda emas
ditemukan mati tapi tidak remuk.

12. Sakendher alon turira,
"Kula dugi den untal Thathasini."
Gya binedhel lambungira
Sakeber wus kapangya
Thathaguthana gya binedhel lambungipun
kuda lan garudha rukma
panggih pejah nora gigrik.

13. Semua segera ditetesi
air kehidupan menghidupkan manusia
Sakeber dipeluk oleh Suhul
menangis pilu
tak terperikan sayangnya pada saudara
Baron Sukmul berkata,
"Ayo Adinda pulang bersama-sama.

13. Nulya samya tinetesan
toya gesang anggesangaken jalmi
Sakeber rinangkul Suhul
lara-lara karuna
tan ucapen ing solah trisnaning dulur
kang Baron Sukmul lingira,
"Ayo Yayi padha mulih.

14. Ibumu sangat sedih
karena prihatin dan rindu kepadamu Adinda."
Sakendher menyanggupi
"Tetapi jika bersama Kakanda
saya menengok ke Sepanyol dahulu
menghadap ayah mertua
raja negara Spanyol.

14. Ibonira luwih branta
sangking oneng in sira Yayi."
Sakendher inggih turipun
"Nanging yen sareng Kakang
kula tuwi dhateng Sapanyol rumuhun
sowan rama maratuwa
narendra Sapanyol nagri.

15. Jika Kakanda bersedia
ikutlah menghadap sang Raja."
berkata Sukmul, "Adinda aku ikut."
Sakendher berkata kepada istrinya,
"Adinda naiklah garudaku

aku dan kakanda Sukmul

naik kuda sembrani."

15. Yen pareng sampeyan Kakang
atumuta sowan Sri Narapati."
ngling Sukmul, "Yayi sun turut."

Sakendher ngling mring garwa,

"Sira Nimas nitiha garudhaningsun

ngong lan kakang Sukmul nunggang
turangga rukma sembrani."

16. Sang Putri naik garuda
Sakendher dan Sukmul naik semua
kuda sembrani terbang
dengan garuda emas
Sakeber dan Suhul membonceng di ekornya
berjalan di angkasa
yang diceritakan selanjutnya.

16. Sang Retna nitih garudha
Sang Sakendher lan Sukmul samya nitih
kudha sembrani umabur
lawan garudha rukma
pun Sakeber lan Suhul bonceng neng buntut
lumampah ing madya gancang
nahenta ingkang winarni.

17. Raja Spanyol sangat sedih
begitu pula permaisurinya
karena menantikan
Sakendher dan istrinya
sang Raja telah mendengar berita

kalau putranya sudah meninggal
di Nusa Tembini.

17. Prabu Sapanyol geng branta
lawan garwanira Dyah Prameswari
dera mangantya ingsun
Sakendher lan kang garwa
wus miyarsa ing warta kanjeng sang Prabu
yen kang putra wus pralaya
aneng ing Nungsa Tembini

18. Awalnya kalah berjudi
bermain judi dengan putri raksasa
ditelan beserta istrinya
oleh ketiga putri raksasa
sudah terdengar berita akan menyerang Sang Raja
oleh sebab itu Sang Raja sangat sedih
tidak makan dan tidur.

18. Purwane kasukan kalah
main dhadhu kalawan diyu putri
inguntal sagarwanipun
putri ditya tetiga
wus kawarti badhe nglurugi Sang Prabu
mila narendra geng branta

tan na dhahar lawan guling.

19. Adapun permaisuri raja
sangat pilu bercampur sedih

setiap hari selalu melihat
Sang Raja gelisah sekali
sangat sedih seakan mau mati

kelam negara Sepanyol
tampak selalu murung.

19. Mring prameswari narendra
gneng karuna branta awor lan kingkin
sadina-dina andalu
sang Nata gra kusika
sanget branta kadi anemahi lampus
surem ing Sapanyol praja
kuneng kang tansah wiyati.

20. Raja muda Sakendher dan
kakaknya Sukmul serta istri
perjalanannya sudah sampai
di negara Sepanyol
semakin lama Sakendher semakin letih
dan istrinya langsung menuju keraton
melihat dampar kencana.

20. Prabu Nom Sakendher lawan
kakang Sukmul miwah garwa sang dewi
lampahnya ngungkuli sampun
nagari Sapanyol koban
langkung kerem Sakendher kalangkung sayup
lan garwa anjujug pura
tedak siswandana rukmi

21. Sang Putri masuk ke kraton
Sakendher, Sukmul menanti di luar
beserta Sakeber dan Suhul.
Sang Putri melihat
segera sang Raja, ayahnya

hendak memeluk anaknya
yang datang menyembah.

21. Sang Retna manjing jro pura
sang Sakendher, Sukmul kantun nang jawi
miwah Sakeber lan Suhul,
ri sang Putri tingal
ingkang rama sang Aprabu nulya gupuh
kang putra arsa dinandhak
praptanira anungkemi

22. Sang Raja memeluk lehernya
permaisuri menyembah
"Aduh Nak buah hatiku
dari mana saja engkau
sudah sejak lama dikabarkan meninggal
sekarang masih hidup
aku ibarat menemukan intan segunung.

22. Sang Prabu ngrangkul jangga
ingkang ibu prameswari nungkemi
"Adhuh nyawa putraningsun
sangking pundi Bendara
wus alawas wartane nemahi lampus
ing mengko maksih waluya
sun nemu inten sawukir.

23. Ayo berceritalah

23. Mara sira anutura

sebab-sebabnya pergi sampai lama!"
Sang Putri berkata sambil menahan air mata
"Ayah saya tidak mengira
saya dapat bertemu dengan ayah dan ibu
adapun saya sudah mati
dimakan raksasa wanita.

prakarrane lunga anganti lami!"
Sang Dyah matur rawat luh
"Rama boten anyana
kula saged kapanggih rama lan ibu
dene kula wus pralaya
tinedha ing diyu putri.

24. Dan kakanda Sakendher dengan Sakeber serta kuda dan garuda mati
dimakan dan ditipu dalam main dadu
ada pertolongan dari Dewa
saudara Sakendher yaitu Sukmul menolong
membelah perut raksasa
mayat saya ditemukan.

24. Lan kakang Sakendher lawan pun Sakeber kuda garuda mati
inguntal ngapusan dhadhu
wonten pitulunging Ywang
kang sadherek Sakendher Sukmul tetulung
ambedhel wetenge ditya
jisim kawula kapanggih.

25. Dan mayat putra Paduka
serta ditemukan juga Sakeber dan garuda emas
di dalam perutnya
cepat ditetesi
dengan air kehidupan semua hidup
sekarang menunggu di pintu masuk
baru berhenti merapikan rambutnya."

25. Lan jisime putra Tuwan
lan Sakeber grudha rukma kepanggih
salebeting wetengipun
anunten tinetesan
dening toya gesang sadaya gya idhup
mangke kantun neng wiwara
kendel sawek nata weni."

XXI. SINOM

1. Gerah sekali udara karena panasnya
merekah kejatuhan hujan
begitulah hati raja Sepanyol
dan permaisuri

XXI. SINOM

1. Sebak bumi kapanasan
rengka katibanan riris
tyasnya jeng Sapanyol raja
lah kang garwa prameswari

berkata dengan manis,
"Panggillah masuk
suamimu putriku
dan Sukmul yang baru datang."
Menyatakan kesediaan pada ayah-
nya lalu pergi.

ngandika anrang gendhis,
"Sira undangen malebu
ni putri kakungira
lan Sukmul kang lagya prapti."
Tur sandika ing rama ngenjali
agra.

2. Mundur dan menyembah kaki raja
lenggok jalannya indah
bahagia sekali hati anaknya
begitu pula putri permaisuri
akhirnya disuruh bersesaji
dijamu banyak minuman.
Diceritakan perjalanannya
Sang Putri memanggil
kakaknya dan Sukmul kalau ber-
temu.

2. *Mundur anembah suku sang raja*
lampahe lentreh amanis
tyas bungah marwata suta
ibu sori animbangi
dhawahe ken sesaji
inuman asungun-sungun
Winarna lampahira
Sang Kusuma animbali
ingkang raka lan Sukmul lamun
apanggya.

3. Sang Putri datang katanya,
"Kanda, engkau dipanggil
bersama kakak Sukmul."
Keduanya menyatakan kesediaannya
Baron berjalan bersama
kebetulan rupanya sama
Sang Putri berjalan mengiringkan
betapa indahnya kerajaan Sepanyol.

3. *Sabdanira Sang Dyah prapta*
"Kangmas dika dentimbali
lan kakang Sukmul ngandikan."
Turira sandika sami
Baron sareng lumaris
dhasar kembar warnanipun
dhestun nemahi raras
endah srine kadhaton Sapanyol
raja.

4. Benar-benar bahagia hatinya
seluruh yang melihat
semua yang menghadap raja
melihat Baron semua terpesona
sesampai di hadapan sang Raja
keduanya membuka topi
menghaturkan sembah kepada raja
dipeluk kedua baron itu
berganti menghormat kepada
bunda permaisuri.

4. *Girang-girang ngestu deya*
sagung ingkang aningali
supenuh sewaka Sang Nata
mulat Baron samya branti
Prapta ngarsa sang Aji
bukak topi kalihipun
tur tabek ing narendra
rinangkul baron kekalih
gentya urmat ing ibu Dyah
Prameswara.

5. Setelah mereka duduk
bertanyalah sang Raja

5. *Wus sira tata alenggah*
pasrangkara sang Narpati

"Anakku itu kakakmu
memang benar-benar saudara
seayah seibu"
Sakendher mengiyakan
"Saudara seayah
Tetapi saya yang muda
lahir kembar kakak dengan saya."

"Kulup iku kakangira
apan sadulur sayekti
anunggal yayah bibi."
Sakendher inggih turipun
sadherek tunggil yayah
nggih kula ingkang taruna
lahir kembar pun kakang kalih kawula."

6. Sang Raja berkata lagi
"Syukurlah Nak engkau datang
berilah penjelasan tentang ayahmu
asal mulanya dahulu!"
Sukmul berkata pelan,
"Ayahnda pada dasarnya
orang yang mengibakan
tidak mengerti ayah serta ibunya
ayahnda bermukim di Gunung Karbin.

6. *Sang Nata ambrameng krama*
"Bageya Nak ingsun prapti
si bapa sira jarwaa
asal kamulane dhingin."
Sukmul umatur aris,
"Pun bapa pramilanipun
tiyang kawelas arsa
tan uning yayah bibi

adhedhekah ing Ardi Karbin pun bapa.

7. Ditempatkan di gunung Nagribin
ibarat tidak hidup dan tidak mati."
Sang Raja dihormatinya
ingat kalau memang saudaranya
berkata dengan manis,
"Kalau begitu anakku
ternyata engkau keponakanku
sesungguhnya ayahmu itu
seayah denganku dan aku saudaranya muda.

7. *Sineleh ing Nagribin arga*
tan wikan gesang myang lalis
Sri Narendra kagurawa."
enget yen kadang sayekti
ngandika arum manis,
"Yen mangkono putraningsun
dadi pulunaningwang
ramanira iku yekti
tunggal yayah lan ingsun dulur taruna.

8. Jadi tidaklah salah kamu
aku ambil anak
mengambil menantu kemenakan
sudah jodohnya atas kehendak Dewata
kehendakku sekarang
Sakendher kuangkat jadi raja
memerintah negara Sepanyol
melindungi seluruh negara

8. *Dadi tan para doh sira*
goningsun angambil siwi
amek mantu kaponakan
wus jodhone karseng Widi

karsaningsun saiki
Sakendher sun junjung ratu
ngadeg Sapanyol raja
mengkoni praja sakalir

adapun nantinya aku ingin menjadi pendeta.

wondene sun ing mengko arsa mbagawan.

9. Baron Sukmul aku suruh
kembalilah ke Gunung Karbin
memberitahukan ayahmu
kalau aku ingin bertemu
dan kuminta menyaksikan
penobatan Sakendher menjadi raja."
Sukmul menyanggupi
segera pergi dari penghadapan raja.
Tidak diceritakan perjalanannya
dan tibalah.

9. Ki Baron Sukmul sundhuta
muliha mring arga Karbin
ngaturana ramanira
lamun ingsun arsa panggih
lan sun kon nekseni
Sakendher umadeg ratu."

Sukmul matur sandika
mesat king byantareng aji
tan kawarna ing marga lampahe prapta.

10. Di kota ayahnya
Ki Juragan Wasibagna
saat itu baru istirahat
dengan sebelas anaknya
duduk di kursi indah
pakaiannya indah bersinar
terperanjat melihat ada yang datang
Sukmul datang dilihatnya dari kejauhan
segera menyampaikan hormat dan salam pada ayah dan saudara.

10. Kuthanira ingkang rama
Ki Juragan Bagna wasi
ri sedheng lagya pinarak
lan putra sawelas sami
lenggah ing kursi mrapit
busananira bramurub
kagyat mulat kang prapta

Sukmul tekeng doh kaeksi

amardana tur tabek rama sudara.

11. Sukmul sudah duduk bersama
dengan sebelas saudaranya
Sukmul segera memberitahu kepada ayahnya,
"Saya diutus
oleh raja Sepanyol
Paduka diaku saudara
beda ibu tetapi seayah
Paduka diminta datang
Sakendher sudah diambil menantu
dan akan diangkat.

11. Sukmul wus lenggah ajajar
lan sudara sawlas sami
Sukmul gya matur ing rama

"Kawula matur tinuding
raja Sapanyol nagri
paduka denken sadulur
sanes bu tunggil yayah
sampeyan dipunaturi
pun Sakendher wus kamantu badhe kangkat.

12. Menggantikan raja Sepanyol

12. Gumantos Sapanyol raja

karena raja sudah saatnya turun tahta
akan menjadi pendeta
Paduka diminta menghadiri."
Wasibagna mendengarkan
tersentuh rasa hatinya
kalau punya saudara
raja di negara Sepanyol
Sukmul sudah menyampaikan dengan baik.

wit Nata wus wanci lingsir
inggih badhe ambegawan
Paduka pinrih ngestreni."
Wasibagna myarsi
kumejot kraseng kalbu
lamun darbe sudara
ing raja Sapanyol nagri
manuhara Sukmul wus jarwa lukita.

13. Pesan raja Sepanyol
sudah disampaikan semuanya
Wasibagna percaya dalam hati
semua segera merundingkan
dengan istri dan semua anaknya

dua belas orang dan seluruh keluarga besar
semua sudah berkemas diri
berangkat dari Gunung Karbin
semua naik kereta kencana besar.

13. Kandhane Sapanyol raja
wus ingaturaken enting
Wasibagna tyas pracaya
anulya magusthi-gusthi
sagarwa putra sami

kalih welas myang wadya gung

wusira pra dandanan
mangkat sangking Arga Karbin
samya nitih rata guthaka kancana.

14. Adapun Sang Raja menanti
menjemput di ruang depan
Sakendher sudah berdandan
seluruh rakyat mengiringkan
mengendarai kuda sembrani
dipayungi dengan payung keemasan
pakaian warna indah
berjalan menjemput segera
dan ayahnya, Juragan Wasi, melihat.

14. Dene Sang Raja mangantya
amethuk ing kantor jawi
Sakendher sampun busana
sawadya bala lumiring
nitih kudha sembrani
pinayungan grudha macur

busana warna endah
lampahe amethuk aglis
lan kang rama Wasi Juragan lumyat.

15. pada anaknya yang agung dan pandai
hatinya heran bercampur haru
baron yang dua belas
tercengang melihatnya
setelah siap semuanya

15. ing putra agung widibya

ebat wor sungkawa galih
para baron kalih welas
eram denira ningali
wusira tata sami

Sri Wasibagna turun
dari kereta kencana
Sakendhre pun demikian
turun dari kuda sembrani emas.

Sri Wasibagna tumurun
sangking rata kancana
Sakendher wus animbangi
tedhak sangking titian sembrani rukma.

16. Masih jauh terkejut melihatnya
Sukmul berkata pada ayahnya,
"Ya inilah putra Paduka."
Sakendher menjemput ayahnda raja
Wasibagna berkata,
"Masih tercengang menyaksikan
melihat cahaya pada anaknya
mengalir ibarat berkilau
setelah dekat anaknya dicium berkali-kali.

16. Tekeng doh lumyat kacaryan

Sukmul matur mring sudarmi
"Gih punika putra Tuwan."
Sakendher methuk ramaji

Wasibagna angling,
"Maksih kacaryan andulu
lumyat prayeng atmaja
umacur lir mas sinangling
sareng celak kang putra tansah kinuswa.

17. Sakendher merendahkan tubuh
ibunya mendekat lalu memeluknya
putranya meneteskan air mata
"Aduh anakku
tak kuasa menanggung rindu
sepeninggal anakku
yang terberitakan tewas
dimakan raksasa wanita
sekarang masih hidup dapat bertemu dengan ibumu."

17. Sakendher ngasorken raga
kang ibu ngrangkul ngraketi
kang putra manca udrasa
"Adhuh putrengsun Gusti
kyat ing tyas oneng kingkin
sakesahira putrngsun
dene kawarta lena
inguntal ing diyu putri
mangkya maksih waluya panggih pun biyang."

18. Ibunya sudah diberitahu
awal hingga akhirnya sudah dikatakan
dan ayahnya sudah bertanya
sudah dijelaskan semua
karena sangat terharu hatinya
putranya dirangkul-rangkul
diciumi tiada henti-hentinya
Sakendher segera menyalami
kepada adiknya sebelas baron itu.

18. Kang ibu wus jinarwanan
purwa madya wusana ngling

myang kang rama wus atanya
sampun jinarwanan sami
sangking pyuhireng galih
kang putra pengkul-pinengkul
tan pegat ingarasan
Sakendher gya tabek sami
areningsun aran Baron kalih welas.

19. Akhirnya sudah datang
di ruang pertemuan bersama
dengan Sang Raja Sepanyol
bersalaman saling mencium
sebagai pertanda kasih sayang
segera duduk di kursi
Juragan Wasibagna
mereka sudah duduk beserta
para baron dua belas yang baru datang.

19. Tata tita wus prapta
ing kantor pasowan kalih
lawan sang Sapanyol raja
tabe aciuman sami
dadya tandhanireng sih
gya lenggah kursi amungguh
Juragan Wasibagna
wus tata lenggah Sang kalih
para baron kalih welas sareng prapta.

20. Membuka topi menyampaikan hormat
salam sejahtera lalu duduk di kursi
semua mengempit topinya
Raja Sepanyol berkata pelan,
"Selamat saat ini
saya benar saudara Paduka
tetapi yang muda
seayah beda ibu
sejak kecil memang tidak diberitahu.

20. Bukak topi atur ormat
tabek kinen dhudhuk kursi
samya ngempit topyanira
Raja Sapanyol ngling aris,
"Slamet sakarang ini
saya saudara betul
tetapi yang muda
campur papah lain umi
tinggal kecil memang tidak kaangetan.

21. Tetapi sudah tersuratkan
adapun aku memanggil
Sakendher akan kuangkat
menjadi raja negara Sepanyol
dia baik dan mengizinkan
aku akan berhenti
Baron Sukmul dan dia
menjadi bawahan mengurus negara
Baron aku gaji dengan uang emas."

21. Tapi sudah bunyi surat
karan ahir guwa panggil
Sakendher mau guwa angkat
raja Sapanyol yang nagari
dia baik ngideni
guwa mandi kapansiun
Baron Sukmul :dhan dhia
sosor bicara nagri
Baron guwa blanja dhirat penidhia."

22. Terus segera membacakan
undang-undang pada para abdi negara
Sakendher sudah menjadi raja
Baron Sukmul mengarahkan dan menempatkan

22. Anulya maos alekas
undhang mring para rat peni
Sakendher wus dadya raja
Baron Sukmul murik bestir

segera setelah mufakat
dihormati dengan meriam berdentam
seperti gunung runtuh
disertai bunyi senapan berkali-kali
dihormati dengan tambur terompet dan suling bertautan.

dhirwus mupakat anuli
urmat mariyem jumegur

kadi wukir bubagra
binarung drel wanti-wanti

urmat tambur salompret suling sauran

23. Dihormati dengan kenduri dan minum
berkali-kali dan selalu diisi
Sakeber Suhul sebagai
kepala semua perdagangan.
Setelah pesta selesai segera
Sakendher pulang ke istana
semua punggawanya
semua sudah pulang ke rumah
pada waktu itu raja Sakendher rajin bertapa.

23. Kurmat nginum selametan

ambal-ambal lan alarih
Sakeber Suhul kinarya
kapala dagangan sami.
Wusira pista nuli
Sakendher kondur ngadhatun
sagung rat peni dhia
wus samya makuwon sami
duk samana Prabu Sakendher gung tapa.

24. Sudah pandai bertapa dengan kesungguhan
dengan pandai menguasai diri
tak basah disiram dengan air
tidak terbakar masuk dalam api
pandai bersatu dengan roh halus
berwatak penguasa yang tangguh
setelah cukup lama
menikmati kesenangan
segera mengundang mertuanya.

24. Wus gentur kang tapa wignya

ajur-ajer wignya manjing
tan teles kinum ing toya
nora geseng malbeng agni
wignya awor dhedhemit
ambeg kuwasa pinunjul
ya ta wus ing alama
anutug genira mukti
gya ngaturi mring kang rama maratuwa.

25. Raja yang sudah menjadi pendeta
dengan Sri Bagna ayahnya
keduanya sudah datang
Raja Sakendher berkata pelan,
"Adapun saya undang
Ayah berdua
ingin sama-sama berembug

25. Raja jeng sampun mbagawan

lawan Sri Bagna sudarmi
sampun prapta kalihira
Prabu Sakendher lingnya aris,
"Mila kula aturi
Jeng Rama kaliyanipun
yen sareng sami rembag

Kanda Sukmul nantinya
saya angkat menjadi raja Sepanyol.

pun kakang Sukmul ing mangkin
kula angkat jumeneng Sapanyol raja.

26. Patihnya Kanda Sapliman."
Pendeta raja berkata pelan,
"Kau akan pergi ke mana
negara kau serahkan?"
Sri Sakendher menjawab pelan,
"Saya hendak pergi jauh
mencari tempat
yang banyak dagangannya
yang luas supaya mendapat wilayah."

26. Pepatih kakang Sapilman."
Bagawan raja lingnya ris
"Sira rep mring ngendi baya
dene ta pasrah nagari."
Sri Sakendher tur aris,
"Kawula arsa anglangut
angupaya panggenan
kang mirah dagangan sami
kang ajembar supados antuk jajahan."

27. Kedua ayahnya sudah berembug
keluar segera memangil
kedua belas baron
tidak ketinggalan para penggawa
saat itu sudah datang semua
semua duduk di kursi
Raja Agung Sakendher bersabda
"Saudaraku semua
saksikanlah saat aku menyerahkan negara

27. Kang rama kalih wus rembag
anulya mijil nimbali
para baron kalih welas
tanapi para rat peni
niyan wus samya prapti
tata lenggah kursi agung
Prabu Sakendher nabda,
"Sakehe sudara mami
ngestrenana manira pasrah nagara

28. kepada Kanda Sukmul untuk menjadi
raja di negara Sepanyol
dengan patih Kanda Sapilman."
Semua penggawa menyetujui
untuk menjadi raja
yaitu kakaknya Baron Sukmul
Baron Sakendher menetapkan
"Siapa yang berani melawan
perbuatannya itu sampaikan aku akan menghadapi.

28. mring Kakang Sukmul madega

raja ing Sapanyol nagri
pepatih kakang Sapilman."
rat peni samya ngestreni
dera umadeg aji
ingkang raka Baron Sukmul
Baron Sakendher undhang
"Sapa ingkang sedya wani
tekakena pulahira suntanggulang.

29. Semau dia melawan."
para Baron berkata takut
ingin menyerah semua

29. Sagendhingira ngayuda
pra Baron umatur ajrih
sedya manurut sedaya

Sakendher cepat mengendarai kuda
dengan adiknya
dipayungi garuda emas
terbang di angkasa
Sakeber tak boleh tertinggal
yang ditinggalkan di negara diberi kesenangan.

Sakendher gya nitih wajik
kalawan ingkang rayi
pinayungan grudha macur
ngumbara mring gegana
Sakeber tan keneng kari
ingkang kantun ing nagara kudhandhangan.

XXII. DHANDHANGGULA

XXII. DHANDHANGGULA

1. Kedua belas baron semua
sama-sama bertengkar dengan saudara
mereka memperebutkan tempat
takut kepada rajanya
Wasi Bagna bingung hatinya
tak dapat dinasehati
berebut menjadi raja
setiap hari saling berperang
tak ada akhirnya
raja Sukmul sedih.

1. Para baron kalih welas sami apradondidera akekadang
pra samya arebut jonggol
ajrih mring ratonipun
Wasi Bagna emeng ing galih
tan kena pinikiran
rebut dadya ratu
ing saben ari andon prang
datan ana wekasireng ajurit
Prabu Sukmul sungkawa.

2. Lama-kelamaan sangat sedih hatinya
negara kacau banyak bangkai berserakan.
Ganti yang diceritakan perasaan.
Sakendher yang berada di atas
kakaknya dilihatnya
dari kereta emas
melihat dunia selatan
utara, timur, dan barat sepi
hanya terlihat gelap sinarnya negara
Sakendher berkata dalam hati,

2. Lami-lami sru rudating galih
nagri kerem keh bangke galasah,
Gantya kang winarna raos
Sakendher kang neng luhur
ingkang raka dipuntingali
munggeng swandana rukma
mulat jagad kidul
lor, wetan, kulon, asonya
mung katingal peteng cahya kang nagari
Sakendher nukmeng driya,

3. "Ada perkara apa nantinya
sampai gelap sinarnya negara
sungguh aku tidak mengerti
apakah Raja Sukmul

3. "Baya ana prakara ing wuri
dene dhedhet cahyaning nagara
dahat tan kaduga ingong
apa sang Prabu Sukmul

belum selesai berebut kesaktian
pantas dirundung perkara
kepada saudaranya
apakah mungkin juga berperang
kalau aku tidak kembali, celaka
jika ada yang mati, aku kehilangan.

durung atut arebut sekti
layak denlut prakara
marang kadangipun
baya uga paperangan
katiwasan lamun ingsun nora mulih
yen mati sun kelangan.

4. Semua itu benar-benar saudaraku
jika sampai saling membunuh
aku sendiri yang akan kehilangan."
Sakendher cepat turun
pulang ke negara Sepanyol
para baron diceritakan
berbaris di alun-alun
dan siap bersenjata perang
Baron Sapilman sebagai pemimpin perang
bersumbar keras.

4. Kabeh iku sadulurku yekti
yen ngantia padha atumpesan
sun tulus kelangan dhewe."
Sakendher gya tumurun
kondur marang Sapanyol nagri
para Baron winarna
baris ngalun-alun
saha sikep ing ngayuda
sira Baron Sapilman menggaleng jurit
asru asumbar-sumbar,

5. "Ayo Sukmul majulah berperang
kamu itu sungguh orang hina
anak wanita yang disingkirkan
hendak menghadapi aku
walau tua aku lelaki pilihan
malu jika diperintah
oleh orang yang tidak tentu asalnya."
Ketika Raja Sukmul mendengar
sangat marah seluruh prajurit keluar berperang
bertempur dengan senapan.

5. "Payo Sukmul metonana jurit
sira iku yekti bocah kumpra
naking wong kinubonake
arsa ngayoni mring sun
aku tuwa putra pinilih
wirang yen kaprentaha
mring wong tanpa dunung

Prabu Sukmul duk miarsa
sru bermantya sawadya medaling jurit
campuh main senapan.

6. Tangkap-menangkap saling menindih
banyak senjata ibarat gunung runtuh.
Diceritakan Baron Sakendher
turun dari angkasa
turun di tengah-tengah peperangan

6. Rug-ingarug samya silih ungkih

gorastra lir kang wukir bubagra

winarno Baron Sakendher
sangking gegana niyup
anjog madyanireng ngajurit

kedua belas baron
semua cepat mundur
Baron Sakendher berkata,
"Teruskan berperang orang hina,
aku tidak takut
sekehendakmu aku hadapi.

pra baron kalih welas
glis samya amundur.
Baron Sakendher manebda,
"Tutugena mungsuh wong kubon
tan wedi
sagendhingmu sun tadhah.

7. Kamu itu tidak dapat dibuat baik
merusak peraturan membuang
tata krama
berebut menjadi raja."
Para baron minta ampun
katanya meminta belas kasihan
semua sudah dimaafkan
Sakendher duduk
memberi tahu ayahnya
keduanya raja Sepanyol
yang sudah menjadi pendeta.

7. *Sira iku tan kena binecik*
bubrah tata tur abuwang krama
arebut umadeg rajeng."
Pra baron mentak ampun
turira keh aminta kang sih
wus samya ingapura
Sakendher alungguh
ngaturi marang kang rama
kalihira narpati Sapanyol nagri
ingkang tansah magawan.

8. Seketika para mertua dingin hati-
nya
ibarat tersiram air penghidupan
datang memeluk menantunya
sudah rapi duduknya
para baron duduk di kursi
Sakendher berkata pada ayah
kedua-duanya
"Bagaimana kehendak Paduka
karena saya tidak dapat me-
mutuskan
terhadap dua belas saudara.

8. *Byat tita mratuwa sreping galih*
kadi siniram ing toya gesang
prapta mangrangkul mantune
wusta alenggahipun
para baron atapa ing kursi
Sakendher tur ing rama
kalih-kalihipun
"kados pundi ingkang karsa
rehning kula boten saged angleresi
sadherek kalih welas.

9. yang berebut kesenangan?"
Ayahnya raja Sepanyol mena-
sehati,
"Anakku, aku katakan demikian
janganlah ada yang menjadi raja
akan tetapi milikilah pemerintahan
tidak ada perintah-memerintah
semua memegang catatan
sendiri-sendiri

9. *Sangking dene arebat kamuktin?"*
Ingkang rama Sapanyol awarah
"Kulup sun rembuk mangkene
aja na dadi ratu
nanging padha duwea urdi
tan na prentah-pinrentah
anyekela buku
palekate sowang-sowang

kalau ada perkara yang sangat penting
kedua belas orang berkumpullah.

lamun ana prakara ingkang wigati

wong rolas akumpula.

10. Berunding menjadi satu
siapa yang menyimpang mendapat hukuman
adapun sebagai rajanya
negara besar Sepanyol
jagalah dengan baik
oleh kedua belas baron
semua menjalankan
bekerjalah berdagang
tapi jangan ada yang berani mengubah
hanya labanya bagilah."

10. Arembugan dadya sawiji
sapa benceng kena paukuman

de ingkang mangka ratune
dunya Sapanyol agung
den reksaa ingkang abecik
mring para baron rolas
nglampahna sadarum
karyanen amardagangan
nanging ana wani kang ngowahi

mung bathine dinuma."

11. Dibagi dua belas dengan adil
adapun yang memegang kunci harta benda
istri Baron Sakendher."
Semua baron berembug
kepada Sakendher mengatakan setuju
kepada ayahnya Wasibagna
mendukung katanya
setelah selesai mereka berunding
Sakendher segera pamit kepada ayahnya
serta kepada saudaranya semua.

11. Pinra rolas iku dipun adil
de kang nyekel soroge barana

garwane Baron Sakendher."
pra Baron samya rembuk
myang Sakendher ture suwawi

myang rama Wasi Bagna
ature jumurung
wus rampung gennya gupita
sang Sakendher mring rama anulya pamit
miwah mring para kadang.

12. Berkata dan meninggalkan pesan
"Kanda Baron Sukmul pesanku

kelak setelah kepergianku
kalau sampai di Jawa
segera kembali daganganku laku
jika lama tidak kembali
barangnya tidak lancar
sedikit keuntungannya."

12. Sarta nebda lan tilar weweling
"Kakang Baron Sukmul weling ingwang
ing sapungkur ingsun tembe
angejawa kelamun
aglis prapta dagangan mintir
yen lami datan prapta
barang tan lumintu
akecik ing bathenira."

Pulau Jawa sungguh murah dadagangan
dapat dijangkau kapal.

Tanah Jawa murah dagangan sayekti
keneng ngambah nakodha.

13. Sri Sakendher segera mengendarai kuda
mengembara melalui angkasa
dipatungi garuda kuning
Sakeber tak ketinggalan
akan tetapi istrinya ditinggal di negara
diserahi pekerjaan
membawa kuncinya
semua harta benda negara Sepanyol
begitu perjalanan Sakendher di angkasa
melihat empat arah.

13. Sri Sakendher nulya nitih wajik
angumbara sangking ing gegana
sinongsongan grudha jene
Sakeber datan kantun
nanging garwa kantun neng nagri
sinedhahan pakenjan
ngasta sorogipun
dunya Sapanyol sadaya
ya ta lampah Sakendher aneng wiyati
mulat ing catur keblat.

14. Semua sunyi tiada yang disenangi
ketika melihat Pulau Jawa
tampak terang bersinar cahayanya
melebihi Gunung anakan
cahaya itu membelah angkasa
Sakendher berkata dalam hati
"Pulau Jawa bercahaya
tidak seberapa besarnya
lama-kelamaan sorotnya menyentuh langit
seperti apa rajanya?"

14. Sami sunya tan na densenengi
sareng mulat pulo Tanah Jawa
gumilar macur tejane
ngungkuli Ngarga Sunu
ing ngakasa sorot nelahi
Sakendher nukmeng driya
"Pulo Jawa macur
nora pati yen gedhea
suwe-suwe tejane sundhul wiyati
rajane kaya apa.

15. "Apakah melebihi saya?"
Tetapi aku tidaklah takut
tidak gentar bertanding
jika dapat mengalahkan aku
ibarat dapat membelah langit."
Sakendher sangatlah cemburu
cepat turun
melewati Pulau Jawa
ketika sampai di atas Imogiri

15. Baya apa luwih sangking mami
nanging ingsun lah mangsa wedia
atandhing suda kawanen
yen ngalahena ingsun
sasat bisa abedhah langit."
Sakendher sru jubriya
anulya aniyup
ngungkuli ing Pulo Jawa
dupi prapta sanginggiling Imogiri

jatuh di tanah lalu mati.

16. Serta Sakeber garuda dan kuda
jatuh di tanah semua mati
ada pertolongan Dewata
semua sadar.
Sang Sakendher mengendarai lagi
kuda sembrani emas
dengan garudanya Sakeber meng-
ikuti
Sakendher berkata dalam hati
"Selamanya aku melewati tidak-
lah seperti ini
yang sangat gawat."

17. Menghentakkan kuda segera
terbang di angkasa
setelah meninggi lantas jatuh
di tanah dan pingsan lagi
setelah sadar segera bangun
kudanya dinaiki lagi
cepat meninggi lalu jatuh
di bumi dan mati
setelah sadar terus
naik lagi segapaian lalu roboh lagi

berulang-ulang sampai tujuh kali.

18. Semuanya menjadi lumpuh
Sakeber minta untuk pulang saja
ke negara Sepanyol di seberang
Sakendher tidak mau
malu melihat sesama orang
di hati Sakendher berkehendak
kelak akan mengabdi
Sakendher berkata dalam hati
"Lebih baik keturunanku dapat
menginjak
di Pulau Jawa."

tibeng kisma kantaka.

16. Lan Sakeber garudha lan wajik
tibeng kisma samya akantaka
wonten pitulung Ywang Manon
sami enget sadarum.
Sang Sakendher anitih malih
kudha sembrani rukma
Sakeber grudha nut

Sakendher angunandika
"Salawase sun ngambah tan kadya
iki
dene angker kaliwat."

17. Ngetap kuda gya nglembareng
nglangit
wus andedel anulya aniba
ing wisma kalemper maneh
wus emut tandya wungu
kudanira kinetap malih
sapandedel gya niba
ing bantala kantun
saengetira anulya
ndedel malih sapenggayuh ambruk
malih
wali-wali ping sapta.

18. Dadya samya lumpuh sadayaning
sang Sakeber ngaturi mantuka
mring sabrang nagri Sepanyol
Sakendher datan yun
merang lumyat samining jalmi
cipta Sakendher arsa
ngawula ing besuk
Sakendher nebda wardaya
pira baya turunku bisa angancik

tanah ing Nungsa Jawa."

19. Segera mendapat pertolongan Tuhan
sembuh semua yang lumpuh
Sakendher berubah warnanya
putih seperti kapuk
talinya benang putih
besar seperti Gunung Anakan
Sakeber tidak ketinggalan
berubah wujud menjadi kerbau
bernama Kebo Kemalen nantinya
kepalanya manusia badannya kerbau.

19. Nulya angsal pitulung Ywang widi

lumpuhira pra samya waluya
Sakendher malih warnane
apethak kadya kapuk
sipatira laweyan putih
geng lir Arga Anakan
Sakeber tan kantun
amalih rupa maesa
ingaran Kebo Kemalen ing benjing
ndhas jalma wak maesa.

20. Burung garuda tidak berubah warna
masih berwujud burung bernama
Burung Bersayap nantinya hanya
kuda sembrani sudah
berwujud sapi Gumarang emas
nantinya bertali putih
mengabdi di Mataram
menjadi tukang taman
ketika bertahtanya Panembahan Senapati
Burung Bersayap mengabdi juga.

20. Peksi grudha datan malih warni

makseh rupa burung ingaranan
peksi manglar mung atembe
kang kuda sembrani wus
rupa sapi Gumarang rukmi
tembe laweyan pethak
suwita Mataram
dadya juru tamanira
duk jemeneng Panembahan Senapati
Manglarmua suwita.

21. Kepada Kanjeng Senapati
Kebo kemalen berada dan mengabdi
kepada Ki Juru Martani
sapi Gumarang berada
mengabdi pada pegawai istana nantinya
pada saat sekarang masih menyamar
Berganti yang diceritakan
Negara Sepanyol di seberang
semakin makmur kedua belas
saudagar menyatu

21. Inggih dhateng Kanjeng Senapati
Kebo Kemalen bing ngawula

mring Ki Juru Martanine
sapi Gumarang dunung
switeng niti praja ing benjing

ing mangke anyeluman

Gantya kang winuwus
Sapanyol nagari sabrang
langkung arja juragan kalihwlas gilik

berembug memikirkan harta benda.

rembag rat peni diya.

22. Baron Sukmul memenuhi janji kalau Sakendher lama tidak datang
pasti banyak dagangannya
Sukmul disuruh menyusul
jika tidak ada dagangan
Sakendher yang kembali
Sekarang yang diceritakan
sudah lama Sakendher tak datang
semua kesepakatan menyusul ke Jawa
Baron Sukmul dan Sapilman.

22. Baron Sukmul anuhoni janji
yen Sakendher lami datan prapta

mesthi marah dagangane
Sukmul kinen anusul
yen tan wonten dagangan nuli
Sakendher ingkang prapta
mangkya ta winuwus
Sakendher lami tan prapta
dadya sami arembug nusul mring Jawi
Baron Sukmul Sapilman.

23. Para Baron Ardiyan
yang akan menyusul sudah siap
siaga dengan dagangannya
dimuat pada kapal
jumlahnya dua puluh, lima berisi
senapan dan peluru
lima buah lagi berisi
senjata berat dan panah
lima buah berisi orang Belanda

lima buah lagi berisi dagangan.

23. Para Baron Ardiyan sami
ingkang badhe nusul wus sudiya
sumekta sakdagangane
wimot munggeng perahu
kalih dasa kang lima isi
mimis lawan sandawa
kang gangsal senipun
senjata gora warayang
ingkang gangsal pra samya ini Walandi
gangsal isi dagangan.

24. Berangkat membuka layar dan terasa dingin
di samudera didorong angin
tiga bulan di lautan
Pulau Jawa sudah terlihat
samar-samar dari lautan
nakhoda berhati-hati
layar digulung
dipercepat jalannya dan tiba
di seberang Kumpeni sudah mendarat semua
di daratan pulau Jawa.

24. Mangkat babar layar nyaka silir

ing samodra tinempuh maruta
tri candra munggeng laute
Pulo Jawa kadulu
lamat-lamat sangking jaladri
juru kamudi yitna
layare kinelun
sinereng lampahe prapta
ing cacaban Kumpeni wis mentas sami
daratan Nungsa Jawa.

25. Kehausan semua membeli minum
tidak begitu mahal lalu diborong
dirasakan sangat murahnya
banyak orang yang melihat
yang sedang melihat Kumpeni
di daerah Jakarta
orang-orang desa
di semua tempat berjajar
tidak dapat dilalui
para baron membuat kemah di
pesisir
dagangannya dinaikkan.

26. Penuh sesak di tepi lautan
semakin baik perilaku Kumpeni
kepada orang Jawa maksudnya
agar senang dan akrab
benar-benar menjadi saudara
semuanya
orang Jawa senang hati
ibarat tersiram madu
sekehendakmu sudah ada
segera berlatih perang seperti
perang sesungguhnya
senang hati nakhoda.

27. Diceritakan Sang Raja Betawi
sedang duduk di penghadapan
dihadap prajurit lengkap.
Sang Raja bersabda,
"Apa benar ada saudagar yang
datang?
Hai pesuruh panggillah
aku ingin bertemu!"
pesuruh menyembah lalu pergi
kepergianmu dan keempat Baron
sudah bertemu
memberi tahu kalau dipanggil.

25. Akasatan samya tumbas warih
binalibuk nora pati larang
pangrasa langkung mirahe
tembak jalma dedulu
pan katemben mulat Kumpeni
talatah ing Jakarta
jalma dhusun-dhusun
turute kasasak keblat

para Baron karya pondhok ing
gegisik
dagangan ingentasan.

26. Tembak aneng tepining jaladri
langkung taklim Kumpeni trapira
marang ing wong Jawa rehe
supaya rena lulut
dadya samya sudara yekti

wong Jawa suka rena
kagunturan madu
sakarsanira wus ana
rulya gladhi perangan lir perang
yekti
eca tyase nakoda.

27. Kawarnaa Sang Nata Betawi
lagya lenggah aneng panangkilan
siniwadya balandher.
ngandika Sang Aprabu,
"Warta apa juragan prapti?

Heh gandhek timbalana
ingsun arsa temu."
gandhek awotsekar metar
lampahira lan Baron catur wus
panggih
sajar yen tinimbalan.

28. Bertemu dengan Raja Jakarta
Baron berempat sudah berangkat diiringkan
datang di penghadapan sang Raja
semua mengangguk memberikan hormat
serta menduga-duga dalam hati
diberikan kursi empat
semua segera duduk.
Sang Raja menyambut dengan ramah
Nah mengapa kamu aku panggil
aku akan membeli dagangan."

28. Marang Nata Jakarta apanggih
Baron catur wus kering umangkat

prapta ngarsaning sang Rajeng
tur tabek sami manthuk

sarta angempek-empek ati
sinung kursi sakawan
pra samya alungguh.
Sang Nata nembrameng krama

"Lah bageya karanira sun timbali
ingsun tuku dagangan."

29. Baron Sukmul berdiri menjawab dengan hormat
"Baiklah yang mana Tuan suka
saya menurut Sang Raja."
segera dagangan diambil
dari pondhokan teruntuk Sang Raja
pakaian warna-warni
yang sangat bagus
sang Raja Jakarta berkata,
"Tentukan semua harga dagangan-mu
aku beli semustinya!"

29. Baron Sukmul ngadeg matur tabik

"Lebih baik mana Tuwan sukak
saya mangikut Sang Rajeng."
Gya dagangan pinundhut
sangking pondhok katur Sang Aji

busana warna-warna
ingkang adi luhung
ngandika Nata Jakarta
ajenana daganganira pra sami

sun tuku memakatya.

30. Baron Sukmul berkata pada Sang Raja
"Apa yang Tuan sukai dan ingin miliki
tawar dan ambil barangnya
saya tidak mencari untung
boleh mengambil apa yang Tuan sukai."
Sang Raja senang dan segera
memilih barang yang baik
harganya sekehendakmu
Sang Raja masih diberi lagi
hadian warna-warni.

30. Baron Sukmul matur ing sang aji

"Apa mau Tuwan punya sukak

tawar ambil dagangane
saya tak cari untung
apa sukak Tuwan mangambil."

Thrustha Sang Nata nulya
milih barang luhung
regine sakarsanira
Sri Narendra malih dipun cacaosi
pasungsung warna-warna.

31. Sang Raja sangat dikasihi
Kumpeni
seketika Sang Raja Jakarta
sangat cepat kayanya
harta yang diberikan kepada
sang Raja
seharga sepuluh ribu ringgit
adapun tidak lama
para baron menyusul
membawa dua belas kapal
sudah tiba di Jakarta dan
memberi tahu Sang Raja
dagangan dibelinya.

31. Sri Narendra langkung sih Kum -
peni
sanalika Sang Nata Jakarta
kalangkung enggal sugihe
brana kang katur Prabu

apengaji sakleksa ringgit
ya ta ing lama-lama
pra Baron nusul
mbekta kapal kalih welas
sampun prapta Jakarta tur
Sang Aji
dagangan tinumbasan.

32. Sepenawar Anda kuberikan
sangat gembira hati Raja Jakarta
kepada Sukmul sangatlah kasih-
nya
Ganti yang diceritakan
kedua belas baron datang
seluruhnya di Jakarta
sudah berembug
hendak menghadap Sri Raja
meminta tempat dan sudah
menghadap Raja
semua memberi hormat.

32. Sapangawisira den caosi
girang-girang tyas Nata Jakarta
mring Sukmul sakalangkung sihe

Gantya ingkang winuwus
para baron kalihwlas prapti
pepak aneng Jakarta
pirembagan sampun
arsa sowan Sri Narendra
nyuwun papan wus samya sowan
Sang Aji
atur tabek sadaya.

33. Disuruh duduk teratur di kursi
menyandang pedang mengempit
topi
berkata Sang Raja,
"Apa kehendakmu
kamu bersama-sama menghadap?"
Saudagar Sukmul berkata
"Saya minta maaf
barangkali ada kesalahan
kalau boleh saya minta sedikit

tanah di tempat kerja.

33. Kinen lenggah atata neng kursi
nyingkur pedhang ngempit
topinira
angandika Sang Arajeng,
"Apa ana karepmu
dene bareng gonira prapti?"
Juragan Sukmul mujar
"Saya minta ampun
barangkali ada salah
kaluk sukak saya mamintak
sedikit
tanah di kerja tempat.

34. Tidaklah banyak cuma sedikit
selebar kulit kerbau dan boleh dibuat
tempat berdagang dan penjagaan Raja
kalau saya baru datang
membawa uang tiga puluh ribu ringgit
dan diberikan cuma-cuma
kain beludru berenda."
Sang Raja senang dan berkata,
"Ya Sukmul permintaanmu aku beri
bersenanglah hatimu."

34. Tidak banyak percuma sakulit
kerbo satu dan boleh dikerja

tempat grami jaga Rajeng

yen lagi saya unjuk
bawak uwang tri leksa ringgit
lagi pupus-pupusan
kain renda bludru."
Sang Nata trustha ngandika,
"Iya Sukmul anjalukira sun wehi

aneka atenira."

35. Hati Baron Sukmul sangat senang
para baron diperintahkan menuju pemondokan
segera mengambil kulit kerbau
sebesar satu gulung kecil
sudah ditarik melingkari tanah
sepanjang gulungan
masih dan seluas hutan
Sang Raja ketika mendengar
sangatlah terkejut lalu memanggil patih dan disuruh
memeriksa Sukmul.

35. Baron Sukmul tyas marwata siwi
para baron prentah amondhokan

gya janget walulang kerbo
satampar lit agengipun
wus gineret ngubengi siti
sapanjange kang tampar
maksih wrat wanagung.
Sang Nata sareng miarsa
langkung kagyat nimbali patih tinuding
mring Sukmul apepriksa.

36. Setelah bertemu Patih berkata

"Aku ini disuruh sang Raja
adapun dahulu permintaannya
tempat selebar kulit kerbau
sekarang setelah diukur menjadi
sangat luas
terkejut sang raja."
Sukmul berkata, "Jangan gelisah
meskipun selebar kulit kerbau
tempat tentu diukur.

36. Wus kapanggih kyana patih angling
"Ingsun iki ingutus sang Nata
dene nguni panuwune
papan saklulang danu
teka mangke ingurat dadi
saklangkung dene wiyar
kagyat jeng sang Prabu."
Sukmul matur, "Jangan gusar
dari apa kulit kerbo satu biji
papan meski diurat.

37. Kalau tidak saya buat begini
tidak dapat dikerjakan untuk tempat
rumah satu tidak cukup."
Patih segera mundur
memberi tahu kepada sang Raja
semua perkataan Sukmul
dirasakan dalam hati
dipikir-pikir benar juga
menjadi hilang kemarahan Sang Raja
Sukmul mulai bekerja.

37. Kaluk tidar tur saya bagini
tidak boleh dikejar patempat

romah satu tidak sampe."
Gya patih nulya mundur
tur uninga mring bopati
ture Sukmul sadaya
rinaos ing kalbu
ginalih-galih kleresan
dadya lilih dukane sri narapati

Sukmul anambut karya.

38. Sekelompok besar dipersenjatai
senapan dan uang emas dua setengah rupiah
orang yang melihat dapat mengambil
dipersilakan semuanya
pohon-pohon ditebangi dan dihilangkan
karena ingin mendapat uang
semua sudah terang
Sukmul mendirikan kota yang indah
setelah selesai para Kumpeni datang
semua betah menempatinya.

38. Woka ageng dipunsanjatani
mimis keton uwangira dinar

alma miyak jalma amek

sinarak ing sakayun
wreksa brastha dipunbabati

sangking dera mring uwang
woka padhang sampun
Sukmul karya kutha retna

wus adadya pra Kumpeni samya prapti
sami krasan sadaya.

39. Di beberapa tempat dengan orang Jawa
semua senang belajar bahasa
belajar bahasa Melayu
juga sang Raja
juga senang kepada kata-kata Belanda
karena sangat akrabnya
mendapat keuntungan besar
menjadi hilang kata-kata yang tumpang tindih

39. Pinten papan lawan tiyang Jawi

samya remen asakolah basa
sinau cara mlayune
delasan sang Aprabu
teka remen mring kata Wlandi

sangking rumaketira
kagunturan madu
dadya pyuh saroja tara

Baron Sukmul sangat pintar dan
pandai menerapkan
pandai menggunakan peranti.

nrap sujana Baron Sukmul
langkung wegik
wignya guna serana.

40. Karena sangat berat tanggungan-
nya menjadi sedih hati
kepada bawahannya tidak
sewenang-wenang
sabar dan bersih pemerintahannya
tidak henti-hentinya siang malam
meliputi segenap kerja
orang dunia berjaga-jaga
rasanya mendalam
supaya tindakan pulih kembali
tindakan yang manis mengandung
kerling
untuk mencapai tujuan pelaksana-
an.

40. Kyating sarat surangga ing galih

soranira datan gora godha

amerta-merti jagade
tan pegat siyang dalu
angebuki saliring kardi
wong jagad jaga-jaga
rasane rinasuk
dera mrih waluyeng lampah
lampahira maduwin anawung
liring
kang marang ing kasidan.

41. Pelaksanaan tindakan Kompeni
ulah yang menuju keluhuran
selamanya terikat kuat
terselubung tindakan halus
halusnya maksud maka mendekat
mengasihi
rakyat kecil Jakarta
mereka lekat menyayang
terlanda basa-basi
basa-basi durhakanya Baron
Sukmul melanda
orang Jawa banyak yang terpikat.

41. Sidanira lampahing Kumpeni
tingkah ingkang marang kaluhuran
deniket ing salamine
sinamun lampah alus
lusing pamrih asih ngraketi

kawula lit Jakarta
samya asih lulut
kasrang ingkang marikrama
kramanira Baron Sukmul
angelebih
wong Jawa keh kasmaran.

XXIII. ASMARADANA

1. Demikianlah yang diceritakan
Sri Raja Pajajaran
telah tegak istananya
hidupnya amat senang

XXIII. ASMARADANA

1. Nahen ta kang winarni
Sri Narendra Pejajaran
sampuna jejeg keratone
saklangkung mukti wibawa

setanah Jawa tiada yang menyamainya
Sri Raja bergelar
Raja Arjakusuma.

rat Jawa tanpa sama

bisikanira Sang Prabu
Narendra Arjakusuma.

2. Sri Raja amatlah senang
memimpin tentara
pegawai dan hulubalang supaya senang
sombong macam orang jahat
ditakuti oleh lawan
harta benda didermakan bagai hujan
dengan senang hati banyak makanan dilimpahkan.

2. *Langkung kasukan Sang Aji*
angecakaken ing bala
punggawa suprih sukane

gumedhe sewa durjana
keringan parang muka
angudanaken rukma rum

geng boga amanisrengga.

3. Diterimalah oleh Dewa Agung
maka segera berubah namanya
wanita cantik rupawan
bernama Sang Mundingsari
akan tetapi menderita sakit
sakit yang memalukan hati
maka Sang Putri dibuang ke suatu pulau

3. *Tinrimeng ing Dewa Adi*
tandya malih aranira
wanodya yu warnane
Sang Mundhingsari namanya
nanging anandhang gerah
karang mamerang ing kalbu
Dyah binucal pulo juga.

4. Sang Putri di pulau Odrus
Sang Dyah amatlah mengibakan
Tidak tersebut lamanya
adalah seorang nakoda dari seberang
Sang Putri ditemuinya
lalu diobatinya sembuh
kemudian diperistri oleh sang nakoda.

4. *Ing pulo Odrus sang putri*
Sang Dyah saklangkung wlasarsa.
Datan winarna lamine
ana nakoda si sabrang.

Sang Dyah lajeng pinanggya
ingusadan Sang Dyah ayu
pinet garwa sang nakoda.

5. Putranya banyak
semua penguasa tanah seberang
Diceritakan kembali Sang Raja
Sri Ratu pun berputra
pria bagus rupawan

5. *Akathah ing putraneki*
para sagung tanah sabrang.
Kocap malih Sang Raja
Dyah Ratu nulya peputra
jalu bagus warnanya

namanya Tanpauna
Sri Raja sangat mengasihinya.

Tanpauna wastanipun
langkung sihira narendra.

6. Kemudian berputra lagi
wanita cantik nian
dinamai oleh Sri Raja
Dyah Tanpauni
Sang Putri itu sakit panas
berkali-kali menikah
lelakinya semua tewas

6. *Anulya peputra malih*
wanodya ayu utama
sinung tengran ing Sang Rajeng
Dyah Tanpauni wastanya
Sang Putri gerah panas
dennya krama wongsal-wangsul
kang priya sami palastra.

7. Dibuanglah ke negeri Cirebon
di Cirebon lalu diasingkan
ke pulau Putri
diambil oleh Raja Jakarta
lama-kelamaan
Sri Raja amatlah heran
karena Sang Putri mengindap
sakit.

7. *Binucal maring Cerbon nagri*
neng Cerbon nulya kasingsal
ing pulo Putri sang Sinom
pinundhut nata Jakarta
gya antara lama
sang Prabu langkung angungun
dene sang Putri darbe grah.

8. Sang Putri segera dibuang
diberikan kepada nakoda
yang berasal dari negeri Sepanyol
Adapun namanya Sukmul
demikianlah nasibnya
Sang Putri lenyap penyakitnya
menurunkan delapan asal-muasal

8. *Nulya binucal sang putri*
pinaringken mring nakoda
sing Sapanyol ing nagrine
Sukmul nenggih wastanira
baya ta pesthenira
Dyah nir ing trimalanipun
anurunken wolung tanah.

9. Tidak tersebutlah lamanya
maka Sri Raja pun wafat
Tanpauna menjadi raja.
Setelah antara sekian lama
Sri Raja berputra
namanya Sri Pilikithi
mengganti Sri Raja yang wafat.

9. *Laminira tan winarni*
sang Nata anulya seda
Tanpauna madeg rajeng
Wusira antara lama
sang Nata apeputra
Sri Pilikithi ranipun
sang Nata seda gumantya.

10. Di negeri Pajajaran
negerinya amat makmur
Demikian tadi Sri Raja

10. *Ing Pajajaran nagari*
langkung arja nagrinira.
Ya ta wau sang Arajeng

telah berputra
putra pria dari selir
Sri Raja memberi nama
Arya Bangah namanya.

apan sampun apeputra
kakung sangking klangenan
sang Nata paring jejuluk
Arya Bangah wastanira.

11. Ditempatkan di negeri Galuh
permaisurinya mempunyai putra
putra pria rupawan
Sri Raja memberi nama
Raden Jaka Suruh
Sri Raja sangatlah mengasihinya
dicalonkan untuk mengganti raja.

11. Tinanem Galuh nagari
prameswari apeputra
kakung bagus ing warnane
Sang Nata aparing nama
Jaka Suruh Rahadyan
sang Nata langkung sihipun
ginadhang gumantya nata.

12. Maka bergelar Pangeran Dipati
tinggal di sebelah utara pasar
Sri Raja amat kasih
demikian juga ibu permaisuri
amat besar kasihnya
Demikianlah yang diceritakan
Sri Raja suka hatinya.

12. Jejuluk Pangran Dipati
pidalem salering pasar
sang Nata langsung esihe
tuwin ibu prameswara
kalangkung geng sihira.
Ya ta wau kang winuwus
Sang Nata eca kang driya.

13. Demikianlah diceritakan
di gunung Wilis adalah seorang
pendeta
apa pun yang diucapkannya
membekas sampai ke hati
diketahui oleh raja
dayang-dayang belakang dipanggil
bagaimana beritanya.

13. Ya ta wonten kang winarni
arga Wilis wonten ajar

barang kang denucapake
asidik terus ing manah
kapriksa ing Narendra
parekan wingking dinangu
kaya priye wartanira.

14. Pendeta Gunung Ijo itu bijak
dayang-dayang menyembah
sambil berkata
"Ya hamba mohon Sri Baginda
adapun Pendeta Wilis itu
amatlah saktinya
sebarang yang diucap
maka segera seketika nyata."

14. Ajar Gunung Ijo Sidik
parekan umatur nembah

"Kawula nuwun sang Rajeng
pun Ajar Wilis punika
saklangkung sekternira
sabarang ingkang winuwus
pan lajeng dadak saka."

15. Segeralah Sri Raja memanggil
Patih maka segera datang
Sri Raja bersabda,
"Hai Patih Mangkupraja
saya mendengar berita
adalah seorang pendeta sakti sekali
tinggal di Gunung Ijo.

15. Sang nata nulya nimbali
mring Patih anulya prapta
angandika sang Arajeng
"Lah ta Patih Mangkupraja
ingsun angrungu warta
ana ajar sekti luhung
ing Gunung Ijo gonira.

16. Sebarang ucapannya mustajab
bijak tembus inti patinya."
Patih tidak tahu maka katanya,
"Baru sekarang mendengar."
Sri Raja bersabda
karena sangat ingin tahunya
"Itulah Patih segera gempar."

16. Barang kang denucap mandi
Sidik trus ing patenira
Patih tan uninga ature,
"Myarsa saweg sapunika."
Angandika Narendra,
kangsanira Sang Aprabu
"Iku patih rep runtab."

17. "Saya mempunyai putri amat cantik
namun belum berahi
namanya Ni Bok Sumekar
belumlah mulai berahinya."
Wanita itu segera dipanggil
mendekat ke hadapan Sri Raja
maka berkata pula Baginda,

17. "Sun duwe wadon yu luwih
nanging adurung asmara
Ni Bok Sumekar arane
pan durung birahi kembang."
Estri gya timbalan
marek ing ngarsa Sang Prabu
ngandika malih Sang Nata

18. "Bawalah dia ke gunung
suruh pendeta menebak
hamil atau tidaknya
kalau telah ditebak mengandung
laki-laki atau perempuan."
Patih pun bersembah sanggup
Sumekar telah disuruh meng-gembol.

18. "Iku gawanen mring ardi
konen badhea si ajar
ameteng lawan orane
yen wis binadhe awawrat
pa wadon apa lanang."
Patih sandika turipun
Sumekar wus kinen dutan.

19. Bokor emas (mundam emas) dibikin
dibalut sutera merah
bentuknya seperti orang sungguh-sungguh hamil

19. Bokor kencana kinardi
binurut ing sutra mirah
ganthane lir wawrat yektos

seperti hamil tiga bulan
diiringkan oleh Ki Patih
Telah tiba di Gunung Wilis (Ijo)
bertemu dengan Pendeta.

lir garbini tigang candra
kerit lampahe Patya.
Ing Ardi Wilis wus rawuh
kepanggih lawan Ki Ajar.

20. Ki Patih berkata penting
"Saya diutus oleh Sri Baginda
menyampaikan pingitannya
wanita ini disuruh menebak
hamil atau tidak
andai kata hamil apakah lahir
laki-laki
apakah lahir perempuan."

20. Ki Patih nabda wigati
"Manira dinuteng Nata
amaringken sengkerane
wanodya kinen ambatang
wawrat tanapi boya
yen ta wawrat pa miyos jalu

apa ambabar wanodya."

21. Pendeta berkata bijak
"Ya, pingitan ini mengandung
kelak lahir laki-laki
sakti sabda Sri Baginda
lagi pula sakti putranya
kelak menjadi raja
menggantikan ayahnya."

21. Ki Ajar umatur sidik
"Inggih sengkeran awawrat
tur miyos jalu ing tembe
mandi sebdane narendra
tur seksi putranira
ing benjang jumeneng ratu
angentosi ingkang rama.

22. Ki Patih kelihatan marah
berkata di dalam hati
"Ini orang keterlaluan namanya
tidak tahu malu berberita
hingga sang Raja tahu
benar sabda Sri Raja
disebut goda dahsyat."

22. Esmu sereng Kyana Patih
angunandika ing manah
"Iki wong destun arane
delapira awewarta
kongsi katur sang Nata
bener pangandika Prabu
winastanan gora godha."

23. "Sombong bersakti-sakti
mengaku tahu bijaksana."
Maka kata Ki Patih,
"Sungguhkah katamu?"
Pendeta berkata, "Silakan
saya tidak berkata bohong
sekali ucap telah jadi."

23. Sumengguh sumekti-sekti
pangidhepe rawar-awar."
Dadya angandika alon,
"Apa temen ujarira?"
Ajar matur, "Sumangga
kula boten ngawur-awur
ujar pisan sampun dadya."

24. Ki Patih telah permisi pulang

24. Kya patih wus amit mulih

memandang Ni Sumekar
diiringkan oleh banyak tentara
turun dari gunung
berhenti di sebuah sungai
Ni Sumekar ingin mandi
karena merasa gerah badannya.

ningali Rara Sumekar
ingiring wadya bala keh
tumurun sangking arga
nanging lepen arawyan
Rara Sumekar yun adus
ngraos gerah kang salira.

25. Simpanan di perut nampak membesar
setelah melepas kain panjangnya
mundam emas tak tampak
jadi hamil tiga bulan
Ki Patih mengelus dada
segera berangkat meneruskan perjalanan
maka tiba di Pajajaran.

25. Singgahan rawyan aminthi

sareng lukar sinjangira
bokor kencana tan katon
dadya wawrat tigang candra
Ki Patih tebah jaja
nulya mangkat lampahipun

wus prapta ing Pajajaran.

26. Menghadap Sri Paduka Raja
melaporkan perjalanan selaku utusan
permulaan hingga penghabisannya
diam tiada berkata-kata
Sri Baginda berdiri mematung
sekejap tiada bersabda
akhirnya segan hormat kepada Dewa.

26. Cundhuk kanjeng Sri Bupati
katur lampahe dinuta
purwa madya wusanane
ing lukitanira sirna
anjenger sri narendra
sapandurat tan amuwus
wekasira meng Dewa.

27. Dengan rasa kurang enak Sri Baginda bersabda,
"Halnya begitulah beritanya
pendeta bijak pandangannya
tahu sebelum apa yang akan terjadi
sungguh serampangan saja
bokor emas digembol
diterka akan melahirkan manusia.

27. Ngandika sengak Sang Aji

"Dene ta ingkang wewarta
ajar sidik paningale
weruh sadurunge winarah

yaktine ngawar-awar
bokor kencana kinandhut
binadhe lair manungsa.

28. Mengandalkan ucapannya manjur
harus berpura-pura
hilangnya bokor digembol

28. Ngandelken sebdane mandi
dadak gawe rewa-rewa
bokor kinandhut sirnane

Sumekar menjadi hamil
bahkan membuat kesusahan
akan mengungguli saya
Hai Patih beritakan.

Sumekar dadya awawrat
destun gawe wisunya
arep ngungkuli maring sun.
Heh Patih sira undhanga.

29. Saya akan berangkat
ke rumah Ki Pendeta
siapkanlah senjata."
Patih menyanggupi maka mohon diri
perintah segera bersiap
mempersiapkan banyak tentara
beserta perlengkapan perang.

29. Ingsun arsa anindaki
marang omahe Ki Ajar
den sumekta gegamane."
Patih sandika wus mentar

undhang tandya sanega
sumekta wadya bala gung
sakkepraboning ngayuda.

30. Sri Baginda segera berangkat
berangkat diiringkan bala tentara
bersinar menyala pakaiannya
bermacam-macam senjata
bagai sinar pelangi
berarak meregang tentara gemuruh
telah tiba di Gunung Wilis.

30. Anulya miyos sang Aji
budhal kinerig kang wadya
abra murub busanane
dedamel awarna-warna
kadya cahyaning teja
sumrengkang wadya gumuruh

ing Ardi Wilis wis prapta.

31. Demikianlah pendeta di Gunung Wilis
dalam hatinya telah tahu
berbicara dengan cantriknya,
"Aku berkata kepadamu
Sri Baginda di Pajajaran
akan membunuh diriku
tidak lama nanti datang.

31. Ya ta ajar Ardi Wilis

ing manah sampun waskitha
agunem lawan cantrike,
"Ingsun tutur ing sira
ing Pajajaran Nata
arsa mateni mareng sun
nora suwe mengko prapta.

32. Siapakah yang berniat membela
akan kematianku ini?"
Kata tiga orang cantrik itu
berniat semua membela.
Sedang enak bercakap-cakap
tiba-tiba Sri Baginda

32. Sapa kang sedya mbelani
marang ing pati manira?"
Cantrik tetiga ature
sumedya pra samya mbela
lagya eca wacana
kasaru sang Nata rawuh

dengan Ki Patih tanpa bala
tentara.

lan Ki Patih tanpa bala.

33. Tentaranya ditinggalkan di luar
setelah tiba Sri Baginda bersabda
sambil merentang panah,
"Hai Pendeta, apakah ini?"
Pendeta menyembah menjawab,
"Itulah jalannya mati."
"Kira-kira jatuh di mana?"

33. Wadya ingantun neng jawi
rawuh Ji Nata ngandika
amusthi sara sang Rajeng
"Lah ta Ajar iki apa?"
Ajar matur anembah,
"Margine lena punika."
"Tiba ngendi kiranira?"

34. Pendeta menjawab, "Ya
jatuh di dada saya
kehendak Sri Baginda
tetapi tidak memangsa
Namun Sri Baginda bersikeras
"Akan membunuh dirimu"
"Ya. Sabarlah Sri Baginda."

34. Ki ajar umatur, "Inggih
tumiba jaja kawula
kalawan karsa Sang Rajeng
ning mangsa anedhasana."
Nging Nata paran baya
"Karya mateni sireku."
"Inggih den sabar sang Nata."

35. "Akan membunuh hamba
petaram hamba sendiri
ada di sanggar tempatnya
petaram emas buntung terselip."
Segeralah diambil oleh Sri Baginda
Pendeta cepat ditusuk
dada hingga belikat.

35. "Arsa mejahi kang abdi
patrem kawula priyangga
wonten ing sanggar enggone
patrem mas buntung sumelap."
Glis pinundhut Sang Nata
Ki Ajar nulya sinuduk
jaja nerus ing walikat.

36. Ki Pendeta telah tewas
cantriknya harus berbela
maka Ki Patih pun
membunuh tiga orang cantrik
tewaslah mereka
Sri Baginda bersabda
kepada para pengikut yang masih
hidup

36. Ki Ajar wus angemasi
cantriknya kedah abela
dadya rekyana patihe
amerjaya cantrik tiga.
Sampun sami palastra
angandika sang Aprabu
mring cantrik kang maksih gesang

37. "Tindakan apa sehingga Pendeta
tewas
"Dibakar" jawab cantrik.

37. "Palakune Ajar mati?"

Turira cantrik, "Binisma."

Segeralah mayat Pendeta dibakar
mayatnya dipegang, lenyap
di angkasa bersuara
"Kelak aku balas hukum
jika Sumekar telah melahirkan.

Jisim ajar gya ingobong
cinandhak ragane sirna
aneng tawang nyuwara
"Besuk ingong males ukum
yen Sumekar sampun mbabar.

38. Maka berhati-hatilah
aku membalas hukum kepada Sri Baginda."
Disambut suara bergetaran
Sri Baginda pun keras sabdanya,
"Saya tak takut padamu
meski sampai kapan pun
saya berani menghadapi."

38. Priya den angati-ati
ngong males ukum Sang Nata."

Sinaur geter patere
Sri Narendra sru ngandika,
"Ingsun tan wedi sira
nadyan tekaa ing besuk
ingsun wani nanggulanga."

39. Sri Baginda segera pulang
telah tiba di Pajajaran
duduk di dalam istana
memanggil Patih pun telah menghadap
berkatalah Sri Baginda,
"Patih, berhati-hatilah kelak
jika Sumekar melahirkan laki-laki.

39. Anulya kondur sang Aji
wus rawuh ing Pajajaran
pinarak aneng kadhaton
nimbali Patih wus prapta

ngandika Sri Narendra
"Patih denyitna ing besuk
yen Sumekar mbabar priya.

40. Kuserahkan kepadamu, Ki Patih."
Ki Patih menyanggupinya
Telah demikian lama terasa
tiba saatnya Sumekar
melahirkan bayi laki-laki
bertempat di Kepatihan.
Patih pun melaporkan.

40. Sun pasrahken sira Patih."
Turira nuwun sandika.
Wusnya lami winiraos
Sumekar prapteng semaya
sampun ambabar priya
neng kapatihan genipun
patih wus atur uninga

41. Kepada Sri Baginda Raja
rupanya seperti Baginda Raja
Maka kehendak Baginda
melenyapkan bayi laki-laki itu
namun tak kuasa
bayi segera dilarung
ditempatkan dalam kendaga.

41. Ing Kanjeng Sri Narapati
Surate memba Sang Nata.
Sang Nata wau karsane
lare kinen bulang apus
nanging datan tumama
jabang bayi gya linarung
winadhahan ing gandhaga.

42. Tatkala pada malam hari
dibuang ke sungai Kerawang
Ganti yang diceritakan
Ki Bayi Buyut Kerawang
terlampau amat miskin
pekerjaannya mencari ikan
di tengah air.

42. Tekalanira ing latri
binucal lepen Kerawang.
Gantya ingkang winiraos
Ki Bayi Buyut Kerawang
saklangkung minkinira
masang bara karyanipun
aneng samadyaning tirta.

43. Halnya memasang pukat setiap hari
ketika itu tak beroleh ikan
Ki Buyut lemaslah hatinya
hampir jera memasang pukat
ketika itu malam Jumat
ia tidur di tepi sungai
bersama saat laki-laki berbunyi.

43. Dennya masang saben ari
samana tan angsal mina
Ki Buyut lesu manahe
meh kawus amasang bara
samana malem Sukra
neng pinggir lepen aturu
sareng muni wanci rijal.

44. Terkejut melihat sinar
cahaya terang bagai siang
segera mendekati pukatnya
tampaknya benda tersangkut
pada pukat lalu diambil
segeralah dibawa pulang
istrinya masih tidur.

44. Kagyat lumiyat soroting
cahya padhang lir rahina
nulya merpeki barane
wonton kasangsang katingal
neng bara wus cinandhak
ge-age binekta mantuk
rabine maksih anendra.

45. Terkejutlah suaminya datang
setelah bangun tidur maka dibuka
kendaga itu di dalamnya berisi
bayi laki-laki yang bagus.
Ki Buyut sangat senang
memelihara putra disanjung-sanjung
manislah hidupnya terlihat orang.

45. Kagyat sapraptaning laki
wusira tangi binuka
kendhaga ing jro isine
jabang bayi priya pelak
Ki Buyut langkung trustha
mong putra sinuhun-suhun
kemanisen ingkang mirsa.

XXIV. DHANDHANGULA

1. Tersebutlah Sri Baginda Raja
telah terima laporan dari Ki Patih

XXIV. DHANDHANGGULA

1. Kawarnaa Kanjeng Sri Bupati
wus ingaturan mring Kyana Patya

tentang telah dilarungnya bayi
tersebut
di Sungai Kerawang
apa yang mengganggu hati
lenyaplah musuh Raja
Sri Baginda suka hatinya
maka gembira berpesta besar
para punggawa dan tentara
pangkatnya naik
banyak hamba sahaya diwisuda.

jabang bayi panglarunge

lepen Kerawang sampun
apan wonten malang-ateni
sirna kalilip Nata
suka Sang Aprabu
geng boga amanis rengga
ngupajiwa ing wadya anjunjung
linggih
keh kinula wisuda.

2. Setelah lama diceritakan lagi
Ki Buyut Kerawang memelihara
anak
anak laki-laki telah dewasa
bertanyakan ayah serta ibunya
Ki Buyut membujuk merayu,
"Janganlah bertanya Tuan
duh cucuku
Engkau tidak punya orang tua
engkau buyung, kutemukan
ketika mencari ikan di Sungai
Kerawang.

2. *Wusnya lami cinarita malih*
Kyai Buyut Kerawang mong putra

putra sampun diwasane
atakon rama ibu
Kyai Buyut angarih-arih
aja ataken Bendara
babo putoningsun
nora duwe yayah rena
sira uga kulup geningsun amanggih
bara kali Kerawang.

3. Engkau ditempatkan dalam
kendaga emas."
Ki Jaka tak dapat ditahan
memaksa menuntut berucap
marah,
"Engkau Kaki dan saya
apakah berbeda tidak serupa
manisnya?"
Ki Buyut Kerawang
tersenyum bangga dalam hatinya
terselubung berkata manis,
"Ya. Engkau anakku sendiri,
Buyung."
Ki Jaka tidak suka.

3. *Winadhahan ing gandhaga rukmi."*

Ki Jaka datan kena ingampah
meksa ngudi sreng wuwuse,

"Sira Kaki lan ingsun
apa beda sarupa manis?"

Kyai Buyut Kerawang
mesem ing tyas jumbul
sebda manis semudana,
"Iya sira anak ingsun dhewe
Kaki."
Ki Jaka nora rena.

4. Berkata dalam hati Ki Buyut Kerawang
"Andai kata dahulu kubuat bohong
supaya hatinya senang."
Maka berkatalah semanis madu,
"Kalau tak senang hatimu
pulang pergi, katakan kepadaku."
Kata Badung, "Baiklah
diutus apa Gusti
senyampang pagi, jika mampu
apa hadiahnya?"

24. Sri Narendra angandika
"Yen sira ingsun tampani
kelamun sira kaduga
ingsun utus marang nagri
Pajajaran sak iki
tulak matura maring sun."
Badung matur sandika
ingutus punapa Gusti
pumpung enjing yen dugi ganjar
punapa?"

25. Sri Raja bersabda pelan,
"Ya. Engkau saya beri hadiah
wanita cantik putraku.
Ambilkanlah saya bibit
segala macam hewan buruan hutan
dari Pajajaran, jika engkau berhasil
kepada Kakanda Adipati
Jika tak berhasil saya bunuh
sebab engkau berkata bohong
kepada Raja."

25. Sang nata alon ngandika
"Iya sun ganjar sireki
wanodya yu putriningwang
Ingsun pundhutena wiji
buron wana sakwerni
Pajajaran yen sira tuk
mring Kakang Adipâtya
Yen tan oleh sunpateni
sabab sira matur dora Sri
Narendra."

26. Ki Badung menyanggupi
pamit menyembah lalu segera
pergi
jalannya bagai kilat
sekejap mata saja telah tiba
di Pajajaran bertemu dengan
Arya Bangah sembahnya
"Gusti, hamba diutus
Adinda Paduka Raja
Majapahit Sang Sri Raja Brawi-
jaya."

26. Ki Badung matur sandika
amit nembah mentar aglis

lampahira kadya kilat
sakedhep netra gya prapti
ing Pajajaran kapanggih
lan Arya Bangah umatur,
"Gusti, kula dinuta
rayi Paduka Narpati
Majalengka ri sang Prabu Brawi-
jaya."

27. Minta bibit hewan buruan hutan
bermacam-macam yang lengkap.
Sang Dipati Arya Bangah
menjawab menyanggupi
Ki Badung pun diberi
segera tabung tertutup
di dalamnya berisi hewan
buruan hutan
dipesan sungguh-sungguh
tabung itu panjangnya hanya
sehasta.

27. Mundhut wiji buron wana
warnine den amepeki.
Sang Dipati Arya Bangah
sandika dennya mangsuli
Ki Badung denparingi
bumbung tinutup pan gupuh
jro isi buron wana

winekas winanti-wanti
bumbungira panjange namung
saasta.

28. "Badung ini jangan sampai
kaubuka di perjalanan."
Berkata sanggup dan segera minta
diri
dari depan sang Dipati
Jalannya bagai kilat
sambil menjinjing tabung
jalannya lewat selatan
tiba di Brongkol dilihat
tutup tabung dibuka keluar suara-
nya.

28. "Badung iku poma-poma
ja sira bukak neng margi."
Matur sandika mit mentar

ing ngarsanira Dipati
lampahira lir thathit
pan sarwi anyangking bumbung
medal kidul lampahnya
mendhak ing Brongkol ningali
tutup bumbung binukak medal
swaranya.

29. Berdengung suaranya
Ki Badung menutup lagi
segera laju jalannya
tiba di Pancal dilihat lagi
berduyun-duyun keluar lagi
namun rupanya tidak tahu
lalu meneruskan perjalanan
tiba di Brosot dilihat lagi
suara dengung gemuruh segera
ditutup lagi

29. Apan kumerut swaranya
Ki Badung enggal nutupi
gya lajeng ing lampahira
prapteng Pancal aningali
gumrudug medal malih
nanging warnane tan weruh
lajeng dennya lumampah
prapteng Brosot aningali
pan kumerut swaranya glis
tinutupan

30. Telah lanjut jalannya maka tiba
di Grogol dibuka lagi
tak tahu juga rupanya
habislah tercecer di jalan
tidak tahu juga
rupa isi dalam tabung

30. Wus lajeng lampahnya prapta
ing Grogol binukak malih
meksa tan wruh warnanira
telas kekecer neng margi
ameksa tan udani
warna isi jroning bumbung

Maka Badung segera tiba
Sri Raja masih di penghadapan
Badung mendekat ke depan,
heranlah segenap bala.

Ya ta Badung glis prapta
sang Nata taksih tinangkil
Badung munggeng ngarsi byantara
cingak gung wadya.

31. Badung melapor kepada Sri Raja
telah dilaporkan segala yang diperintahkan
dan melaporkan tanda-tanda
tabung dipersembahkan Raja
heranlah Sri Raja
akan kesaktian Ki Badung
tabung segera dibuka
ternyata kosong tidak berisi
Sri Raja pelan sabdanya,

31. Badung matur ing Narendra
sampun katur reh tinuding

lan ngaturaken pratandha
bumbung katur ing sang Aji
ngungun Sri Narapati
marang sektine Ki Badung
bumbung binukak agya
binukak suwung kang isi
Sri Narendra alon denira ngandika,

32. "Hai Badung, apa sebab
halnya tabung ini kosong?"
Badung menyembah berkata sebenarnya
bahwa dibuka di perjalanan
Marahlah Sri Raja
"Badung saya minta ganti
bibit-bibit yang hilang
kembalikan sehari ini juga
kalau tak bisa pasti engkau saya bunuh."

32. "Heh Badung apa karannya
denen bumbung tánpa isi?"
Badung wotsekar tur setya

yen binukak wonten margi
duka Sri Narapati
Badung ingsun mundhut tempuh
wiji kang padha ilang,
ulihna sadina iki
yen tan bisa pesthi sira ingsun lunas."

33. Ki Badung menyanggupi
sambil menengok kanan kiri
sekejap mata telah tiba
hewan buruan hutan lengkap
terjelma di alun-alun
berkelompok-kelompok tempatnya
heranlah segenap yang melihat
halnya banyak hewan buruan
bermacam-macam, Sri Raja tertarik melihatnya.

33. Ki Badung matur sandika
sarwi noleh nganan ngering
sakedhep netra glis prapta
buron wana amepaki
ngalun-alun matitis
tatap pepanthan genipun

gawok sagung tumingal
dene keh buron wanadri
warna-warna sang Nata mulat kasmaran.

XXXVI. ASMARADANA

1. Bala disuruh mengejar
kijang rusa dan banteng
serta kancil gemuruh suaranya.
Sri Raja amatlah senang
tentara berlaga dengan harimau
ada yang meninju ada yang memukul
dengan banteng sekali saja.

2. Ada yang dengan kijang dan kancil
sesuka bala tentara
gemuruh suara segenap orang
dengan bunyi buruan hutan
dengan orang yang menambat rusa
amat senanglah hati Sri Raja
melihat segenap bala bercengkerama.

3. Setelah Sri Baginda
demikian cipta isi hatinya,
"Bagaimanatah akhirnya
kini telah terlaksana
yang jadi kehendakku
tidak urung sungguh ki Badung
meminta anugerahnya."

4. "Hai Badung segeralah
segenap buruan hutan itu
tempatkanlah semuanya
ke dalam tengah hutan
kini kehendakku
jangan ada di alun-alun."
Badung menyanggupi lalu pergi.

5. Sri Baginda kembali ke istana
Ki Badung lepas jalannya
menggiring segenap buruan hutan
dikembalikan ke hutan
kehendak Ki Badung

XXXVI. ASMARADANA

1. Wadya kinen bujung sami
kijang menjangan andaka
kancil agumrah swarane.
Sang Nata kelangkung suka
wadya tarung lan sima
weneh bithi ana jagur

karo bantheng kapisanan.

2. Ana karo kidang kancil

sasukane wadya bala
gumrah sagung wong swarane
miwah unine bron wana
myang wong ngunger menjangan
langkung suka Sang Aprabu
mulat dadya gung cangkrama.

3. Sawusnya Sri Narapati
mengkono ciptaning driya,
"Paran baya wekasane
ing mangke wus kaleksanan
kang dadya karsaningwang
tan wurung sida Ki Badung
anagih ganjaranira."

4. "Heh Badung sira denaglis
sakehing kang buron wana
lah iku panggokna kabeh
marang satengahing wana
samengko karsaningwang
aja na ing ngalun-alun."
Badung tur sandika mentar.

5. Nata kondur mring jro puri
Ki Badung lepas lampahnya
nggiring buron wana akeh
winangsulaken mring wana
Ki Badung karsanira

akan menghadap kepada ayahnya
Perjalanannya telah tiba di pertapaan.

sowan mring sudarmanipun
lampahe prapteng pertapan.

6. Sang pendeta bertanya dengan sabar,
"Badung dari mana engkau?"
Badung mengatakan segala peristiwanya
bahwa dari Majapahit
sejak awal hingga akhirnya
telah disampaikan semuanya
Ki Ajar pelan katanya

6. *Sang pandhita tanya aris,*
"Badung teka ngendi sira?"
Badung matur niskarane
lamun sangking Majalengka
purwa madya wusana
pan sampun katur sadarum
Ki Ajar alon ngandika

7. "Jika demikian kehendakku
kembalilah ke negeri
sebarang kehendak Raja
semuanya sanggupilah
saya tak akan menegakan kau
namun sungguh-sungguh pesanku
"Jika kelak engkau telah bertemu

7. *"Yen mangkono karsa mami*
balia marang nagara
sabarang karsane Rajeng
kabeh sira saguhana
mangsa sira sun tegakena
nanging poma wekasingsun
"Yen nenjang sira wus panggya

8. dengan sang Putri Majapahit
jangan kau kira-kira
tunggulah serelanya
jangan tergesa engkau bersebadan
jika sang Putri
belum menjadi kehendaknya
dan lagi pesanku kepadamu.

8. *lan sang Putri Majapait*
aja sira taha-taha
lan antinen saklunture
ja geru sira cumbana
menawa sang Kusuma
durung dadi karsanipun
lan maneh wekas manira.

9. Jika engkau pada malam hari
melihat sesuatu
jangan kau ganggu
Sudahlah Badung kembalilah
ke negeri Majapahit."
Badung pun menyembah lalu melesat dan tiba
di negeri Majapahit.

9. *Yen sira kala ing wengi*
ana rupa kang katingal
aja sira ganggu gawe
Wis Badung sira balia
mring nagri Majalengka."
Badung nembah mesat rawuh
nagari ing Majalengka.

10. Bertepatan Sri Raja
hadir di Sitihinggil
bersemayam di singgasana emas

10. *Marengi Sri Narapati*
miyos munggeng sitibentar
lenggah dhampar kencanane

lengkap segenap yang hadir
Patih Gajah Permada
Ki Jaka Badung masuk
di depan lalu menyembah.

pepak sagung kang sumewa
Patih Gajah Permada
Ki Jaka Badung cumundhuk
ing ngabyantara wotsekar.

11. Melaporkan ulah perintah
sejak awal hingga akhir
terserah kehendak Sri Raja."
Sri Raja mematung mendengar
akhirnya pelan bersabda,
"Saya tak usah memeriksa
saya tanyai putriku."

11. Ngaturken solah tinuding
ing purwa wusana tamat
sumangga karsa Sang Rajeng."
Sang Nata jenger miarsa
wekasan lon ngandika,
"Tan susah mariksa ingsun
suntarine putraningwang."

12. Usai dihadap Sri Raja masuk istana
sang Putri dipanggil maka tiba
ditanya mau tidaknya, tidaklah
dipaksa-paksa ya tak mau juga
sedih hati Raja
akhirnya bersabda,
"Nini jalanilah.

12. Jengkar ngedhaton Sang Aji

sang Putri ngandika prapta
tinantun sanget lumuhe
pineksa-peksa tan arsa
wagugen tyas Narendra
wusana ngandika arum,
"Nini sira lakonana.

13. Jangan sampai raja ingkar
lebih baik mintalah yang tidak ada."
Sang putri menahan air mata
karena dipaksa orang tua
maka pelan sembahnya,
"Hamba menjalani kehendak Paduka
namun hamba punya permohonan.

13. Ja nganti cidra narpati
ngur mundhuta kang tan ana."

Sang Dyah angemu waspane
dene pineksa sudarma
dadya lon aturira,
"Lun nglampahi karsa Prabu

nging amba gadhah panedha.

14. Buatkanlah yang bersinar indah
empat buah kolam yang besar
selesai dalam semalam
empat telaga tersebut
tempat untuk berenang-renang
gedung rumah yang besar-besar pula
siap untuk memasak.

14. Damelna ujwala adi
lan beji catur kang pelak
dados sedalu mangke
telagi catur punika
prantosipun lelumban
gedhong dalem kang gung-agung

ulah-ulah den samekta.

15. Tanaman yang bermacam-macam
lengkap
buah-buahan pun lengkap
yang enak lagi masak di pohon
demikian juga bunga-bungaan
jangan ada yang kelewatan."
Sri Raja bersabda,
"Baiklah Nini, tinggallah baik-baik

15. Pepethetan kang mepaki

wohwohanipun apepak
kang eca mateng uwoh
tuwin ingkang sesekaran
sampun wonten klangkungan."
Sang Nata ngandika arum,
"Lah iya Nini karia.

16. Saya akan keluar
memerintahkan permohonanmu."
Maka segera keluarlah Sri Raja
diiring penggawa lengkap
tiba di Sitihinggil
bersemayam di singgasana
yang hadir menghadap masih
lengkap.

16. Sun arso miyos mring jawi
dhawuhken pundhutanira
Nulya miyos jeng sang Rajeng
ginarebek ing biyada
wus rawuh Sitibentar
alenggah dhampar sang prabu
kang sewaka taksih pepak.

17. Di Pagelaran rapat
menanti kehendak raja.
Sri Raja bersabda manis,
"Panggillah si Badung."
Jaka Badung diperintah
diiring tiba di depan Raja
merendah sambil menyembah.

17. Munggeng paglaran apipit
angantos karsa narendra.
Sang Nata manis sebdane
"Lah Si Badung timbalana."
Jaka Badung ngandikan
kerit prapta ngarsa Prabu
mendhak sarwi awotsekar.

18. Sri Raja bersabda manis,
"Hai Badung perintahku
putriku punya permintaan
buatkan taman
yang lengkap bunganya
serta empat telaga
selesai dalam sehari.

18. Sang nata ngandika manis
"Lah Badung parentah ingwang
putraningsun pundhutane
karyakena pertamanan
kang mepaki kembangan
kalawan talaga catur
padha sawengi sadina.

19. Untuk mandi kelak
rumah serta taman."
Badung pun menyanggupi
menyembah dan minta diri
tiba ke arah barat
matahari tenggelam
telah masuk, sunyilah dari
keramaian orang.

19. Kinarya siram ing benjing
dalem miwah pepethetan
Badung sandika ature
wotsekar mentar neng ngarsa
prapta pernah repatya
Ywang Bagaspati sumurub
wus manjing sirep ing jalma.

20. Jaka Badung segera bersamadi
bersedekap bersamadi
memohon kepada sang Dewa
menutup lubang badan
yang sembilan buah
mematikan panca indera
mengheningkan pandang mata.

20. Jaka Badung gya semadi
sedhakep saluku tunggal
nenuwun mareng Dewane
amepeti kang babahan
hawa sanga sedaya
mateni pancadriyeku
angeningken kang paningal.

21. Telah mati di dalam hidup
hidup di dalam mati
tiada melihat tiada mendengar
serupa tak terlihat
ada bau tak dibau
ada suara telah tak terdengar
menjadi dingin puncak hidungnya.

21. Wus mati sajroning urip
urip sajroning palastra
tan dulu tan mursamake
sarupa tan tiningalan
na ambu tan ginanda
na swara wus tan rinungu
dadya tis agrana sika.

22. Tak berucap hanya pandang hening
maksudnya memusatkan perhatian
hening akan penglihatan
grana artinya hidung
sika puncaknya hidung
yang dipandang oleh mata
hanya puncak hidung.

22. Tan ngucap mung tingal ening
tegese tisgrana sika
ngening marang paningale
grana irung tegesira
sika pucuking grana
kang pinandeng tingalipun
namung sapucuking grana.

23. Telah tampak menyatu
jiwanya telah tiada berkehendak
lalu menyatu seketika heningnya
hanya sang Hyang Wasesa
mohon telah menjadi satu
memohon kepada Dewa Agung
diberi rupa indah.

23. Katingal wus dadya siji
kang jiwa wus nir karsanya
dyan limut sakala ninge
namung sang Hyang Wasesa
minta wus dadya satunggal
aminta marang Dewa Gung
pinaringan warnendah.

24. Rupa buruk agar dapat musnah
sangat sedih di dalam hatinya
ditolak oleh si cantik
rupa buruk telah musnah
batinnya telah tahu
mohon taman kolam empat
jadilah seketika itu

24. Warni awon sageda nir
langkung nangis jroning nala
tinampik marang Sang Sinom
wus enir awon kang warna
ing batin wus uninga
minta taman beji catur
dadia padha samangkya.

25. Dikabulkan oleh Dewa Adi
taman beji telah jadi
serta telah berubah rupa
Badung amat rupawan
warna jelek telah sirna
Badung pun telah menjadi sakti sekali
sudah kehendak Batara.

25. Tinurutan mring Dewa di
taman beji sampun dadya
sarta wus salin warnane
Badung langkung bagusira
warna ala wus sirna
Badung wus sekti pinunjul
pinasthi Bethara mulya.

26. Hindar lepas dari sanggar segera
menghadap Sri Raja.
Sang Raja terkejut penglihatannya
kedatangan Badung bagai kilat
Sri Raja pelan sabdanya,
"Siapakah engkau yang menghadap."
Menyembah sambil berkata,
"Hamba Gusti

26. Mentar sangking ngujwala glis
tumameng ngarsa Narendra
Sang Nata kagyat tingale
praptane Badung lir kilat
sang Nata loh ngandika,
"Sapa kang prapta sireku
tur sembah, "Gusti kawula.

27. Hamba Badung yang ditunjuk
menjalankan tugas raja
permintaan putri Paduka
taman sari dan empat kolam
telah jadi semuanya
silakan kehendak Paduka Raja."
Amat heranlah Sri Raja.

27. Pun Badung ingkang tinuding
nglampahi karsa nalendra
putra dalem pundhutane
beji catur taman sekar
sampun dadya sedaya
sumangga karsa sang Prabu."
langkung ngungun Sri Narendra.

28. Halnya dia kelewat sakti
dan bagus rupanya
Sabda Sri Baginda,
"Baiklah Badung, terima kasih."
Sri Raja masuk istana
dijemput para putri
tiba di *prabayeksa* (rumah besar dalam istana) lalu bersemayam.

28. Dene ta kaliwat sekti
lan mangke bagus kang warna
Sang Nata alon sabdane,
"Iya Badung suntarima."
Nata kondur mring pura
pinethuk keng para arum
prapteng prabayeksa lenggah.

29. Dikelilingi para putri cantik
segera sang Putri diberi tahu
sang Putri tiba dari istananya
sabda Sri Baginda,
"Permintaanmu, sayang
taman sari empat telaga
kini telah jadi, Nini.

29. Ingayap kang para manis
nulya sang Putri ngandikan
sang Retna prapta purane
sang Nata alon ngandika
"Nyawa pundhutanira
tlaga catur taman santun
ing mengko nini wus dadya.

30. Serta Ki Badung kini
rupanya sangat bagus."
Sang Putri mendengar sabda
ayahnda, amatlah jatuh hati
"Hai sayang, bersih-bersihlah!"
Sang Putri menyembah
pergi dari depan Raja.

31. Tiba di tempat sang Putri
diiring segenap inang pengasuh
Ujar sang Putri
kepada para dayang-dayang,
"Bibi, lihatlah segera
benarkah bahwa di Badung
kini rupanya bagus?"

32. Dayang-dayang pun menjawab,
"Ya Gusti hamba mendengar
panggilan ayah Paduka Gusti
Badung rupanya bagus."
Adapun *keparak* (abdi dalam
istana) luar
yang mengiring Sri Raja
bersembah kata kepada sang Putri.

33. "Ya Gusti. Sungguh berganti kulit
si Badung bagus sekali."
Sang Putri pelan katanya,
"Dia seperti ular
dapat berganti kulit juga."
Jawab dayang-dayang dengan
santun,
"Ya Gusti, memang demikian.

34. Mulanya jelek sekali
kini bagai sang Dananjaya."
Sang Putri tersenyum hatinya
"Apatah telah dipastikan oleh
Dewa
itu jodohku
dari jelek berubah bagus
serta lebih sakti."

30. Lawan Ki Badung ing mangkin
warnane bagus utama.
Sang Retna mireng sabdane
ing rama langkung kagiwang
"Lah nyawa reresika!"
Sang Retnayu awotsantun
lengser sangking ngabyantara.

31. Prapta kaputren sang Dewi
ingayap sagung pawongan
sang Retna lon ngandikane
dhumateng ing embanira,
"Biyung pirsanen enggal
apa ta nyata si Badung
warnane bagus ing mangkya.

32. Emban inya matur aris,
"Dhuh Gusti mireng kawula
rama dalem timbalane
pun Badung warnane pelak."
Ya ta kaparak jaba

ingkang andherek sang Prabu
nembah matur mring sang Retna.

33. "Dhuh Gusti yektos mlungsungi
pun Badung sigit kalintang."
Sang Retna lon timbalane,
"Dene ta lir pendah ula
bisa mlungsungi uta."
bok emban alon turipun,

"Ugi Gusti makatena.

34. Kang wau awon nglangkungi
mangke kadya Dananjaya."
Sang Retna mesim tyase
"Baya wus pesthine Dewa

iku jatukramengwang
dene ala dadi bagus
sartane luwih kuwasa."

35. Sang bak Ratih telah berbusana
rupanya semakin cantik
telah menghadap ayahanda Sri Raja
maka Badung pun dipanggil
akan dipertemukan
dengan sang Putri
perayaan pesta tak diceritakan.

35. Wus busana sang lir Ratih
warnane saya yu endah
wus marek rama sang Rajeng

nulya Badung tinimbalan
arsa pinanggihena
lan putra sang Retnaningrum
rerenggane tan ginustha.

36. Agar lancar ceritanya
telah bersanding Putri
tetapi belum berapa lama
Jaka Badung dengan sang Putri
ingat akan pesan ayahnya
maka belum bersebadan
Demikianlah sang Putri.

36. Mrih gancangken caritaning
wus panggih sang Retnaning Dyah
nanging dereng antarane
Jaka Badung lan sang Retna
emut weling sudarma
mila ta dereng salulut
wau ta ri sang Juwita.

37. Agak kecewa di dalam hatinya
menanti kasih suaminya
susah sekali belum bersebadan
kesulitan hatinya
sang Putri tadi
mempunyai dugaan lain
dipikir wadat asmara.

37. Esmu cuwa jroning galih
angantos esih kang raka
mirong dereng saresmine
pakeweding driyanira
wau ta sang Kusuma
asanes grahitanipun
ginalih wadat asmara.

38. Halnya telah tujuh malam
Ki Badung tidak berkemauan
sang Putri akan beristirahat
lalu sang Putri naik ke tempat tidur
pada waktu tengah malam
Badung di bawah bagian kaki tempat tidur
sang Putri tidur pulas.

38. Dening sampun pitung latri
Ki Badung tan darbe karsa
Sang Retna sela adane
Sang Dyah minggah ing paperman

tengah dalu wancinya
Badung aneng daganipun

Sang Retna kapati nendra.

39. Segera tampak ular besar (naga)
sebesar batang pinang
keluar dari kemaluan
kain panjang sang Putri
buas bagai menyergap.
Ki Badung berhati-hati akan bahaya

39. Nulya na teksaka keksi
agengnya sawiting wohan
amedal sangking pawestren
nyampingira sang Kusuma
galak kadya nahuta
Ki Badung prayitneng kewuh

segera menarik kain cundrik
(semacam belati).

agya narik cundrikira.

40. Lupa akan pesan orang tuan
naga segera dipegang
dicundrik sehingga memancar darahnya
jatuh ke betis sang Putri
segera bangkai naga
ditarik ke luar
disampirkan pada gapura.

40. Supe welinge sudarma
kang naga gya acinandhak
cundrik rampung muncar rahe

dhawah wentis ing sang Retna
gya kunarpane naga
pan sineret medal sampun
sinampirken gapura.

41. Ki Badung segera kembali
namun cundrik pun masih dipegang
hendak menghapus darah
yang ada di betis sang Putri
diusap dengan tangan kiri.
Sang putri terkejut terlompat
melihat Badung membawa senjata terhunus.

41. Ki Badung wangsulira glis
nging cundrik maksih ingasta

pan arsa ngusapi rahe
kang neng wentise sang Retna
ingusapan asta kiwa.
Sang Retna kagyat anjumbul
mulat Badung ngliga gaman.

42. Sang Putri segera berteriak sambil berlari
ke istana melapor kepada ayahnya
ketika itu Sri Raja sedang beradu
terkejut maka Sri Raja duduk
sang Putri pun menyembah
sambil berteriak berkata
Sri Raja melihat putranya.

42. Sang Dyah jrit lumajeng aglis

mring pura matur kang rama
sang Nata pinuju sare
kagyat lenggah Sri Narendra
sang dyah sumungkem pada
sarya anjelih umatur
sang Nata mulat ing putra.

43. Datang malam-malam sambil menjerit
Sri Raja cepat bersabda,
"Putriku sayang
ada apakah, berkatalah,
datang sambil menangis?"
Sang Putri bersembah
sambil menangis tersedu-sedu,

43. Dalu-dalu prapta anjrit

sang Nata gupuh ngandika
"Dhawuh putraningsun angger
ana apa, lah matura,
dene prapta karuna
Sang retna nembah umatur
sarwi muwun pegat-pegat,

44. "Duhai Ramanda, kemasukan sandi

44. "Dhuh Rama klebetan di

si Badung jelek ulahnya
berniat akan membunuh
kepada hamba
hamba baru saja disiksa
maka segera lari
Oh Ramanda hamba mati."

pun Badung awon tingkahnya
badhe mejahi sedyane
dhumateng badan kawula
kula panuju kasiksa
mila lumajar agupuh
dhuh rama kawula pejah."

45. Ketika mendengar laporan putrinya
Sri Raja amat marah
Badung dipanggil segera
tiba di hadapan Raja lalu menyembah
segera Sri Raja meragut
rambut Ki Badung
diragut ditarik ke tanah.

45. Duk myarsa ature kang siwi

sang Nata kelangkung duka
Badung tinimbalan age
prapta ngarsa awotsekar

sang Nata agya jambak
mring rambutipun Ki Badung
inukel linarak kisma.

46. Disakiti dan ditendangi
Badung merintih mengibakan
"Hamba tidak berdosa Baginda
semoga memberi ampun."
Sri Raja keras sabdanya
"Mengapa engkau itu
akan membunuh putriku?"

46. Pinilara denjejeki
Badung sambate mlas arsa
"Boten dosa kula Rajeng
den geng paring pangaksama."
Sang Nata asru ngandika,
"Pagene teka sireku
arep nyidra putraningwang.

47. Badung menyembah sambil berkata sesungguhnya,
"Duhai Gusti tiada niat
mempunyai pikiran yang bukan-bukan
hamba laporkan awal
tengah serta akhirnya."
Sri Raja keras sabdanya,
"Teruskanlah laporanmu!"

47. Badung tur setya ngabekti

"Dhuh Gusti boten sumedya
gadhah acipta kang dede

kawula ngaturken purwa
madya dhateng wasana."
Sang Nata ngandika asru,
"Lan tutugna aturira."

48. Badung menyembah dan melapor
"Ketika sang Putri tidur
hamba tunggu di bagian kaki
ada ular yang keluar
dari dalam kain
kain panjang sang Putri
akan menyergap hamba.

48. Badung kula tur wotsari
"Kala sang Putri anendra
kawula tengga dagane
wonten sarpa ingkang medal
sangking lebeting sinjang
nyampingipun putra prabu
badhe nyaut dhateng amba.

49. Baru akan mulai
segera hamba pancung
dengan cundrik yang hamba pakai
ular kena darah keluar
memancar banyak sekali
menetes pada betis sang Putri
ular tewas hamba tarik.

49. Saweg badhe angayati
anunten kawula pancas
cundrik kang kawula angge
sarpa kenging erah medal
nyemburat langkung kathah
tumetes wentis sang ingrum
sarpa pejah kula larak.

50. Setiba di luar
bangkai ular hamba sampirkan
pada kayu
kayu sari itu
lalu kembalilah hamba
akan menghapus darah
pada betis sang Putri
baru akan hamba usap

50. Saweg dhumateng ing jawi
bathang lun sampirken wreksa

santun puniku wiyose
nunten awangsul kawula
badhe ngusapi erah
ing wentis putra sang Prabu
saweg badhe kula usap

51. hamba masih memegang cundrik
sang Putri terkejut lalu lari."
Sri Raja mendengar laporan itu
bersabda namun masih marah
disuruh memanggil
serunya, "Jineman, cepat
telitilah ke taman.

51. kula teksih nyepeng cundrik
sang Putri kagyat lumajar."
Sri Narendra mirsa ture
ngartika nging meksih duka
kinen animbalana
andika, "Jineman gupuh
priksanen marang ing taman.

52. Ya, apakah sungguh ada
bangkai ular disampirkan
pada dahan batang kayu naga-
sari?"
Bentara menyanggupi
segeralah pergi
telah tiba di taman sari
di bawah kayu sari.

52. Iya apa na sayekti
bathang ula sinampirna
ing epang nagasarine?"

Gandhek umatur sandika
wotsekar agya mentar
sampun prapta taman santun
ing ngandhaping kajeng puspa.

53. Diperiksa sungguh ada
bangkai ular disampirkan dahan
kayu nagasari
yaitu yang disebut ular Naga
Puspa
Bentara kembali segera tiba
di hadapan raja menyembah

53. Pinirsa wonten sayekti
bathang ula semampir pang
wreksa nagasari mangke
iya Nagapuspa aran

Gandhek wangsul glis prapta
byantara nata wotsantun

semuanya dilaporkan kepada Sri Raja.

XXXVII. SINOM

1. Adapun dia yang dipenjarakan
Ki Badung amatlah sedih
Ada lagi yang diceritakan
naga yang dibunuh tadi
oleh Badung ketika malam hari
halusnya naga tersebut
telah berupa satria
nama Sukmanyalawadi
rupa bagus seperti putra Parta

2. Pelan-pelan segera undur sang Putri
bersuara dengan satria bagus
seperti sang putra Arjuna
nama Sukmanyalawadi
memeluk kepada sang Putri
Adalah pula diceritakan
yang tinggal di dalam sangkar
yang bernama Murtengsari
menjelma keluar dari sangkarnya.

3. Merebut istrinya
sang Putri kesulitan hatinya
karena diperebutkan oleh satria
sama-sama bagus rupanya
keduanya pun sama saktinya
muda tenar mahir berperang
namun sang Putri telah cinta
kepada Sukma Murtengsari
sang Putri melapor kepada ayahanda sang Brawijaya.

4. bahwa diperebutkan oleh satria
keduanya sama rupawan
nama Sukma Murtengsekar

niskara katur Sri Nata.

XXXVII. SINOM

1. Kuneng ingkang kinunjara
Ki Badung sanget prihatin
Wonten malih cinarita
nga kang dipunpejahi
mring Badung duk ing wengi
alusing sarpa puniku
sampun warni satriya
nama Sukmanyalawadi
warna pekik lir pendah Parta atmaja.

2. Gya mundur ririh sang Retna

kepanggih satriya sigit
lir pendah Arjuna putra
juluk Sukmanyalawadi
mangrangkul maring sang Putri
Ya ta malih kang winuwus
kang aneng jro kurungan
kang jejuluk Murtengsari
ngraga sukma medal sangking kurungan

3. Angerbat dhateng kang garwa
sang Retna kewran ing galih
dene rinebat satriya
samya baguse kang warni
kalih sektine sami
taruna kaloking pupuh
ning sang Dyah sampun trisna
marang Sukma Murtengsari
sang Dyah matur mring rama sang Brawijaya.

4. Yen rinebat ing satriya
kekalih baguse sami
nama Sukma Murtengsekar

kedua nama Sukmanyalawadi
kesulitanlah Sri Raja
segera memanggil Badung
disuruh membebaskan
dari penjara besi
setelah menghadap segera
ditunjuk oleh raja.

kalih nama Sukma Nyalawadi
kewran Sri Narapati
gya nimbali marang Badung
wus kinen ngluwarana
sangking ing kunjara wesi
prapteng ngarsa gya tinuduh
mring narendra.

5. Ditugasi menangkap penjahat
keduanya sama-sama sakti
Badung pun sanggup
Ikatan pun dilepas
Badung mohon diri
mundur dari hadapan Raja
telah tiba di taman
rumah istrinya
Badung berucap, "Mana penjahat-
nya?

5. *Kinen anyekela dustha*
kekalih samya sinekti
Badung umatur sandika
pusara wus denuculi
Badung amit wotsari
lengser sangking ngarsa Prabu
wus prapta pertamanan
dalemira sang Retnadi
Badung mojar, "Lah endi dhustha
prawira?

6. Mari! Tandingilah aku
menantu Sri Raja
bujang keluar dari pertapaan
suami Sekar Kemuning
Mari perang berdua."
Yang di dalam mendengar tan-
tangannya
keduanya bersama membunuh
Badung jatuh tewas
menjelmalah Badung bak Hyang
Kamajaya.

6. *Payo ingsun kembulana*
mantune Sri Narapati
bocah mijil sing pertapan
lakine Sekar Kemuning
Payo yuda kekalih."
Dalem mireng sumbaripun

kalih sareng merjaya
Badung tiba angemasi
ngraga sukma Badung lir Ywang
Kumajaya.

7. Sekarang berganti nama
sebutan Sukmangumbara
melawan sambil memekis
ketiganya bertempuh perang
Murtengsari terdesak
masuk ke dalam sangkarnya
tinggal Sukmangumbara
berperang dengan Sukmanyala-
wadi
masih ramai peperangan mereka
berdua.

7. *Yen ing mangke ngalih aran*
juluk Sukmangumbaradi
umangsah sarwi sesumbar
tetiga campuhing jurit
Murtengsari kalindhih
lumebeng sengkeranipun
kantun Sukmangumbara
prang lan Sukmanyalawadi

teksih rame denira abanda yuda.

8. Tak ada yang mengecawakan
keduanya sama-sama pemberani
mengajak berunding menjadi satu
agar perang itu berakhir
Ki Sukmangumbara
membenamkan diri dalam derum-
nya
segera Sukmanyalawadi
menyusup ke Sukmangumbara
telah bersatu Ki Badung raganya
lalu.

8. Tan ana ingkang kuciwa
samya prawiranya kalih
ngajak rembugan dadya tunggal
mrih wekasane jurit
Ki Sukmangumbaradi
ngerbugi jerumanipun

gya Sukmanyalawadi
manjing Sukmangumbara glis
wus anunggal Ki Badung ragane
nulya.

9. Ki Badung berkata kepada Sri
Raja
melaporkan ulah burung
serta bangkai si naga
yang dibunuh pada malam hari
telah dilaporkan Sri Raja
Mereka berdualah pencurinya
yaitu naga yang tewas
dan satunya burung kesenangan
amatlah takut jika membunuh
burung kesenangan.

9. Ki Badung matur ing nata

ngaturken solahing peksi
kaliyan bathanging naga
kang pinejahan ing latri
sampun katur narpati
kekalih warnine pandung
nenggih naga kang pejah
peksi klangenan satunggil
langkung ajrih yen mejahana
klangenan.

10. Kesulitanlah hati Sri Raja
terdesak oleh laporan nyata
perkutut diambil segera
disembelih oleh Sri Raja
Murtengsari tewas
membayar hutangnya
membunuh ayahnya
di dalam gedung besi
Murtengsari mati dikurung

10. Kewran tyasira narendra
kabetah atur kang yekti
berkutut pindhut agya
sinambeleh mring sang Aji
Murtengsari ngemasi
anyaur sambutanipun
mejahi ingkang rama
neng jroning gedhong wesi
Murtengsari pejah mentas
kinurungan.

11. Telah dipastikan oleh Yang Maha-
kuasa
jika orang pinjam membayar
kembali
hutang kematian dibayar
dengan kematian

11. Wus pinasthi ing Hyang Sukma

yen wong utang anyauri

utang pati nyaur pejah

hutang malu dibayar dengan aib
hutang sakit dibayar sakit
telah ditimbang oleh Yang Maha-
agung
dahulu Siyungwanara
kepada ayahandanya hutang
sakit dan kematian
oleh Dewa digertak berubah rupa.

utang wirang nyaur isin
tang lara nyaur sakit
wus tinraju ing Dewa Gung

nguni Siyungwanara
mring rama tang lara pati

marang Dewa ginetak amalih
warna.

12. Si burung setelah tewas
segera Sri Raja memerintahkan
memasaknya untuk santapan
telah masak disantap oleh raja
nyawa Murtengsari
bersatu dengan Sri Raja
Sri Raja pun bersabda,
"Terima kasih Badung atas kerja-
mu
rukun-rukunlah bersuami istri.

12. Sang peksi wusnya palastra
nulya kinen mring sang Aji
matengi marang padharan
wus mateng dhinahar ji
sukmane Murtengsari
anunggil marang sang Prabu
sang Nata lon ngandika,
"Badung sun tarima kardi

lah atuta denira apalakrama.

13. Berumahlah di Ngujwana
bawalah Nini putri istrimu
serta segera gambarlah
ular yang di nagasari."
Demikian sabda Sri Raja
Badung keluar dari istana
tiba di Ngujwana
ular pun digambar telah jadi
Demikianlah diceritakan sang
Putri di Majapahit.

13. Wismaa aneng Ngujwana
lah gawanen Nini putri
lan age sira gambara
ula kang neng nagasari."
Kuneng sabda Narpati
Badung mijil sing kedhatun
wus prapta ing Ngujwana
sarpa ginambar wus dadi
kawarnaa sang Putri ing Maja-
lengka.

14. Setiba di Ngujwana
sang Raja Putri
dikerumuni oleh segenap inang
pengasuh
bersemayam di bangsal tamansari
sang Putri sakit menangis
hanya teringat kepada
Murtengsari yang tewas
yang menjelma pada burung

14. Sapraptane ing Ngujwana
anenggih sang Raja Putri
ingayap sagung pawongan

lenggah bangsal tamansari
sang Dyah lara anangis
kang ketang mung anggonipun
Murtengsari kang pejah
kang nukma aneng ing peksi

Murtengsari tewas disantap oleh
Sri Raja.

15. Entahlah ulah sang putri
bahkan menghendaki mati
amatlah malu dalam hatinya
setelah tewas sang burung
yang menjadi sebab sakit hati
adalah suaminya Ki Badung
Sang Putri ketika melihat
kepada Badung, panas hatinya
meski marah segera menarik
petaramnya.

16. Mendekati sambil mengumpat-
umpat
Badung diusir tak tergerak
tidak akan mau pergi
sang Putri pun menusuki
kulitnya tak terkelupas
sang Putri pegal hatinya
Badung pun dipegang
didera dikejar-kejar
namun Badung pun tetap diam
saja.

17. Duduk di kolam
disiram dengan air
ditenggelamkan dalam kolam
di dalam air tak tampak
Kemudian pulang ke gunung
bertemu dengan ayahnya
Ki Ajar Gunung Sekar (Gunung-
sari)
bertanyalah kepada sang anak,
"Badung, jadikah engkau diberi
putri?"

18. Ki Badung pun menyembah
melaporkan segalanya dahulu
dari awal hingga akhir

Murtengsari kang pejah dhinahar
nata.

15. Tambuh polahe sang Retna
pan arsa angesthi pati
langkung merang jroning nala
saksirnane ingkang peksi
dadya paraning runtik
marang ing raka Ki Badung
sang retna duk tumingal
mring Badung benter ing galih
nadyan duka age narik patremira.

16. Mara sarwi nguman-uman

tinundhung Badung tan osik
datan bakal purun kesah
sang Dyah anulya anuduki
kulitira tan busik
sang Dyan pegel galihipun
Badung nulya cinandhak
pinala denuncit-uncit
nanging Badung teka akendel
kewala.

17. Pinarak marang balumbang
ginebyuraken ing warih
kasilep aneng balumbang
neng jro toya tan kaeksi
lajeng mantuk mring wukir
panggih lawan ramanipun
Ki Ajar Gunung Sekar

atanya marang kang siwi
"Badung apa sira sida tinariman?"

18. Ki Badung matur anembah
ngaturken niskareng nguni
ing purwa madya wusana

amatlah marah sang Resi
halnya Badung membunuh
naga yang akan menyambar
karena naga itu
pejantanannya sang Resi
menjadi naga sukmanya dirahasia-
kan.

kelangkung duka sang Resi
dene Badung mejahi
naga kang arsa anaut
apan naga punika
pelanangane sang Resi
dadya naga sukmane anyala-
wadya.

19. Ki Badung pun segera didera
diragut ditarik keluar
segeralah diserapahi
bak ular segera berubah rupa
telah menjadi naga kini
besar panjangnya sepenggalah
mata bagai matahari kembar
menangis, masih dapat bicara
menyerah tobat mohon maaf
kepada ayahnya.

19. Ki Badung nylya pinala
jinenggit linarak mijil
apan lajeng sinupatan
lir sarpa gya malih warni
wus dadya naga mangkin
geng panjange sakpenjaluk
netra lir surya kembar
nangis teksih tata ajalmi
asrah tobat nyuwun pangapunten
rama.

20. Ayahnya belas kasihan melihat
sang anak diberitahu
agar bertapa berbenam tanah
serta diberi giring-giring
(klinthing)
disebut Baruklinthing
agar terbebas anaknya
Badung tidak menolak
dibawa ke dalam hutan
tiba di hutan Pening berbenam
tanah.

20. Sudarma welas tumingal
atmaja dipunwarteni
ken tapa mendhem pratala
sarta dipunkalinthingi
ingaran Baruklinthing
dimen ruwat putranipun
Badung datan lenggana
binekta dhateng wanadri
prapteng wana ing Pening
mendhem pratala.

21. Ke utaralah membujurnya
panjang tidak kentara
hanya kepala dan puncak ekornya
yang tidak ditanam di tanah
badannya tidak tampak
tertimbun tanah seperti gunung
setelah demikian
oleh ayahnya, sang Resi
ditinggal pulang ke pertapaan.

21. Pan mangelar ujurira
apanjang datan katawis
mung sirah lan pethitira
kang nora pinendhem bumi
awakira tan keksi
kurugan siti lir gunung
ri sampune mangkana
mring ramanira sang Resi
wus tinilar mantuk dhateng
pertapan.

22. Tidak diceritakan lamanya
orang datang daun pun bergerak
orang Pening bermain ke hutan
memburu kijang dan kancil
sehari tidak beroleh
mereka niat membersihkan desa
duduk-duduk beristirahat
di hutan selatan Pening
tak sengaja badik tercocok ke tanah.

23. Tertusuk keluar darah
maka digalilah tanah di situ
banyak dagingnya berlapis-lapis
mereka senang mengambil daging
siapa datang mengambil
dipotong dibagi rata
banyak hingga tidak kuat
karena banyaknya daging
telah malam maka mereka masing-masing pulang.

24. Semalam mereka memasak
untuk memberi tahu di desa
Maka tersebutlah pagi harinya
sibuk ramailah orang menggoreng
daging telah disapit-sapit
yang memasak nasi amat sibuk
Demikianlah tersebut lagi
Badung Sukma Baruklinting
bagai anak kecil membawa sebatang lidi.

25. Datang berkata minta daging
namun tidak diberi
ke utara ke selatan pun digertak
tempat meminta berpindah-pindah
namun tak beroleh juga
ke dapur minta nasi
tak ada yang memberi juga
Adalah seorang nenek-nenek
memberi dia nasi, daging dan sapitan.

22. Tan kawarna lamenira
wong teka ron bah ngawe
wong Pening andon mring wana
ambedak kidang lan kancil
sadina datan ulih
badhe arsa merti dhusun
leren samya jagongan
aneng alas Kidul Pening
ala nganggur kudhi pinerangken ing lemah.

23. Gumecos medal rahira
dadya dhinudhuk kang siti
keh daginge lapbilapan
bungah samya ngambil daging
sing amara mendheti
pinurak sadayanipun
akeh nganti tan kelar
sangking kehira kang daging
sampun dalu sampun mantuk sowang-sowang.

24. Sedalu samya lah-olah
kinarya uningeng desi
ya ta kawarnaa enjang
arame gegorengi
ulam wus densapiti
ingkang adang ngaru napung
ya ta malih kocapa
Badung sukma Baruklinthing
pindha lare sami bekta sada lanang.

25. Mara nembung jaluk iwak
nanging nora denwenehi
ngalor ngidul pan sinentak
dennya jaluk ngalih-ngalih
nanging meksa tan olih
marang pawon nedha sekul
tan ana ngulungana
nulya na wong nini-nini
angulungi sekul ulam lan sapitan.

26. Yang menyamar anak berpesan
"Jika ada ramai-ramai di luar
mereka berteriak datang bah
segeralah naik ke lesung
pegang entong Nek!"
Si anak segera keluar
ke tempat orang banyak
sambil mengucap bersayembara,
"Siapa sanggup mencabut sebatang lidi jantan?

26. Kang mindha lare awekas
"Yen na rame-rame jawi
padha lok banyu teka
nungganga lesung denaglis
nyangking enthong Nini!"
Punang rare agya metu
mring gone tiyang kathah
sarwi ngucap apasanggiri
sapa sanggup ambedhol kang sada lanang?

27. Jika ada yang (dapat) mencabut lidi jantan
sembelih bagi-bagilah badanku
jika semuanya tak dapat mencabut
semua daging kuambil."
Semua yang mendengar berkata,
"Tancapkanlah kuat-kuat
Buyung, lidi jantanmu itu
kucabutnya dengan tangan kiri
kalau tercabut engkau kubikin sapitan."

27. Yen na medhol sada lanang
denpuraka awak mami
yen tan bedhol sadayanya
sakeh iwak ingsun ambil."
Kang myarsa samya angling,
"Lah tancepna denakukuh
kulup sadamu lanang
sunbedhole tangan kering
lamun bedhol sira sun karya sapitan."

28. Segeralah lidi ditarik ke angkasa
turun tertancap di tanah
segenap orang bekerja
mencabut tiada kuat
mereka menghentak kekuatan
lidi jantan bahkan kokoh
berganti-ganti mencabut
namun tak kuat juga
dagingnya diminta tidak boleh.

28. Gya sada ngulukken tawang
tumurun tumancep siti
sagung wong samya tumandang
ambedhol datan kuwawi
sami ngentek krosaning
sada lanang malah kukuh
genti-genti tumandang
ameksa datan kuwawi
ulamira tinedha tan ana suka.

29. 'Si bagai anak' mengucap,
"Hah, ingkar, rasakanlah nanti."
Dicabutlah lidi jantan
air memancar ke udara
sebesar batang pinang besarnya air
jatuh ke tanah gemuruh
yang bawah besar mata airnya

29. Kang pindha rare angucap
"Heh cidra sandhangen mangkin
Binedhol kang sada lanang
toya macur mring wiyati
sakwit jambe geng warih
tumibeng wisma gumrujug
kang ngandhap geng umbulnya

bingunglah orang-orang berteriak,
"Air!"
Mereka tergelegap terlanda air
tergesa-gesa mereka lari.

30. Tersebutlah yang menyerupai
anak kecil
sungguh Sukmangumbara
berbelas kasihan melihat nenek
tua
dalam lesung hanyut di air
segera dipegang
didaratkan dari air
setelah tiba di darat
dia, Sukmangumbara
dengan nenek tua mendarat bak
negeri yang akan rusak.

geger gung wong alok, "Warih!"

ting gulagep kabubuh dennya
lumajar.

30. Kang mindha lare kawarna

tuhu Sukmangumbara
wlas mulat mring nini tuwa

neng lesung kentir ing warih
nulya cinandhak aglis
ingentasaken king ranu
riwusnya prapteng dharatan
sira Sukmangumbara
lan ni tuwa amentas anglir
srengkara.

XXXVIII. DANDHANGGULA

1. Tiba di darat tak terhingga airnya

maka si nenek tak terhingga ber-
kahnya mengembang
duduk di depannya
bersilanya kokoh
bermula niat tiada kerja
lalu berkata kepada nenek tua itu,
"Sebaiknya engkau itu"
Nenek berkata berbelas kasihan
"Terserahlah bagaimana sebaiknya
sang Bagus
seperintahmu aku turut."

2. Sukmangumbara bicara manis
"Ya kini Nenek kutinggal
Nenek tunggu di sini
jadilah raja
melindungu segenap siluman
di sini beristanalah
menguasai para lelembut
menjaga di Tuntang

XXXVIII. DANDHANGGULA

1. Prapteng dharat tan mantra sing
warih
pan ni tuwa nir warsi mu mekar

alinggih munggeng ngarsane
silanira mabukuh
bayanya sir datanpa kardi
dyan angling pan ni tuwa
"Prayoga sireku."
Ni tuwa matur mangrepa
lun sumangga saprayogane sang
Pekik
sapangreh tan lenggana."

2. Ngandika rum Sukmangumbara
"Ya ing mengko sira ingsun tilar
sira tunggua ing kene
ya jumenenga ratu
ngayomana sakeh dhedhemit
neng kene ngedhatonna
ngreh para lelembut
ambaureksa ing Tuntang

dan di Pening Nenek ratu
dihormati."
Maka setelah demikian.

lan ing Pening sira ratunira bekti."

Ri sampunnya mangkana.

3. Raden Sukmangumbara tadi
berganti nama Raden Pulunggana
ketika itu kehendaknya
pulang ke Majapahit
menengok istrinya sang Putri
tak tersebut di jalan
perjalanannya telah tiba
di negeri Majapahit
Pulunggana tiba di tamansari
tiba di rumah istrinya.

3. *Sira Raden Sukmangumbara*
ngalih aran Raden Pulunggana
semana lajeng karsane
kondur mring Majalangu
atetuwi garwa sang putri
datang kawarneng marga
lampahnya prapta wus
nagari ing Majalengka
Pulunggana anjujug ing tamansari
prapta daleming garwa.

4. Tersebutlah sang Raja Putri
Majapahit, putri Sang Brawijaya
Sekar Kemuning namanya
juga Gendrasari Rukmi
ketika ditinggal oleh suaminya
dahulu
tiada makan dan tidur
wajah agak melayu
badan bak batang pinang kena
angin
menangis siang dan malam

ingat akan suaminya yang hilang.

4. *Kawarnaa sang Raja Pinutri*
Majalengka atmeng Brawijaya
Sekar Kemuning juluke
Gendrasari rukma rum
duk tinilar kang raka nguni

tanpa dhahar lan nendra
citra esmu nglayung
salira mucang kanginan

manca rawat ing siyang lawan
latri
ketang raka kang murca.

5. Ketika itu sang Putri
akan bercengkerama ke Ngujwana
untuk menghibur rindunya
segera pergilah sang Putri
dengan dua orang inang
setiba di Ngujwana
sang Putri telah mandi
kejatuhan peti perlengkapan
berisi kain pengganti yang indah-
indah
sesudahnya berganti kain panjang.

5. *Duk semana kusumaning puri*
pan arsa cangkrama Ngujwana
kinarya nglipur brantane
gya tindak sang lir santun
lawan emban inya kekalih
sepraptane Ngujwana
sang Dyah siram pun
tiban nyoga penyadhahan
isi wastra pisalin kang adi-adi
sawusnya salin sinjang.

6. Memakai pengharum jebat dan kesturi
harum semerbak tak juga menghibur
diperlupa tiada lupa
bahkan makin terindahkan
jika dirasa makin terasa
haru rasanya hati
lalu mengambil bunga
disangkutkan pada sanggulnya
rasa hati tak tenang bahkan merindu
kemudian sang Putri pulang.

7. Setiba di rumah, sang Putri
segera mengenakan busana
inang pengasuh hadir di depannya
sang Putri pun berkata,
"Bagaimana yang terjadi Bibi
si Badung tiada tiba?"
Ni inang menyahut
"Hamba mohon maaf
hamba kira pulang ke gunung."

Demikian yang diceritakan.

8. Matahari telah terbenam

sang Putri belum juga tidur
ketika tengah malam
inang pengasuh telah tidur
hanya sang Putri tak dapat tidur
yang dipikirkannya
kematian Murtengsari
Tersebutlah Raden Pulunggana
telah lama dia mengintip

kepada sang Putri yang belum tidur

9. Pulunggana berpikir di dalam hati
"Bagaimana gerak-gerikku ya

6. Ngagem ganda jebat lan kasturi

amrik ngambar tansaya lipura

linali-lali tan supe
malah saya kagugu
yen rinasa saya ngranuhi
aternyuh raosing tyas
nulya ngambil santun
cinundhukaken ukelnya
raosing tyas ta kenging malah kebranti
nulya kondur sang Retna.

7. Sapraptane dalem sang Retnadi
ya ta nulya angrasuk busana
mban inya mungging ngarsane
sang Retna ngandika rum
"Kaya paran Biyung kang arti
si Badung tan na prapta?"
Ni Emban umatur,
"Kawula anuwun duka
kula dugi mantuk dhumateng ing wukir."
wau kang winurcita.

8. Sampun surup Ywang Pratanggapati
sang Kuwuma pan dereng anendra
tengah dalu ing wancine
mban inya sampun turu
mung sang retna tan saget guling
ingkang cinipteng driya
Murtengsari lampus
warnanen Dyan Pulunggana
sampun dangu wau dennya ngintip tapis
mring sang Dyah dereng nendra.

9. Pulunggana ngartika jro ngati
"Kaya priye mengko pulah ingwang

jika terus masuk saja
tentulah sang Putri
terkejutlah seperti dahulu
jadi ribut di istana
tak urung aku mampus
jika aku tetap di luar
andai melihat wajah bak bulan

kerlingnya bikin asmara."

lamun lumebuwa bae
pantesa sang lir santun
baya kagyat kadya duk nguni
dadi geter ing pura
tan wande sun lampus
lamun sun met aneng jaba
yen tumingal wedana anawang sasi
liringing gawe branta.

10. Sang Bagus segera saja masuk ke puri
terkejutlah sang Putri ketika melihat
satria rupawan di depannya
berpikir dalam hatinya,
"Dari manakah satria ini
sekonyong-konyong tiba
muda lagi bagus?"
Sang Putri tersenyum agak tergoda
Sang Putri lalu dipegang, menolak kehendak
sambil mencegah dada.

10. Tandya lajeng lumebet sang pekik

sang Dyah Ayu kagyat duk tuminggal
satriya bancer ngarsane
ngartika jroning kalbu,
"Lah ta baya satriya ngendi
dene jleg tanpa sangkan
nom warnane bagus?"
Sang Retna esmu kagiwang

Dyan sinambut sang Retna amiwal kapti
sarwi anyengkah jaja.

11. Sang Putri pun dirayu
dielus-eluslah sang Putri Raja
dipandang-pandang wajahnya
sang Putri berkata santun,
"Saya membau sang bagus ini."
dan Raden Pulunggana
tersenyum pelan menyahut
"Seperti Gusti jika membawa
hamba orang menderita

Anda permata putri Raja."

11. Sang Kusuma pan ingarih-arih
denlus-elus Dyah Sri Natanira
sinawang-sawang citrane
ngandika sang lir santun,
"Kula ambet dhateng sang pekik."
Rahaden Pulunggana
mesem lon umatur
"Kados Gusti yen ambekta
pan kawula Gusti tiyang kawlas asih
mirah putraning Nata."

12. Lama kelamaan tahulah sang Putri
tidak lupa bahwa suaminya dahulu

12. Dangu-dangu waspada sang Dewi

datan supe yeng kakunge lama

sang Putri tertahan hatinya
rasa hati tergetar
tergetar-getar terdetik-detik
semuanya menangislah
terhibur oleh suami
sang Putri bergumam hatinya
"Telah pasti ini kehendak Dewa mulia
Badung suamiku.

sang Retna kewran driyane
raosing tyas kumenyut
sumyar-sumyar asenik-senik
sadya manca udrasa
rinaremeng kakung
sang Dyah nebda jro wardaya
"Wus pinesthi karsane Dewa linuwih
Badung jatukramengwang.

13. Baiklah aku belajar mengabdi
sebagai tukang tanak kepada Raden Pulunggana."
Sang Putri telah terhibur hatinya
Maka berkata santun,
"Karena Kanda lama tidak hadir
adinda kira telah tewas
di dalam air
membuat hati sedih
boleh jadi dibegal si tandak dhengik."
Tersenyumlah Raden Pulunggana.

13. Bok ingsun sinau anyethi
anjuru dang mring Dyan Pulunggana."
Sang Dyah wus lejar galihe
Dadya ngandika arum,
"Dene dika lami tan prapti
kula nyana palastra
aneng jroning banyu
adamel marasing driya
bokmenawi binegal mongreng dhadhengik."
Mesem Dyan Pulunggana.

14. Sang Putri agak malu mematut berulang kali
setelah terurai asmaranya
sang Putri berkata santun,
"Apakah Kakanda
telah menghadap ayahanda Sri Raja?"
Raden Pulunggana
pun pelan menyahut,
"Aku tak ingin menghadap
kepada ayahanda Raja, kelak aku menghadap Gusti
jika hatiku telah puas.

14. Dyah putri kung nglaras wanti-wanti
ri sampuning wedhar kang asmara
sang Retna alon ature
"Punapa ta sang Bagus
sampun sowan rama Narpati?"

Rahaden Pulunggana
alon dennya muwus,
"Ingsun tan arsa aseba
mring jeng rama besuk sun sumiweng Gusti.
yen wus tutug karseng wang.

15. Demikian Badung, tersebutlah Sri Raja
hendak meronda ke taman

diiringkan oleh para penjaga

15. Nengna Badung warnanen sang ji

karsanira nganglang dhateng taman
angiring kajinemane

sekitar empat puluh
bersenjata sikap perang
segera turunlah Sri Raja
ke rumah sang Putri
ketika itu Raden Pulunggana
yang di dalam, tahu Sri Raja di luar
menemui kedatangannya.

watara patang puluh
amiranti sikeping jurit
gya tedhak Sri Narendra
mring dalem sang ingrum
semana Dyan Pulunggana
kang aneng jro wikan sang Nata neng jawi
methukken tindakira.

16. Demikian tadi Sri Baginda
bertemu dengan Raden Pulunggana
pelan-pelan Sri Baginda menegurnya,
"Siapa di depanku?"
dengan santun Pulunggana menyahut,
"Gusti, ya hamba
Pulunggana Badung."
Segera dia diserang
berkali-kali tetapi Pulunggana tidak kena
Sri Baginda pun amat marah.

16. Ta ta wau sang Sri Narapati
pan kapethuk lan Dyan Pulunggana
mamar sang nata nyapa ge,

"Sapa neng ngarsaningsun?"
Pulunggana umatur aris,

"Gusti inggih kawula
Pulunggana Badung."
Sigra wau tinalepak
wali-wali Pulunggana nora keni

Sang Nata langkung duka.

17. Segera Sri Baginda menarik keris
yang bernama Ki Jangkung Pacar

wasiat sangat bertuah
ujung keris itu menyala
Pulunggana hati-hati melihat
bahwa keris itu
tampak menyala
ketika akan ditikamkan
Raden Pulunggana menghindari
kecewalah hati raja.

17. Nulya narik wangkingan narpati
ingkang wasta Kiai Jangkung Pacar
wasiyat langkung ampuhe
pucuk wangkingan murub
Pulunggana awas ningali
lamun ingkang curiga
katingal amurub
duk lagyarsa linarihan
Sri Raden Pulunggana angoncati
cuwa tyasing narendra.

18. Saatnya telah menjelang pagi
Sri Raja pulang ke istana
Ki Patih Gajah Mada
memberi tahu kepada Sri Raja
serta segenap para dipati

18. Wancenira sampun bangun enjing
Sri Narendra kondur marang pura
Ki Patih Gajah Madane
ngandikan mring sang Prabu
lan sagunging para dipati

semuanya menghadap
bersembah sujud
Sri Raja sabar sabdanya,
"Hai Patih, celaka menjaga istana Putri
kemasukan penjahat."

19. Patih Gajah Mada bersembah
amat takut tak merasa hidup
serta bupati semua
Sri Raja seru sabdanya,
"Patih, berhati-hatilah
jika malam berbarislah
di dalam istana
hatiku heran Patih
pencuri ini bahkan menjemputku

Sudahlah Patih, mundurlah."

sedaya prapteng ngarsa
wotsekar mabukuh
Sang Nata alon ngandika,
"Sira Patih tiwas rumekseng jro puri
kalebon duratmaka."

19. Patih Gajah Mada tur ngabekti
langkung ajrih tan rumaos gesang
wus lami Ki Nujum lalis
layon ingobar
awu cinandhi-candhi

38. Diceritakan Raja Muda Pancadriya.
ketika sedang dihadap
lengkap para penggawa
tumenggung dan arya
rangga, demang, dan ngabehi
Ki Patih
Pancakarya di depan.

38. Kawarnaa Prabu Anom Pancadriya
ri sedhengnya tinangkil
pepak pra punggawa
tumenggung lawan arya
rangga demang lan ngabei
Rekyana Patya
Pancakarya neng ngarsi.

39. Raja Muda Pancadriya berkata
kepada Ki Patih
"Hai Pancakarya
aku menjadi raja
di negara Pajang dan Pengging
apa sudah ramai?
Rakyat kecil senang di hatinya?"

39. Angandika Prabu Anom Pancadriya
dhumateng Kyana Patih.
"Heh ta Pancakarya
gon sun jumemeng nata
nagara ing Pajang Pengging
apa wis arja?
enak tyase wong cilik?"

40. Patih Pancakarya menyembah berkata,
"Sudah ramai negara
Pengging sudah banyak
orang dari luar banyak yang datang
lalu ikut tinggal di Pengging
dengan mengajak sanak saudara."
Sang Raja berkata pelan,

40. Patih Pancakarya umatur wotsekar
"Sampun arja nagari
Pengging sampun kathah
ing ngamanca geng prapta

lajeng tumut griya Pengging
bekta nak kadang
Sang Nata ngandika ris.

41. "Hanya satu cacadnya diriku belum kawin
bagaimana pendapatmu Patih?"
Ki Patih berkata,
"Terserah kehendak Raja
hamba siap menjalankan kehendak raja!".
Diserahkan semua
wanita di perbatasan.

41. "Mung sawiji cacate ingsun durung krama
paran rembugmu Patih?"
matur Kyana Patya
"Sumangga karsa Nata
kang dasih nyadhong karsa ji."
Katur sadaya
wanodya tepis wiring.

42. Pajang, Sukawati, Kajoran di Gunung

42. Pajang Sokawati Kajoran ing ngarga

Kidul, Kedu, dan Bagelen
putranya adipati
padelegan dan rangga
semua yang cantik diambil
oleh Ki Patih
untuk sang Raja Pengging,

Kidul Kedhu Bagelin
atmaning dipatya
padelegan lan rangga
pinundhut kang ayu sami
marang Ki Patya
katur sang Prabu Pengging

43. Belum ada yang menjadi kehendak Raja
Raja berkata lagi
"Belum ada yang baik
kalau belum putra raja
bukan keturunan raja
aku tidak mau
menjadikan pendamping saya."

43. Dereng wonten kang dadya karsa Narendra
Nata ngandika malih,
"Durung na prayoga
den ngurung putra nata
dudu wijiling narpati
sun nora arsa
dadi timbangan mami."

44. Patih berkata, "Saya mohon ampunan Raja."
Raja Pengging berkata halus,
"Kalau begitu Patih
kamu buatlah surat
untukraja Majapahit
Prabu Kumara."
Dibuatnya dan segera menghadap.

44. Patih matur, "Kula nuwun duka Nata."
Sri Pengging ngandika ris
"Yen mangkono Patya
sira karyaa surat
katur Prabu Majapait
Prabu Kumara."
karya tan dangu prapti.

45. Diperiksa surat itu dan sudah baik
sang Raja berkata halus,
"Heh Patih berkemaslah
berjalanlah dahulu
serahkan surat saya
untuk Raja
Agung Brakumara.

45. Tinupiksa kang serat sampun prayoga
sang Nata ngandika ris
"Heh Patih dandana
ing laku dhinginana
aturena surat mami
katur narendra
Prabu Brakumara di.

46. Adapun aku berjalan di belakangmu."
Patih menyanggupi
Setelah berkemas segera berangkat
meninggalkan penghadapan
semua prajurit mengiringkan
berjalannya sudah jauh

46. Dene ingsun lumaku ing wurinira."
Sandika turing Patih
Wus dandan gya mangkat
lajeng sangking sewaka
sawadya balanya ngiring
lepas lampahnya

dalam perjalanan tidak diceritakan

tan kawarna ing margi.

47. Prajurit Pengging yang tertinggal dipanggil
bupati, arya, dan mantri
semua sudah lengkap
prajurit menggelar barisan
berbaris di alun-alun
hanya empat puluh
mantri yang menunggu istana,

47. Ingkang kari wadya Pengging ingundhangan
bupati arya mantri
wus pepak sedaya
prajurit tata aglar
neng alun-alun abaris
mung kawandasa
mantri kang tengga puri.

48. Ditengarai lalu prajurit semua berangkat
Raja Pengging segera pergi
dalam perjalanan tidak diceritakan
jalannya dipercepat
sudah sampai di perbatasan
beristirahat
Sri Raja Prabu Pengging.

48. Tinengeran kang wadya budhal sadaya
gya tindak Nata Pengging
tan kawarneng marga
lampahira agancang
wus prapta ing tepis wiring
amesanggrah
Sri Nata Prabu Pengging.

XLV. SINOM

1. Setelah Pengging, tersebutlah
sang Prabu di Majapahit
yang sedang keluar dihadap
lengkap semua penggawa menteri
dan para adipati
rangga arya dan para tumenggung
patih Demang Panular
dititahkan untuk menikmati purna bakti
yang menggantikan sang anak Gajah Permada.

2. Sepeninggal Ki Patih
saat itu raja menggantikan
setelah Ki Patih Wahan
dan Patih Panular berikutnya;
kala itu sebagai patih
Dipati Banteng namanya

XLV. SINOM

1. Nengna Pengging Kawarnaa
sang Prabu ing Majapait
ri sedeng miyos sineba
pepak gung punggawa mantri
miwah para dipati
rangga arya pra tumenggung
patih Demang Panular
kinen amegawan mukti

kang gumantya atmajeng Gajah Permada.

2. Sapejahira Ki Patya
ing wau nata nggentosi
sinelan Ki Patih Wahan
lan Patih Panular kalih
mangke kinarya patih
Dipati Bantheng ranipun

tetap namanya lama
Dipati Banteng kala itu
sudah dikenal para adipati
Majapahit.

tulus arane lama
Dipati Bantheng ing mangkin
wus misuwur pra dipati
Majalengka.

3. Telah hadir menghadap raja
para adipati kanan kiri
disambung para menak arya
mantri, rangga, demang hadir
prajurit menyambungnya
berderet kanan kiri belakang
upacara teratur.
pedang perisai panah golog
Sri Baginda Brakumara tenang
bertitah,

3. Wus munggeng ngarsa narendra
pra dipati kanan kering
sumambung pra menak arya
mantri rangga demang nangkil
prajurit ajajarai
tatrap kanan kering pungkur
upcara atata
pedhang tameng panah tampir
Sri narendra Brakumara lon
ngandika,

4. "Hai Patih Banteng Adipati
apakah Kamu mendengar kabar
bahwa desa tengahan
ada orang menggerakkan pasukan
nama desa Pajang Pengging
bergelar Prabu Pancadriya;
hai Patih barangkali
pasukannya semakin berkembang
datangilah tumpaslah yang
mengaku jantan."

4. "Heh Patih Bantheng Dipatya
apa sira ngrungu warti
kelamun desa tengahan
ana wong umadeg baris
ran desa Pajang Pengging
tengran Pancadriya Prabu
heh patih bokmenawa
barise selak adadi
lurugana tumpesen kang
sipat lanang."

5. Ki Patih Banteng berdatang sembah
"Memang betul sabda Paduka
hamba Paduka menyampaikan
kabar
memang ada utusan datang
dari negeri Pengging
Ki Patih yang diutus
dengan membawa surat
hamba serahkan kepada Paduka."
Sri Baginda Brakumara tenang
bersabda.

5. Ki Patih Bantheng tur sembah
"Inggih leres sabda aji
ulun gusti tur uninga
inggih wonten duta prapti
sangking nagari Pengging
sangking nagari Pengging
Ki Patih ingkang ingutus
inggih mawi nawala
sumangga karsa Narpati."
Sri Narendra Brakumara lon
ngandika.

6. "Patih panggilah dia
utusan itu ke hadapanku."
Segera Ki Patih Pancakarya

6. "Patih sira timbalana
cundhaka mring ngarsa mami."
Gya Ki Patih Pancakarya

yang dipanggil telah menghadap
duduk sambil bersujud
meletakkan keris dengan hormat
muka tunduk ke tanah
bersabda Sri Baginda
"Hai Utusan selamat datang."

7. Berterima kasih sambil bersujud
Sang raja bersabda lagi,
"Hai duta diutus apa
oleh rajamu Pengging?"
Pancakarya berdatang sembah,
"Hamba duli Paduka Prabu
bahwa raja Pengging
Pancadriya namanya
berkenan mempersembahkan surat

8. untuk Paduka Prabu yang bijaksana
Sri Baginda bersabda dengan tenang,
"Hai Patih Banteng Adipati
surat terimalah segera."
Ki Patih menerima surat
dibuka lalu dibaca
maksud surat
yakni surat punggawa raja
Prabu Anom Pancadriya di Pajang Pengging.

9. "Hamba menghaturkan sembah
terhadap Paduka Sri Baginda
sang Prabu yang mahabijaksana
memerintah Majapahit
dipuja di seluruh dunia
sungguh kekasih dewa yang agung
hamba pasrahkan hidup mati
berani mendahului
membuka hutam milik Paduka Raja.

ngandikan wus prapteng ngarsi
mendhak sarwi wotsari
seleh dhuwung sarya bukuh
muka konjem pratala
ngandika Sri Narapati
"Heh ta duta bageya satekanira."

7. *Matur nuwun awotsekar*
sang nata ngandika malih,
"Lah duta kinongkon apa
ya marang gustimu Pengging?"
Pancakarya wotsari
"Patih ulun dasih Prabu
nata Pengging punika
Pancadriya kang wewangi
wiyosipun angaturaken nawala

8. *katur Gusti Prabu dibya."*

Sri narendra ngandika ris,

"Lah Patih Bantheng Dipatya
layang tampanan aglis."
Kya Patih tampi tulis
binuka sinukmeng tembung
suraosipun nawala
ingkang srta abdi narpati
Prabu Anom Pajang Pengging
Pancadriya.

9. *"Pun patik angestu pada*
ing Gusti Sri Narapati
sang Prabu agung sudibya
angrenggani Maospait
pinuja tyang sabumi
tuhu kekasih dewa gung
dasih tur pejah gesang
cumendhak ngrumiyini
babad wana arjane kagungan Nata.

10. Karena itu terserah Paduka
Beliau tidak merasa hidup
dipasrahkan kepada Paduka Raja
negeri di Pajang Pengging
hamba sekadar mengabdi
kebahagiaan di tangan Paduka
hamba mengharapkan titah
segala titah hamba laksanakan
beliau rela hancur bagai tanah.

10. Ing mangke sumangga karsa
tan rumaos darbe urip
katura Gusti Narendra
nagari ing Pajang Pengging
dasih darmi ngrenggani
mangkyarja kagungan Prabu
kang abdi nyadhong karsa
sapangreh dasih nglampahi
sukalila lebur raden kadi kisma.

11. Melaksanakan titah raja
raja yang terkenal di muka bumi
perkasa tanpa tandingan
sungguh raja penguasa dunia
dihormati seluruh raja
tiada lain kecuali Paduka
bagai dewa menjelma
raja penguasa dunia
karena itu hamba berani meng-
haturkan surat.

11. Nglampahi ayahan nata
ratu kang kasubing bumi
madraguna tanpa sama
tuhu ratu nyakrawati
sinembah gung para ji
tan wonten namung sang ulun
bathara ngejawantah
ratu-ratuning sabumi
milamba kamipurun tur
supatra.

12. Bila hamba lancang menghadap
takut murka sri baginda
bila baginda tidak berkenan
menanti panggilan Paduka."
Sri Baginda ketika mendengar
gembira hatinya tertawa renyah
lalu dengan tenang bersabda,
"Kaki Prabu Anom di Pengging
masih muda pintar mengulah
bahasa.

12. Menawi lajeng cundhuka
ajrih sesiku narpati
menawi dede kang karsa
angantos timbalan Aji."
Sang nata duk miarsi
sukeng tyas gumujeng guguk
sarya lon angandika,
"Kaki Prabu Noming Pengging
maksih mudha wasis lukitaning
basa.

13. Sudahlah utusan beristirahatlah
di rumah Ki Patih;
dan Kamu Patih utuslah
abdi gandek agar memanggil
kepada Kaki Prabu Pengging
agar datang hari Senin esok."
Ki Patih menghaturkan sembah
Pergilah Sri Baginda

13. Lah uwis duta mondhoka
marang wismane Si Patih
lah Patih sira dutaa
bocah gandhek animbali
mring Kaki Prabu Pengging
tekana ing Soma sesuk."
Kya Patih tur sandika
jengkar jeng sri narapati

Adipati Bateng dan Pancakarya
pun pergi.

14. Abdi gandek segera melaksanakan tugas
utusan itu sudah sampai
di tempat peristirahatan
Prabu Jaka Pajang Pengging
utusan menghadap lalu menghaturkan pesan
"Paduka dipanggil Baginda
ayahanda Sri Maharaja
agar memghadap hari Senin esok."
Prabu Jaka berkata, "Baiklah aku menghadap."

15. Utusan kembali tidak diceritakan
pada hari Senin sudah datang
Sri Baginda hadir dihadap
lengkap penuh para adipati
bawahan Ki Patih
semua dalam keadaan siaga
nanti apabila
pasukan Pengging mencari kelengahan
baik pada lahir tetapi batinnya jahat.

16. Sudah tiba di jalan depan pintu gerbang.
Sang Prabu Anom di Pengging
berhenti di pos penjagaan menanti
panggilan sang Raja
Sri Baginda bersabda dengan tenang,
"Hai Patih Banteng segeralah
cepat turunlah
dengan temanmu para bupati
Kaki Prabu agar segera menghadapku."

Dipati Bantheng Pancakarya
bubar.

14. Wong gandhek tandya lumyarsa

kang duta pun sampun prapti
wau pasanggrahanira
Prabu Jaka Pajang Pengging
gandhek panggih nulya ngling

'Paduka ngandika Prabu
ramanta Sri Bathara
sowanna ing Soma enjing."
Prabu Jaka umatur, "Inggih sandika."

15. Gandhek wangsul tan ginustha
ing dina Soma wus prapti
sang Nata miyos sineba
pepak gung para dipati
parentah Kyana Patih
den samya prawireng kewuh
ing mengko bokmenawa
wong Pengging upaya sandi

marteng lair ing batin angemu wisa.

16. Wus prapta ing galendhekkan.

Sang Prabu Anom ing Pengging
kendel pangurakan ngantya
timbalanira sang Aji
sang Nata ngandika ris,

"Heh Patih Bantheng dengupuh
denenggal tumuruna
sakancanira bupati
Kaki Prabu lajua mring ngarsaningwang."

17. Titah baginda agar ia segera menghadap
berdatang sembahlah para bupati
setelah tiba di pos penjagaan
bertemu dengan sang Adipati Pengging
lalu disampaikanlah titah,
"Paduka dipanggil Baginda
agar datang menghadap
Ayahanda menanti-nati."
Prabu Anom Pancadriya menyanggupinya.

17. Ngandika gya majeng ngarsa

wotsekat para bupati
wusnya prapta pengurakan
panggih lan sang Nata Pengging

nulya denacarani
'Paduka ngandika Prabu
tumameng ngabyantara
Ramanta angarsi-arsi."
Tur sandika Prabu Anom Pancadriya.

18. Tiba di penghadapan berdatang sembah
ketika bertemu pandang
bagai matahari dengan bulan
mataharinya raja Majapahit
raja Pengging bagai bulan
kesiangan agak muram
tersinari matahari
redup cahaya bulan
Sri Baginda bersabda, "Hai anakku majulah."

18. Prapta byantara wotsekar

acampuh sareng ningali
lir surya kalwan wulan
suryane sri Maospait
nata Pengging lir sasi
karahinan esmu kusut
kasorotan baskara
surem ujwalaning sasi
Sang nata ngling, "Heh Kaki sira majua."

19. Ia segera maju sambil menyembah
meletakkan keris dengan hormat
Sri Baginda mengelus-elus
punggung Prabu Pengging
"Silahkan duduk anakku."
Prabu Anom duduk menunduk
"Selipkan kerismu."
setelah menyembah keris diselipkan
Sri Baginda bersabda, "Anakku selamata datang."

19. Gya majeng saha wotsekar
seleh dhuwung angabekti
sri bathara ngusap-usap
mring gigiring Prabu Pengging
"Lah wis linggiha Kaki."
Prabu Nom lenggah tumungkul
"Lah wangkingen krisira."
Tur sembah nulya winangking

Sri Narendra nebda, "Kaki abagea."

20. Prabu Anom menghaturkan sembah
maka bagai tertanam di tanah
ucapan terima kasih Pancadriya

20. Prabu Anom awotsekar

muka lir konjem ing siti
matur nuwun Pancadriya

"Doa restu Paduka hamba junjung tinggi
sebagai jimat yang andal
tertanam di ubun-ubun
mengalir sampai di dada
menjadi cahaya terang sabda Baginda
dalam keadaan selamat seluruh abdi di Pengging."

"Pasiyan dalem kapundhi

dadya jimat paripih
katanen wonten ing ngembun
bleber dhumateng jaja
dadya nur cahya nebda Ji

gih basuki di dalem Pengging sadaya."

21. Tidak lama hidangan keluar
gamelan berbunyi nyaring
disertai dendangan samar-samar
lalu bersuka ria semalam
setelah adipati kembali
Sri Baginda sangat menyayanginya
kepada Prabu Pancadriya
sudah disediakan penginapan khusus
tidak lama sang raja Pengging dihadiahi.

21. Wus dangu tadahan medal
perdangga munya angrangin
sinindhenan lamat-lamat
lajeng kasukan salatri
wusnya kondur narpati
Narendra langkung sihipun
ring Prabu Pancadriya
wus sinung pondhok pribadi
datan lami sang nata Pengging tinriman.

22. Putra sang Brakumara
yang bernama Kancanawati
putra sulung dari selir
sangat indah rupanya
setelah dipertemukan
rangkaian acara tidak diceritakan
sungguh keduanya saling mengasihi
dalam perkawinannya
ia telau diberi gerlar raja di Pengging.

22. Putrane sang Brakumara
kang aran Kancanawati
putra sepuh sing ampeyan
kalangkung endah kang warni
semana wus kapanggih
rerenggan datan winuwus
langkung asih-sinihan
denira apalakrami
wus ginanjar jejuluk nateng ing Pengging

23. Sang Prabu Andayaningrat
Paginya dipanggil menghadap di istana
dengan istri datang menghadap raja
Sri Baginda bersabda dengan tenang,

23. Sang Prabu Andayaningrat
Enjing ngandikan mring puri
lan garwa prapteng ngarsendra
sang nata ngandika aris,

"Anakku agak ke depanlah
dan Kamu Nini Galuh."
Keduanya maju seraya menyembah
Sri Baginda bersabda dengan
lembut
"Karenanya kamu kupanggil
anakku;

"Kulup denpara ngarsi
lawan sira Nini Galuh."
sarimbit majeng nembah
sang Nata ngandika manis,

"Mula sira suntimbali
Kaki Nata.

24. beserta istrimu
pulanglah ke Pengging
bangunlah negerimu
kutitipkan istrimu anakku
yang masih bodoh sungguh
agar engkau murah maafmu
rukunlah perkawinanmu
berbahagialah di negeri Pengging
dan jadilah benteng mancanegara.

24. iya lawan garwanira
muliha marang ing Pengging
dandanana nagrenira
suntitip garwamu kaki
maksih mbilu kapati
dene gung pangapuramu
atuta palakrama
muktia neng nagri Pengging
lan dadiya tampingan manca nagara.

25. Bagian barat bawahkanlah
di Kedu dan Bagelen
Gunungkidul Sukawati
dan kamu saya beri
tumbak serta keris
dan bende bernama Tundung-
mungsuh
dan jadikanlah pusaka kembar
dengan bendemu Udanarum
kala Sri Kresna benda itu bernama
Ki Dewade[illegible]a.

25. Bang Kulon sira rehena
ing Kedhu miwah Bagelin
Gunung Kidul Sukawatya
lan sira ingsun paringi
tumbak kalawan keris
lan bendhe ran Thundung-
mungsuh
lan karyanen kembaran
bendhemu Danarum becik
duk Sri Kresna bendhe ran
Ki Dewadenta.

26. Dan sepuluh ribu uang
serta pakaian yang indah-indah
sebagai bekal istrimu
perhiasan yang indah-indah
dan laki-laki perempuan
sejumlah dua ratus orang
yang berasal dari Majapahit."
Sri Baginda bersabda lagi
'Berhati-hatilah anakku dalam
mengendalikan negara.

26. Lan sakethi iki arta
myang kang busana di-adi
bebektane garwanira
peni-peni raja peni
tuwin jalu pawestri
cacahing wong kalih atus
kang sangking Majalengka."
Sang nata ngandika malih,
"Denprayitna kulup wong
ngreksa negara.

27. Pesanku setiap bulan Maulud
menghadaplah
ke negeri Majapahit
bawalah semua adipati
Pesisir Barat seluruhnya
ke timur laut Semarang
ke Selatan Bagelen dan Kedu
kupasrahkan kepadamu
namun jangan membangkang
titah
umpamanya." Prabu Pengging
menghaturkan sembah.

27. Mung pendhak Mulud sebaa

mring nagara Majapait
ngirida gung pra dipatya
pasisir Kulon mungkasi
ngalor ngetan Semawis
ngidul Bagelen myang Kedhu
sun dhawuhaken sira
nging aja medayeng weling

poma-poma." Prabu Pengging
tur sandika.

28. Sang Prabu Andayaningrat
menghaturkan sembah lalu
mundur berdua
sudah berangkat dengan istri
dan pasukan
dari negeri Majapahit
dalam perjalanan tidak
diceritakan
tibalah di negeri Pengging
telah membangun istana
lebih ramai negeri Pengging
sudah setahun tidak menghadap
ke Majapahit.

28. Sang Prabu Andayaningrat
turnuwun lengser sarimbit

wus budhal sagarwa wadya

sangking nagri Maospait
ing marga tan winarni

prapta nagri Pengging sampun
karya pura wus dadya
langkung arja nagri Pengging
pan sataun tan seba mring
Majalengka.

29. Setelah satu tahun
yakni setiap bulan Maulud
menghadap
ke negeri Majapahit
membawa semua adipati
pesisir sebelah barat laut
Pajajaran, Jakarta
Pasundan, Banten, Tegal
Banyumas, Ngrawa, Bagelen
Ngredok Gowong Prabu Pengging
kekuasaannya.

29. Ri sampunira sawarsa
inggih pendhak Mulud
nangkil
marang nagri Majalengka
ngirid sagung pra dipati
kang ler kilen pasisir
Pajajaran, Jakarta wus
Pasundhan, Banten, Tegal
Banyumas, Ngrawa, Bagelin
Ngredhok Gowong Prabu
wus wibawa.

30. Kelanjutan cerita
Prabu Pengging sudah lama

30. Agancangaken carita
Prabu Pengging sampun lami

istrinya sudah mengandung
antara sembilan bulan
melahirkan seorang putri
ibunya meninggal setelah
melahirkan
Prabu Andayaningrat
sangat sedih hatinya
menyaksikan anak putrinya terasa
kasihan.

kang garwa sampun awawrat
antarane sangang sasi
ababar miyos putri
kang ibu duran surut

Prabu Andayaningrat
kelangkung ngungun ing galih
aningali putra putri kawlas
arsa.

31. Prabu Pajang Pengging tadi
sepeninggal permaisuri
putri raja Majapahit
anak bayi tampak kasihan
sedih sang Adipati
Andayaningrat sang Prabu
enggan makan dan tidur
sepeninggal sang istri
tidak diceritakan lama
kemudian putrinya dewasa.

31. Prabu Pajang Pengging mangkya
sasedane prameswari
raja putri Majalengka
jabang bayi kawlas asih
sungkawa sang narpati
Andayaningrat sang Prabu
supe dhahar myang nendra
saksedanira sang putri
tan winarna wus lami putra
diwasa.

32. Diceritakan bahwa Nawangwulan
oleh ayahandanya diberikan nama
sang Retna Ismaya Sekar
saatnya usia remaja
ayahnya sangat sayang
dimanja sesuka hatinya
Prabu Andayaningrat
sudah dipastikan dewa agung
sepeninggal istrinya wahyu
kraton lolos.

32. Kawarnaan Nawangwulan
mring rama sinung wewangi
sang Retna Ismaya Sekar
pan lagya rumaja putri
kang rama langkung asih
ingugung sakarsanipun
Prabu Andayaningrat
wus pinasthi dewa luwih
sasedane garwa pulung
ratu linggar.

33. Dirahasiakan sang Hyang Wasesa
sebagai keajaiban
kelak pada keturunan yang
keempat
terasuki wahyu jadi raja
Prabu di Pajang Pengging
berkehendak yang keliru
Prabu Andayaningrat
kala itu hendak membangkang

33. Kineker sang Hyang Wasesa
kinarya eloking dasih
ing benjang kapernah
canggah
tinurunan dadi aji
Prabu ing Pajang Pengging
sakarsanira kaliru
Prabu Andayaningrat
semana arsa ambalik

tidak mau menghadap ke
Majapahit.

34. Malahan menghasut para adipati
bagian Barat tak ada yang
menghadap
ke negeri Majapahit
bertahan di negeri Pengging
Patih Pancakarya
sangat-sangat membujuknya
"Ampun Paduka Sri Baginda
seyogianya menghadap ayahanda
raja
Majapahit sudah melewati
waktunya.

35. Tentu dinanti-nanti
dulu sudah ditentukan
agar menghadap setiap tahun
dengan mengajak semua adipati
bagian barat Kedu
Ngledok Gowong serta
Banyumas Tegal Batang
Kaliwungu dan Juwana
Pajajaran, Sunda, Banten,
dan Jakarta."

36. Sang Prabu Andayaningrat
sabdanya menyakitkan,
"Hai Patih Pancakarya
aku tidak sudi menghadap
jika marah ayahnda raja
aku berani berperang
mengimbangi Majapahit
sebelah barat Gunung Lawu
memanjang ke barat sampai di
Pajajaran.

37. Baik mana hidup enak
di Pengging dan Majapahit?"
Ki Patih amat sangat membujuknya

dhatan arsa sowan dhateng
Majalengka.

34. Malah bebek pra Dipatya
bang Kulon tan ana nangkil

marang nagri Majalengka
ingandheg neng nagri Pengging
Patih Pancakaryeki
asanget genira matur
"Dhuh Gusti Sri Narendra
sumawi sowan rama ji

Majalengka sampun langkung
ing antara.

35. Tamtu dipunarsa-arsa
rumiyin dipunwangeni
kinen sowan pendhak warsa
angirid sagung dipati
bang Kilen Kedhu aglis
Ngledhok Gowong remanipun
Toyamas Tegil Batang
Lepenwungu myang Juwani
Pajajaran Sundha Banten
ing Jakarta

36. Sang Prabu Andayaningrat
pangandikane mawengis,
"Heh ta Patih Pancakarya
ingsun tan arsa anangkil
lamun duka ramaji
sun wani manggulang pupuh
nimbangi Majalengka
sakulone Lawu ardi
sapangulon tandhes nagri
Pajajaran.

37. Timbang mukti awibawa
ing Pengging lan Majapait?"
Ki Patih sanget turira

dan semua para bupati
"Jangan Paduka menentang
unggul ayahanda sang Prabu
apabila Sri Baginda murka
sungguh berat menghadapinya
di wilayah Jawa tunduk pada
Majapahit."

38. Sang Prabu Andayaningrat
tidak mau dibujuk
oleh Ki Patih dan punggawa
kokoh kehendaknya membangkang
mungkin sudah digariskan
kehendak dewa yang agung
bahwa wahyu akan berkumpul
pada raja Majapahit
tidak dapat dielakkan karena
sudah takdir.

XLVI. DURMA

1. Setelah Pengging beralih cerita
Sang Prabu Majapahit
Sri Baginda Brawijaya
sudah mendengar kabar
bila putra sang Raja Pengging
membangkang kehendaknya
sangat murka Sri Baginda,

2. Suatu pagi dihadap di sitihinggil
duduk di singgasana
Patih Banteng menghadap
serta semua punggawa
abdi raja kanan kiri
para abdi lengkap
prajurit hadir berjajar.

3. Tidak bergeser di tempat masing-masing

lan sagung para bupati
"Sampun Paduka mbalik
langkung rama sang Prabu
lamun sang Nata duka
awrat sinanggi ngajurit
ing rat Jawi tumelung mring
Majalengka."

38. Ri sang Prabu Dayaningrat
tan kenging dipunturi
mring Kya Patih myang punggawa
kenceng karsanira mbalik

baya sampun pinasthi
karsane dewa kang agung
yen pulung badhe nglempak
dhateng nateng Maospait
nora kena yen wus takdir
ngundurana.

XLVI. DURMA

1. Enengena ing Pengging ganti kocapa
Sang Prabu Majapait
Risang Brawijaya
sampun miarsa warta
yen putra sang naleng Pengging
mbalik karsanya
langkung duka Sang Aji.

2. Enjing miyos sineba ing sitibentar
lenggah ing dhampar rukmi
Patih Bantheng ngarsa
tuwin sagung punggawa
wadu aji kanan kering
sentana pepak
prajurit anjajari.

3. Datan owah ing pernahe sowang-sowang

upacara serius lengkap
waspada terhadap bahaya
patih dan para adipati
tunduk sangat takut
melihat baginda
tampak murka Sri Raja.

upacara mangapit
prayitna ing baya
patih para dipatya
tumungkul kelangkung ajrih
mulat narendra
semu duka sang aji.

4. Katanya, "Hai Patih apa sebabnya
Si Pengging tidak datang
padahal sudah lama
apakah itu kawan."
Kiai Patih bersembah
"Hamba sampaikan berita
tentang putra Paduka Raja.

4. *Angandika, "Heh Patih apa karanya*
Si Pengging nora prapti"
dene wus antara
apa karane bala."
Kya Patih matur ngabekti
"Amba tur wikan
putra Paduka Aji.

5. Seorang abdi pendamping
memberi tahu
bahwa Prabu Pajang Pengging
membangkang terhadpa raja
tidak mau menghadap
ke negeri Majapahit
sudah siapa siaga
mengangkat senjata berperang

5. *Wonten abdi tampingan*
ngaturi priksa
yen Prabu Pajang Pengging
mbalela mring nata
datan purun sebaa
mring nagari Maospait
wus tata-tata
sastraning ngajurit.

6. Seru titah Sri Baginda Brawijaya
"Kalau begitu Patih
kirimlah utusan
kepada semua adipati
bagian barat dan pesisir
berilah surat
semua bersiagalah berperang.

6. *Sru ngandika Sri Bathara Brawijaya*
"Lamun mengkana Patih
sira andhutaa
mring sagung pra dipatya
bang Kulon miwah pasisir
wehana layang
padha dandana jurit.

7. Semua orang Semarang, Kendal,
Batang, Brebes, Tegal
Ngastina, Kaliwungu
Jakarta, Kerawang,
Galuh dan Pajajaran
Sunda, Banten dan Ciamis
Bandung, Banyumas.

7. *Wong Semarang, Kendhal*
Batang, Brebes, Tegal
Ngastina, Kalitangi
Jakarta, Kerawang
ing Galuh Pajajaran
Sundha, Banten ing Ciamis
Bandung, Banyumas.

8. Ngledok gowong jangan terlewat-
kan
Pengging serbulah dengan
prajurit."
Ki Patih berdatang sembah
siaga ucapnya
lalu segera menulis surat
Sri Baginda meninggalkan tempat
masuk istana sedangkan yang
menghadap.

8. Ngledhok Gowong aja nganti
kaliwatan
Pengging gitikken jurit."
Kya Patih wotsekar
sandika aturira

nulya glis akarya tulis
Sang Nata jengkar
ngedhaton ingkang nangkil.

9. Sesudah bubar mereka pulang
sendiri-sendiri
titah ke mancanegara
dan dengan surat
sudah siaga yang diutus
keberangkatannya tidak
diceritakan
dalam perjalanan
semua sudah tiba.

9. Sampun bibar sami mantuk
sowang-sowang
dhawuhing manca nagri
saha mawi surat
wus dandan kang lumampah
mangkat tan winarneng margi

ing lampahira
sadaya sampun prapti.

10. Seluruh adipati pasisir
mancanegara
bagian barat sudah menerima
surat titah raja
lalu bersiaga
dengan senjata perang
sudah berangkat
senjata bagai bukit api.

10. Gung dipati pasisir
mancanagara
bang kulon sampun tampi
srat undhangan nata
lajeng amedandanan
sagegamaning ngajurit
sampun budhalan
gaman lir gung geni.

11. Dipercepat perjalanan pasukan
memenuhi barisannya
hutan rimba dilewati
hingga jadi padang
tebing gundukan jadi rata
seluruh pasukan
bagai *sela blekithi.*

11. Asigra ginelak lampahe bala
angurugi kang baris
wana gung ketrajeng
temah dadya rahara
jurang gumuk dadya radin
sagunging bala
kadya sela blekithi.

12. *Sela* 'baru' *blekithi* 'semut'
artinya

12. Sela watu blekithi semut
artinya

bagai barisan semut di atas batu
beriringan jalannya
yang dari sebelah utara
persenjataan lengkap luas biasa
bagai lintah
berjejalan seribu jalannya pasukan.

lir semut ngambah curi
dulur lampahiara
kang sangking ler punika
gegaman ageng nglangkungi
lir werdu angga
sasra lampahing baris.

13. Bagai lintah seribu berkilatnya air
karena besarnya barisan
benderanya berkibaran
siang malam berjalan
dipercepat jalannya pasukan
sudah beberapa hari
tidak diceritakan perjalanannya.

13. Anglir lintah sewu kumelaping toya
sangking ageng ing baris
bandheranya amyang
rina wengi lumampah
ginelak lampahing baris
wus pirang dina
tan kawarna ing margi.

14. Dari sebelah barat tiba di Ngluwanu
yang lewat sebelah selatan tiba
di Ngadilangu
yang lewat tengah
sudah tiba di Kedungkebo
betul seluruhnya
mengerahkan seluruh prajurit.

14. Sangking kilen lampahe Ngluwanu prapta
kang medal kidul prapti
Ngadilangu ika
ingkang metu tengahan
Kedhungmaesa wus prapti
leres sadaya
ngasokken gung prajurit.

15. Menyusuri Kali Praga pasukan Ngluwanu
ke selatan sampai pesisir
sebelah utara Kedu sudah tiba
di Tidar mengistirahatkan pasukan
adapun prajurit manggalanya
sang Adipati
Kebobang namanya.

15. Turut Praga wong Ngluwanu barisnya
ngidul tandhes pasisir
ler Kedhu wus prapta
Tidhar ngasokken bala
dene kang wadya tetindhi
sang Adipatya
Kebobang kang wewangi

16. Putra Pajajaran sang Arya Bangah
memimpin para adipati
pesisir seluruhnya
sedangkan di bagian selatan
yang jadi pimpinannya
sang Adipati

16. Pajajaran atmajeng sang Arya Bangah
ngirid para dipati
pasisir sadaya
dene Kidul punika
ingkang adadya tetindhih
sang Adipatya

Banyumas Sukapura.

17. Yang namanya Dyan Banyakwide
dari Sukapura
Dyan Banyak supatra
dari Kartanagara
Dyan Banyak Kyana Ngabei
tidak diceritakan yang siaga
berbaris berganti ceritanya.

18. Prabu Pajang Pengging Sang Sri
Andayaningrat
wahyunya sudah berpindah
tidak disegani oleh anak buah
sudah mendengar kabar
bahwa kala itu akan diserbu
seluruh adipati
bagian utara dan barat tiba.

19. Kedung Tidur Ngluwanu
Kedungamba Waja
Ngadilangu pasisir
Prabu Andayaningrat
bertitah kepada prajuritnya
"Hai Pancakarya segeralah
perintahkan pasukan
menghadang musuh yang datang."

20. Kyana Patih siaga tetapi
bimbang
dalam hati sudah ngeri
sudah mendengar kabar
bahwa musuh banyak yang
datang.
Diceritakan bahwa suatu
malam
Sri Andayaningrat
bende segera ditabuhnya.

21. Ki Udanarum mogok tak
berbunyi

Toyamas Sokapuri.

17. Ingkang aran Dyan Banyakwidhe punika
Sokapura kang nami
Dyan Bangaksupatra
pan ing Kartanagara
Dyan Banyak Kyana ngabei
nengna kang tata
baris gantya winarni.

18. Prabu Pajang Pengging
Sri Dayaningrat
wahyonira wus ngalih
tan kèdhep ing bala
sampun miarsa warta
yen mangke badhe ginitk
sagung dipatya
bang ler bang kilen prapti.

19. Kedhung Tidhar Ngluwanu
Dhungbo Waja
Ngadilangu pasisir
Prabu Dayaningrat
dhedhawuh mring kang wadya
"Heh Pancakarya denaglis.
undhanga bala
mapak mungsuh kang prapti."

20. Kyana Patih tur sandika
nanging kemba
ing manah sampun miris
wus miarsa warta
yen mengsah geng kang prapta.

kuneng wuwusan ingkang latri

Sri Dayaningrat
bendhe tinabuh aglis.

21. Pan Ki Udanarum dhengkak
datan munya

ditabuh kedua ketiga
tetap tidak berbunyi
Ki Tundungmungsuh juga
ditabuh tapi tidak berbunyi
Patih berembuk
bersama seluruh bupati.

pinindho kaping katri
meksa datan munya
Ki Tundhungmungsuh samya
tinabuh nanging tan muni
patih rembagan
lan sagung pra bupati.

22. Semua merasa bahwa tidak
mampu menghadapi
bagai keruntuhan bukit
mereka sepakat menghindari
bermaksud meninggalkan raja
mantri prajurit seluruhnya
semua bupati
lolos bersama-sama semalam.

22. Samya ngraos tan kuwawi
nadhahana
sasat krubuhan wukir
rembag ngendranana
nedya tilar ratunya
mantri prajurit pra sami
sagung bupatya
lolos sareng sawengi.

23. Istri anak sekeluarga dibawa
tiada satu pun yang tinggal
hanya tinggal yang jaga
sebab tidak tahu kesepakatan
Ki Patih dan para bupati
hanya penganggurlah
kiranya yang tinggal.

23. Garwa putra sabrayatira binekta
tan na wong kari siji
mung kari kang jaga
sabab tan wruh ing rembag
Ki Patih lan pra bupati
mung wong angguran
punika ingkang kari.

24. Sudah kosong negeri Pengging
hanya yang jaga
tinggal dalam istana
Prabu Andayaningrat
ditinggal anak buahnya
sangat menyesal hatinya
malu menyerahkan diri
sehingga lolos pada malam hari

24. Sampun suwung nagri Pengging
mung kang jaga
kantun sajroning puri
Prabu Dayaningrat
tinilar wadya bala
langkung kaduwung ing galih
merang nungkula
dadya lolos ing wengi.

25. Tidak memberi tahu hanya
dengan putra
Dewi Ismayasari
dan bende sebuah
Udanarum dibawa
masuk hutan naik bukit
turun tebing
sungguh amat kasihan.

25. Datan mawi warta mung kaliyan
putra
Dewi Ismayasari
lan bendhe satunggal
Udanarum binekta
turut wana manggih ardi
mudhun jejurang
langkung kawelas asih.

26. Tidak diceritakan yang
meninggalkan kerajaan
berganti yang diceritakan
seluruh adipati
sepakat berangkat bersama
yang akan menyerbu Pengging
lalu berangkat
senjata lengkap luar biasa.

26. Enengna kang sami tilar
nagara
gantya ingkang winarni
sagung pra dipatya
rembag sareng angkatnya
kang badhe gecak Pengging
nulya umangkat
gaman ageng nglangkungi.

27. Terus dipercepat perjalanan
seluruh pasukan
siang malam siaga
tidak diceritakan di jalan
perjalananya sudah tiba
di Pengging kedapatan sepi
negeri dikepung
hendak dihancurkan habis.

27. Pan ginelak lampahing gung
wadya bala
rina wengi lumaris
tan kawarneng marga
lampahira wus prapta
ing Pengging wus panggih sepi
nagri kinepang
sedya tinumpas wani.

28. Tidak tahu bahwa kerajaan sudah
kosong
sebab datangnya malam
maka lalu menyerbu
gempar dalam istana
karena rajanya lolos
pengawal tidak tahu
semua hendak keluar.

28. Datan wikan yen nagari sampun
sunya
sabab praptanya latri
pan lajeng aperang
geger sajroning pura
dening gustining ngendrami
wadya tan wikan
sedaya arsa mijil.

20. Sampai di luar melihat banyak
pasukan datang
dikepung pagar betis
mereka kembali cepat
masuk ke dalam istana
para mantri yang menjaga istana
semua berembug
memasrahkan hidup mati.

29. Prapta jawi mirsa yen mengsah
geng prapta
kinepang tepang kikis
samya wangsul lagya
marang sajroning pura
pra mantri kang tengga puri
samya rembagan
ngaturken pati urip.

30. Dan memberi tahu bahwa rajanya
sudah
lolos waktu malam
pengawal tidak tahu

30. Lan ngaturken yen tune sampun
murca
lolos kalaning wengi
wadya tan uninga

sudah kosong di dalam istana
para mantri empat puluh
sudah berembuk
mengikat tombak senapan.

sampun suwung jro pura
para mantri kawan desi
sampun rembagan
bongkoki tumbak bedhil.

31. Pedang golok panah lembing diikat
pagi setelah keluar
mantri empat puluh
semua tanpa atribut
mereka membalik baju
menuju tempat
Kebobang sang Adipati.

31. Pedhang tampir panah towok binongkokan
enjing sareng umijil
mantri kawandasa
sedaya berundhulan
pan sami malik kulambi
jujug gonira
Kebobang sang Adipati.

32. Pajajaran sebagai senapati
membawa semua pasukan
ketika sudah tiba
di hadapan Sang Adipatya
mantri tua menyampaikan maksud
"Hamba memberi tahu
bahwa sudah kosong dalam istana.

32. Pajajaran ingkang dadya senapatya
angirit gunging baris
semana wus prapta
ngarsane sang dipatya
mantri sepuh matur aris,

"Amba tur wikan
sampun suwung jro puri.

33. Prabu Andayaningrat lolos malam hari
hanya dengan anak putrinya
hamba tidak tahu."
Sudah disampaikan seluruhnya
awal tengah dan akhir
sang Adipati
Kebobang saat mendengar.

33. Prabu Dayaningrat dalu lolosira
mung kalih putra estri
kawula tan wikan."
sampun katur sadaya
purwa madya wusanane
sang adipatya
Kebobang duk miarsi.

34. Sangat kecewa tidak sampai dihadang perang
maka memberi tahu
kepada semua adipati
bahwa Andayaningrat lolos
dengan pasukannya kosong di istana

34. Langkung cuwa tan ngantya pinethuk yuda
dadya paring udani
mring sagung dipatya
yen Dayaningrat murca
sawadya suwung jro pupi

"Pasukan jangan lengah
hanya semua adipati.

"Baris ja owah
namung sagung dipati.

35. Saya mohon berkumpul di dalam istana
mencocokkan yang tertinggal
seluruh harta benda
serta abdi dalam semua
sisa para mantri
dan prajuritnya."
Berkumpullah para adipati.

35. Kula turi malempak manjing jro pura
nacahaken kang kari
sagung rajabrana
tuwin wong dalem samya
sakarine para mantri
lan prajuritnya."
nglempak gung pra dipati.

36. Sang Adipati Pejajaran bersabda tenang
"Saya mohon semua teman
masuk ke dalam istana
tetapi pasukan tetap waspada
apabila terjadi penyusupan
strategi musuh
pasukan depan di luar."

36. Alon nabda sang Dipati Pajajaran
"Nedha kanca pra sami
lumebeng jro pura
nging baris den prayitna
menawa kenging ing sandi
gelaring mengsah
baris ngarep na jawi."

37. Sudah diperintahkan semua manggala prajurit
agar waspada terhadap bahaya
pasukan menghadap keluar
berjaga kiri kanan
manakala musuh menyerang dari belakang
maka dijaga
para adipati sudah masuk.

37. Wus ngundhangan sagunging tetindhih bala
den prayitna ing westhi
baris marep jaba
ajaga kering kanan
bok mungsuh nglambung king wuri
mila jinagan
pra dipati wus manjing.

38. Meneliti semua orang dalam istana
dan barang-barang berharga
serta kekayaan raja
harta benda masih lengkap
mantri prajurit tak terlewatkan
sudah diteliti
sang Adipati segera keluar.

38. Aniteni sagunging wong dalam pura
tuwin kang peni-peni
myang kaprabon nata
raja brana sih pepak
mantri prajurit tan keri
wus tinitenan
sang dipati gya mijil.

39. Berkemah di alun-alun sang Adipati
selama tiga hari
tak ada kabarnya
maka sang Adipati
memanggil orang-orang yang dipercaya
punggawa empat puluh
mantri Pengging tak terlewatkan.

.39. Mekajangan ing alun-alun dipatya
antara tigang latri
tan ana wartanya
dadya sang adipatya
undhang-undhang kang tinuding
wong kawandasa
mantri Pengging tan keri.

40. Disuruh kembali semua adipati
demang rangga ngabei
tumenggung dan arya
mantri prajurit semua
tak ada yang diganggu
yang tidak datang
dirampas dan diboyongi.

40. Kinen mantuk sagunging para dipatya
demang rangga ngabei
tumenggung lan arya
mantri prajurit samya
tan ana dipunewahi
kang nora prapta
jinarah denboyongi.

41. Sudah pergi penggawa empat puluh yang ditugaskan
ke pedesaan sudah merata
semua mendengar
warga Pengging yang pergi
masyarakat kecil sudah kembali
ke rumah mereka
tak ada yang diganggu.

41. Sampun mentar tyang kawandasa dhang-undhang
mring padesan wus wradin
samya amiarsa
wong Pengging ingkang kesah
wong cilik wus samya mulih
mring wismanira
tan ana denowahi.

42. Kyana Patih Pancakarya yang bersembunyi
dengan temannya bupati
sudah mendengar pengumuman
bahwa Prabu Andayaningrat
sudah lolos dari istana
hanya dengan putra
waktu malam hari.

42. Kyana Patih Pancakarya sesingidan
lan kancane bupati
wus miarsa undhang
yen Prabu Dayaningrat
wus lolos sangking jro puri
mung kalih putra
kalaning wengi.

43. Bahwa sekarang negeri Pengging sudah dikuasai
semua adipati
dan pengumuman itu

43. Pan ing mangke nagri Pengging wus karoban
sagung para bupati
lan undhanging mangkya

bagi warga Pengging semua
besar kecil tak dibedakan
agar kembali
tua muda jangan ada yang
terlewatkan.

sagung wong Pengging samya
gedhe cilik tan maleri
kinen mantuka
tuwa nom ja nagari.

XLVII. SINOM

1. Kyana Patih bermusyawarah
dengan temannya para bupati
hendak tunduk kepada Adipati
Pajajaran Senapati
Arya Kebobang di penghadapan
yang membawa persenjataan
lengkap
musyawarah memutuskan
mantri yang diutus
tanpa berkeris dengan diserahi
membawa surat.

2. Dua mantri sudah berangkat
tidak diceritakam dalam
perjalanan
sudah bertemu dengan mantri
polisi
yang jaga, mantri di Pengging
sudah diinterogasi
diutarakan maksud kedatangannya
lalu dibawa menghadap
kepada sang Adipati
sudah dihadapkan mantri
Pengging lalu menyerahkan
surat.

3. Sudah diterima oleh sang Adipati
dibuka, isi surat
dibaca, Adipati berkata
"Hai utusan kembalilah segera
sampaikan kepada Ki Patih
jangan was-was hatinya
dan semua temanmu

XLVII. SINOM

1. Kyana Patih arembagan
lan kancanira bupati
arsa nungkul maring dipatya
Pajajaran senapati
Arya Kebobang nangkil
kang ngirit gegaman agung

rembag dadya putusan
mantri kang tinuding
tanpa keris pan sarwi binektan
surat.

2. Mantri kalih sampun mangkat
datan kawarna ing margi

wus panggih mantri pecanglang

kang jaga mantri ing Pengging
sampun dipuntakeni
kaweca ing lampahipun
lajeng denirit seba
marang wau sang dipati
sampun katur mantri Pengging
atur surat.

3. Wus tinampen mring dipatya
binuka tembunging tulis
kadriya dipati nebda
"Lah duta balia aglis
tutura mring Ki Patih
aja maras atenipun
myang sakeh kancanira

bupati mantri prajurit
Pengging semua agar diajak
pulang."

bupati mantri prajurit
Pengging kabeh iku padha
denirida."

4. Utusan minta diri lalu pergi
sudah bertemu dengan Kyana
Patih
disampaikan semua pesan
Adipati Kebobang tadi
Ki Patih memerintahkan
mengikat senjatanya
tumbak senjata pedang
panah lembing golok
dan keris, pasukan Pengging
tanpa atribut.

4. *Duta amit nembah mentar*
wus panggih lan Kyana Patih

tinutur sakandikannya
Dipati Kebobang nguni
Ki Patih marentahi
bongkoki gegamanipun
waos sanjata pedhang
panah lembing towok tampir
miwah keris wong Pengging
ambarundhulan.

5. Hanya Ki Patih dan bupati
yang masih mengenakan keris
sesudah siap lalu berangkat
bongkokan senjata berjalan di
depan
para mantri tanpa berkeris
mengawal berada di depan
beriringan jalannya pasukan
yang melihat terkesan dalam hati.
Kyana Patih sakancane munggeng
wuntat.

5. *Mung Ki Patih lan bupatya*
kang taksih amawi keris
sawuse rakit gya budhal
bongkokan lumampah ngarsi

para mantri tanpa kris
angirid munggeng ing ngayun
dulur lampahing wadya
kang mulat resep ing galih
kyana Patih dan teman-
temannya berada di belakang.

6. Sudah tiba di depan pintu gerbang
semua bongkokan senjata
berhenti di penjagaan
dengan pasukan Kyana Patih.
Diceritakan sang Adipati
sitihinggil tempat beristirahat
sampai di Pagelaran
peristirahatan para adipati
Patih Pengging kala itu sudah
dipanggil.

6. *Wus prapta ing galendhekan*
sagunging bongkokan sami
kendel aneng Pangurakan
sarowangira Kyana Patih
warnanen sang dipati
sitinggil gene kekuwu
dumugi pagelaran
pondhoke para dipati
patih Pengging semana
wus tinimbalan.

7. Tiba di hadapan lalu duduk
Adipati Kebobang berkata,

7. *Prapteng ngarsa tata lenggah*
Dipati Kebobang angling,

"Paman Patih Pancakarya
jangan Paduka takut
saya bertanya sungguh
tentang lolosnya putra Prabu
ke mana tujuannya."
Menjawab Rekyana Patih
tidak tahu, menyampaikan
awal mulanya.

"Paman Patih Pancakarya
ywa dika maras ing ati
manira taken yekti
ing lolose anak prabu
dhateng pundi parannya."
Umatur Rekyana Patih
tan uninga ngaturken purwane
lama.

8. Pertengahan hingga akhir sudah selesai
sang Adipati berkata lagi,
"Hai, Paman saya terima
kesetiaanmu kepadaku
dan para adipati
mantri prajurit semua
jangan mengubah yang sudah berjalan
tapi Paman saya serahi
melaksanakan tugas pergi ke Majapahit.

8. Madya wusana wus tamat

sang Dipati nabda malih,
"Lah, Paman manira trima
prasetya dika mring mami
tuwin para dipati
mantri prajurit sadarum
sampun ewah ing lampah

nging paman kula pasrahi
ngangkat karya budhalna
mring Majalengka.

9. Membawa rampasan dalam istana
semua harta benda semua
dan boyongan itu
warga dalam istana berangkat dengan kuda."
"Siaga", jawab patih
warga Pengging diperintahkan sudah
siaga pagi berangkat
berapa lama tidak diceritakan
perjalanannya, berganti yang dikisahkan.

9. Bekta jarahan jro pura
sagung rajabrana a sami
tuwin boyongan punika
wong dalem budhal neng wajik."
Sandika turnya patih
wong Pengging ngundhangan sampun
sumekta enjing budhal
lamine datan winarni
lampahira neng marga genti kocapa.

10. Prabu Pengging Andayaningrat
kepergiannya dari istana
dengan anak putrinya
seorang tampak kasihan
berjalan siang malam
turun hutan naik gunung.

10. Prabu Pengging Dayaningrat
sakmurcaning sangking putri
lan a kang putra wanodya
satunggal kawelas asih
lumampah siyang latri
mudhun wana minggah gunung

Sang Prabu Andayaningrat
kala itu memakai nama
Kyai Juru dan telah menemukan
pertapaan.

Sang Prabu Dayaningrat
saman sesilih nami
Kiyai Juru nenggih wus
manggih pertapan.

11. Di gunung Duk namanya
di situ ia bertapa
lalu bertempat tinggal di gunung
menanam jagung sorgum jali
gude, kacang, kecipir
dan buah-buahan
kepundung dan langsep
manggis, durian, dan kuweni
indah dipandang saat masih muda.

11. Ing gunung Duk aranira
ing ngriku amangun teki
lajeng dhedhukuh ing arga
nandur jangung canthel jali
gudhe kacang kacipir
tanapi pala gumandhul
kepundhung lan pijetan
manggis duren lan kuweni
asri tinon sedhenge lagya tumruna.

12. Tidak diceritakan yang sedang berdepok
Diceritakan mereka yang berjalan
membawa boyongan
dari negeri Pengging
ketika sudah tiba
di negeri Majapahit
sudah disampaikan kepada raja
pagi segera keluar di penghadapan
di Sitihinggil duduk di -
singgasana.

12. Sigegen ingkang tetruka

warnanen ingkang lumaris
angiringaken boyongan
sangking nagari ing Pengging
samana sampun prapti
nagari ing Majalangu
sampun katur narendra
enjing gya miyos tinangkil
neng Sitinggil lenggah neng
dhampar kencana.

13. Perangkat upacara lengkap
banyak dalang sawunggaling
kidang mas ardawalika
tempat minum dan capuri
kipas badak di belakang
gandek berada di kirinya
bupati semua menghadap
Kya Patih Banteng di depan
Adipati Kebobang datang lalu
bersujud.

13. Upacaranira abra
banyak dhalang sawunggaling
kidang mas ardawalika
pangunjukan lan capuri
kebut badhak ing wuri
gandhek munggeng keringipun
bopati samya seba
Kya Patih Bantheng neng ngarsi
Adipati Kebobang cundhuk
tur sembah.

14. Dengan semua adipati
pesisir mancanegara

14. Tuwin sagung pra dipatya
pasisir mancanagari

bagian barat sudah berada di
depan.
Sri Baginda bersabda tenang
"Semua yang datang,
selamatkah dalam perjalanan?"
Berterima kasih semua
Kebobang menghaturkan sembah,
"Hamba sudah menerima surat
dari Paduka.

bang Kulon wus munggeng
ngarsa.
Sang nata ngandika aris,
"Kabeh kang padha prapti
apa selamet ing laku?"
Matur nuwun sedaya
Kebobang matur wotsari,
"Amba sampun tampi nawala
Narendra.

15. Titah Paduka agar hamba menyerbu
beserta teman para adipati
ke Pengging yang membelot
pesisir bagian barat siaga
sudah hamba laksanakan
di Pengging tampak kosong
Andayaningrat lolos
tanpa membawa pengawal seorang
pun
hanya cucu Paduka sang Retna
yang dibawa.

15. Dhawuh dalem kinen ngrisak
sakanca para dipati
dhateng Pengging kang balela
pasisir kang Kilen kerig
sampun amba lampahi
ing Pengging kapanggih suwung
pun Dayaningrat oncat
tan bekta dasih satunggil

namun sang wayah dalem
retna binekta.

16. Warga Paduka masih utuh
atau harta benda berharga
hamba bawa semua
warga Pengging hamba bawa
patih dan para bupati
arya, rangga, mantri, demang
prajurit penjaga
semua hamba bawa
sekarang terserah kehendak
Paduka."

16. Tiyang dalem taksih wetah
utawi raja brana di
kawula bekta sedaya
tyang Pengging kawula kerig
patih miwah bupati
arya rangga mantri demung
prajurit padelekan
sedaya kawula kerig
pan ing mangke Gusti
sumangga karsa."

17. Ketika mendengar Sri Baginda
semua keterangan sang Adipati
amat senang hatinya
Sri Baginda bersabda tenang,
"Baik kuterima tugasmu
semua warga Pengging itu
tinggallah di Majapahit
jangan mengganti sebutan lama."

17. Duk miarsa Sri Narendra
ing ature sang dipati
kalangkung sukeng wardaya
sang Nata ngandika aris,
"Ya sun tarimeng kardi
kabeh wong ing Pengging iku
wismaa Majalengka
ja owah arane lami."

Siap sedia bersujudlah Ki .
Adipati.

18. Menyerahkan boyongan
dan harta benda dari Pengging
sudah diusung ke dalam istana.
Sri Baginda lalu memberikan
penghargaan
besar kecil merata
menerima penghargaan sang Prabu
gembira semua pasukan
Sri Baginda bersabda tenang,
"Sudahlah, semua bupati
beristirahatlah."

19. Segera pergi Sri Baginda
masuk ke dalam istana
bubar semua yang menghadap
Ketahuilah Sri Baginda
putra dari permaisuri
laki-laki parasnya tampan
cahaya bagi bulan
sudah dewasa diberi nama
putra mahkota bernama Raden
Sri Pamekas.

20. Sudah diangkat menjadi Adipati
Anom menggantikan ayahandanya
Ki Patih Bantheng berputra
laki-laki parasnya tampan
sudah diberi nama
Ki Mas Gajah sungguh pantas
ketika hari Senin
Sri Baginda pergi bercengkerama
ke hutan berburu kijang dan
rusa.

21. Dengan semua istri
mengendarai kereta semua
Sri Baginda naik kuda
Ki Patih Banteng mendahului

Tur sandika wotsekar Ki
Adipatya.

18. Angaturaken boyongan
lan raja brana ing Pengging
wus kerit marang jro pura.
Sang Nata . geganjar dasih

ageng alit waradin
tampi ganjaran sang Prabu
suka gung wadya bala
Sang Nata ngandika aris,
"Lah ta uwis bopati padha
ngasoa...

19. Gya jengkar Sri Naranata
lumebeng ing dalem puri
bubar sagung kang sumewa
warnanen ri arapati
putra sing garwa padmi
jalu warnanira bagus
cahya mindha sasangka
wus diwasa sinung nami
raja putra nama Raden
Sri Pamekas.

20. Wus jinunjung Adipatya
Anon gumantya ramaji
Ki Patih Bantheng sesuta
jalu warnane apekik
sampun dipunnamani
Ki Mas Gajah tuhu patut
semana didane Soma
sang Nata miyos cangkrami
dhateng wana ambujung kidang
menjangan.

21. Lawan sagung para garwa
nitih wuruk garbong sami
sang Nata nitih turangga
Ki Patih Bantheng rumiyin

dan semua bupati
memperbaiki perangkapnya
menggiring kijang rusa
banteng dan kancil
sudah selesai panggung
perangkap raja berangkat.

lan sagung pra bupati
andandosi grogolipun
anggiring kidang sangsam
bantheng tanapi kancil
sampun rampung panggung
krapyak nata tindak.

22. Dirubung istri dan putra
pingitan dan para selir
pasukan istana yang menjaga
prajurit di kanan kiri
tiba di tengah hutan
Sri Baginda sudah naik panggung
istri putra pingitan
di panggung mereka melihat
Sri Baginda bertitah agar
membunyikan aba-aba

22. Ginarebeg garwa putra
pepingit tan miwah selir
wadya jro ingkang rumeksa
prajurit ing kanan kering
prapteng tengah wanadri
sang Nata wus minggah panggung
garwa putra pingitan
nenng panggung gennya ningali
Sri Narendra ngandika kinen
tengara.

23. Aba-aba ditabuh bergemuruh
pasukan dititahkan untuk memburu
sesuka hatinya sendiri-sendiri
banyak buruan di hutan
bubar semua pasukan.
Sri Baginda masih di atas
panggung
pasukan semua bertebaran
memburu kijang kentus kancil
dan banteng serta kijang rusa.

23. Tengara tinabuh umyang
wadya kinen bujung sami
sasukane sowang-sowang
kathah buron ing wanadri
bubar sagunging dasih.
Sang Nata meksih neng
panggung
wadya gung ting balebar
bujung kidang kenthus kancil
kang andaka tanapi kidang menjangan.

24. Ada penjelmaan Dewa
berupa kijang emas datang
terjun bagai kilat
lari-lari kecil dihadapan
para istri melihat
mata kijang bagai menyala
bagai merah delima
semua pasukan sudah pergi
hanya Ki Patih Banteng berada
di hadapan

24. Wonten panguncanging Dewa
pan kidang kancana prapti
cumlorot lir pindha kilat
lincak-lincak aneng ngarsi
para garwa ningali
netrane kidang lir murup
anglir mirah dalima
wadya gung sampun agusis
mung Kya Patih Dipati
Bantheng neng ngarsa.

25. Sri Baginda halus sabdanya
"Hai, kejarlah itu Patih
hingga dapat tertangkap."
Menghaturkan sembah
segera pergi mengejar cepat
kijang emas lari
tetapi tidak begitu jauh
meledek di kanan kiri
berulang kali ditubruk selalu
tak terpegang.

25. Sang Nata alon ngandika
"Lah iku burunen Patih
poma-poma denkacandhak
matur sandika wotsari
gya mentar bujung aglis
kidang kancana lumayu
nanging tan pati tebah
ngalinter neng kanan kering
pan tinubruk-tubruk meksa
tan kacandhak.

26. Dilepasi anak panah
dipanah tidak kena
larinya tidak kencang.
Sri Baginda tidak sabar
hatinya
turun dari panggung mendekati
memburu kijang emas Sri
Baginda
diteriakkan Ki Patih
ke utara ke selatan tidak kena
Sri Baginda segera naik
kudanya.

26. Tinalorong ing warastra
jinemparing boya keni
pelayune nora kebat
Sang Nata tandra neng
galih
sing panggung anedhaki
bujung kidang mas sang
Prabu
binutuhken Kya Patya
ngaler ngidul datan keni
Sri Narendra agya nitih kan
turangga.

27. Membawa tombak sendirian
kijang diburu dengan patih
ke mana pun larinya diikuti
sangat ingin menangkapnya
Ki Patih ke kanan kiri
tak jauh dari Sri Baginda
dari panggungan sudah jauh
Sri Baginda segera melihat
negeri yang makmur warganya
lebih banyak.

27. Angasta towok priyangga
binujung kidang lan patih
separane tinut wuntat
kelangkung dennya mrih keni
Ki Patih nganan ngering
tan lebih lawan sang Prabu
sangking panggung wus tebah
Sang Nata nulya ningali
nagri arja wong ngira
kalangkung kathah.

28. Segalanya serba indah
bagai istana surga
kijang :ı sudah tak tampak
hutan rimba sudah tak kelihatan
kini tampak negeri

28. Suwaranira sri pelak
anglir kedhaton suwargi
kidang sampun tan katingal
wana gung datang ingeksi
mangke katon nagari

dewa Hyang Indera melihat
merangkul Sri Baginda
seraya bersabda halus
"Kaki Prabu aku diutus
Hyang Girinata

dewa Hyang Indra andulu
angrangkul mring sang Nata
sarya angandika aris,
"Kaki Prabu sun ngutus
Hyang Girinata.

29. Memanggil kepadamu
agar engkau berpindah negeri
kehendak Hyang Jagatnata
memerintah makhluk halus Jawa
beristrilah bidadari
delapan ratus semua cantik
berada di negeri Ketangga
sudah, terimalah mereka Kaki
istrimu delapan ratus sudah
berada di istana."

29. Animbali marang sira
iya kinen ngalih nagri
karsaning Ywang Jagatnata
ngratoni lelembut Jawi
kramaa widadari
dhomas padha ayu-ayu
aneng nagri Katangga
lah wis temonana kaki
garwanira dhomas wus aneng
jro pura."

30. Hyang Batara Indera menghilang
Sang Prabu Kumara Adi
segera masuk ke istana
Patih Banteng dititahkan
juga tetap jadi patih
tinggal di Kepatihan sudah
tak berubah kedudukannya
malahan melebihi yang dulu
beristri bidadari empat
cantik-cantik.

30. Ywang Bethara Indra musna
sang Prabu Kumara Adi
gya lumebet ing kadhatyan
Patih Bantheng dendhawuhi
ya tetep dadya patih
wisma Kapatihan sampun
tan owah muktenira
malah ngungkuli rumiyin
garwa widadari catur
ayu raras.

31. Demikianlah yang sudah berbahagia
berbahagia
diceritakan yang berada di hutan
rimba
pencengkeramaan kacau balau
seluruh prajurit mantri
prajurit mencari
raja dan patih yang hilang
hingga malam tak ditemukan
sangat sedih semua punggawa
pagi harinya semua pengawal
mencarinya.

31. Kuneng kang sampun wibawa

warnanen kang neng wanadri

pacengkraman kagegeran
sagunging dipati mantri
prajurit angulati
nata lan patih kelaut
ngantya dalu tan panggya
langkung susah gunging dasih
byar rahina gung wadya sami
ngupaya.

32. Hutan rimba ditembusnya
yang rimbun dimasuki
tak tertinggal jurang-jurang
diperiksa tidak ditemukan
dilaporkan kepada putra mahkota
beristirahat di tengah hutan
pasukan disebar
mencari Sri Baginda
dan Ki Patih tujuh hari tidak
ditemukan.

32. Wana gung sami sinasak
ingkang rungkut denlebeti
tanapi kang jurang-jurang
ngulatana nora . kapanggih
katur sang raja siwi
kekuwu aneng wana gung
wadya bala sinebar
ngupaya Sri Narapati
lan Ki Patih sapta ri datan
kapanggya.

33. Lalu pulamg putra mahkota
dan semua adipati
serta para ibu semua
semua penggawa prajurit
sudah berangkat meninggalkan
hutan
jalannya ragu-ragu
tapi waspada terhadap bahaya
amat sedih semua warga negeri
tiba di istana bagai disambar
burung gagak.

33. Nulya mundur raja putra
lan sagung para dipati
myang para ibu sadaya
sawadya bala prajurit
wus budhal sing wanadri

lampahira rangu-rangu
nanging prayitneng baya
langkung susah wong saknagari
prapteng pura lir sinamber
peksi nila.

XLVIII. DHANDHANGGULA

1. Sudah cukup usia sang raja
putra mahkota menggantikan raja
Brawijaya gelarnya
Mas Gajah patihnya
bernama Gajahmada Adipati
negeri terkenal di seluruh dunia
seluruh Jawa dikuasai
oleh sang Sri Brawijaya
raja besar perkasa mengakhiri
penutup raja Budha.

2. Sri Baginda bermimpin pada suatu
malam
beristri dengan putri cantik
Campa
setelah terbangun maka Sri
Baginda

XLVIII. DHANDHANGGULA

1. Wus anatara yuswane sang aji
raja putra gumantya narendra
Brawijaya bisikane
Mas Gajah patihipun
nama Gajah Mada Dipati
praja gung kasub ing rat
ngrat . Jawa kinelun
marang sang Sri Brawijaya
ratu gung digdaya tur amungkasi
panutup ratu Buda.

2. Sri Narendra supena ing
latri
krama antuk putri adi Cempa

byar wungu wau sang Rajeng

pagi keluar Sri Baginda
memanggil Rekyana Patih
dan para adipati
dipanggil semua
hadir menghadap raja
Sang Prabu Brawijaya bersabda
halus,
"Hai Patih Gajahmada.

enjing miyos sang Prabu
animbali Rekyana Patih
miwah para dipatya
ngandikan sedarum
munggeng byantara narendra
Sang Aprabu Brawijaya ngandika
ris,
"Heh Patih Gajah Mada

3. Apakah kamu mendengar kabar
raja Campa mempunyai putra
perempuan cantik parasnya?"
Gajahmada menghaturkan sembah
"Benar Gusti hamba mendengar
dari kabar banyak orang
putra perempuan cantik."
Sri Baginda bersabda lagi
"Kalau begitu kirimkan utusan
Patih
kuambil jadi istri.

3. *Apa sira amiarsa warti*
rajeng Cempa adarbe atmaja
wanodya ayu rupane?"
Gajah Mada wotsantun
"Inggih Gusti amba miarsi
sangking wartine kathah
putra wanodya yu."
Sang Nata malih ngandika
"Yen mangkono sira utusan
Patih
sunpundhut karya garwa.

4. Si Panular itu yang kutunjuk
menghadaplah kepada raja Campa
salam taklimku untuk Sri
Baginda
sampaikan maksudku
bahwa putranya seorang putri
kuambil sebagai istri."
Panular menghaturkan sembah
segera mundur dari penghadapan
sampai di luar segera berangkat
pergi ke negeri Campa.

4. *Si Panular iku kang suntuding*
katemua ing raja Cempa
salam taklim ingsun mring
sang Rajeng
dhawuha sebdaningsun
yen atmane putri sawiji
sunpundhut karya garwa."
Panular wotsantun
gya lengser sangking byantara
sapraptane ing jawi budhal tumuli
marang nagri ing Cempa.

5. Semua pasukannya mengiringkan
tidak diceritakan dalam perjalan-
annya
sudah tiba di negeri Campa
utusan lalu menghadap
Raja Campa bersabda dengan
halus

5. *Sawadyane sadaya umiring*
tan kawarna lampahireng
marga
wus prapteng nagri Cempane
dhuta lajeng cumundhuk
Rajeng Cempa ngandika aris

"Kamu diutus apa
oleh Ananda Prabu?"
Arya Panular menyembah
"Hamba diutus putranda Sri
Baginda
sang Prabu Brawijaya.

"Sira ingutus apa
marang Anak Prabu?"
Arya Panular wotsekar
"Amba ingutus ing putranta Sri
Bupati
sang Prabu Brawijaya.

6. Menghaturkan salam taklim
Kanjeng Putranda Prabu
Brawijaya
diperuntukkan Paduka Baginda
serta hamba diutus
bila berkenan hati Paduka
putra Paduka putri
dilamar sang Prabu
putranda masih jejaka
belum ada teman hidup
berbahagia."
Prabu Campa berpikir dalam hati.

6. *Angaturken pangestu kang taklim*
jeng putranta Prabu
Brawijaya
katur ing Paduka Rajeng
kalih amba ingutus
yen marengi karsa Dewaji
putranta sang kusuma
linamar sang Prabu
putranta taksih jejaka
dereng wonten tetimbanganipun
mukti."
Prabu Cempa ngartika.

7. Senang hatinya menanggapi
keinginan itu
tetapi belum diucapkannya
dengan berseri sabdanya,
"Ribuan terima kasih teriring
bila Putra Prabu mau mengambil
membawa putra perempuanku
tapi parasnya memalukan
belum dapat menangkap isyarat
sungguh masih bodoh maka
Sri Baginda
yang sabar mendidiknya.

7. *Trustheng galih saliring*
pangesthi
nanging dereng kawedharing sabda
sinawur winor delinge
"Sewu kethi jumurung
yen Anak Prabu arsa amipil
amupu putraningwang
nging warnane saru
drung bisa atampi sasmita
inggih meksih tuna liwat
Sri Bupati
ingkang yogya mulanga.

8. Nanti saya tanyakan putriku."
Raja Campa masuk ke istana
bertemu dengan istri dan anaknya
dua putrinya cantik-cantik
yang satunya laki-laki tampan
permaisuri di hadapan
bersabda Sri Baginda,

8. *Mengko ingsun tarine ni putri."*
Rajeng Cempa lumebeng jro pura
panggih lan garwa putrane
putra kalih ayu-ayu
kang sajuga jalu pekik
prameswarine ngarsa
ngandika sang Prabu,

"Kamu putriku yang tua
diinginkan oleh Sri Brawijaya
sang Raja
raja besar Majapahit.

9. Akan diambil teman hidup
bahagia
Prabu Brawijaya masih jejaka
belum ada pendampingnya
pesanku Nini
jangan kamu kawin dua kali
niatilah mengabdi
beliau raja besar
putriku kamu harus bisa
sebab priyayi bila kedahuluan
kehendak
tersinggung akhirnya marah.

10. Jangan sombong dan berani
niatilah kamu berguru
kerjakan segala perintahnya
orang yang dikasihi suami
yakni yang tidak suka menyakiti
taatlah dan jangan merasa pandai
bila pandai berbuat resah
yang bodoh tanpa guna
bila sombong akhirnya memuak-
kan
ingat-ingatlah jangan lupa.

11. Segala yang tidak disukai suami
maka putriku segera hindarilah
dan jangan dibenci itu artinya
jangan menyombongkan ucapan
mengatakan kebaikan lelaki lain
suami salah praduga
berakhir dengan marah
jangan berbuat aneh
perempuan itu sial, bodoh, buta,
dan tuli
kecerahan berasal dari laki-laki.

"Sira ni putri kang tuwa
pinundhut mring Sri Brawijaya
sang Aji
ratu agung Majalengka.

9. Bakal karya timbangane
mukti
Prabu Brawijaya meksih jaka
durung ana timbangane
ni putri wekas ingsun
aja sira pindho akrami
sedyakena ngawula
iku ratu agung
nini sira den bisa
wit priyayi kadhinginan tan
dumadi
ewa temahan lara.

10. Aja ambek punggung wani-wani
sumedyaa anggeguru sira
lakonana saprentahe
wong oleh sihing kakung
ingkang nora nedya ngalani
den madhep ja gumisa
yen pinter memurung
kang acubluk tanpa karya
wran gumisa temahe jejem-
beri
den eling aja lupa.

11. Barang kang datan kinarsan nglaki
poma nini age owahana
lan rang siku iku lire
aja ngungasken wuwus
ngucapaken bagus liyaning
kakung salah grahita
satemahan sendhu
aja nganyari sareka
wadon iku apes bodho wuta
tuli
lumarsa sangking priya.

12. Bila kamu dapat menangkap pandangan
temu pandang itu ketahuilah
jangan hambar senyumnya
apa yang disukai suami
kamu juga ikut menyukai
demi untuk kecintaan
hatinya harus bersungguh-sungguh cinta."
Sang Putri sudah mendengar
nasihat ayahandanya lalu meneteslah air mata
membasahi pipinya.

12. Dene bisa sira nandhang liring
carem netra iku kawruhana
haywa kemba lan manise
apa kareming kakung
sira uga milua asih
dremi binawur tresna
tyas den setya ing tuhu."

Sang Renta wus amiarsa
timbalane kang rama waspanya mijil
adres ing pangarasan.

13. Raja Campa bersabda lagi,
"Nini Putri niatmu mantapkan
tak kubekali nanti
perhiasan pakaian nanti
kelak gampang dikirim
lalu kamu bersiaplah."
Segera keluar Sri Baginda
menjumpai Arya Panular
lalu bersabda raja Campa dengan manis
"Sampaikan kepada Sri Baginda.

13. Rajeng Cempa angandika malih,
"Nini putri sedyakna mertapa
tan sungawani semangke
brana busana pungkur
besuk gampang besuk akirim
nuli sira dandana."
Gya miyos sang Prabu
manggihi Arya Panular
lon ngandika rajeng Cempa rum amanis
"Matura Sri Narendra.

14. Putriku dikehendaki Nanda Raja
kuserahkan aku tak kuasa mengawinkan
aku ingin mengabdikannya
aku sudah percaya sungguh
tak kuranglah Sri Baginda
yang berhak tanggung jawab
pada kebahagiannya."
Sang Putri sudah berpakaian
lalu berangkat Arya Panular mengiring
jalannya berada di depan.

14. Putriningsun pinundhut Sang Aji
tur sumangga tan ngraos ngramakna
sun sedya manyethekake
sun wus pracayeng kalbu
kurang apa Sri Narapati
kawogan katempuhan
ing lejaranipun."
Sang putri sampun busana
nulya mangkat Arya Panular umiring
lampahe aneng ngarsa.

15. Tak diceritakan lama perjalanannya

15. Tan kawarna lamining neng margi

tiba di Gresik sang Putri
Campa
Panular terus jalannya
menuju Majapahit
memberi tahu kepada raja
"Sesudah hamba diutus
melamar sang Putri yang cantik
rama Paduka amat gembira
Sekarang raja Campa, sang
Raja Putri
beristirahat di kota Gresik.

prapta Gresik sang Putri ing
Cempa
Panular lajeng lampahe
dhateng ing Majalengka
tur uninga maring narpati
"Sampun amba dinuta
nglamar sang lir santun
kang rama kelangkung suka
rajeng Cempa ing mangke sang
Raja Putri
kendel Garesik kitha.

16. Bila berkenan saran hamba Gusti
bersedia menjemput sang Putri
bila hati berkenan
sebagai bukti cinta Paduka."
Sri Baginda menyetujui
mengajak pengawal siaga
keberangkatan sang Prabu
dikawal pasukan berkuda
perjalannya sudah sampai di
Gresik
keluarlah Sri Baginda.

16. Yen marengi tur kawula Gusti
atindaka methuk sang kusuma
menawi dados galihe
karya tandha sih Prabu."
Sri Narendra teka nuruti
ngundhangi wadya adandan
tindak sang Prabu
ginarebek bala kuswa
tindakira sampun prapteng ing
Garesik
miyos wirageng nata.

XLIX. MIJIL

1. Setelah Sri Baginda melihat
kepada sang Putri yang cantik
pening tanpa tara kepala dan
hatinya.
Sang Putri sudah setia bagai
menyatu
dalam rasa sejati
di dalam hati.

2. Sang Putri bertemu lalu
turun
segera ditangkap perlahan
Sang Putri melihat paras
Sri Baginda

XLIX. MIJIL

1. Sri narendra sareng aningali
mring sang liring sinom
kumepyur tan paja mukatyasa.

Dyah wus trisna apersasat
nunggil
ing rasa sejati
retna jroning kalbu.

2. Dyah kapethuk tumedhak ing
siti
gya cinandhak alon
Sang Dyau mulat ing warna
sang Rajeng

cahaya memancar bagai bulan
bersinar
mantap hati sang Putri
seraya wajah menunduk.

3. Segera dipondong duduk putri
bagai Ratih
berjajar dengan Baginda Raja
Sang Putri memunduk terterpa
lirikan
Sri Baginda selalu meliriknya

karena sungguh cantik
dan hebat putri Campa itu.

4. Tidak telingkah jadi permaisuri
berkuasa di istana
memang cantik menarik hati
tampaknya
"Betul ini karunia Pramesthi
aduh aku mati
bila gagal kawin."

5. Sungguh tak terkatakan bila
dilukiskan
dia bagai perhiasan.
Sri Baginda berangkat dengan
istrinya
dari Gresik pengawal beriringan

yang mendampingi
memagari sangat rapat.

6. Tidak diceritakan perjalanan-
nya
tibalah mereka di Majapahit
Sri Baginda di dalam istana
dengan istri Ratu Darawati
Sri Baginda mencumbu rayu
lalu saling memadu kasih.

cahya macur lir wulan
dumeling
sreg galih sang Putri
sinamun tumungkul.

3. Gya jinunjung lenggah sang
lir Ratih
jajar lan sang Katong
dyah tumungkul kadresan
liringe
Sri Narendra tansah dennya
ngliring
dhasar nyata adi
putri Cempa punjul.

4. Nora wingwang dadya prameswari
amengku kedhaton
dhasar ayu mrak ati semune

"Iya iki paringe Pramesthi
adhuh ingsun mati
yen wurunga temu."

5. Tangeh lamun rinengga ing
kawi
sira sang lir sinom.
Sri Narendra mangkat lan
garwane
sangking Gersik wadya
angerangin
ingkang anjajari
sami ngrung-urung.

6. Tan kawarna lampahireng
margi
Maospait rawoh
jroning pura wau ta sang rajeng
lan kang garwa Ratu Darawati
sang Nata karon sih
sih-sinihan lulut.

7. Sang Dyah Ratu sudah bahagia hatinya
dengan Sri Baginda Raja
sudah banyak istri Sri Baginda
sebagai upeti dari para raja
dan para adipati
menyerahkan putri cantik.

8. Hal itu Raja Campa sudah sering
mengirim putrinya
bila kurang dikirimi lagi
Diceritakan ada suatu negeri
Kanjeng Sultan Arif
keturunan Kanjeng Rasul.

9. Adiknya bernama sang Ibrahim
ketika itu diutus
ke tanah Jawa menaklukan agamanya
dibekali Kitab Quran indah
disuruh mengislamkan juga
di seluruh tanah Jawa.

10. Dan dibekali pusaka Uda Ratih
dulu katanya
gampar milik Kanjeng Rasul
sang Ibrahim sudah berangkat dari
negeri Arab
berlayar di laut.

11. Yang dituju tanah Pulau Jawa
ia berganti nama
sang Pendeta Mustakin namanya
tidak diceritakan selama di laut
perjalanannya sudah sampai
di Campa beristirahat.

7. Sang dyah ratu wus eca kang galih
miwah jeng sang Katong
sampun kathah sang Nata garwane
cecaosan sangking para aji
miwah pra dipati
atur putri ayu.

8. Rajeng Cempa semana wus asring
kirim putra wadon
nadyan kirang kiniriman maneh
kawarnaa ingaran nagari
Kanjeng Sultan Arif
trahira Jeng Rasul.

9. Ingkang rayi nama sang Ibrahim
wau ta wus kinon
marang Jawa nelukna gamane

binektanan Kitab Kuran adi
ken ngislamna ugi
ing tanah Jawa gung.

10. Lan binektan tosam Uda Ratih
nguni kang cariyos
kang gamparan Jeng Rasul ageme
sang Ibrahim wus umangkat sangking
ing Arab nagari
alayar nglaut.

11. Kang sinedya tanah pulo Jawi
asesilih julok
sang Pandhita Mustakin namane
tan kawarna lamining jaladri

lampahe wus prapti
Cempa kendelipun.

12. Sudah bertemu dengan Baginda Raja Campa
bersabda Sri Baginda
"Sang Pendeta dari mana asalnya?"
Menjawablah yang ditanya dengan lembut
"Dari negeri Arab
hamba keturunan Rasul.

12. Lan sang nata ing Cempa wus panggih
ngandika sang Katong,
"Sang Pandhita ing pundi sangkane?"
anauri kang tinanya aris

"Sangking Arab nagri
kula trahing Rasul.

13. Diutus mengislamkan tanah Jawa
silakan masuk Islam Baginda
bila tidak Islam menerima amarah
yang berkuasa yakni Hyang Mahasuci."
sudah masuk Islam Baginda
mengikuti ajaran Rasul.

13. Kinen ngislamaken tanah Jawi
lah islama katong
yen tan Islam manggih dedukane
ingkang murba ing Ywang Mahasuci."
wus Islam sang Aji
anut lajeng Rasul.

14. Syekh Ibrahim diambil menantu baginda
dengan putri mudanya
adiknya Dyah Darawati
tidak lama raja Campa wafat
putranya menggantikan
lelaki menjadi raja.

14. Seh Ibrahim kemantu sang Aji
sang putri kang anom
arinipun Dyah Darawatine
datan lami rajeng Cempa lalis
kang putra gumanti
priya madeg ratu.

15. Ada lagi yang diceritakan
negeri bagian barat
sebelah barat Mekah letaknya
di Mahribi namanya negeri
ketika berjamaah
orang yang bersembahyang.

15. Wonten malih wau kang kinawi
nagari bang kulon
sakilene ing Mekah pernahe
ing Mahribi wastaning nagari
pan jamangah sami
wong kang salat iku.

16. Yang bersembahyang kurang satu orang
Syekh Maulana berkata
bahwa kurang satu jamaahnya
Syekh Mahribi segera pergi cepat

16. Pan salate kirang wong sawiji
Seh Mulana alon
lamun kirang siji jamangahe
Seh Mahribi sigra mesat aglis

menghadap Syekh Abdulkadir
tiba di Mekah sudah.

17. Mengucapkan salam Syekh
Maulana Mahribi
disambut perlahan
oleh Syekh Abdulkadir salam-
nya
segera menghadap Maulana
Mahribi
dan Sykeh Abdulkadir
mereka sudah duduk.

18. Seru berkata sang Syekh
Abdulkadir
"Sangat heran hatinya
pada Mahribi yang amat jauh
perjalanan lima ratus tahun
negeri Mahrib
dari Arab itu."

19. "Paman kan orang terpilih di
sini
saya baru tahu
bahwa matahari sudah di tengah
menjelang sembahyang Jumat ini
sungguh sakti
Kanda maka dari itu.

20. Bahwa ada kanda satu orang
yang duduk itu
bersandar pada pohon nagasari
tak tertangkap meskipun mencuri
sedang kuperlukan
agar bertobat kepada orang
terkenal."

21. Samgat heran Syekh Maulana
Mahribi
"Sungguh heran hatiku
mana ada penjahat itu

seba mring du Dulkadir
prapteng Mekah sampun.

17. Uluk salam Seh Mulana
Mahribi
sianuran alon
marang Seh Dulkadir salame
sigra cundhuk Mulana
Mahribi

lan Seh Ngabdulkadir
wus samya alungguh.

18. Sru ngandika sang Seh
Ngabdulkadir
"Gawok ateningong
ing Mahribi kelangkung adohe
lelampahan gansal atus warsi
nagari ing Mahrib
sangking Arab iku."

19. "Paman mangke pilihing wong
ngriki
ingsun temben tumon
pan srengenge gya wayah tengahe
dungkap wektu ing Jumungah iki
pan langkung sinekti
kakang mulaneku.

20. Inggih wonten kakang tyang satunggil
puniku kang lunggoh
asesendhen wit naga sarine
tan kecekel lebete memaling
lagya sun arasi
kentop tyang agung."

21. Langkung ngungun Seh Maulana
Mahribi
"Gawok ateningong
ngendi ana wong durjana kowe

yang ingat berjumatan
bahwa disebutkan dalam dalil
lelaki yang berilmu.

dadi genep jumungah puniki
yen ujaring dalil
wong lanang kang ngelmu.

22. Yang sudah akil balig juga
yang bukan perempuan
yang sudah tahu wajib dan batal
mandi besar dan berwudu
wajib sembahyang lagi
kuduga belum tahu."

22. Ingkang uwis alul balek ugi
kang dudu wong wadon
ingkang uwis wruh perlu batale

ing jinabat lan wulu puniki
perlu salat malih
s sun duga durung wruh."

23. Ketika itu sang Syekh Abdulkadir
tersenyum seraya berkata
"Itu Kanda bawalah segera
tanyakan tentang ilmunya."
Sykeh Maulana segera
menanyakan ilmunya.

23. Ya ta wau sang Seh Ngabdulkadir

mesem ngandika alon
"Iku Kakang dika gawa age
takonana masalahing ngelmi."
Seh Mulana aglis
takon ngelmenipun.

24. Tenang jawaban si pencuri
kepada Maulana perlahan
bahwa banyak yang diutarakan
ilmu yang mengherankan Syekh Mahribi
lalu minta diri
dibawa si pencuri.

24. Alon matur wau ponang maling
mring Mulana alon
apan kathah kang denaturaka
ngelmu langkung gawokke
Seh Mahribi
nulya nuwun amit
binekta kang pandung.

25. Tak diceritakan dalam perjalanannya
Maulana datang
lalu mengucapkan salam salat Jumat
setelah selesai sembahyang kembali
Ki Syekh dan Ki Pencuri
ke negeri Mekah tiba.

25. Tan kawarna lampahireng margi

Maulana rawoh
nulya lajeng salam jumungahe

ri sampunnya bakda salat bali
Ki Seh lan Ki Maling
nagri Mekah rawuh.

26. Tersebutlah sang Syekh Abdulkadir
sedang duduk

26. Kawarna sang Seh Ngabdulkadir
amarengi lunggoh

di tengah-tengah pendapa
sang Syekh Maulana segera
datang
mengucapkan salam
sudah dijawab.

neng samadyanireng pandhapane
sang Seh Maulana agya
prapti
uluk salam uni
sinauran sampun.

27. Syekh Mahribi sudah mengambil
duduk
dua orang bersila
segera berkata dengan manis
ucapnya
Maulana kepada Abdulkadir
"Mengembalikan pencuri
yang saya pinjam."

27. Seh Mahribi wus atata
linggih
wong loro abukoh
agya matur rum manis
tembunge
Maulana dhumateng Dulkadir
"Ingantukken maling
kang kawula sambut."

28. Syekh Abdulkadir halus
jawabnya
"Tumben cepat datang
balik pulang Kak, cepat
datang."
Menjelaskan Ki Syekh Maulana
Mahribi
perihal perjalanannya,
adapun yang dituturkan.

28. Seh Dulkadir aris nauri,

"Dene aglis rawoh
tulak wangsul Kakang glis
praptane."
Matur Ki Seh Mulana
Mahribi
solahireng margi
wau kang tinutur.

29. "Saya berbantah dengan pencuri
ini
hampir saya kalah
saya kalah menghina sesama."
tampak tersenyum sang Syekh
Abdulkadir
menyahut dengan manis
"Hai, Kakak.

29. "Amba bantah lan pandung
puniki
apan ta meh kawon
amba kawon ngina sesamine."
Ya tak mesem sang Seh
Ngabdulkadir
angandika manis,
"Lah Kakang puniku.

30. Saksikan bahwa pencuri itu
kuganti nama
Wali Lanang cocok
karena dia keturunan Rasul
sungguh
yakni Jeng Nabi Mustofa
terhormat

30. Seksenana maling sunlih
nami
Wali Lanang punggoh
mapan niku trah Rasul
yektine
ya Jeng Nabi Mustapa sinelir

dan doakanlah kelak
yang mengislamkan.

31. Tanah Jawa dan jadilah bibit
di Campa tinggalnya."
Maulana dengan hormat jawabnya
"Baik kudoakan kepada Tuhan."

Segera dipegang cepat
pada pinggangnya.

32. Oleh Abdulkadir Jaelani
dilemparkan pelan
telah terlepas jatuh di negeri
Campa
sudah tiba bertemu dengan Sri
Mustakin
berjabatan tangan lalu
mengambil tempat duduk.

33. Tidak diceritakan tentang
Wali Lanang
yang sudah tinggal di Campa
tersebutlah Syekh Abdulkadir
dan sang Syekh Maulana
Mahribi
memberikan petunjuk
tentang akhir kehidupan.

34. Sudah diingat-ingat pesan yang
sejati
minta izinnya hormat
segera mundur dari penghadapan
tak diceritakan perjalanannya
telah tiba
di negeri Mahribi
lalu berzikir.

35. Dalam masjid Pametikan
memuja Hyang Mahatahu
hingga lupa makan dan tidur

lah dongakna nenjing
kang ngislamna iku.

31. Tanah Jawa adadia wiji
ing Cempa dennyandon."
Maulana pan aris ature
"Inggih dongakaken ing Ywang
Widi."
gya cinandhak aglis
ing bangkekanipun.

32. Dhateng Ngabdulkadir Jaelani
denuncalken alon
pan sumemprung tibeng Cempa
mangke
sampun prapta panggih Sri
Mustakin
jawab tangan nuli
nulya tata lungguh.

33. Enengna Wali Lanang ugi

kang wus neng Cempandon
kawarnaa Seh Ngabdulkadire
lawan sang Seh Maulana
Mahribi
anelasing weling
wekasaning tuwuh.

34. Wus kacatet weling kang sejati
sejati
pamitira alon
sigra lengser sangking ngarsa age
tan kawarna ing marga wus
prapti
nagri ing Mahribi
pan lajeng manekung.

35. Wonten masjid Pamethikan mangkin
amujweng Ywang Manon
apan supe dhahar lawan sare

berdoa kepada Hyang Sukma jati
diharapkan dalam doa
dapat sampai di tanah Jawa.

anenuwun marang Ywang Sukma
sinejeng jro puji
mring tanah Jaweku.

36. Pesan sang Syekh Abdulkadir
Jaelani pada tempat tujuan
tanah Jawa diberi iman
yang memulai kelak pada wali
dikaruniai kemuliaan berlebihan
pahala Hyang Agung.

36. Pamangsite sang Seh Ngabdulkadir
Jaelani ngedon
Nungsa Jawa pinaring imane
kang ngadani benjang para wali
sinung mulya luwih
ganjaran Ywang Agung.

37. Sudah dikabulkan puja pada Tuhan
segera ayahandanya datang
Jeng Pangeran Atasangin
maka berkatalah dengan lembut
"Hai anakku
Engkau selalu berdoa.

37. Wus tinrima pamujine Widi
gya kang rama rawoh
Jeng Pangeran Ngatas marutane
apan sarwi ngandika rum manis,
"Nyawa putra mami
sira anenuwun.

38. Jadi imam di Pulau Jawa
dikasihi Hyang Mahatahu
tanah Jawa dikaruniai rahmat
menganut agama Rasulullah kelak
dari Glagahwangi
tempat berkumpulnya."

38. Dadi imam aneng Pulo Jawi
sinihan Hyang Manon
Nungsa Jawa pinaring rahmate
nut agama Rasululah benjing
asal Glagahwangi
ya kumpulanipun."

39. Segera dipegang pinggang
putranya
dilepaskan perlahan
bagai kilat bergema suaranya
ke timur lurus arah tanah Jawa
secepat kilat
tiba di Jawa.

39. Gya cinandhak wangkingane
siwi
nguncalken pan alon
anglir kilat sumemprung swarane
ngetan bener marang Pulo Jawi
sagebyaring thathit
prapta ing Jaweku.

40. Di pesisir selatan tempatnya
bertempat tinggal di Mancingan
di atas gunung padepokannya
bertapa mengkijang pada malam
hari
segera ke Glagahwangi
bertapa di pohon besar.

40. Ing pasisir Kidul pernahneki
Mancingan dhedhepok
aneng luhur ngarga ngasramane
tapa ngidang mayeng yen wengi

gya mring Glagahwangi
tapa neng wreksa gung.

41. Di bawah pohon terdapat kolam jernih
air jernih bersih
bagai kaca di dalamnya tampak batunya
indah alirannya gemerisik
tidak diceritakan yang bertapa
adalah yang dikisahkan.

41. Ngandhap kajeng aneng beji resik
toya weningnya rong
anglir gedhah jro katon selane

mila ajrah alinya kumriwik
nengena kang tapi
wonten kang winuwus

42. Ciptaan dewa yang tertinggi
yang diceritakan
raksasa bertapa di tengah hutan
laki perempuan bertapa sudah lama
mereka kakak beradik
laki-laki yang tua.

42. Titahira dewa kang linuwih
ingkang winiraos
diyu tapa neng dhepok alase
jalu estri tapa wus alami

apan kakang adhi
jalu ingkang sepuh.

43. Yang muda bernama Raseksi
mendengar kabar
bahwa sang Prabu di Majapahit
tampan muda tambahan gagah perkasa
banyak terkenal oleh perempuan
Raseksi terpikat.

43. Ingkang anem nama Raseksi
miarsa pawartos
yen sang Prabu ing Majapait
bagus anom tur prawireng westhi
dadya kondhang ngestri
Raseksi kayungyun.

44. Ingin sekali menjadi istri raja
Raja Majapahit
berkata kepada Raksasa kakaknya
"Kakak saya ingin mengabdi
Sri Brawijaya
Raja Majapahit.

44. Pan kapengin dadya garwa aji
Maospait katong
sajar marang Raseksa kakange,
"Ingsun Kakang arsa anyenyethi
Sri Bawijaya di
ratu Majalangu.

45. Ki Raseksa keras jawabannya,
"Mustahil raja bersedia
Engkau raseksi amis baunya
rupamu bagai hantu
ingin apa adikku
malahan mempercepat mati."

45. Ki Raseksa asru denira ngling,
"Mangsa arsa katong
sira ditya pan amis gandane
warnanira lir pindha memedi
mundhak apa yayi
temah gege lampus."

46. Ni Raseksi di hati agak marah
akhirnya dibiarkan
perlahan mengubah dengan
keberaniannya
berganti rupa putri cantik jelita
hilang sifat raseksinya
nafsu sangat gandrung.

47. Bagai bidadari dari surga
kakaknya segera melihat
melenggak-lenggok seraya
berkata lembut,
"Tinggallah kanda aku minta diri
hendak mengabdi
kepada sang Prabu.

48. Hendak pergi ke Majapahit."
Segera berbusana tampak
sungguh cantik bila diperhatikan
tingkahnya
samar-samar bagai sifat dewi
penampilannya manis
sintal tinggi semampai.

49. Citranya bagai bidadari
Dewi Ratih kalah
lalu berkata Raseksa ucapnya
"Baiklah, Dinda berangkatlah
aku berdoa sepenuh hati
agar mau sang Prabu,

50. Lalu Kamu berputarlah Dinda
laki-laki tampan
tentu aku setuju semua
kamu kunamai
kelak Rarasati."
adiknya setuju.

51. Bersujud mundur cepat Rarasati
jalannya perlahan

46. Ni Raseksi ing tyas semu runtik
purwane dentog
alon ngruwat sarwi wewanene

salin warna wanodya yu luwih
nir sipating yeksi
kuhywa gandrung-gandrung.

47. Anglir pindha widadari swargi
kakange gra anom
gendreh-gendreh sarwi lon
wuwuse,
"Lah kantuna Kakang kula pamit
ayun anyenyethi
dhumateng sang Prabu.

48. Arsa kentar dhateng Maospait."
gya busana katon
langkung endah yen tinon
larase
lamat-lamat kadya sipat dewi
pamigatin manis
sedhet gandhang luruh.

49. Citranira kadya widadari
Dewi Ratih kasor
tandya ngucap raseksa delinge,
"Lah ta Yayi mangkata tumuli
ingsun muja branti
karsaa sang Prabu.

50 Nuli sira peputraa Yayi
jalu kang kinaot
apan ingsun jumurung kekabah
lawasira Yayi sun arani
benjang Rarasati."
Kang rayi anuwun.

51. Nembah lengser gancang Rarasati
lampahira alon

sangat rindu tampak serasinya
tiba dalam kota Majapahit
berbarengan Sri Baginda
dihadap punggawa semua.

gandrung-gandrung akarya larase
prapta jroning kitha Maospait
marengi sang Aji
siniweng wadya gung.

52. Sri Baginda terkejut mendengar
suara seseorang
Ki Patih dititahkan memeriksa segera
dilaporkan bahwa ada wanita cantik
ingin mengabdi
kepada sang Prabu.

52. Sri Narendra gyat amiarsi
swarane punang wong
Kya Patih kinen mariksa ge
katur lamun wonten wanodya di
pan ayun anyethi
dhateng sang Apraba.

53. Setelah dihadapkan bersabda Sri Baginda
"Panggillah ke dalam
aku ingin melihat rupanya."
Sang Putri segera dipanggil cepat
sudah diiringkan menghadap
tiba di hadapan raja.

53. Wusnya katur ngandika Sang Aji
"Timbalana mring jro
ingsun arsa uninga warnane."
Sang Dyah gancang tinimbalan aglis
lampahe wus kerit
prapteng ngarsa Prabu.

54. Sri Baginda setelah menyaksikan
putri cantik muda
bagai Supraba cantiknya
lalu masuk sang putri dibawa ke istana
sesudah dikawini
tidak diceritakan memadu kasihnya.

54. Sri Narendra sareng aningali
endhang ayu anom
anglir pindha Supraba ayune
nulya kondur dyah binekteng puri
wus dencengkramani
tan kawarneng lulut.

55. Sangat sayang Sri Baginda
selalu berkasih-kasihan
lupa terhadap istri Dyah Darawati
Sang Dyah Rarasati sudah mengandung
berjalan tiga bulan
mengidam sang Putri.

55. Langkung remenira sang Bupati
datan sah karongron
supe garwa Dyah Darawatine.
Sang Dyah Rarasati wus garbini
antuk tigang sasi
anyidhan sang Ayu.

56. Minta anyang kepada Sri Baginda
"Mohon mentahan hamba."
Sri Baginda menurut istrinya
anyang ayam lalu dimakan
habis minta lagi
yakni anyang kambing.

57. Yang masih mentah dituruti kemudian
oleh Sri Baginda
sudah habis kambing seekor.
Setelah habis tersebutlah Sri Baginda
sangat menyesal
sang Prabu membatin.

58. "Sungguh tidak selayaknya orang."
Digertak oleh Sri Baginda
karena bagai reseksi tingkahnya
yang digertak kaget lalu berteriak
taringnya dipamerkan
gembel rambutnya.

59. Rupa raksasa sungguh menakutkan
terkejut Sri Baginda
di dalam istana gemuruh suaranya
gempar berteriak kemasukan raseksi
sedih Sri Baginda
segera mengambil tombak.

60. Segera diarahkan hendak dibunuh
raksasas perempuan itu
cepat melesat terbang di angkasa
yang tinggal tak mampu mengejar.
Tersebutlah Sri Baginda
menyesal sungguh-sungguh

56. Minta gecok marang Sri Bupati

"Nuwun mentah ingong."
Sri Narendra nuruti garwane
gecok ayam anulya binukti
telas minta malih
nenggih gecok wedhus.

57. Ingkang mentah tinurutan nuli
marang sang Angakatong
sampun telas menda satunggile
wusnya telah ya ta Sri Bupati
sanget getuneki
grahita sang Prabu.

58. "Dene nora jamak lawan jalmi."

Sinentak sang katong
dene kadi raseksi polahe
kang sinentak jumbul nulya ngerik
siyunge denisis
gimbal rekmanipun.

59. Warna diyu sawantah ngajrihi
kagyat sang Akatong
ing jro pura gumuruh swarane
geger alok kalebon raseksi

kapita sang Aji
aglis nyandhak lawung.

60. Gya ingembat arsa denlarihi
sira diyu wadon
aglis mesat napak geganane
ingkang kari tan wignya nututi
ya ta sang Narpati
getun mungur-mungur.

61. Ingat akan permaisuri raja
dari Campa sang Putri
sudah pulih kembali cintanya.
Tersebutlah raksasa di tengah hutan hutan
mencapai sembilan bulan
melahirkan bayi laki-laki.

61. Enget marang prameswari aji
ing Cempa sang sinom
wis lumawan pulih katrisnane.
kawarnaa na diyu neng wanadri

tekeng sangang sasi
babar miyos jalu.

62. Bercahaya bagai bulan purnama
bagai lampu bersinar
dipanggil Raden Dilah namanya.
Tak diceritakan setelah lama
dewasalah anak itu
diasuh uaknya.

62. Cahya yayah purnamaning sasi
lir dilah mancorong
pinaraban Dyan Dilah namane
Tan winarna wus antara lami
dewasa sang pekik
denmong uwakipun.

63. Uak ibu sangatlah sayang
selalu digendong
siang malam tak henti doanya
hanya kepada putranya yang diharapkan
dapat memegang negara
atas pertolongan dewa agung,

63. Uwa ibu kelangkung dennya asih
amanggung ginendhong
rinten dalu tan pegat pujane
mung kang putra sinedya ing galih
mengkua nagari
pitulung dewa gung.

64. Bahwa aku dan ibunya
berusaha dengan sungguh hati
pada anaknya yang bernama Raden Dilah
Tersebutlah si pemuda tadi
sudah dewasa kala itu
rewel terhadap ibunya.

64. Apan ingsun lan ibunireki
pinrih batos
mring kang putra Dyan Dilah wastane
Kirikata wau ta sang pekik
wus diwasa mangkin
muthah mring kang ibu.

65. Dan kepada uaknya selalu mendesak
bertanya tentang ayahnya
uangknya dengan sabar menjawab,
"Aduh, anakku Kau tak punya ayah
ya aku ini
orang tuamu laki-laki."

65. Lan kang uwa tansah anungkemi

tanya sudarmanom
ingkang uwa alon ing sabdane,
"Adhuh nyawa ta darbe sudarmi

iya ingong ugi
sudarmamu jalu."

66. Raden Jaka tak suka hatinya
rewelnya memuncak
terus mendesak menanyakan ayahnya
uak dan ibunya tidak sampai hati
maunya tidak diberi tahu
takut kalau bunuh diri.

66. Raden Jaka tan rena ing galih
pamothahe ngepon
kedah taken marang sudarmane

uwa ibu kewedan ing galih
yun tan denwartani
bok manawa nglampus.

67. Yang menyebabkan kehilangan anak
sehingga bisiknya dengan sabar,
"Sudahlah diam anakku
ayahmu yang sesungguhnya
bukan orang kecil
sebetulnya raja.

67. Pan rumaos kecalan ing siwi

dadya sajar alon,
"Lah mendela putraningsun Angger
sudarmamu iku kang sayekti
pan dudu wong cilik
sejatine ratu.

68. Brawijaya di Majapahit."
Anaknya menyahut lembut,
"Kalau begitu aku menghadap raja."
Ibunya dan uaknya menghalangi
"Jangan pergi anakku
mungkin tidak diaku.

68. Brawijaya Prabu Maospait."
kang putra turnya lon,
"Yen makaten amba sowan rajeng."
Ingkang ibu lan uwa gendholi
"Aja lunga Gusti
bok nora denaku.

69. Dan lagi siapa yang kulihat
dan siapa yang kuasuh."
Jaka Dilah mendesak terus, ucapnya,
"Meskipun dihalangi aku terjang
bila diikat
akan kulepaskan.

69. Lan maninge sapa sun tingali
lan sapa sumemong."
Jaka Dilah ameksa ature,

'Palangana gih kula lumpati
dhinadhunga ugi
kawula nggih ucul.

70. Sudah tinggallah Ibu, aku minta diri
ingin mengabdi raja."
Ibunya sedu sedan tangisnya
Jaka Dilah minta diri pada uaknya
uaknya mengizinkan
memberikan restu.

70. Lah kantuna ibu kula pamit

yun ngawula katong."
Ingkang ibu asru panangise
Jaka Dilah mring uwa tur pamit
kang uwa ngideni
anjurung pangestu.

71. Sudah diajar ilmu kesaktian
kepandaian yang lebih
aji petak sudah diajarkan
dicurahkan ilmunya hingga habis
kepada Raden yang tampan
hingga jadi pemuda yang tangguh.

71. Wus winulang mring esmu kasekten
kadibyan kinaot
aji petak wus winulangake
Denwutahken ngelmune wus enting
mring Rahadyan pekik
mila prawira nung.

72. Dan juga Kau kelak
mendapatkan kebahagiaan
semoga dihadiahi kedudukan
Sang putra raksasa minta diri keluar
yang jadi keinginan hatinya
pergi ke Majapahit

72. Ia uga sira gusti benjing
manggiha krahayon
ginanjara kamuktene tembe
amit ri sang dyu atmaja mijil
kang sinedyeng galih
marang Majalangu.

73. Tidak diceritakan dalam perjalannya
telah tiba sang Anom
di kediaman Ki Patih
Ki Patih terperanjat ketika melihat
kepada tamunya
bertanya dengan lembut.

73. Tan kawarna lampahireng margi
wus prapta sang anom
jroning praja Ki Pateh
Kyana Patih kagyat duk ningali
dhumateng kang prapti
atetanya arum,

74. "Hai Si Bagus engkau dari mana
dan siapa orang tuamu
mengakulah apa tujuanmu?"
Jaka menjawab, "Tidak tahu asalnya
dari tengah hutan
Dilah nama hamba.

74. "Lah Ki Bagus sireku wong ngendi
lan sapa kang tuwoh
lah ngakua parane angger?"
Jaka matur, 'Tan uningeng nguwit
sangking ing wanadri
pun Dilah ran ulun.

75. Maka hamba menghadap Ki Patih
ingin mengabdi raja."
Kyana Patih halus katanya,
"Baiklah, mari kuantar engkau segera
aku akan menghadap
kepada Kanjeng Sang Prabu."

75. Mila amba sowan lan Ki Patih
yun suwiteng katong."
Kyana Patih alon timbalane
'Lah ta payo sunirit sira glis
sun arsa sumiwi
ing Kanjeng sang Prabu.

76. Hari Senin Sri Baginda di
penghadapan
duduk di singgasana indah
para adipati lengkap menghadap
segera melihat Sri Baginda
bahwa ada orang
di bawah beringin kurung.

76. Dina Soma sang Nata
tinangkil
lenggah dhampar kaot
pra dipati pepak sewaka kabeh
gya umiyat sang Sri Narpati
lamun wonten jalmi
aneng wringin kurung.

77. Dititahkan abdi gandhek
memeriksa segera
sampai di ringin kurung
utusan bertanya, "Apa tujuannya
berjemur di antara dua beringin
asalmu dari mana?"
Ki Dilah menjawab.

77. Kinen mriksa wong gandhek
lumaris
tekan wringin kurong
duta nabda, "Apa ta karane
dennya pepe neng waringin kalih
pinangkamu ngendi?"
Ki Dilah umatur,

78. "Hamba berasal dari tengah
hutan
Dilah nama hamba
ingin sekali mengabdi Sri
Baginda
menyerahkan mati dan hidup
terhadap Raja."
Utusan raja kembali.

78. "Kula tiyang sangking ing
wanadri
pun Dilah raningong
gih sumedya ngawula sang
Rajeng
ngaturaken pati lawan urip
katura Narpati."
Duta nata mundur.

79. Tiba di penghadapan dua
utusan
menyampaikan laporan
bahwa mereka sudah memeriksa
yang berjemur
yang berada di antara dua
beringin
dilaporkan semua
yang diinginkannya.

.79. Prapteng ngabyantara duta
kalih
nembah matur alon
inggih sampun mriksa kang
pepe
ingkang wonten ing waringin
kalih
katur niskaraning
ing saaturipun.

80. Sri Baginda bertitah untuk
memanggil
abdi gandek menyembah
mundur dari penghadapan
segera

80. Sri Narendra kinen animbali

gandhek awot sinom
lengser sangking ngabyantara
age

melaksanakan titah panggilan raja
meminta kepada dia
dipanggil sang Prabu.

dhawuhaken timbalan Narpati
nedha lah sireki
ngandika sang Prabu.

81. Sudah diantar di hadapan raja
Ki Dilah sudah dititahkan
duduk bersama abdi raja
Jaka Dilah dilirik Sri Baginda
berkata dalam hati
Kanjeng sang Prabu.

81. Sampun kerit prapta byantara ji
Ki Dilah wus kinon
nunggil lawan punakawan rajeng
Jaka Dilah liniring sang Aji
ngunandikeng galih
kanjeng sang Aprabu.

82. "Ada kemiripan anak ini kulirik."
Sri Baginda masuk istana
Jaka Dilah diterima raja
Tersebutlah ketika Sri Baginda
hendak bercengkerama
ke tengah hutan.

82. "Ana empere lare sunliring."
Sang nata ngedhaton
Jaka Dilah kapercaya rajeng
yata mangke jeng Sri Narapati
arsa acengkrami
marang ing wana gung.

83. Berburu kijang, rusa, dan kancil.
banteng di hutan rimba
Jaka Dilah menyampaikan saran kepada raja
"Hamba mohon maaf Sri Baginda
bila berkenan jangan pergi Gusti
ke tengah hutan.

83. Anggrit kidang menjangan lan kancil
bantheng ing wana grong.
Jaka Dilah matur mring sang Rajeng,
"Nuwun duka dasih ing sang Aji
sampun tindak Gusti
dhumateng wana gung.

84. Bila kerajaan kosong Sri Baginda
banyak bahaya di tengah hutan
bila Paduka menginginkan
binatang buruan hamba sanggupi
datang bersama-sama
di alun-alun.

84. Bilih praja sepi sri Bupati
keh baya wana grong
yen Paduka mundhut kangenane
buron wana kawula sagahi
dhatengipun sami
wonten ngalun-alun.

85. Hamba pergi satu hari ini
esok pagi menghadap
semua binatang hutan hamba datangkan."
Sri Baginda terperanjat mendengarnya

85. Ulun kesah ing sadinten mangkin
benjing-enjing saos
sagung buron wana ing dhatenge."
kagyat myarsa kanjeng Sri Bupati

"Sungguh kau berani
kesanggupanmu hebat.

"Dena kumawani
saguhmu kumendhung."

86. Bila tidak benar binatang hutan datang
engkau kupenggal
kuhancurkan sebagai korbannya."
Jaka Dilah menyembah menyanggupi
"Terserah Sri Baginda
bila hamba bohong."

86. Yen tan tuhu buron alas prapti
sira ingsun kethok
sunjejuwing kinarya blabare."
Jaka Dilah nembah matur inggih
"Sekarsa Dewaji
yen dasih tan tuhu."

87. Para adipati kagum
Raden Dilah mohon diri
mundur dari hadapan raja
segera pergi lalu tiba di tengah hutan
sudah berjumpa dengan uak
dan ibunya.

87. Samya jenger sagung pra dipati
Dyan Dilah wot sinom
lengser sangking ing byantara rajeng
sigra mentar prapta ing wanadri
lan uwa wus panggih
tuwin ingkang ibu.

88. "Kau anakku mengapa segera kembali
kaget aku melihatmu."
Putra raja, Dilah lembut jawabnya,
"Aku Ibu diutus Sri Baginda
dititahkan untuk mengarak
semua binatang hutan.

88. "Sira kulup dene aglis bali
kagyat ingsun anon."
Raja putra Dilah lon ature.
"Kula ibu dinuteng Narpati
pan kinen angerik
ing buron wana gung.

89. Mulanya Sri Baginda ingin bercengkerama
pergi ke tengah hutan
kusanggupi keinginan Sri Baginda
aku sanggupi esok pagi
datangnya semua
binatang hutan di alun-alun.

89. Purwanipun Natarsa cengkrami
tindak mring wana grong
kula sagah sang Nata kendele
lun sagahi dinten benjing-enjing
dhatengipun sami
buron neng lun-alun.

90. Bila tidak datang esok pagi
aku dipenggal
dikelupas dihancurkan kulitnya."

90. Yen tan prapta dinten benjing-enjing
kawula kinethok
binesetan rinujit kulite."

Ibunya merangkul sambil menangis
hatinya bagai diiris
meleleh air matanya.

Ingkang ibu ngrangkul sarwi nangis
tyasnya lir rinujit
umijil ingkang luh.

91. Sambil berkata, "Mengapa anakku
berani menyanggupi raja
dapat memperpendek datangnya maut
untung tidak dihabisi
disangka berani
apa jadinya anakku.

91. Sarwi angling, "Page ta Gusti
wani matur katong
cumendhak katatalang patine
katujune nora denpateni
denarani wani
dadi apa kulup.

92. Untung tidak dibunuh
menuruti kehendak sendiri
jangan khawatir nanti kukerahkan
binatang hutan bersama denganmu."
Ketika sedang mengerahkan
binatang hutan.

92. Atujune nora denpateni
nuruti wakingong
ja kuwatir mengko sunkerige
buron wana barenga ki mantri."
Saweg tandya ngerig
ing buron wana gung.

93. Maka gemeresak suara di tengah hutan
gemuruh suara mengaum
gemparlah sepanjang malam
bagai terperangkap binatang di tengah hutan
yang pantas diambil
agar senang sang Prabu.

93. Pan kumrasak swaraning wanadri
umyang swara manggro
kagegeran ing dalu lampahe
lir kinrakap buron ing wanadri
kang pantes denambil
mrih suka sang Prabu.

94. Pagi hari dari empat penjuru datang
diantar sang Anom
gempar bergemuruh suaranya
punggawa Majapahit laki-laki perempuan
keluar dari rumah
Jaka Dilah disanjung.

94. Byar rahina catur dhendha prapti
kerit sang wiranom
kagegeran lumuruh swarane
wadya Maospait jalu estri
kentar sangking panti
Jaka Dilah selur.

95. Heran menyaksikan pemuda itu
Jaka Dilah hebat

95. Ebat mulat mring rahaden mantri
Jaka Dilah kaot

perjalanannya lancar
binatang hutan memenuhi jalan
Pangurakan tiba
dilaporkan Sang Prabu.

lampahira linestarekake
buron wana ngurung-urun margi
Pangurakan prapti
siniwakeng prabu.

96. Bala tentara berbaris di depan
para adipati duduk tenang
telah tampak Raden Dilah lewat
diapit-apit binatang hutan
perjalanannya masuk
ke dalam alun-alun.

96. Wadya bala siniweng ing ngarsi
pra dipati bukoh
wus katingal Dyan Dilah lampahe
ingurung-urung ing buron wanadri
lampahira manjing
jroning ngalun-alun.

97. Banyak binatang hutan lengkap
bagai suara gemuruh
Sri Baginda memuji dalam hati
"Dasar tampan perkasa sekali
pantas mendapatkan tempat
jadi pembantuku."

97. Sakeh buron wana amepaki
lir swaranira grong
Sri Narendra ngalem ing jro tyase
"Dhasar bagus prawira linuwih
pantes nemu linggih
dadya rowang ngulun."

98. Para punggawa tertegun dalam hati
heran kagum bengong
menoleh kanan kiri mendengar suaranya
banteng, badak, harimau, kijang, dan kancil
mengaum menakutkan
yang takut tampak cemas.

98. Pra punggawa ebat jroning ati
ebat jenger jomblong
lingak-linguk miarsa swarane
bantheng warak sima kidang kancil
anggro memedeni
kang ajrih bethuthut.

99. Si Jaka Dilah menghadap ke depan
jauh dilambai Sri Baginda
Raden segera menghadap raja
menyembah seraya melapor
"Sudah hamba diutus
mengarak binatang hutan.

99. Sira Jaka Dilah sowan ngarsi
doh ngawe sang Katong
radyan gupuh lajeng ngarsa rajeng
awotsekar binarungan liring
"Sampun mba tinuding
brek buron wana gung.

100. Beraneka binatang hutan
sekarang sudah siap
hamba serahkan kepada Paduka."
Raja menjawab, "Baiklah kuterima

100. Sakwarnine bujungan wanadri
mangke sampun caos
pan sumangga ing karsa sang Rajeng."
Nata nabda, "Ya trima mami

kepercayaan raja
jadilah penyertaku."

kapercayeng aji
dadya kantheningsun."

L. KINANTHI

1. Sri Baginda bersabda lembut
kepada Ki Rekyana Patih
"Aku ingin bercengkerama
naik kereta kencana."
Ki Dilah tak boleh jauh
dan istri sang permaisuri.

2. Dan para putri cantik-cantik
naik cikar dan kereta
dikawal bala tentara
kanan kiri depan belakang
semua menyandang senjata
berburu bintang hutan.

3. Gaduh suara di alun-alun
riuh gemuruh binatang berbunyi
yang tertimpa anak panah
bila dapat berkata berteriak mati
memuaskan kesenangan raja
melihat kijang bergelimpangan.

4. Sri Baginda menghadang larinya
hingga anak panahnya kena tepat
banteng kaget terterjang
tombak lembing dan anak panah
mendengus mengerang segera lari
terkena tombak.

5. Segera dijolok dengan tombak
lalu terguling di tanah
bergembira melihat banyak luka
semua yang melihat
panjang sekali dia diceritakan
Sri Baginda lalu pulang.

L. KINANTHI

1. Sang Nata ngandika arum
marang Ki Rekyana Patih
"Ingsun arsa acengkrama
anitih bedhati rukmi."
Ki Dilah tan kena tebah
lan garwa sang prameswari.

2. Tanapi kang para arum
nitih garbong lan bedhati
ginarebeg wadya bala
kanan kering ngarsa wuri
sami asikep warastra
anggerit buron wanadri.

3. Umyang swarane lun-alun
sru gumruh beburon muni
kang kapranggal ing warastra
yen jarwa asambat mati
nelas sukane narendra
lumyat kidang ting jumpalik.

4. Sang Nata ngrunjangken palyu
satemahan sara titis
bantheng janggi rat katrajang
ing paser towok jemparing
bekos gebres gya lumajar
kedhawahan watang titis.

5. Pan lajeng sinosok ganjur
anulya gumuling siti
girang-girang, tatu deya
sagung ingkang ningali
apanjang yen cinarita
sang Nata kondur tumuli.

6. Sudah berhenti di pelataran
permaisuri masuk istana
Raja masih di penghadapan
lalu bersabda lembut,
"Hai Dilah aku terima
tapi permintaanku.

6. Kandhek neng plataran sampun
prameswari manjing puri
Nata meksih siniwaka
anulya ngandika aris,
"Heh Dilah ingsun tarima
nginga sapenjaluk mami.

7. Semua binatang hutan
agar kau kembalikan lagi."
Ki Damar siap melaksanakan
lalu dilambai segera
dihalau pergi ke hutan
cepat lari saling mendahului.

7. Sakehe buron wana gung
sira wangsulena malih."
Matur sandika Ki Damar
anulya ingawe aglis
ginusah marang ing wana
gya lumayu rebut dhingin.

8. Sudah kembali semua binatang hutan
beberapa waktu kemudian
Raden Dilah sebagai abdi terdekat.
Sri Baginda punya maskud
membangun benteng
semua para adipati.

8. Wus mantuk buron wana gung
semana sampuna lami
Dyan Dilah kanggep samana
Sang Nata adarbe karsi
akarya beteng punika
sagunging para dipati.

9. Seluruhnya ditanya kesanggupan
kesanggupannya berapa lama
ada yang sanggup dua tahun
ada lagi yang sanggup satu tahun
hanya Raden Jaka Dilah
yang sanggup tujuh hari,

9. Sedaya samya tinantun
paran sanggup pira sami
ana kang sagah rong warsa
waneh na sagah sawarsi
pan namung Dyan Jaka Dilah
ingkang sagah sapta ari.

10. Diterima usulnya
Raden Dilah lalu minta diri
tiba di padepokan uaknya
Raksasa bertanya halus,
"Apa maksudmu Raden
tampak datang amat penting."

10. Tinarima aturipun
Dyan Dilah anulya uwa
prapta kayangane uwa
Raseksa ngandika aris,
"Paran karsanira Radyan
dene praptanira gati."

11. Raden lalu menjawab
"Bahwa aku menyanggupi
membangun benteng di sana
dan sanggup dalam tujuh hari."
berkata lagi Raksasa

11. Rahadyan anulya matur,
"Inggih kawula nyagahi
karya banon siti ika
lun sagah ing sapta ari."
Angling malih sang Raseksa,

"Terlalu berani kau anakku.

12. Siapa yang kauandalkan
menyanggupi pekerjaan raja."
Raden Jaka menyahutnya
"Hanya Padukalah yang pantas
bila tidak berhasl
tak ada gunanya tapa Paduka.

13. Tiap tahun makannya
hanya suara-suara pohon."
Raseksa menyahut, "Betul
katamu
kalau begitu kamu anakku
segeralah engkau pulang
aku akan memohon kepada Dewa
yang agung."

14. Raden Jaka lalu minta diri
Raseksa bersamadi segera
berdekap jiwa menyatu
memusatkan semadinya
menyatukan panca indera
sudah menyatu hamba dan Tuhan.

15. Diterima permohonannya
benteng di Majapahit
tepat semalam sudah jadi
Raden Dilah memeriksanya
seluruh bentengnya.
Sri Baginda kaget melihatnya.

16. Benteng kerajaan jadi sudah
Raden Jaka dipanggil segera
menghadap lalu menyembah
bersabda Sri Baginda,
"Sangat terima kasihku
nanti kuanugerahi gelar.

17. Ki Arya Damar pantas
dan kuberi kedudukan

"Kumawana sira kaki.

12. Sapa sira delna itu
sanggupi karyaning aji."
Dyan Jaka ing aturira,
"Mung Paduka kang prayogi
lamun datan kadugia
tanpa angsil gen nenepi.

13. Saben warsa dhaharipun
mung berbekan wreksa nenggih."
Raseksa ngling, "Bener sira

yen mangkono Sira Kaki
denenggal Sira muliha
sun minta mring Dewa
luwih."

14. Dyan Jaka nulya mit mundur
Raseksa manekung aglis
sedhakep saluku tunggal
maladi semedi hening
angumpulken panca driya
wus jumbuh kawula Gusti.

15. Katrima dennya nenuwun
cempuri ing Maospait
padha sawengi dadiya
Dyan Jaka Dilah ngideri
saluhur capurenira
Sang Nata kagyat ningali.

16. Banon cempuri dadya wus
Dyan Jaka ngandikan aglis
cumundhuk saha wotsekar
ngandika Sri Narapati,
"Ya banget tarimaningwang
mengko sun wehi kekasih.

17. Ki Arya Damar apatut
lawan sunparingi linggih

yakni negeri di Palembang
bertahtalah sebagai adipati
selesai sudah segera berangkatlah
Ki Arya menyembah segera minta
diri.

iya nagara Palembang
jumenenga adipati
lah uwis sira mangkata."
Ki Arya nembah gya amit.

18. Sudah masuk istana sang Prabu
Ki Arya sudah berangkat dari
negeri Majapahit
singgah di Gresik
beristirahat di padepokan lama
berganti yang dikisahkan.

18. Wus kondur kanjeng sang prabu
Ki Arya wus mangkat sangking
nagari ing Majalengka
kendel aneng ing Garesik
tata pamondokan lama
gantya wau kang winarni."

19. Ada putri sangat cantik
bagai jelmaan bidadari
diserahkan kepada sang Brawijaya
sebagai istri muda
Sri Baginda amat sayang
gemar mencumbu rayunya.

19. Wonten putri luwih ayu
lir pujanireng apsari
katur mring sang Brawijaya
kinarya garwa taruni
Sri Narpa langku sihira
karem ing asmara gati.

20. Jadi istri sang Prabu
Retna Dewi Dwarawati
tidak rela dimadu
sehingga ia meminta izin
pulang ke negeri Campa
Sri Baginda tidak merelakannya.

20. Dadya garwa sang Aprabu
Retna Dewi Dwarawati
datan rena denwayuha
dadya matur nuwun pamit
kondur dhateng nagri Cempa
Sang Nata kasmaran galih.

LI. ASMARANDANA

1. Tidak diceritakan sang Dewi
permaisuri putri Campa
yang sedang sedih hatinya.
Ada yang dikisahkan
di gunung ada yang tinggal
bernama Kiai Juru
punya anak perempuan.

2. Ismayasari namanya
cucu sang Brakumara
sering mandi di sungai

.LI. ASMARANDANA

1. Nengna wau sang adewi
prameswari putri Cempa
kang lagya susah galihe.
Wonten ingkang cinarita
ngardi duk ingkang dhekah
anama Kiyai Juru
darbe atmaja wavnodya.

2. Ismayasekar wewangi
wayah ri sang Brakumara
asring adus dhateng lepen

ketika ia sedang mandi
di tepi bengawan
sang buaya putih konon
sangatlah jatuh cinta padanya.

semana pan lagya siram
aneng tepi bengawan
sang baya putih winuwus
kalangkung kasmaranira.

3. Melihat kepadanya bagai Ratih
tadi yang sedang mandi
tampak jelas pukasnya
sang buaya putih lalu
bersamadi memuja
terkabul oleh Hyang Agung
air tampak bagai istana.

3. *Umyat marang sang lir Ratih*
wau ingkang lagya siram
katon melok wadonane
sang baya putih anulya
genira mesu cipta
katrima marang Ywang Agung
toya wus katon kadhaton.

4. Dan tampak kesatria tampan
tampan bagai Kamajaya
segeralah sang Putri
tak tampak di bengawan
tampak berada di istana
berjumpa ksatria tampan
tampak ia jatuh hati.

4. *Lan warna satriya lungit*
bagus anglir Kamajaya
saksana wau sang Sinom
tan katingal neng bangawan
katon aneng kadhatyan
kapanggya satriya bagus
semu kasmaraning driya.

5. Lalu ditangkap segera
oleh sang buaya putih
sang Putri jatuh hati
di situ bagai bermimpi
tingkahnya tak karuan
bahwa sudah bersenggama
dengan buaya putih.

5. *Anulya cinandhak aglis*
marang ri sang baya pethak
sang Retna kenyut galihe
neng ngriku kadya supena
solahe tan winarna
pan sampun amangsa lulut
lawan wau baya pethak.

6. Sang Putri berkata lambat,
"Hamba ingin pulang
udah lama berada di sini
tak tahu sebab-musababnya."
Sang Pria menjawabnya
"Aduh Dinda kekasihku
kuantar Dinda sayang."

6. *Savg Retna umatur aris,*
"Kawula arsa mantuka
wus dangu aneng ing kene
tan uninga marganira."
Sang kakung angandika,
"Adhuh Yayi mirah ingsun
sunateraken Yayimas."

7. Sang Putri telah dituruti
dari awal hingga akhir
sang Putri tertegun hatinya
lalu ia diantar segera

7. *Sang Retna wus denturuti*
wiwitan tekeng wekasan
sang Retna ngungun diryane
semana ingater sigra

oleh suaminya
sudah sampai tepian air
sekejap sudah tampak air.

marang ing kakungira
wus prapta tepining ranu
byar sampun katingal toya;

8. Sang Putri tertegun di hati
penyesalan pada tingkahnya
sudah berbusana sang putri
lalu pulang ke rumah
Sang Putri merasa mengandung
ditanya oleh ayahnya
siapa teman lelakinya.

8. Sang Retna ngungun ing galih
gegetun ing solahira
sampun busana sang Sinom
anulya kondur mring wisma
Sang Dyah keraos wawrat
tinanya ramanipun
pinisapa rowangira.

9. Anaknya menuturkannya
dari awal hingga akhir
Kiai Juru tertegun hatinya
sudah jadi kehendak dewa
sang Putri yang mengandung
sudah genap usianya
dengan susah payah melahirkan.

9. Kang putra umatur aris
wiwitan tekeng wekasan
Kyai Juru ngungun driyane
wus pasthi karsane dewa
sang Retna gennya wawrat
wus jangkep samayanipun
Dyah kawlas asih peputra.

10. Laki-laki putranya tampan
ayahnya segera datang
menjenguk anaknya
"Dinda kusarankan
agar peralatan wanita
semuanya disimpan."
Sang Putri menyimpannya segera

10. Jalu warnanira pekik
ingkang rama a tandya prapta
anjagongi mring putrane
"Yayi ing weling manira
bekakasing wanodya
padha singgahena iku."
Sang Retna nyinggahken enggal.

11. Sang buaya putih berkata lagi
"Segeralah kau singkirkan
busur sangkutan dan kincir."
Sang Putri teringat maka segera
disingkirkan segera
kincir dan busur dilepas
lalu bangun buaya putih.

11. Sang buaya putih ngling malih
"Den enggal sira singkirna
wus abethus likasane."
Sang Retna emut pan enggal
siningkeraken nulya
likasan wus arinacut
nulya tangi baya pethak.

12. Sang buaya putih lalu berkata
"Sungguh baik Dinda Kau
mengasuh anakmu ini."
Menggenang air mata sang Putri
ingat di dalam hati

12. Sang bajul seta nulya ngling
"Dene becik babo sira
amomong putra kiye."
Angemu waspa sang Retna
emut sajroning nala

"Ini suamiku sungguh."
Buaya putih ke bengawan.

"Iki lakiku satuhu."
baya putih mring bengawan.

13. Hilang kesaktiannya dulu
kepandaiannya sudah pudar
maka nama anaknya
tadi Ki Jaka Sengara
kelak turun ketiga
dikasihi Tuhan yang Agung
dinobatkan jadi raja.

13. Ilang kesektene mangkin
pratignya dadi sengara
dadya arane putrane
wau Ki Jaka Sengara
benjang turun ping tiga
kinasihan ingYwang Agung
tinurunan dadi nata.

14. Ibunya tampak kasihan
kala mudanya putranya
teramatlah melaratnya
selalu menyesali diri
tanpa saudara dan ayah
diabdikanlah putranya
tak ada yang mau ketempatan

14. Kang ibu kawelas asih
kala timure kang putra
sakelangkung melarate
agung amutuh salira
tanpa kadang lan bapa
denngengerken putranipun
tan wonten kelar kanggonan.

15. Siapa saja yang ketempatan sakit
oleh Jaka Sengara
tapi banyak keajaibannya
beruntung yang mampu ketempat-
an
ketika masanya
sudah berusia lima tahun
rewel menanyakan ayah

15. Sapa kang kanggonan agring
mring sira Jaka Sengara
nanging akeh kepamate
beja kang kuwat kanggonan

wahu ing wayahira
sampun ngumur ngansal taun
amothah taken sudarma

16. Siang malam menangis
ibunya kasihan, tegurnya
membisiki putranya
"Sudah pulang ke bengawan
Nak, ayahmu
Kamu tak punya saudara
makanya amat kasihan."

16. Rahina wengi anangis
kang ibu welas lingira
ambisiki mring putrane,
"Wus mulih marang bengawan
Kulup sudarmanira
Sira tan darbe sadulur
mulane kawelas arsa."

17. Jaka Sengara sudah tahu
apa yang dibisikkan ibunya
tak mau makan dan tidur

17. Jaka Sengara wus ngerti
mring wangsite ibonira
tan arsa dhahar lan sare

bila siang sehari penuh
sangat menyiksa diri
jadi anak belas kasihan
tanpa saudara tanpa bapak.

yen rina tutug sadina
sanget banting salira
dadi jalma kawlas ayun
tanpa kadang tanpa bapa.

18. Bertapa di tepi kali
bila malam keliling jagat
bila siang menatap matahari
sudah lama semadinya
bila hujan berada di gua
gua di tebing-tebing gunung
menghanyut bila banjir besar.

18. Amertapa pinggir kali
yen wengi ngideri jagat
yen rina angon srengenge
wus lamu gennya kekadhar
yen jawuh aneng guwa
guwa ngereng-ereng gunung
angeli yen banjir bandhang.

19. Melubang memendam di bumi
belas kasihan Si Jaka
lalu meninggalkan ibunya
pergi ke Majapahit
yang jadi tujuan hati
siang malam terus berjalan
tidak diceritakan dalam
perjalanan.

19. Ngelowong ngluwangi bumi
kawelas asih Jaka
lajeng nilar mring ibune
marang nagri Majalengka
kang sinedya ing nala
rahina wengi lumaku
datan kawarna ing marga.

20. Sudah tiba di Majapahit
berada di bawah beringin kembar
sedang dihadap Sri Baginda
lengkap para mancanegara
Patih Gajah Permada
ketika terlihat oleh sang Prabu
orang berjemur di antara
beringin kembar

20. wus prapta ing Majapait
anjujug waringin kembar
nuju sineb asang Rajeng
pepak pra manca nagara
Patih Gajah Permada
sareng tumingal sang Prabu
jalma pepe wringin kembar

21. Bersabda Sri Baginda
"Abdi gandek segeralah
periksalah orang berjemur."
Dua gandek lalu menyembah
mundur dari penghadapan
sudah tiba di beringin kurung
melaksanakan titah Baginda.

21. Ngandika Sri Narapati,
"Bocah gandhek dipun enggal
pariksanen jalma pepe."
Gandhek kalih awot sekar
lengser sangking ngayunan
wus prapta waringin kurung
andhawuhaken timbalan.

22. Dua gandek bertanya pelan
"Anda mau apa

22. Gandehk kalih tanya aris,
"Andika tiyang punapa

dan siapa namamu
dan dari mana asalmu
apa yang Anda inginkan
berjemur di bawah beringin
kurung."
Jaka Sengara menjawab.

lawan ta sinten namane
lan pundi ingkang pinangka
punapa karsa dika
pepe neng waringin kurung."

Jaka Sengara turira.

23. "Hamba dari tanah Pengging
di gunung dulu tinggal hama
nama hamba sesungguhnya
dipanggil Jaka Sengara
adapun tujuan hamba
mengabdi Gusti sang Prabu."
Gandek segera kembali dan segera
tiba.

23. "Amba sangking tanah Pengging
ing ardi duk dhekah amba
nama kawula yektose
katelah Jaka Sengara
dene sedya ngawula
suwita Gusti sang Prabu."
Gandhek gya wangsul wus
prapta.

24. Di hadapan raja
dua gandek melapor
"Sudah hamba Paduka
memeriksa orang yang datang
berjemur di bawah beringin
kembar."
Dari awal hingg akhir dilaporkan
lalu disuruh memanggilnya.

24. Ing ngabyantara narpati
gandhek kalih awotsekar
"Sampun kawula sang Rajeng
mariksa jalma kang prapta
pepe waringin kembar."

Ing purwa wusana katur
nuli kinen nimbalana.

25. Yang dipanggil sudah datang
tiba di hadapan berdatang sembah
setelah diamati oleh Sri Baginda
terhadap Jaka Sengara
amat tertarik hatinya
bersabdalah sang Prabu
"Berkumpullah dengan para abdi."

25. Tinimbalan sampun prapti
prapteng ngarsa atur sembah
sareng tumingal sang Rajeng
dhumateng Jaka Sengara
langkung resep ing nala
angandika sang Aprabu,
"Awora lan punakawan."

26. Lalu pergi Sri Baginda
masuk di dalam istana
diiringkan para istri
setibanya di pelataran
dijemput permaisuri
sudah duduk sang Prabu
di luar yang menghadap bubaran.

26. Nulya jengkar Sri Bupati
lumebeng ing dhatulaya
ginarebeg para sinom
sapratane pelataran
pinethuk prameswara
sampun lenggah sang Aprabu
jawi kang sewaka bubar.

27. Tersebutlah yang sedang prihatin
permaisuri putri Campa
yang merajuk pada Sri Baginda
selalu ditanggapi dengan baik.
Berganti yang dikisahkan
ada keturunan Kanjeng Rasul
yang menurunkan wali Jawa.

28. Bernama Pendeta Mustakin
juga Sang Syekh Ibrahim namanya
diambil menantu raja Campa
dengan adiknya Dyah Darawati
tersebutlah raja pendeta
berputra seorang pria
bernama Raden Rahmat.

29. Pergi mengembara ke tanah Jawa
ingin bertemu dengan uaknya
saudara ibunya
yang diperistri Brawijaya.
Tiba di Majapahit
sudah dihadapkan pada sang
Prabu
sangat gembira uaknya.

30. Permaisuri Darawati
kemenakannya lain agama
Brawijaya menitahkan
kemenakannya diberi tempat
di Ampeldenta
dengan diberi nama
san Sunan Ampeldenta.

31. Bahwa sudah diizinkan
orang-orang di tanah Jawa
yang ingin memeluk agamanya
yang ikut pada kemenakannya
Sunan Ampeldenta
tapi Kanjeng sang Prabu
Brawijaya belum bersedia.

27. Warnanen ingkang prihatin
prameswari putri Cempa
kang nggubel marang sang Rajeng
tansah sinanggeng ing krama.
Gantya ingkang kocapa
wonten trahing Kanjeng Rasul
kang nurunken wali Jawa.

28. Juluk pandhita Mustakin
ya sang Seh Brahim anama
kemantu Cempa sang Rajeng
arine Dyah Dwarawatya
wau raja pandhita
peputra satunggal jalu
akekasih Raden Rahmat.

29. Kesah lelala mring Jawi
arsa kepanggih kang uwa
sadherekipun ibune
kang kagarwa Brawijaya
Prapta ing Majalengka
sampun katur sang Aprabu

langkung sukane kang uwa.

30. Prameswari Darawati
kang putra sanes agama
Brawijaya timbalane
kang putra sinungan pernah
wonten ing Ngampeldhenta
sarta pinaring jejuluk
sang Susunan Ngampel dhenta.

31. apan sampun denlilani
wong tanah ing Nusang Jawa
kang arsa mangsuk gamane
kang masuk dhateng kang putra
sang Sunan Ngampeldhenta
nanging Kanjeng sang Aprabu
Brawijaya dereng arsa.

32. Jadi kesenangan orang Jawa
yang memeluk agama Islam
kepada Jeng Sunan Ampel
hanya istri Sri Baginda
Jeng Ratu Darawati
bersedia memeluk agama Rasul
ikut pada kemenakannya.

32. Dadya senengan wong Jawi
kang mangsung agama Islam
dhumatheng Jeng Sunan Ngampel
amung garwa sri narendra
Jeng ratu Darawatya
karsa masuk gama Rasul
amangsuk dhateng kang putra.

33. Mohon pertimbangan sang suami
"Bila diperkanankan Sri Baginda
hamba ingin pergi mengaji
kepada putra Paduka."
Sri Baginda tenang sabdanya
"Terserah Adinda Ratu
aku tak akan mencegah."

33. Matur mring raka narpati
"Yen pareng karsa Narendra
inggih amba karsa ngaos
dhumateng ing putra Tuwan."
Sang Nata lon ngandika
"Sasenenganing Mas Ratu
pan ingsun nora anyegah."

34. Tatkala Dyah Darawati
dibimbing oleh kemenakannya
Kanjeng Sunan Ampel
tiap hari sudah tamat
kitab dan Quran
serta makna ilmunya
sudah dikuasai sang Putri.

34. Semana Dyah Darawati
winulang marang kang putra
marang Kanjeng Sunan Ngampel
pendhak dina sampun tamat
kitab tanapi Kuran
miwah surasane ngelmu
wus kacakep sang Juwita.

35. Sangatlah sanjungnya sang Dewi
pada putra Ampeldenta
bagai air mengalir hadiahnya
uang dan busana
diberi putri Tuban
Arya Teja yang punya anak
kakaknya Ki Wilatikta.

35. Langkung sihira sang Dewi
mring kang putra Ngamepldhenta
lir toya mili paringe
arta tanapi busana
tinriman putri Tuban
Arya Teja kang sesunu
bakyune Ki Wilatikta.

36. Setelah dia menikah
Jeng Sunan Ampel minta diri
kepada paman, Sri Baginda
dan kepada sang permaisuri
pulang ke Ampeldenta
sudah diizinkan sang Sunan
mundur dari penghadapan.

36. Tau dennya palakrami
Jeng Sunan Ngampel pamitan
dhumateng rama sang Rajeng
tuwin mring sang prameswara
mantuk mring Ngampeldhenta
wus kalilan sang Awiku
lengser sangking ngabyantara.

37. Sepeninggal Sunan Ampeldenta
Sri Baginda hadir dihadap
lengkap para adipati semua
Ki Patih duduk di depan
Sri Baginda tenang sabdanya
kepada Ki Patih pertanyaannya
apakah lengkap punggawanya.

37. Kuneng Sunan Ngampeldhenta
Sang Nata miyos sineba
pepak pra dipati kabeh
Ki Patih munggeng ing ngarsa
sang Nata lon ngandika
mring Ki Patih dennya ndangu
apa pepak kancanira.

38. Rekyana Patih berdatang sembah
lapor kepada Gusti Raja
"Benar lengkap semuanya
pesisir mancanegara
benar menghadap semua
hanya sang Adipati Bali
dialah yang tidak hadir.

38. Rekyana patih wotsari
matur mring Gusti Narendra
"Inggih pepak sedayane
pasisir mancanagara
inggih sowan sadaya
amung sang Dipati Wangsul
punika kang boten sowan.

39. Konon kabar yang tersiar
Adipati Bali berempat
bersekongkol berembuknya
ingin memberontak Sri Baginda
sudah siaga persenjataan."
Mendengar murka sang Prabu
maka diadakan sayembara

39. Inggih mirah ing pawarti
Dipati Bali sekawan
apan tariyek rembage
badhe baleleng Narendra
sampun tata gegaman."
Myarsa duka sang Aprabu
dadya mangke sayumbara.

40. Bersabda Sri Baginda
"Siapa yang mampu menumpas
dengan cara bujuk saja
jangan dengan cara berperang."
Semua para dipati
menjawab tak ada yang mampu
bila tidak dengan berperang.

40. Ngandika Sri Narapati
"Sapa kang bisa nelukna
teka sangking nalar bae
ywa nganti purwaning aprang."
Sagung para dipatya
umatur tan wonten purun
yen boten kalawan aprang.

41. Sri Baginda tidak menyetujui
Jaka Sengara datang bersembah
"Hamba bersedia Sri Baginda
bila Paduka berkenan
meskipun sampai ajal."
Gembira hatinya sang Prabu
tersenyum tenang sabdanya.

41. Sang nata datan nglilani
Jaka Sengara tur sembah
"Kawula sagah sang Rajeng
yen wonten karsa Narendra
nadyan tumekeng pejah."
Trustha galihe sang Prabu
mesem alon angandika.

42. "Baiklah aku izinkan
bila Engkau kelak berhasil
bertugas
kuhadiahi putriku
putriku sekar kedaton
dan kuhadiahi negeri
Pajang Pengging engkau kelak
bertahtalah sebagai adipati."

42. "Lah iya ingsun ideni
yen sira benjang leh karya
ingsun ganjar putraningong
sang retna sekaring pura
lan sunganjar nagara
Pajang Pengging sira besuk
jemenenga adipatya."

43. Lalu pergi Sri Baginda
masuk di dalam istana
yang menghadap bubar semua
pulang ke rumah masing-masing
malamnya dikisahkan
Jaka Sengara yang tampan
memohon kemurahan Dewata

43. "Nulya jengkar Sri Bupati
lumebeng ing dhatulaya
kang sewaka bubar kabeh
sami mantuk sowang-sowang
ing dalu kang winarna
Jaka Sengara sang Bagus
amuja sihing Jawata.

44. Bersamadi dengan sungguh hati
menahan nafsu pancaindera
memandang ujung hidungnya
sudah tanpa apa pun juga
mengheningkan cipta
hanya Bali yang dituju
sekejap mata segera tiba.

44. Maladi semedi hening
amateni Pancadriya
sampun tis grana sikane
wus tan mawi kaya-kaya
angeningken cipta
ing Bali ingkang dinunung
sakedhep netra gya prapta.

45. Dalam istana di Bali
tengah malam saatnya
Selasa Kliwon harinya
Adipati Bali berempat
sedang berkumpul
Jaka Sengara segera datang
dengan tiba-tiba di hadapan
mereka.

45. Sajroning pura ing Bali
tengah dalu wancenira
Anggara kasih dinane
Dipati Bali sekawan
anuju kalempakan
Jaka Sengara gya rawuh
dumrojok aneng ing ngarsa.

46. Terkejut sang Adipati Bali
begini malam ada orang datang
rupanya tampan dan muda
dikira dewa turun
datangnya tanpa asal
Adipati Dewa Agung berkata

46. Kagyat sang Dipati Bali
dene dalu na wong prapta
warnanira bagus anom
den nyana dewa tumedhak
praptane tanpa sangkan
Dipati Dewa Agung matur,

"Oh, Dewata yang Maha Pemurah.

"Hong Ywang-Ywang
Sidhemwahboja.

47. Paduka Dewa siapa yang tampan?"
Raden Jaka tenang jawabnya
"Aku bukan Dewa sungguh
bahwa ku ini manusia
namaku Jaka Sengara
diutus Kanjeng sang Prabu
Brawijaya Majapahit.

47. Dewa sinten kang nedhaki?"
Dyan Jaka alon ngandika,
"Sun dudu Dewa yektine
pan ingsun iki manungsa
aran Jaka Sengara
ingutus Kanjeng sang Prabu.
Brawijaya Majalengka.

48. Memanggil engkau segera
semua adipati berempat
berjalan bersama saya
mengapa kalian tidak menghadap.
apa yang kau inginkan
bila kalian tidak menurut
aku diutus menghadapinya.

48. Nimbali mring sira aglis
kabeh dipati sekawan
barenga lan lakoningong
dene sira nora seba
paran ing karepira
kelamun sira tan nurut
ingsun kinen ngladenana.

49. Apa maumu kuhadapi
jangan sampai hancur prajuritmu
kehendak Sri Brawijaya raja."
Sang Adipati ketika mendengar
sangatlah amarahnya
menerjang sang Dewa Gung
tangannya ditangkap kena.

49. Sagendhingira sun wani
ywa nganti rusak kang wadya
timbalanira sang Rajeng."
Sang Dipati duk miarsa
langkung bermantyanira
anerajang sang Dewa Gung
astanya rinangkul kena.

50. Keduanya sudah diapit
oleh Raden Jaka Sengara
bagai terjepit besi bara
sang Adipati berteriak tobat
memohon ampunan
dilepaskan sang Dewa Gung
akan menyembah tak
diperkanankan.

50. Kalih pisan wus kinempit
mring Radyan Jaka Sengara
lir kinempit wesi bange
sang Dipati tobat-tobat
anedha pangaj ura
inguculken sang Dewa Gung
arsa nembah tan sinungan.

51. Adipati bertiga bengong
menyaksikan
mereka tertegun tak ada yang
berucap

51. Dipati tiga ningali

sami jenger tan na ngucap

sangatlah rasa takutnya
lalu semua berpasrah
sudah duduk berjajar
berjanji adipati bertiga
kepada Raden Jaka Sengara.

sakelangkung ing ajrihe
anulya sami mangerpa
wus sami lenggah jajar
prasetya dipati telu
mring Raden Jaka Sengara.

52. Jaka Sengara halus ucapnya
"Hai, Kanda esok pagi
aku minta segera berangkat
menghadap ke Majapahit."
Sang Adipati berempat
mereka menyatakan kesediaan
malamnya lalu mengumumkan.

52. Jaka Sengara lingnya ris
"Lah ta Kakang benjang-enjang
nedha nunten sami bodhol
sowan dhateng Majalengka."
Sang Dipati sakawan
sandika ing aturipun
dalu nulya undhang-undhang.

53. Malam itu semua siaga
berpikul-pikul harta benda
tak diceritakan malam itu
paginya sang Adipati siaga
berangkat naik perahu
sudah digelar layarnya
terbawa angin kencang.

53. Ing latri wus samya rakit
gegotongan raja brana
tan kawarna ing dalune
enjang sang Dipati dandan
budhal numpak baita
wus binabar layaripun
tinempun ing angin keras.

54. Perahu empat puluh menyertai
semua berisi harta benda
akan diserahkan Sri Baginda
tidak diceritakan di samodera
tiba di pelabuhan
sudah berlabuh semua
mereka naik ke daratan.

54. Palwa kawan dasa ngiring
sami isi raja brana
badhe katur sang Akatong
datan kawarneng samodra
prapta ing palabuhan
wus labuh jangkar sadarum
samya mentas ing dharatan.

55. Tidak diceritakan dalam
perjalanan
tiba di negeri Majapahit
Sri Baginda sedang dihadap
lengkap semua para adipati
para menak dan punggawa
para adipati hadir penuh
Raden Jaka Sengara datang.

55. Datan kawarna ing margi

prapta nagri Majalengka
nuju sineba sang Rajeng
pepak sagung pra dipatya
pra menak lan punggawa
pra dipati bek supenuh
Dyan Jaka Sengara prapta.

56. Mengiringkan adipati di Bali
istirahat di penjagaan
Raden Jaka terus berjalan
menghadap Sri Baginda Raja
dari jauh raja melihatnya
dilambaikan si pemuda
lalu datang menghadap.

57. Punggawa menunduk di bumi
Sri Baginda tenang sabdanya
"Apa kabar selama bertugas?"
Jaka Sengara datang bersembah
"Berhasil hamba diutus
memanggil Adipati Bali
kini semua sudah menghadap."

58. Melaporkan awal hingga akhir
kala tugas di Bali
sangat gembira Sri Baginda raja
Jaka Sengara datang bersembah
"Gusti hamba serahkan
upeti harta benda berharga
Adipati Bali berempat."

59. Sri Baginda halus jawabnya
"Baiklah aku terima."
Bersabda lagi Sri Baginda
kepada Ki Rekyana Patih
"Hai, Patih Gajahmada
umumkan kepada adipati semua
bahwa nanti Jaka Sengara.

60. Kuhadiahi negeri Pengging
dan bergelar Adipati
Andayaningrat nantinya."
Ki Patih jawabnya siaga
segera mengumumkan kepada
semua adipati
kala itu sudah didengar
semua orang Majapahit.

56. Ngirit dipati ing Bali
ingantu neng Pangurakan
Dyan Jaka lajeng lampahe
sowan ing Sri Naranata
tebih nata tumingal
ingawe wau sang bagus
lajeng prapteng ngabyantara.

57. Mundrawa konjem ing siti
sang nata alon ngandika,
"Lah kaya paran lakune?"
Jaka Sengara tur sembah
"Sampun amba diruta
nimbali Dipati Wangsul
ing mangke sowan sadaya."

58. Atur purwa wusananing
duk aneng Bali solahnya
langkung trustha Jeng sang Rajeng
Jaka Sengara tur sembah
"Gusti inggih konjuka
tur bekti raja brana gung
dipati Bali sekawan."

59. Sang nata ngandika aris
"Lah iya ingsun tarima."
Ngandika malih sang Rajeng
dhateng Ki Rekyana Patya
"Heh Patih Gajah Mada
undhangna pra dipatya gung
ing mengko Jaka Sengara.

60. Sun ganjar nagara Pengging
lan jenenga Adipatya
Andayaningrat ing mengko."
Ki Patih matur sandika
gya undhang gung dipatya

ing mengko sampun misuwur
sagunging wong Majalengka.

61. Dengan dihadiahi putri
putrinya Dyah Darawati
sulungnya cantik jelita
bernama Dewi Sekar Kedaton
pernikahannya tidak diceritakan
sudah pergi Kanjeng sang Prabu
pulang ke dalam istana.

61. Sarta tinriman putri
putrane Dyah Darawatya
pembajeng ayu kinaot
nama Dewi Sekarpura
panggihe tan winarna
wus jengkar Kanjeng sang Prabu
kondur dhateng dhatulaya.

62. Yang menghadap sudah pulang
ke rumahnya masing-masing
Adipati Bali sudah beristirahat
tersebutlah Sang Adipati
Andayaningrat kala itu
dan sang Putri Majapahit
hidup rukun perkawinannya.

62. Kang sewaka sampun mulih
mring wismane sowang-sowang
Dipati Bali wus mondhok
kawarnaa Sang Dipatya
Dayaningrat semana
lan sang putri Majalangu
atut dennya palakrama.

63. Setelah sudah beberapa lama
lalu melahirkan lagi
Dyah Ratu Darawati
pria tampan rupawan
ditempatkan di Panaraga
tak diceritakan lamanya
lalu lahir lagi putranya.

63. Duk samana sampun lami
anulya malih peputra
Dyah Ratu Darawatine
jalu pekik warnanira
tinanem Pranaraga
tan winarna lamenipun
nulya malih ingkang putra.

64. Sang Prabu di Majapahit
banyak selirnya
sudah semua berputra
putri Bagelen itu
berputra pria seorang
sudah ditempatkan di Bagelen
Putra Sumenep Pamekasan.

64. Sang prabu ing Majapahit
kthah garwane ampeyan
wus sami peputra kabeh
putri Bagelen punika
putra jalu satunggal
tinanem Bagelen sampun
ing Sumenep Pamekasan.

65. Bernama Raden Jaran Panolih
lalu berputra lagi
putri sudah dihadiahkan
kepada Adipati Lowano
putra perempuannya lagi
dihadiahkan Adipati Gowong
sudah
lalu berputra lagi.

65. Nama Dyan Jaran Panolih
anulya malih peputra
putri wus tinrimakake
Dipati Luwano ika
putra putri malihnya
tinrimakken Gowong sampun

lalu berputra lagi.

66. Pria rupawan tampan
ditempatkan di Panaraga
bernama Batara Katong
lalu permaisuri
Jeng Ratu putri Campa
sang Dyah Darawati itu
mengandung lagi sang Putri.

67. Sering bermimpi memangku
bulan
putri Cina tersebutlah
bila malam tampak bercahaya
istri sang Brawijaya
permaisuri kedua mengandung
ketiga Ratu Wandan Kuning
Suatu malam Dyah Darawati.

68. Bermimpin sang Putri Cina
tampak memangku bulan
Sri Baginda juga sering mendengar
lewat ucapan permaisuri
disampaikan kepada Sri Baginda
agar dibuang saja madunya
Sri Baginda menurut saja.

69. Memanggil Kyana Patih
Gajahmada sudah datang
di hadapan Sri Baginda
Sri Baginda bersabda
"Patih, menyusullah
Putri Cina dengan segera
serahkan kepada putraku.

70. Dan ini suratku
berikan kepada Ki Dipati
susulkan ke Gresik segera."
Ki Patih sudah menerima surat
menyembah lalu pergi
dang sang Putri selamat
tidak diceritakan dalam
perjalanannya.

66. Jalu warnanira pekik
tinanem neng Panaraga
anama Bathara Katong
nulya malih prameswara
Jeng Ratu putri Cempaka
sang Dyah Darawati iku
wawrat malih sang Juwita.

67. Asring ngimpi mangku sasi
putra Cina cinarita
yen dalu katon mancorong
garwane sang Brawijaya
padmi kalih awawrat
tiga Wandhan Kuning ratu.
Ing dalu Dyah Darawatya.

68. Supene Cina sang Putri
katingal amangku wulan
sang Nata gih asring tumon
langkung warti prameswara
katur mring Sri Narendra
katuran bucal kang maru
sang Nata nrutu kewala.

69. Animbali Kyana Patih
Gajah Mada sampun prapta
ing ngabyantara sang rajeng
Sri Narendra angandika,
'Patih sira nusula
putri Cina dipun gupuh
paringna mring putraningwang.

70. Lawan iki surat mami
paringna mring Ki Dipatya
susulna mring Gresik age
Ki Patih wus tampi surat
tur sembah nulya mentar
lan sang Putri lumestantun
datan kawarna ing marga.

71. Sudah tiba di negeri Gresik
Ki Patih sudah bertemu
dengan Adipati Palembang
Ki Patih tenang sabdanya
"Buyung, hamba diutus
oleh ayahanda sang Prabu
untuk menyampaikan titahnya.

Wus prapta nagari Garesik
Ki Patih sampun kapanggya
lan Dipati Palembange
Ki Patih alon manebda
"Angger ulun dinuta
ing ramanta sang Aprabu
andhawuhaken timbalan.

72. Meminta Nanda menerimanya
hadiah Sri Baginda
Sang Putri dengan suratnya."
Adipati Arya Damar
dengan hormat menerima surat
laksana ditaruh di embun-embun
lalu dibaca dalam hati.

72. Nedha pekenira tampi
ganjaranipun sang Nata
Sang Putri lawan surate."
Adipati Arya Damar
mendhak tampi nawala
pinundhi aneng ing ngembun
anulya sinukmeng driya.

73. "Ketahuilah suratku sebagai raja
Mahaprabu Brawijaya
raja bijaksana sungguh
yang menguasai negeri
Majapahit di tanah Jawa
menitahkan demi keselamatan
bagi Ki Adipati Palembang.

73. "Penget surat sun narpati
Mahaprabu Brawijaya
prabu sidibya kinaot
ingkang ngrenggani nagara
Majalengka rat Jawa
dhawuh ingkang pangestu
mring Ki Dipati Palembang.

74. Engkau aku hadiahi
putri cantik dari Cina
pantas kauperistri
tapi ada pesanku
sang Putri itu sedang mengandung
jangan kausetubuhi
sebelum lahir putraku.

74. Iya sira sunparingi
putri adi sangking Cina
prayoga karyanen bojo
nanging ana wekasingwang
sang putri iku wawrat
ja sira nunggal salulut
yen durung lair putrengwang.

75. Bila sudah melahirkan anak
terserah jangan bimbang dan ragu
aku rela lahir batin."
Selesai surat Sri Baginda
sang Adipati siaga
berkata dalam hati
"Bagaimana aku menolak.

75. Yen wis lair jabang bayi
sakersa ja walang driya
sun lila ing lair batos."
Titi surat ing narendra
sang Dipati sandika
ngunandika jroning kalbu
"Paran geningsun suminggah.

76. Bila sudah kehendak raja."
Lalu berkata kepada Ki Patih
"Paduka sampaikan kepada Sri Baginda
terima kasih hamba
dihadiahi istri raja
dari kehendak sang Prabu
keluar dari hati yang suci."

76. Yen sampun karseng narpati."
Dadya matur mring Ki Patya
"Paduka matur sang Rajeng

tur sembah nuwun kawula
pinaring garwa nata
sangking karsaning sang Prabu
medal sangking galih mulya."

77. Ki Patih sudah pulang segera
ke negeri Majapahit
sudah tiba di hadapan raja
Gajahmada berdatang sembah
"Sudah hamba diutus
menyerahkan istri sang Prabu
kepada si Arya Damar.

77. Ki Patih wus kondur aglis
dhateng nagri Majalengka
wus cundhuk ngabyantara rajeng
Gajah Mada awotsekar
"Sampun amba dinuta
maringken garwa sang Prabu
dhumateng pun Arya Damar.

78. Mengucap terima kasih Gusti
tak dapat mengembalikannya
hanya setia dan patuhnya
sembah bakti untuk Paduka
mohon pamit lalu pergi
ke Palembang Paduka Raja."
Sri Baginda lega hatinya.

78. Matur sembah nuwun Gusti
tan saged amangsulena
namung setya lan tuhune
kang bekti konjuk ing Tuwan
nuwun mit lajeng mentar
dhateng Palembang Pukulun."
Sang Nata ngastuti driya.

79. Berangkat dari negeri Gresik
jalannya sang Adipati
bagai mengantarkan pengantin
Diceritakan selanjutnya
sang Adipati di Tuban
Ki Rangga Wilatikta itu
dan istri Retna Dumilah.

79. Budhal sangking nagri Gersik
lampahe sang Adipatya
lir pindha ngarak panganten
nengna genti kawarnaa
sang Dipati ing Tuban
Ki Rangga Wilatikteku
lan garwa Retna Dumilah.

80. Hadiah dari Paduka Raja
putra sang Brakumara
baru dua orang putranya
dengan sang Adipati Tuban
pria anak sulungnya
Raden Sahid namanya
tampan lagi rupawan.

80. Tariman sangking Narpati
atmajeng sang Brakumara
lagya kekalih putrane
lawan sang Dipati Tuban
kakung pembajengira
Raden Said kang jejuluk
abagus suwarnanira.

81. Besar perkasa sosok tinggi
badannya tegak perkara
tampan tiada cacat
hanya satulah cacatnya
sering suka berfoya-foya
adiknya putri nan cantik
namnya Rasawulan.

82. Cantiknya bagai Dwi Ratih
sang Putri suka bertapa
semakin tambah cantiknya
bagai bulan tengah purnama
menarik hati gayanya
jelita halus ucapnya
sungguh ratunya wanita.

83. Tersebut sang Adipati
dua putra dipanggilnya
duduk di kiri ibunya
Dewi Rasawulan
Raden Sahid di depan
Ki Adipati halus sabdanya
"Anakku Sahid berkawinlah.

84. Pilihlah putri yang cantik
putranya para adipati
bila ada yang kau minati
sampaikan kepada ibumu
aku yamg akan melamar."
Raden Sahid tak menjawab
lalu pergi main judi.

85. Berkata lagi sang Adipati
pada putranya wanita
"Rasawulan anakku
kawinlah kau
Kamu kan sudah dewasa."
Rasawulan menyembah jawabnya
"Hamba tak akan menikah".

81. Ageng ngrogok dedek inggil
salira lurus awijang
bagus tan ana cacate
amung sawiji cacatnya
asring remen kasukan
kang rayi wanodya ayu
rum arume Rasawulan.

82. Citrane lir Dewi Ratih
sang Retna karem atapa
sangsaya wimbuh cahyane
lir pindha wulan purnama
marak ati semunya
jatmika alus ing tembung
tuhu ratuning wanodya.

83. Semana sang adipati
putri kalih tinimbalan
munggeng keringe ibune
sira Dewi Rasawulan
Dyah Sahid munggeng ngarsa
Ki Dipati ngandika rum
"Anger sira akramaa.

84. Miliha putri kang adi
putrane para dipatya
yen ana dadi karsane
matura mring ibonira
ingsun ingkang anglamar."
Raden Sahid tan umatur
lajeng kesah bebotohan.

85. Angling malih sang Dipati
mring putranira manodya
"Rasawulan putraningong
sira bae akrama
sira pan wus diwasa."
Rasawulan nembah matur
"Kawula tan arsa krama.

86. Bila Kanda sudah kawin
hamba mau menikah
sekarang belum masanya
masih senang laku tapa
samadi di gua sunyi."
Ibunya menumpahkan air mata
tak mamu menghalangi anaknya.

86. Yen Kakangmas sampun krami
kawula purun akrama
ing mangke dereng mangsane
teksih remen amertapa
nenepi guwa sunya."
Kang ibu tansah rawat luh
tan saget malangi putra.

87. Sesudah sang Adipati Tuban
tersebutlah putranya
yang pergi ke medan judi
menyambung ayam sudah kalah
keplek dadu tak menang
kekayaannya habis semua
jagonya dipakai taruhan.

87. Kuneng sang Dipati Tubin
warnanen wau kang putra
kang kesah mring kalangane
ngaben sawung sampun kalah
keplek dhadhu tan menang
prabote telas sadarum
sawunge kinarya tohan.

88. Marah-marah Raden Sahid
lalu menghadang di jalan
merampok pekerjaannya
berkali-kali demikian
bila kalah berjudi
lalu merampok di jalanan
tak takut dikeroyok orang.

88. Muring-muring Raden Sahid
pan lajeng angadhang dalan
abebegal pakaryane
pan saben-saben mangkono
yen kalah bebotohan
lajeng ngerbut neng delanggung
tan ajrih rinampok kathah.

89. Terkenal Raden Jaka Tuban
kebal bila menghadang di jalan
memang tak ada tandingannya
dilaporkan kepada Kanjeng
Sunan Bonang
bahwa putra Tuban membegal
mematikan jalan besar
Kanjeng Sunan tersenyum berkata.

89. Kalok Dyan Jaka Tubin
digdaya yen ngadhang marga
mapan tan ana tandhinge
katur Kanjeng Sunan Bonang

yen putra Tubin mbegal
mejahi lelurung agung
Jeng Sunan mesem ngandika.

90. Kepada semua sahabat murid
"Mari kita menggodanya
pada calon wali terkenal
Ki Sahid putra di Tuban
dia kekasih Tuuan
tapi belum dapat petunjuk
maka masih suka merusak."

90. Marang sagung sobat murid
"Payo padha anggegodha
mring bakal wali kinaot
Ki Sahid putra ing Tuban
iku kekasihing Ywang
nanging durung antuk tuduh
mulane meksih ruhara."

91. Lalu siaga sahabat murid
Kanjeng Sunan Bonang bersiaga
serba indah busananya
mengenakan serban berenda
serban putra bertahta
membawa tongkat terbalut
emas bertahta mutiara.

91. Nulya mepak sobat murid
Jeng Sunan Bonang siyaga
sarwa endah busanane
angagem serban rinenda
serban putra binara
angagem teken sinelut
kencana tunggul mutyara.

92. Kenjang Sunan lalu berangkat
dikawal sahabat muridnya
dua puluh berjalan semua
akan sembahyang di Mekah.
Waktu di tengah jalan
di tempat Si Bagus
putra Tuban yang membegal.

92. Jeng Sunan nulya lumaris
ingiring sobat muridnya
kalih dasa dharat kabeh
arsa salat marang Mekah
Semana prapteng marga
ing pernahe sang Binagus
putra Tuban kang bebegal.

93. Raden Sahid melihatnya
bila ada orang lewat
membawa tongkat bercahaya
terbalut tahta mutiara
lalu dikejarnya
Raden Sahid berteriak ucapnya,
"Paman mana tongkatmu.

93. Raden Sahid aningali
kalamun ana wong liwat
ateken jungkat mancorong
binlosong tunggul mutyara
anulya tinututan
Raden Sahid asru muwus,
"Paman endi jungkatira.

94. Yang bercahaya kuminta
bila tak boleh aku rebut
bila mau menikamku
silakan kamu menikam
di belakang dan di muka."
Kanjeng Sunan Bonang tenang
jawabnya
"Kamu jangan salah tingkah.

94. Dene mencorong sunambil
yen tan aweh ingsun rebat
yen arsa nyuduk maring wang
mara sira nyuduka
ing wuri tuwin ngarsa."
Jeng Sunan Bonang nebda rum,

"Jebeng aja salah karya.

95. Kamu minta tongkat saya
meminta orang nerjalan
tidak hanya nilai harganya
bila kamu suka harta
intan mirah dan emas
itu ambillah segera
emas intan bertebaran."

95. Sira njaluk teken mami
butuhaken wong lumampah
nora akeh pangajine
lamun sira remen donya
inten mirah kencana
lah ika ambilen gupuh
kencana inten gancaran."

96. Tersebutlah kolang-kaling
ditunjuk oleh Kanjeng Sunan
berubah jadi emas bersinar
dan jadi intan permata
sinarnya bercahaya
Raden Sahid kala melihat
terpaku tak berucap.

96. Ya ta ponang kolang-kaling
tinudingan mring Jeng Sunan
malih dadya mas mancorong
lan dadi inten sesotya
gumyarsa ting galebyar
Dyan Sahid sareng andulu
kami tenggengen tan ngucap.

97. Kanjeng Sunan lau beranjak
lambat langkahnya berjalan
sengaja menggoda maksudnya
sambil menanti yang membegal
baru satu ayunan
Raden Sahid lalu ingat
terasa bila terungguli.

97. Jeng Sunan lajeng lumaris
alon denira lumampah
anjarak godha karsane
semu nganteni kang begal
duk lagya saonjotan
Raden Sahid nulya emut
ngraos kalamun kaluhuran.

98. Raden Sahid sudah dipastikan
calon Wali yang terakhir
maka datang kemurahan
ingin pada keluhuran
pertanda turunan terhormat
terpikat pada petunjuk
kehebatan pada dirinya.

98. Raden Sahid wus pinasthi
yen bakal wali wekasan
ngriku prapta nugrahane
karsa marang kaluhuran
pratandha trah kusuma
kapencut ingkang pituduh
kramate ingkang salira.

99. Akibatnya dia mengikuti
jalannya Kanjeng Sunan
tak minta tetapi menguntit saja
sudah sampai di tengah hutan
berhenti Kanjeng Sunan Bonang
bertanya kepada yang menyusul
"Ki Bocah apa maumu".

99. Akebat dennya nututi
mring lampahe Kanjeng Sunan
tan matur anginthil bae
wus prapta madyaning wana
kendel Jeng Sunan Bonang
angandika mring kang nusul
"Ki Jebeng para karsanya.

100. Kamu mengikuti perjalanan saya
mengunthit orang akan sembahyang
apa akan berbagi Bocah?
Raden Sahid menjawab hormat
"Mengapa hamba menguntit Tuan
pada Paduka Kiai
hamba ingin berguru Paduka.

100. Sira nusul laku mami
anginthil wong arsa salat
apa arsa ngedum jebeng?
Dyan Sahid matur wotsekar
"Mila amba tutwuntat
ing Paduka sang Awiku
inggih arsa puruhita.